# Гиххойн Таймасха

Яхъяев Леча

**АВТОРЕРА**

Иттех шо хьалха язъян йолийнера ас хIара роман. ХIетахь кIезиг хIума дара хIокху романан турпалхочух Таймасхех а, иза яьхначу заманах а лаьцна хууш. Цу тайпана хьуьнаре, сийлахь адамаш хилла нохчийн къомах схьадевлла бохург башха къобалдеш а дацара Iедалан гонашкахь, ша аьлча, идеологин гIаролехь лаьттачара. Коьртачу декъана сайн юьртахошкара, гиххошкара, хезнарг дара соьга романан юьхь йолаяйтинарг. Цул тIаьхьа Таймасхех лаьцна цхьацца хаамаш гучубийла буьйлабелира зорбанехь а, яздархошна юкъахь а. ТIаьххьар а, Таймасхин лар лоьхуш, гуьржийн архивашка кхечира со...

Нийса хир дацара, сайна мел хиънарг дерриге а ас романан гура чу лаьцна аьлча. Иштта Iалашо ас сайна хьалха хIотта а ца йинера. Нохчийн литературехь дуьххьара оцу башхачу йоьIан исбаьхьаллин сурт хIоттош, сайн корматалле а, тароне а хьаьжжина, хьалхара гIулч яккхар - и дара сан карахь къолам лелийнарг. Муха нисделла иза - цуьнан мах аш хадор бу, ешархой. Шун кхиэле дIало ас роман.

Таханлерчу дийнан гу тIера чу хьаьжча, цхьадолу хIумнаш кхечу кепара го суна. ХIинца роман язъеш елхьара, цхьайолу меттигаш юкъа а гIур яцара, керланаш тIе а кхетар яра. Цунна тIехь болу болх чекхбаьккхина лоруш а вац со. Дуккха а долчу хIуманна тIехь суна бIаьргаш схьабиллира хIокху книгин редактора. Цунна баркалла ала а луур дара суна. Дош дерзош, цхьа цехар хир дара сан шуьга, ешархой. Язде сан цIарах романах лаьцна шайна хетарг. Шун хьехарша, магораша, хаамаша гIо дийр цу суна романан тIеюьзна, шорийна шолгIа издани кечъеш...

**ДОЩДОЛОР**

Ламанан кийрара схьадаьлла, шийлачу маьхьарца охьанехьа сихделира Хи. Иза тIеIитталора ирачу тIулгашна, даккхийчу чхернашна, цуьнан некъ лоьцура пепнийн ханнаша, мокхазан бердаша, жагIанан баьрзнаша. Амма иза сацо ницкъ бацара. ТIулгаш шеца охьаидадора цо, чхерашна оьгIазе пе беттара, бух оххура, тулгIешца тIехула лелхара. Дечиг тIадайора. Мохой, малхой ккхуьнан тешаме накъостий хуьлий, муръюлуьйтура иза.-ТIаккха хIара ларадора цуьнца. ЖагIанан баьрзнаш дашадой, дIадохура...

Уггар халанаш мокхазан бердаш дара. СадаIар доцуш, дийнахь а, буса а тийсалора царах Хи. Дош ца хуьлура. Духадолура. Ницкъаш а гулбой, юха а чухьодура. Бердийн ондачу некхах етталуш, дамардарц хуьлий аталора тулгIенаш. ТIаккха царна кхин Iемира: хьасталой, яьржий, мотт хьоьккхуш, цIубдора бердаш. Шерашкахь, иттаннаш шерашкахь, бIешерашкахь... Эххар а, мокхазан бердийн йийсарера долий, дарделла цIоькъа лом санна, лахенга, йорт оьций, доьдура и.

Амма тIеттIа керла дуьхьалонаш хIуьттура цуьнан новкъахь. Къуьйсура цаьрца. Эшайора уьш. Мецачу барзах угIура цуьнан тулгIеш. Карзахъюьйлура. Кур беттара. Къар ца лора. Хьалхахьа дI агIертара.

Цхьана меттахь ларттинчу хих уьшал хуьлу. ТIе хьеха тосу, мокха бос лоцу, пхьидийн бен хуьлий дIахIутту,

Болар - дахар ду... Цундела идайо Хино шен тулгIенаш, кIаддалар доцуш, кIордор доцуш, садаIар доцуш. Атта дац цунна. Амма цо шена кхин кхоллам лехац.

Iаьно бIаьсте, аьхкено гуьйре хуьйцуш, де буьйсанга лесташ, суьйре Iуьйренга йолуш, дIаоьху зама. Хин болар дац хедаш, лахлуш. Иза даима цхьабосса ду: некъ беш...

- Мича сихделла хьо? ХIун Iалашо ю ахь юьхьаралаьцнарг?

- Даха сихделла. Iалашо - дахар...

Доккха са доккхуш санна, белшаш дIасасаттайой, аренца даьржа Хи. Амма паргIат-м ца долу. Хьалхахьа бу бехха некъ. ХIорда тIе некъ...

- ХIорс тох, кIант воккхуш!

- ХIойт, гора бал яI!

- Хьовзае, хьан нанас ца йина хьуна!

КIант винчохь хIоттийна юьртан ловзар мIаькдаьллера. Кадечу хелхарехь хьийзара Олхазаррий, Таймасхий. Горгачу юьхь тIера коканаш санна долу йоьIан Iаьржа бIаьргаш, эхь хеташ, охьадахийтина дара. Нагнаггахь цо корта хьалаайбича, кIант ларавора царна чохь безаман марзо а, лаамийн шовкъ а ган. Дависа цуьнан делаI, дукха боца бу-кх и исбаьхьа мур - бIаьргне-гIар тухучу юкъана.

Эрз санна юткъа йолу йоьIан гIодаюкъ къевлинера дато варкъ даьккхинчу доьхкано. Олхазара бохь а бугIуш, ша лаьттачохь иза хьаьвзачу хенахь боккъалла бай-й хьоькхучу бIаьстенан мохехь техкачу эрзах тарлора Таймасха. ДегIана тIелетта йолу таьIнасийначу бесан гIабали товш яра йоIехь. Хелхаран болехь цо шуьйра даржош дIасатесна пхьуьйшаш гIаргIулин тIемаш санна детталора хIаваэхь.

Олхазар а вара куц долуш кIант. Лекхачу дегIахь, Iаьржочу аматахь, дика хелхар дан а, забаре дош ала а хууш. Шо гергга хан ю иза Таймасхина тIехьийза. Дукха тIе ца кIавахь а, йоIа кхин шех къехкош а вацара дехьа юккъерчу хьархочун ИсмаьIалан кIант Олхазар. Юьртахь дика цIе йоккхуш а, наха лоруш а доьзал бу цераниг. ХIокку юьртахь хьовха, махкахь а хуьлуш дерг хууш йолчу жерочо Бикатус дийцина кхунна церан ворхIе а дай муьлш бу а, уьш мичара схьабевлла а.

Тахана хIокку ловзаргахь догдохуш Iаш Олхазарна шайн юкъаметтигашкахь дуьххьара тосаделира Таймасха къаьсттина тидаме а, ша бохучунна тIетан а резахилар. Цундела цо сацам бира, кханнехь лулахошка ирахь Iен чу а кхайкхина, цуьнга хан йиллийта.

- Гора къоналла яI! Ма мерза стом бу-кх хьо, бан!

- Дера Таймасхин да вехачу керта кестта захалш бисса ма мега!

-И шиъ цхьаьна догIуш а-м дера ду. Барт цхьаъ бойла!

Лоьккхучу пондаран а, еттачу вотанан а гIовгIанехь юьртахойн и маьхьарий шера дIаккхочура Таймасхин лере. Цо сема хилла ладоьгIура цаьрга, цунна хьоме дара уьш. ЙоьIан готтачу кийрахь цкъа безаман цIе кхерстара, юха ойла тIеккхуьуш боцчу цхьана кхерамо дог шелдора. ХIоккул хьалха цкъа а девзина доцу цхьа башха хьал доьссина тховса цуьнан синтеме боцчу кхетаме, аьрхачу ойланашка. Гуш боцчу, амма хьегамечу, мерзачу ницкъо дIа ца хоьцуш, шена тIеийзайора иза, хьоьстура...

Бал чекхбелира. Олхазаррий, Таймасхий дIасадала а кхиале, ловзаран шуьйрачу гона юккъе иккхира пачхьаьан инарлин туьтамIаьжиг коьртах йоьллина волу жухарг. Цуьнан белшаш тIехь яра хьаьжкIийн хьесех а, кIадин цуьргех а йина погонаш, доькха хуьлучохь - масех шед беш бихкина муш, туьран меттана хаьн тIе оьллина гома гIаж, бIоржамаш санна мекхаш. Иза гучу ма-веллинехь , сила долчу адамашна юккъехь белар иккхира. Важа-м шек дIа а воцуш, цхьа ког хьалха а тесна, мекх ирх а хьийзош, кура кеп йина, дIахIоьттира. Нах гIадбахана боьлура цунах.

Чета куьг а дахийтина, цхьа кехат схьаэкккхийтира жухарг-инарлас. БIаьргашна хьалха иза а лаьцна, доьшучуха, аз тодеш, къамеле велира.

- Ахьмин кIант Бетарсолта, хьалха валал, суна а гойтуш! Хуьлуш дерг боккъалла долчуха, нахана юккъера сехьавелира цо цIе яьккхинарг.

- Хьайна тIехь схьадалаза гIуда дуйла хаьий хьуна? - чукххоxкавелира цунна жухарг-инарла.

- ЦIе яржа кIегаш тIе, хIинцца ма дара со оцу балех ваьлла, -йиш йоьхна хьаьвзира миска стаг.

- Ахь схьаделла кIуьра тIера, цхьа маIа йойначу гомашна тIера, шайн бешарчу бун чохь нIаьнина улло хууш йолчу доцца цIога долчу бероза котамна тIера, - охьадагардора гIуда даккха веанчо. - Амма, - эццахь аз чIагIдира цо, - оцу нIаьнина улло хуучу доцца цIога долчу бероза котамо кху бIаьста тойна а хиъна даьккхинчу кIорнина тIера схьадалаза ву! Мискачу стага доккха садаьккхира.

- Ва, инарла, - элира цо, -ахь дуьйцу и кIорни цул тIаьхьа дукха хан ялале куьйрано ма даьхьира. Цуьнгара схьадехахьа и гIуда.

Мискачу стага «инарлина» деллачу жоьпана шаьш резахилар керлачу ницкъаца иккхинчу беларца хаийтира наха. Олхавар а вара оцу шатайпанчу дешан къовсамах самукъадаьлла доггах воьлуш Iаш. Амма иза виц ца лора кест-кеста Таймасха йолчу агIор бIаьрг кхарсто. Цкъа-шозза цу шиннан хьежар дуьхь-дуьхьал нисделира. Иштта меттиг моссазза еа, йоIа, цIийлой, бIаьргаш охьадохуьйтура. Ткъа «инарлин» а, мискачу стеган а дов-м гуттар марсадаьллера.

- Хьо сох воьлу, аьшнаш ван гIерта? - чуьравуьйлура жухарг-инарла. - Делора вара ас хьо, буржалш а тоьхна, Сибреха вохуьйтур. - И дешнаш тIечIагIдан санна, шен «салташка» омра дира:

- Схьа а лаций, набахти чу волла иза!

Кегийчу наха куьйгаш-когаш а лаьцна, докъаполла бина иаьхьира важа.

- Паччахьан Iедало шен векал веш хIокху юьрта тIе хIоттийна волу Олча-Махьма, схьагучувалал, - буьрса кхайкхира жухарг-инарла.

ДаьIахкана тIедоду меца жIаьла санна, «инарлина» хьалха дIахIоьттира юьртан да.

- Со ладугIуш ву-кх хьоьга, хьан сийлахь-возалла, - хьаставелира иза.

Жухарг-инарла чIогIа оьгIазвахнера. ГIажтур а даькххина, вукхунна тIеволавелира. Ласттийна гI аж ялийтира. «Юьртан да» «ахIи-ахIи» дан хIоьттира.

«Инарлас» цу юкъана бехкаш дохура:

- Хецна битна ахь хIара боьха ламарой. ТаIзарехь бахкичий бен хIорш мегаш ма бац! — цIогIа деттара цо.

- Ас хIун дан деза царна, ладугIуш ца хилча? - бехказвала гIертара «юьртан да», гIаж кхеттачу метте куьг а хьоьккуш. «Инарла» карзахвуьйлура.

- Ас дуьйцур ду хьуна хIун дан деза, - бохура цо. - Цкъа хьалха тоьпаш тохий, охьабахка, тI аккха шаьлтанаш хьакха!

Адмашна юкъахь маьхьарий девлира:

- Дера вайна чохь са дита-м ца воллу «инарла»!

- И, хьаха, ду цунна цахиндерг!

- Цул гIолехь-м вайн юьртан да а вац хьуна.

Оцу дешнаша вагийра тхьамдина аьтту агIор хиъна Iаш волу Бекмарза. Бегашийна дийцахь а, цунна дика хаьара тховса хIокху ловзарга гулбеллачарех дуккхаберш оццу ойланехь хилар. Юьртахойн шега болчу цабезаман бахьана цунна гора, ша хьал долуш а, паччахьан Iедалан дайшца бертахь а, лела хууш а хиларехь. Юьхьанца дуьхьала вара иза ламанан махкахь шайн керста дин даржо гI ерташ генарчу Россера баьхкинчу эпсаршний, салташний. Резавацарца хьоьжура церан гIуллакхашка . Амма цхьана дийнахь дерриг а хийцаделира. Суьлийн махкахь хьуьжарехь дешна а, Хьаьжин цI ийнахь хилла а волчу Хьатуца къамел тасаделира Бекмарзин цкъа жамIат-маьждигехь. ХIетахь дуьххьара хезира цунна и дешнаш: «ХIора Iедал а Делера ду». Бекмарза цецваьлла висира Хьатун багара и даьлча. Иза тергал а ца деш, вукхо шен къамел дIадора:

- ХIокху доккхачу дуьненахь цхьабосса ши адам а ца кхоьллина Дала, — бохура цо, хьийзочуьра суьлхьанаш а ца совцош. -Тамаша бойла юй тIаккха хIоранна а шен-шен кхетам, хьекъал делла хиларх? Цуьнга хьаьжжина, нисдо стага шен дахар. ХIорда йистера гIум санна, дукха адамаш деха вайн лаьтта тIехь. Къаьмнашка, тайпанашка, тукхамашка декъаделла уьш. Цара буьйцу шайн лазамаш, цара лору шайн гIиллакхаш. Амма вай дерриш а цхьана Далла тIедаха дезаш ду, - дерзийра Хьатус.

- ОстопираллахI, остопираллахI! - кхин а чIогIа цецваьллера Бекмарза. - Ма-доккха хIума ду-кх сан лергашна хезарг. Жоьжахатан бIогIам хилла латтал Iеса хабар хета-кх суна ахь дуьйцург, ва Хьату.

Лерина ла а доьгIна, оьгIазвахар я дегабаам бар доцуш, аз ца хуьйцуш, кхидIа а шен къамел дора Iеламстага.

- Делан къайленаш дукха ю, - дIадолийра цо. - Уьш йовза тарлуш дац цхьана а садоьIучу дегIана . Делахь хIета, Дала ша кхуллушехь кхоьллина-кх хIара дуьне иштта: тайп-тайпана динаш, тайп-тайпана хьекъал, тайп-тайпана меттанаш долуш. Вала везачу стеган ницкъ кхочурий техьа царех бакъдерш къасто, харцдерш дохо? И дан гIортар Далла дуьхьал валар санна хIума ду.

- Ахь бахарехь, - кIел ца вуьсура важа, - хьакха а, къилахь елла хIума а юуш волий, кочахь жI ар лелош волий, суьрташна корта бетташ волий гIазакхи а, Дела цхьаъ ъий, Мохьмад-пайхамар баккъий вина волу со а цхьабосса ву-кх хастам хиларна хьалха?

- Кхоьллинчуьнга бен далалур дац цу хаттарна жоп, - кIелхьаравелира Хьату. - Цунна дита вай цо дан дезарг, ваьшна тIехь доцург тIе а ца лоьцуш.

- Церан Iедал а нийса ду бохург ду-кх хьан и? - дуьхе кхиа гIертара Бекмарза.

- Дацахьара, Дала тоххарехь тIепаза байина хир бара уьш, - кхетийра Хьатус. Жимма хан юкъа йолийтина тIетуьйхира: -Цхьа а Iедал Делера бен хуьлийла яц, цундела иза лара а деза.

Ойланийн чалх хьийзара Бекмарзин коьртехь. Дукхе-дукха хьалха, хIара жима бер долуш, нана I ара товхи хьалха а хиъна тIергIа пазат юцуш. Уьйригца ловзаваьллера кIант. Кестта юьхьиг а,

йист а ца карош, хьирчина, хIун ю а цахуург хиллера цунах. IIанна гучувалахь, шен цIока тусур юйла хууш волу жима Бек-марза, къайллаха цхьа дабагI дан гIертара. Амма гIуллакх хуьлуш дацара. ХIетахь шегахь хилла хьал карладелира цунна, Хьатуца къамел хиллачул тIаьхьа. Мел гIертарх, хезначух нийса маьIна даккха, тен юьхьиг кара ца йогIура. Бакъду, дукха хан ялале иза кхета-м кхийтира паччахьан Iедалан векалшца гергарло хилар цаьрца къийсарал гIолехь хиларх ...

Дерриг а дика дера дара, нах IадъIахьара. Шайн баганаш совцош бац. Гой хьуна, хIара юрт яккхал долу ловзар кхунах делош, аьшнаш веш оцу Делан мостагIчо лелориг! Ша коьртах бIегIаг йоьллича, суна вевзар вац моьтту хир ду цунна. Собарде ахь, сан кара вогIур цкъа...

Оцу муьрехь жухаргана-м дагахь а дацара шена церг хьекхош хилар. Цкъачунна хIара вара «инарла». Цунна хьалха гIа санна вега а веш латтара «юьртан да».

- Хьо кхийтирий сох? - тIечевхира жухарг-инарла.

- Кхийтира, - гIийла жоп делира «юьртан дас».

- Кхеттехь, дийцал, хIун дан деза паччахьан Iедало бохург ца деш болчу нохчашна?

- Хьалха шаьлтанаш а хьекхна, тIаккха тоьпаш тоха еза-кх, -эккхийтира вукхо.

- Iовдал! Хьалха шаьлтанаш хьекхча, юха тоьпаш муха тоха иоллу хьо? - цавашарца хаьттира «инарлас».

- Ой, - кхета ца туьгура «юьртан да», - хIун бен ду и, хьалха тоьпаш а тоьхна, тIаккха шаьлтанаш хьаькхча а, я цкъа шаьлтанаш а хьаькхна, юха тоьпаш тоьхча а, уьш бойуш дирзичхьана?

- Цу тIехь-м хьо бакъ а ма ву, - тIетайра жухарг-инарла, -бойуш хилчхьана...

- Байа-м чIогIа бойу, - тIечIагIдира «юьртан дас». «Кхахь-кхахь» оьккхуьйтуш, деладелира довзар. Догучу

кIегашна тIе хаийча санна Iара Бекмарза. Мича эккхар ву ца хууш, холчохь вара иза. Жухарг вийча а, цунах дог Iебар доцуш. «ХIара диларийн тIекка БатIал мукъна а ма велира и шен бугI анан бIаьргаш кхунна тIе а боьгIна Iаш. Хьажал цуьнга, хьажал, адамах тера дуй цуьнан хатI а: чами санна бага, гIеххьа йолчу гIабакхал хир болу мара, ворхIанна баъал корта. ХIай, хьан дена хила неIалт, хIан хила!»

Бекмарзин и ойланаш хиъча санна, «бойуш волу инарлий, «юьртан дай» витина, хьоло вукъвинчу совдегаран коча вахара жухарг.

- ХIинца сан къамел хир ду вайна массарна а хьовха, луларчу ярташкарчу жIаьлешна а дика вевзаш волчу совдегарца Къуркъаш-Махьмица, - дIакхайккхийра цо. Шена бен сту беллехь а кхин хазахетар доцуш хазахийтира Бекмарзина и хезча. Ткъа совдегар БатIал, кIел баI нисбелча санна, меттахъхьен велира.

Шина жимчу стага дехьарий, сехьарий а лаьцна, ловзаран гона юккъе ваькккхира жухарга цI еьякккхинарг. Важа-м дIа махец-цанехь, гIортор дIаяьлча хаьрца гали санна, ша лаьттачохь охьавахара.

- Ахь хIун до, хIай? - ца кхета кеп хIоттийра жухарга. -Хьо ма паргIат вели, нана маре яхча санна.

- Атта ду моьтту хьуна хIара мохь текхо?! - Оцу дешнашца «совдегара» дуо санна долчу шен ге тIе дай-й куьг хьаькхира.

- Ца моьтту хьан а, сан а десара, - элира жухарга. - Вуно дика а ма ду хьо сан хьаьвди тIехь латта ца дезаш. Хьала мукъна а гIатта цу ченалара.

- ГIо дехьа суна, - дийхира «совдегара», Iаччохь тоха а луш. Жухарг-м дагахь а вацара цунна орцахвала. - Ваша вала цу къамелан, - бохура цо. - Тахана уьстагIан гIоггIий, галнийн текккхий, кхо сискаллий, тIон богий, кхорийн цуй, хингалшший оцу хьайн гетIуьнтIаг чу тилош хIунда ца кхайккхира ахь соьга гIоьнна?

- Ишттачохь-м со-суо а ларавора, - велаозийра «совдегар». Жухарг декхарийлахь ца висира.

- Цигахь ларавахь, кхузахь а ларо веза, - элира цо. ДIасаветтавелла-веттавелла, веалара хIоьттира «совдегар». Резахилла, гонах бIаьрг кхарстийра. ТIаккха, шек а воцуш, дIахьедира:

- Хьажахь, мел атта хилла ишта лела. Со кхин шина кога тIехь нисвала гIертар а вац-кх хьуна.

Жухарга тIетуьйхира:

- Важа мел атта хир ду, гена охьаккхийда а ца везаш. Ловзар гӀаддахнера. Цхьа БатӀал вара, мархаш яьккина де санна, кхоьлина. Ша Ӏаччохь шаьлтан мукъ къуьйлура. ОьгӀазло кхеххкара кийрахь. Наха шена бехк буьллур бацахьара, тоххарехь хьала а иккхина, оцу къотӀалгӀа йинчу хӀ уьмалган чуьйраш охьахоьцур яра кхо. Амма и дан йиш яцара. ВорхӀе а дайшкара схьадогӀуш ду ловзаргахь жухарга хӀуъу а леладахь а, цунна гечдан дезаш хиларан гӀиллакх. Цул сов, и лар ца дича, ша гучу а вер ма ву. ХӀинца-м дерриг а забарна тӀе тидина, шех хьаккхалуш доцчуха, Ӏ ийча а волу. Делахь а, чӀогӀа дастаме даьккхина дуьйцу-кх оцу седа дуьхьал варо хьоладайн гӀ уллакх. ӀадӀе хьо, хьан лаг-м ас лоцур ду хьуна, мацца лаьцна а!

Ша шен теван гӀерташ, ишта ойланаш йора БатӀала. Мелла а ша меттавеъча, мехкарийн могӀарехь тхьамда Ӏачу Бикатуга кӀелдӀахула-бӀаьрг туьйхира цо. Нисъелла аьлча, кхин шел нисъелларг хир йоцуш жеро яра иза. Хи диллина хьаьжкӀа санна хьийкъина, ткъе пхеашарера яьлла, куц-кеп долуш, ког тоьхначуьра шовда а доккхур долуш, ша хьалха хьийзар йолчун дог-ойла юьйлина топ санна латтор ойлуш стаг яра-кх Бикату, БатӀалан хьекъалехь. И чуьра нажжаз, ког кхетта а дӀ аяьлла елхьара, хӀокхо нахе кхочуьйтур йолуш жеро а яцара-кх хьуна иза. Давуьсийла цуьнан делаӀ, меттиг ца яьр техьа куьйрано кхокка санна, и тило!

- БатӀал ваккха, БатӀал ваккха! - кхечира цуьнан лере. ТӀаьхьа хӀоьттина берийн могӀа а болуш , рагӀу кӀелахь динчу цӀа чохь къайлавелира жухарг. Хелхаран рагӀ совдегарехь яра. Шега дехарш ца дойтуш, вай-й гӀаьттина, воьдуш лаьтташехь мехкарийн тхьамдина тӀе а вахана, иза шеца хелхаяьлкхира БатӀала. Итт шарна ша къонвелча санна хетара бохь боьгӀучу совдегарна.

- ДӀа ма яьллахь! - мохь туьйхира Олхазара. Иза волчухьа а йирзина, Таймасха эсала елаозийра.

Дуьне Ӏадо санна дийкира цӀеххьана:
- Ва, нана-бусалбанаш, орца дала. БӀо богӀу!

Олхазара йоӀе йиллийта лийрина кхане тезетца еара иза вехачу керта. Юьртана малхбалехьа агӀор чувуллучохь хи тӀехь лаьтташ яра кхеран хьер. КӀант ловзаргахь самукъадаккха схьа а вайтина , да ша бухависнера оцу дийнахь. Ахьа дезарг кхо-диъ гали бен а дацара. Цу балхаца ИсмаьӀал ша а ларор вара.

Де суьйренгахьа лестинера. ТӀаьххьарчу галин бертиг дӀайихкина а ваьлла, мох кхетийта аравелира хьархо. МаьркӀажан бода къовлабалале ахьар кийча хилийта дош деллера цо, тӀера цӀ ийнда а кхелхина, бераш кхобуш Ӏаш йолчу Зайнапана. ХӀинца иза схьаяре хьоьжура ИсмаьӀал.

Аьхкенан тов малделлера. Чубузучу маьлхан зӀаьнарша цӀиййинера анайист. Хьун йолчу агӀорхьара мело-о хьоьккхуш механ хӀо а хаалора.

Юьхькуьг дила дагахь Гиха йисте воьссира хьархо. ТӀулгашна тӀехула а керчаш, шен самукъане йиш лоьккхуш, охьадогӀура хи. Мел дукха ду ИсмаьӀалан дахарехь цуьнца доьзна. ХӀара жима волуш кхечу берашца цхьаьна, вижар-гӀаттар бен цӀахь доцуш, Гиха йистехь хуьлуш вара гуттар а. Йовхачу хенахь кхузахь луьйчура уьш, гӀулгех ловзура, ткъа Ӏай хи тӀе бежнаш а, уьстагӀий а кхуьйлура. Ӏа шийла а деана, ша бина меттиг нисъелча, баккхийчара тӀаьхьа а баьхкина цӀа лахккалц, хеххкалуш лелара. Хийла неӀармача йохийра кхо ша тӀехь, хийла когаш башийра!

Суьйранна регӀан дукъал тӀехьа къайлаболу малх санна, дӀаелира бералла. Пхийттара ваьлла ИсмаьӀал кхечу Ӏалашонца вогӀура хӀинца хийисте. Нашхойн юккъера Падам яра кӀентан ойла дӀ аехьнарг. Кхуьнан хенара йолу иза бакъонца йоӀ-стеган кепе йирзинера: дуткъа цӀоцкъамаш, царна бухара, буьйсанна шовдана чу эгна седарчий санна, лепа бӀаьргаш, туьйдаргаша халла къевлина латто накха, гӀургӀезачух тера дайн болар, говзачу куьйгаша сацкъарх дича санна дег Ӏ.

Дуьххьара гар а хийистехь хилира церан. ХӀетахь дуьйна цхьа а белхи, синкъерам, ловзар дӀа ца долуьйтура кӀанта Па-Дамца цхьаьнакхетар ца лохуш. ИоӀана а везавелира хӀара. Кестта нускал хилла ИсмаьӀалан цӀен тӀе йоьссира иза.

Хьалхарниг кӀант хилира. Олхазар аьлла цӀе тиллира цунна. Де-нена доккхадеран доза дацара. Хьалхара бер хиллачул тӀаьхьа кхин а куьце еана, таелла дӀахӀоьттира Падам. «Ирс тӀедирзина оцу цӀенна»,- олура юьртарчу наха. Амма кхолламо цӀеххьана ха хийцира. Схьагуш цхьа а бахьана доцуш, хала цамгар а кхетта, меттахь йисира жима зуда. Хьажа еанчу хӀума хууш йолчу зудчо иштта кхетийра цунна хиллачух: «Вон бӀаьрг бу кхунах бахнарг». Кхо шо кхаьчна Олхазар тӀехь нана йоцуш висира...

Циггахь байра ИсмаьӀалан ирсан седа. Ткъа шарерий бен ца ваьллачу кхунна тӀаьхьа дацара керла доьзал боло. Схьахьехош захалонаш а дара. Амма ИсмаьӀал сиха вацара кхечу нускалца чуверза. ДӀаоьхура шераш. Гергарчара а, кӀорда а дина, витнера хӀара, зуда ялае ца бохуш. Олхазар дененас кхиош вара.

ДегӀах дахана схьа ца даккхалуш дисина кӀохцал санна, бехара ИсмаьӀалан даг чохь Падаме болу дуьххьарлера безам. Цкъа лулахь ехачу цхьана жерочуьнга бегаш бан велира иза. ХӀокхо боххучунна тӀетан кийча важа а яра. Юьртахь хабарш дуьйладелира, ИсмаьӀал зуда яло воллу бохуш. Амма и хила доьгӀна ца хиллера.

Цхьана сарахь кханенна кечамбеш, мангал тусуш воллучу дена тӀе а хӀоьттина, Олхазара хаьттира

:

- Дада, хьо суна керла нана яло воллу? - Жоп даларе ца хьоьжуш, велха а ийзош, бIаьргаш чу хи хIоьттина, лен велира: - Суна кешнашкахь ерггий, йоккха бабий йоцург цхьа а ца оьшу хьуна...

Оцу буьйсанна дукха ойланаш йира ИсмаьIала. ШоллагIчу дийнахь ша бегаш беш йолчу жерочуьнга цо дIахаийтира, шегахьара иза хIинца дуьйна дIа паргIат хилар.

Ненах тера волу Олхазар, йоI санна, хаза кхиъняера. Амма юьхьчкъор иштта делахь а, къонахчун дог детталора цуьнан кийрахь. Да воккхавийна а ца волура цунах. Тахана а иза ловзарга вахийта дIа а хьажийна, вехха лаьттира да, кIантана тIаьхьа хьоьжуш. Цунна хезнера, иза Таймасхина т Iехьийзаш ву бохуш. Оцу захалонна дуьхьал хуьлийла а яцара. ИсмаьIална дика вевзара йоьIан да. Нахана ала хIума ца дуьтуш, хьанала къа а хьоьгуш, ша даьkkхинарг бен кхин рицкъа а доцуш, доьзал кхаба гIерташ воллуш стаг вара иза. Кхидолу бераш дала а делла, цхьа Таймасха яра йиснарг. Цундела дас-нанас чIогIа хьоме а лелайора...

Дера, хIара хи санна дIа ма ихи ИсмаьIалан денош. Борз санна тебаш тIеea къаналла а.

Юьхьах хи кхерзина а ваьлла, хьалатаьIначу хьархочунна гира ша волчухьа хаьхкина вогIуш волу ши бере. Уьш тIекхаьчча, говраш нуьйраш теххина цахиларан тидам бан кхиира ИсмаьIал. Хьалхарчу беречо (иза вуккул воккха вара) салам а делла хаьттира:

- Хьеший тIеоьций ахь?

- Дера оьцу, динара дисса шайна,- элира хIумма а дагахь доцчу хьархочо. Вукху шиннан когаш лаьттах хьаккхабаларций цхьаьна, хьуьна юккъера схьалилхира дойшкахь болу салтий. БIаьргнегIар тухучу юкъана тоьпаш евлира. Уггар хьалха тоьпан Iалашоне нисвелларг де а бехкгуьнахь доцу ИсмаьIал вара. Хуьлуш долчух ма-дарра иза кхетале, сийначу цIаро кийра морцуш санна хийтира цунна. ДегIера гIора дIа а даьлла, ша лаьттачохь нийсса хи чу бертал вуьйжира. Цхьана юкъана хино гIоле еш санна тарделира хьархочунна. ТIаккха кхетамчуьра велира...

Цуьнан дерриге а дахар дара хIокху хица доьзна. Кхузахь дIадахара бералла, кхузахь бевзира безаман чам. Оцу хино кхобура хIара. Оцу хи чохь валар а хили ИсмаьIалан.

Тоьпийн тата долуш хьерана герга кхаьчна йогIура Зайнап. Кхераелла, ша хIун до а ца хууш, цигахьа дIахьаьдира иза. Ирча сурт хIоьттира бIаьргашна хьалха: цхьа стаг хи чу воьжна I уьллура, важа куьйгах хьаьрчина бахтар схьа ца дасталуш, къаьхкинчу говро теккхош вара, кхоалг Iаниг дина а хиьна дIаэкkхашехь, цхьа инзаре ши куьг дIаса а тесна, охьавуьйжира. Вуьйш салтий бара... Юха а йирзина, шийлачу маьхьарца юьрта чу юьйлира Зайнап. Цуьнан орца дара ловзарга кхаьчнарг.

...Iуьйранна тезета схьаэха буьйлабелла нах сарахь а лагI ца беллера. ИсмаьIал вевзаш я цуьнца цхьа гергарло долуш а ду-кха адамаш дара. Гихтахь хьовха, луларчу ярташкахь а. Цуьнан кхалхарх дерг хезча, стерчийн ворданашкахь а, дойшкахь а шайна халахетта хилар схьахаийта оьхура уьш. Кадам схьаоьцуш ИсмаьIалан деваша Элмарза вара. Олхазар, дIанехьо, кегийчу нахана юкъахь лаьттара, вахьийча санна, бос а байна, гIийлачу ойланаша шайн йийсаре вина. Тезетан дега кадам бина а ваьлла, кхунна тIевеара совдегар БатIал.

- Воха ма вохалахь, Олхазар,- элира цо.- Хийла кIант висна хьуна тIера да дIа а ваьлла. ХIун дер тIаккха, Делан кхиэл хийца йиш яц-кх вайх цхьаьннан а. Хьан да бакъдуьненахь ву. Дала гечдойла цунна. Дика стаг вара иза, дика стаг.

Оццу дешнащца кхин а дуккха а нах тIеоьхура Олхазарна. Сила-а долчу халкъана новкъа деанера цуьнан ден валар. Наха иштта дакъалацаро мелла а байбира кIентан даг тIе бижна халахетаран мохь.

Тезетера дIавоьдуш, цхьаьна иисвелира БатIаллий, Бекмарзий.

- Хьуна хIун хезна хIокху гIуллакхах лаьцна? - хаьттира совдегара шен даржехь хIинца а чIагI велла валаза волчу юьртан дега.

- Бакъ ду-дац хаац суна, амма наха дийцарехь, хьуьнха дечиг даккха баьхкина болчу салтийн говраш ядийна хилла-кх къуша. Церан лорах богIуш хиллачух тера ду-кх салтий,- жоп делира вукхо.

- ИсмаьIал хIунда вийна кхара тIаккха? - хиллачун дуьхекхиа гIертара БатIал.

- Цунах дерг суна ца хаьа хьуна,- бохура Бекмарзас.

- Со стенах шек ву дийций ас? - аз лахдира совдегара. Гонах дIаса а хьаьжна, шабарш дан вуьйлира: - Вайн юьртахо цаьрца цхьа барт болуш хиллий техьа? Хазахета топ тухур ма яц гI азаккхичо а. Цхьа хIума доцуш дац хьуна иза.

Бекмарзина ца тайра и дешнаш. ХIокху тIаьхьарчу хенахь пачхьахьан Iедалан векалшца шен ма-хуьллу гергарло таса гIерташ лелара хIара. Хьатуца хиллачу къамело дуккха а хIумнаш хийцира цуьнан дахарехь. «Бакъ луьй иза,- ойла йира Бекмарзас-Муьлхха а Iедал дан а ду Делера. ТIехь

Іу воцу бажа санна, баьржина бу нохчий. Паччахьо шен олаллина кІел лаьцча, яккхий гІоленаш хир ю массарна а. Шаьлтанашший, дедайх йисина мажар-тоьпашший хІун ю когера коьрте ккаччалц уггар дикачу герзах боьттина болчу паччахьан салташна дуьхьал яха! Цу тІе, церан хьаькамаша схьахьедарехь, уьш ламанхойн гІуллакхашна юкъа гІертар болуш а бац. Дин а шайн луъург леладе боху. Юьртан къеда а, юьртан да а шайна юккъера харжа... Талораш а ца дичхьана, Іедална муьтІ ахь а хилчхьана».

Цкъачунна гиххошний, салташний юкъахь маслаІат дара. Оцу тІехь доккхах долу дакъа кхочура Хьатуний, кхунна, Бекмарзиний. Цу шиммо тІекаре латтайора гІопарчу воккхачу эпсарца. ХІинца и , къацахетарша еттарш, говраш ядор бахьана долуш, дерриг а доха мегаш дара. Кхара эпсар теша ма винера шайн юрт машаре хиларх. Катоьххана хІокху гІуллакхан цхьа йист ца яьккхича ца йолура. Цундела Бекмарзина ца дезаделира ИсмаьІал говраш ядийначарех дІатухуш деш долу къамел .

- Веллачун къа хьаьрчар ду доцург дийцинчух,- элира Бекмарзас, вуккуьнан бІаьра а хьоьжуш.- Цу тІе, иза волчарна дІахезча, жоп доьхур долуш хІума а ду. Хьо санна волчу стагера долуш товш дац мотт-эладита. Варийлахь, кхечухьа тилкхаза валий а хьаха ма делахь и. ЮьхьІаьржонан сахьт дац,- кхерам тесира цо совдегаран даг чу.
Жижиган тІаьххьара дакъа дара боги чохь диснарг. Иза БатІалан доьзална доьгІна а хиллера. ИсмаьІална тІаьхьа доккхуш долу сагІа дІасадоькъуш гІоьнна еара церан лулахо Бикату. Закъаьлла ков а диллина, уьйтІа елира иза. Схьагуш аддам а дацара. Мохь туьйхира:

- Чохь мила ву?

Амма дуьхьал жоп ца хезира. ТІаккха Бикату уча хьала а яьлла, неІ етта хІоьттира. Гучуелира набарна вата а ветта волу БатІал. Жеро Бикату гича, цецвалар а, хазахетар а цхьаьнаийра цуьнан даг чохь. КІеза санна, хьаставелира:

- Хьо я марша, хІан я! Ма дика болх а бин ахь, тхоьга еана! Схьа чоьхьа яьллахь, неІсагІехь а ца лаьтташ. Хьо-м, хьаха, ю еза хьаша,- бертаг ястаеллачу гали чуьра охьаІена кхоьш санна, дешнаш схьалелхара совдегаран багара.

- Чуеана Іийр яц,- аз дахдина-а йистхилира жеро.- СагІа дІадала еанера со. Аракхайкхахь цхьаьнга...

Мекара цхьогал санна хьаьвзира БатІал:

- Деллахьа, ма дош дацара хІара,- бохура цо, жерочунна тІебоьгІначуьра шен бугІанан ши бІаьрг дІа а ца боккхуш.-ХІуьттаренна санна, со воцург чохь кхин стаг а вац. Хьайна хала дацахь, чоьхьа а ялий, цхьа пхьегІа а лахий, охьадиллахь иза.

БатІалх дІахьакхалуш а, ца хьакхалуш а кхунна уллохула а яьлла, жижиг чудилла хІума лоьху кеп хІоттийра хІусамден дагара дика хууш йолчу жерочо. Паднара кІелахь цо хІун лоьхура-м ца хаьа совдегарна, амма Бикату охьа а таьІна, коч тІехьара хьала а яхана, бадах боьттича санна болу кІайн когаш гучубевлча, БатІалан дог цхьа инзаре тоха-м делира.

- Маржа, Бикату, яІ, ма кхоам бу-кх хьан ба-м ткъа! - ца сацавелира иза.- Хьо-м хи чу буллу І аж бацарий, хьалха а биллина бІаьргашца хьосту Іаж барий.

Жерочо Іоттар ярца экккхийтира:

- БІаьргаш-м дика долчух тера ду хьан, цергашца муха ву-те? БатІал кхийтира жерочун хаттарх.

- Вай гІон долчу эхартора, борз церг тосур йолуш-м яра,-кхин дІа ала ца хІоьттира.

- Ванах, суна хІумма а ма ца карайо хІара жижиг чудилла,- йиш йоьхначуха элира цо. Ткъа БатІ алан ойланаш-м гена евллера...

- Бете а кхоьхьуш, тІе ца кховдуьйтуш болу дума бу-кх хала,- доккха садаькккхира совдегара.

- Ахь хІун дума буьйцу, ва БатІал? - цаккхетарг хилира жеро. Совдегарна гуттар марзделлера Бикатуца иштта къамел дар.

- ВаллахІ-Іазмора, хьера ма ваькккхина со хьо зудчо! - сиха шабарш дан велира иза.- Дуьненан бахам оьшуьйтур бацара-кх ас хьуна... Дехьа ас бохург... Дохкоер яц хьо... Махьарла бахана жин санна Іийр ю... Мерзаниг дууш, дезаниг духуш... ЛадогІа соьга...

Жерочунна оьшшург дара и. Ши шо хьалха ядийна маре йигнера хІара. Иза ца хиллера зуда кхаба къонах.

Дан дезарш цІен тІехь цкъа а кхачалуш а дацара. Сабодий къаьсташ когаш тІехь хуьлура Бикатун марнана. Цо цІена Іазап далладора кхуьнгахь. Де дІадолалора божли чуьра. Етт озар, беже дІ алаллар, кхо дІадаккхар. ТІаккха цІа чу йолура. Мот-гІайба дІабаккхар, чу нуй-горгам хьаккхар, кхача кечбар. ПхьегІаш дІаяьхний, уьш йилний, дІасалиттиний ялале, делкъе тІекхочура. ХІинца-м садоІур дара ас аьлла хІара охьа ма лахъеллинехь, марненан аз хезара:

- Мичхьа ю хьо цигахь, ян? Же, чехка гIой, хи да. Дера бац хьо а моз дутту моза, моз дуу моза бу-кх. Хьажал, сиха юй ду-кха?..

Иштта меттиг моссаза хIоьтти, ткъа иза-м хIора дийнахь ма хIуттурий, шена мел хууш болу сардам буллура Бикатус марнанна. Бакъду, хозуьйтуш ала-м ца яьхьара. Хаьара, майрачо бишка узур дуйла.

Де суьйранга лестара, нус кхин букъ хьаласатто ца кхуьуш. Аттана дуьхьал яхар, иза дIабеххкар, беттар. Ков-керт дIаледар. ТIаккха цIа чу йолура. Пхьор кечдар. ПхьегIаш... Мотт-гIайба... Эццахь, дегI гIелделла делахь а, дуьненан чам бевзар-кх къоначу Бикатуна...

Амма цхьана буьйсанна дерриге а дуьйхира. Сарахь дуьйна леларца а, вистхиларца а хьалха санна воцуш, шатайпа вара кхуьнан майра. ГIуллакхаш дина а яьлла, чиркх дIа а байина, шена тIера бедар дIа а яьккхина, юргIи кIел юьйлира Бикату. Важа тIе ца вогIура. Соне а хиъна, куьйгашца голаш а лаьцна, ойланашка вахана Iара иза. ХIинций-хIинций майра схьавогIур хир ву-кх бохуш, дIаса а кирчина, тIаьххьара а, наб озийра цунна. Хьалхарчу буса хиллачун кхин башха ойла а ца йира цо. Амма шолгIачу буьйсанна а изза сурт хIоьттира. КхоалгIачу а, йоьалгIачу а буьйсанна хIумма а хийца ца делира. Хьалхалеррачу соне а хоий, хIара шега йистхилча, цхьа гIам-гIим а деш, Iара важа. Зудчунна улло ван-м дагахь а вацара. «Хьо вала велла хIан вала, ма стогалара ваьлла,- ойланаш йора кхо.- Хила мукъана а хIун хилла кхунна, лаа вуй техьа?»

Иштта дIабелира бутт. Хьаьнга хIун эр ду а ца хууш, холчохь яра жима зуда. Нахе дуьйцу хIума а дацара кхунна тIехIоьттинарг. ТIаьххьара, Iа а ца елла, дехьа юккъерчу пал тосуш а, хIума хууш а ю олучу йоккхачу стагана тIеяхара Бикату. Амма яхана дIакхаьчча, ша деанарг цуьнга дIа муха эр ду бохучу ойлано галъяьккхира... Жимачу зудчуьнгара хьал сиха кхетийра вуккхо. Хьалхара цергаш дIаевлла хиларна, балдаш чIап-чIап деш, вовшах а детташ, ша олучух цуьрриг а ийза а ца луш, цо бохура:

- Хьаха ю со нIаьно шен меана дола ца да моьттуш. ХIинцца бабина кара-м хьаха дийр ду цуьнан бахьана.

Оцу дешнащца, кераюккъе схьа а эцна, юха шена хьалха кхоьш яржийра пал тосуш йолчо. ТIаккха лерина цаьрга хьежа йолаелира. Кхоьх доллург ма-дарра ша теллина яьлча, хIора дош къастош дийца йолаелира:

- Хьан майрачуьнга безам болуш кхин цхьа зуда ю. Шуьшинна юккъера барт бохорхьама, цо стаг боьршаллах воккхуш долу тай дихкина. Иза схьадастталц, цуьнан хьоьца гIуллакх а догIур дац.

Бикату тийшира шега аьллачух. Иштта долчух тера дан а дара. Пал тасарна йоккхачу стагна чиллан йовлакхца совгIат а дина, цIехьа йирзира иза. ХIинца цуьнан ерриге а ойланаш дI алаьцнера цхьана хаттаро: мила ю техьа и тай диххина зуда (дала куьйгаш дакъадойла цуьнан, хI ан, дакъадойла!)?

Жимчу зудчух къеххкашверг цIен тIехь дечух а къехкка волавелира. Иза ца делира ненан тидамера а . Цхьана сарахь марнанас несе элира:

- И кIант тиларчу вахана моьттуш ю-кх со... ШайтIанаша кхерийна хила там бара иза?..

Бикатус ца дийцира, шега палтосучо аьлларг. Амма эццахь иза кхийтира, шена цунах майра хила воллуш цахиларх. Ткъа меца денош а, эрна дIаоьху буьйсанаш а цхьаьна лан хала дара цунна. Цундела кхин цхьажимма майра ву бохучун цIен тIехь а Iийна, ден керта юхайирзира Бикату. Шен нене ма-дарра хилларг дIа а дийцира.

ХIора дийнахь бохург санна, кхеран неIаре хIуьттура нуц лаьттинарг. Схьаолуш хIума а доцуш, вехха Iара, хIара чуара юьйлуш ларъеш. И кIорда а дина, кетIа веъча а эккхавора иза стунвежарий хиллачара.

Марехь аьлла, марехь а йоцуш, йитина аьлла, йитина а йоцуш, хIетахь дуьйна жералла дI акхоьхьуш яра Бикату. Цхьацца захалонаш а дара тIекхоьхьуш. Амма Бикату хIинца Iеминера. Хьалде а долуш, шега къайлах безам болчу зудчо муш бихкича а боьршаллех вер воцуш волу стаг везара кхунна.

Бикатуна шера хаьара, БатIалан синтем байинарг хIун ду. Масех шо дара чуьра хIусамнана ха чуьра са дIа а даьлла, метта йоьжна Iуьллуш йолу. Ткъа БатIал ханна кIелвисна стаг вацара. Жеро ма-гиннехь, бодашкахь цициган бIаьргаш санна, лепа довлура цуьнан эхь ца хеташ долу бI аьргаш. И мосуьйтазза а тергалдинера къоначу жерочо. Цундела ловзаргахь, синкъерамехь цо сакъера шега аьлла тIе хабар даийтича, Бикатус дуьхьало ца йора. Цуьнан зуда тахана ю, кхана ю а ца хууш, цамгаро лаьцна Iуьллуш ю. Ког когах а кхетта, иза дIа ма-еллинехь, БатIална некъ маьршаболу. Цуьнан санна бахам кху юьртахь цхьаннан а бац. «Со шел жима а, куц долуш а хиларна, куьйгаш тIе а йиллина лелор ю... Хецна ворда а йодур йолуш ву ша-м ирча. Делахь а, цуьнан хазаллех ас хIун до?»...- Иштта ойланаш йора жерочо буьйсанна ша йисинчохь.

БатIал ле ма-веллинехь кхийтира Бикату, цо шега догхоуьйтург хиларх. Иштта бегIийла меттиг кхин ца яла атарлора. Цундела, шаьшшиъ диссинчуьра, ма-хуьллу хьеяла гIертара жеро. ТI аьххьара цо сатийсинчунна тIедахара гIуллакх. БатIална букъ берзийна латтахь а, Бикату тешна яра, иза куьйгаш ца тухуш Iалург цахиларх. ХIара хьалатаьIна ялале, иштта хила а хилира.

Вахана тIехьахула хьаша марахьарчийра хIусамдас. Жеро марахь йоллучохь тохаелира. Кху шинна а ца моьттинарг хилира. Цхьана хIуманах ког тасабелла, гал а вахьлла, БатIал шен дегIан йозаллица аркъал охьавуьйжира, тIехь жеро а йолуш. Амма оцу хьолехь а, важа жеро дIахоьцур йолуш-м вацара.

Хьалха меттаеара Бикату. Марара а яьлла, хаьн тIе ши куьг а хIоттийна, чIогIа ша оьгI азъяханчуха БатIална тIейирзира иза:

- Хьуна со мила ю моьтту? Сан вежаршна и дIахаахь, цара шарбал а яьккхина, юьртах чекхвоккхур ма ву хьо! - кхерамаш туьйсура цо.- Цу тIе, со нехан цIар тIехь а ма ю... Царна и тосалахь, шарбал хьовха, цара корта а баьккхина вуьтур ма ву,-тен ца туьгура Бикату.

БатIал гIеххьачул кхеравелира. Цуьнан цо ойла йина а яцара. ХIинца жерочун карзахъялар а, цуьнан тIечехар а шен бIаьргашкий, лерей кхаьчча, кхидIа хIун дан деза ца хууш, вуьйхира. Ур-атталла цIенкъара хьалагIатта а хьекъал дацара. Довхачу дийнахь Iам чу яьржина гомаш санна, цIенкъа юккъе а хиьна Iара иза, лап-лаппехь даккхий бIаьргнегIарш а детташ.

Жеро гуттар а чуьраюьйлура.

- Ас хоуьйтур ду хьуна со мила ю! - мохь беттара цо.- Соьгара хIун даьллера, хьуна сел атта со хета?! Хьо цунах дохко ца валахь, со со яц-кх хьуна!

БатIалан са, кхеравелла, кийрара схьаэккха санна детталора. Бага а гIаттийна, тохара санна цIенкъа хиъна Iачуьра меттах а ца ваьллера иза. ХIуманах сиха кхуьуш йолу Бикату кхийтира, ша тIехъяьлла хиларх. ЦIеххьана дагатесира: «Ас жимма сайн алаша юха ца озахь, хIара-м мотт а сецна вуьсур ма ву!..»

- Цхьа пхьегIа кховдаел соьга,- къамел кхечунна тIе даьккхира зударийн хIилланах йоьттина йолчу жерочо.

Оцу дешнийн маьIна шен кхетаме ма кхеччи, бакккхийчара аьлларг дан дIаэккха бер санна, хьалатасавелира БатIал. Дуьненах догдиллина ваьлла иза, вогI-вогIуш меттаван волавелира. ДIахьаьдда вахана, кад а бахьаш вухавеара хIусамда. Кхуо хьалха лаьцначу кеда жижиган дакъа а диллина, дIаяха тохаелира иза.

- Бикату,- гIийла вистхилира БатIал,- хьайн Делан а, пайхамаран а дуьхьа ма ваккха со нахала. Ахь боххург дийр дара-кх ас. Ма бегаш бац суна къанвеллачу хенахь иштта юьхьIаьржа хIоттар. КъинтIера ялахь суна! Кху чуьра маьрша ара ма волийла со, хьо яй хеттий, я ахь цхьа бахьана дитиний ас и динехь... ШайтIано корта хьовзийначохь дели-кх соьгара и...

- Дика ду, хьо айхьа динчух кхетта,- маслаIате хилира жеро.-Делахь а, тахана хьо мел бехкалвахний, воьхний хьовзарх, кхана хIара дIа ма дирззинехь, хьо сох кхаьрдар ву. Ахь соьга дог а хаийтина, куьйгаш а тоьхна. Суна-м ца хаьа, хIун дича бакъахьа хир дара... Суо бахьана долуш верваккхар хилийта а ца лаьара...

БатIална хорша еара. ГIуллакх кхунна ма-моьтту дерза доллуш дацара.

- Ой, ас хIун дича бакъахьа хетара хьуна тIаккха?

- Соьга хIунда хоьтту ахь и? - резаяцаре хилира жеро.-Иштта хIума муха дижадо ца хууш ву хьо?

- Къайлах мах байтича хIун хир дара техьа, там а, урдо а луш?..

- Мацца а даьлла а цкъа нахала ца долуш дуьсур дац. Суна ца лаьа, сайн цIе вон йоккхийла,- тIе ца тайра Бикату.- Ахь сох куьйгаш тоьхна... Хьо вен ца вийча я со... хьан дола ца яьлча, суна тIера дIадер долуш эхь дац и.

- Верах дерг ца хьехош хIума де вай,- хьаставелира совдегар.- Нагахь санна хьо резахилча, сайн цIар тIе йоккхур ма яра ас.

- Бухарчунна хIун до ахь? Хьан-х баккхий кIентий а бу... Наха неIалт ала а тарло,- зуьйра иза жерочо.

- Наха-м Iаьржа талу даахьара,- майравелира БатIал.-КIентий а баккхий хилла. Кестта зударий а балийна, шайна баха ховшор бу. Юьртана а хууш, хIокху масийтта шарахь меттахь йоьжна Iуьллуш ю сан хIусамнана. ЦIен тIехь зуда оьшу...

- Деллахьа, ма хьашт доцуш коча веа-кх хьо суна,- боккъал а долуш санна, ладамаш бора Бикатус - Ма суна дагахь ца хилла захало дар-кх хIара. ЦIерачаьрга хIун аьр?..

Хьалхара дIадаьккхина моз марзло. Иштточу хьолехь вара БатIал. ХIокху къамелан йохаллехь мосуьйттазза жеро шен хилла ели олий, ойла кхоллалора цуьнан, тIаккха иза юхура. Бакъду, чаккхе кхунна луучу хорша йирзинера. Баккъалла а, зуда ца ялийча вер вацара хIара. Ткъа Бикату кхуьнан са лаьтта стаг яра. Билггал иза ша ялориг хиларан ойланехь чIагIвелира БатIал.

- Тезет-хIума дIа а ерзийтина, дукха хан юкъа ца юлуьйтуш, вешан гIуллакх къасто деза

вайшиммо,- элира цо.- Ас дош ло-кх хьуна, кху дуьненахь вай цхьаьна йоккху йолчу хенахь хьан сий дан а, хьоьца долчу гIиллакхах ца воха а.

- И а замано гойтур,- ойлане хилира жеро.- Дала яздинчух вала йиш яц цхьаьннан а. Цуьнан лаамехь хилла-кх вайша цхьаьнакхетар а. Вуьшта, диц ма де-кх хIара де.

Бикатун багара мел долучу дашах тешара БатIал. Юьхьанца сел ирча хилла хIара гIуллакх бокккхачу аьттонца доьрзуш лаьттара. Цунах вокккхавийна а ца волура кхул жимма хьалха юьхьI аьржонан зил тIехь лаьттина совдегар.

Хьаша дIаяха тохаелира. БатIал тIаьхьа аравелира. Ков тIе кхаччалц дIавеара. ТIаккха жерочун дог ийцира:

- Бутт балале хIокху кертан хIусамнана хилла юссур ю-кх хьуна хьо. Со кестта дIаккхетар ву...

- И хIумнаш лело вай кегий а дац,- мекарло хьовзийра жерочо.- Цул а, нах бахкийта ахь... со еха. Яхь ма ю тхайчеран а...

БатIала резахиларна корта таIийра.

...Некъа йистерчу цIа чохь Iуьллуш яра меттара гIатта де доцуш йолу БатIалан цомгуш хI усамнана. Дехьачуьра цхьа аьзнаш а, татанаш а хезара цунна. Амма и хIун ду хьажа ницкъ а, хатта багахь керчаш мотт а бацара. Ша Iуьллучу цIийнан беа пена юккъехь хуьлуш дерг бен кхин хIумма а ца хаьара цунна. Амма тховса даго диканиг-м ца хьоьхура. Сингаттамах буьзнера цуьнан миска кийра.

Соьлжаца лаьтташ яра четарш тоьхна жима гIап. Масех цIа а дара дIанехьо. Хьалха хIокху меттехь гобаьккхина хьун яра. Иза салташа, хьаькхна, дIаяьккхинера. Гонах саьнгар аьккинера. Аренан Нохчийчоьнан агIорхьара цунна тIебогIуш цхьа некъ бен бацара. Оцу новкъа вогIура Хьатуй, Бекмарзий. ГIопана тIе кхоччучохь саьнгарна тIехула тиллина дечиган тIай дара. Дийнахь а, буса а и лардеш салтийн ха хуьлура. ТIайл дехьа ма-веллинехь дIайолалора гIап. Цкъа хьалха гучудовлура ха дIахьош болчу салтийн, царех цхьаболчийн доьзалш а чохь Iаш долу поппар хьаькхна цIенош.

Шаьш долчу агIорхьа схьавогIу ши бере хьалха къоначу хьаьрса кIуж болчу салтичунна гира. Воккхах волчу шен накъостехьа а вирзина, цо кхоьссира:

- ТIуьсигаш яьшна хьан хьеший богIу хьуна.

Цу хенахь Савелий, хьаьжкIин якъаеллачу луьйдигна юккъе томка а доьхкина, и хьарчош воллура. Вевзаш волчу цхьана ламанхочо Iамийнера цунна иштта цигаьрка ян. Ткъа иза кIур ца бокккхуш тI екIел ши сахьт даккхалуш воцчу Савелина доккха гIуллакх дара, хIунда аьлча, кехат наггахь бен нислуш цахиларна. Луьйдигийн къелла цкъачунна кхузахь яцара. Талха а ма ца телха уьш. Дика якъа а йина, тIуналла тIе ца кхоче дIаехкичхьана, дехачу Iаьнера а йовлу.

Чуозош, боккха кIур а баьккхина, дуьхьал вистхилира Савелий:

- БагIахь, хьаха, бу вай тIеоьцур. Цхьа адамаш ма ду вай, цхьана стигал кIелхула а лелаш.

Хьаьрсаниг (иштта цIе йоккхура цуьнан накъосташа) кхечу ойланехь вара.

- Уьш боцуш делар-кх вай,- цергашна юккъехула кхоьссира цо.- Шаьш байинчу салтех бIаьрг тоха богIу хир бу-кх... Дош-м дацар-кхи цхьамзана тIе уьш ца боьккича.

Савелийс резавоцуш корта ластийра.

- Сиха ву хьо,- элира цо.- ТIом лоьхург тIамца вогIу. Иштта церан махка тIе даьккинарш вай ду .

- Хьоьга хьаьттича-м, вай Кавказера дIадаха деза,- къийса-валаран шовкъ йоьссинера Хьаьрсачуьнга.

- ЭхI-хIе, жима къонах,- юха а корта ластийра Савелийс,-хьуна ма моьтту а дац хьуна и.

- Дин а кхин ма ду церан,- къарвала ца туьгура жимха.

- Хилча хIун ду,- бохура Савелийс- Церан Дела а, вайн Дела а стиглахь цхьаьна тарлуш хилча, вай хIунда ца мегалаьтта тIехь цхьаьна?

Дуьхьала ала хIума ца карош, кIелвисира Хьаьрсаниг. Ши бере кхарна тIеккхача гергавахнера.

ХIокку шиннах мелла а оьрсийн мотт хууш верг Хьату вара. Цундела ха деш лаьттачу салташка хьалха вист иза хилира:

- Издрасти,- элира цо.- Нам балшой хаким нада. Разгавор ест...

Салам-маршалла схьа а эцна, Савелийс тӀайх чекхвалийтира ши нохчи. Цунна кхул хьалха а тосавеллера царех цхьаъ кхуза вогӀуш.

- Цхьа тешнабекх бахьаш вогӀу хир ву-кх,- карзахвуьйлура Хьаьрсаниг, шина ламанхочунна тӀ аьхьа а хьоьжуш.

- Тешнабекх бан саьрмакан бага ца вогӀу,- хадийра Савелийс.

ГӀопахь уггар лаккхара волу эпсар чохь Ӏен цӀа дика девзара Хьатуна. Цундела ма-воьдду цига дӀ авахара ши гиххо. УьйтӀа кхаьчча, динара воьссира. Ведда тӀевеанчу салтичо дуьрстанаш схьа а эцна, говраш дӀатаса йигира. Гуш дара цо иза дуьххьара деш цахилар. НеӀарехь лаьттачу денщика хӀара шиъ вар дӀахаийтира.

Чоьхьавелира. Хуьлуш дерг дерриге а керла дара Бекмарзина. ГӀап тахханалц юьйцуш бен ца гинера цунна. Ткъа йийца буьрса юьйцура. ХӀинца Бекмарза кхийтира, иза ларамаза хилла цахиларх. Ян а яра иза инзарвоккхуш йоккха а, чӀагӀйина а. Ткъа оццул дукха цӀенош цхьана меттехь Бекмарзина гина а дацара. Уьш а муха цӀенош - лекха, дакккхий. Чуьра мел сирла ду! Маржа яӀ, дагатесира цунна, ма дуьне дац-кх оха дуург! Дийна долуш а, каш санна йолчу саьккалшкахь деха, делча а, цуьнан боданера девр дац.

Эпсар кхарех бӀарг ма-кхийттинехь, стоьл тӀера хьала а гӀаьттина, дуьхьал веара. ПӀиннан а куьг лоцуш, салам-маршалла хаьттира. Лекха когаш болчу гӀанта тӀе охьаховшийра хьеший.

Ишттта уллора паччахьан эпсар гина вацара Бекмарза. Цунна хир дара цо иза лерина тергалвар. Куьцехь дитина маж-мекх, цхьана агӀор дӀахьаькхна никӀапа, сийна бӀаьргаш, белшаш тӀехь дашо варкъ даьккхича санна къегаш йолу погонаш, тӀехь товш долу духар, кӀеда-мерза вистхилар - и дерриге а хӀусамдега ларам а, тешам а кхуллуш дара.

- Хьашт доцург деа юкъа,- бохура Хьатус халахетарца.-Тхуна паччахьан эпсарна дӀахаийта лаьа, шун говраш ядийна волу ши къу тхешан юьртара цахилар.

- Амма шун юьртахь тӀаьхьаккхиъна царна салтий,- шекь-хилира важа.

- Тхан юьрта богӀу некъ бихкина бац цхьанна а.

- Тхан стаг а вийна, говраш ядийна богӀучарний?

- Уьш муьлш бу а, муха богӀу а тӀаьхьа бен ца хиира гиххошна.

- Шун юьртахо а ма хилла царна юкъахь,- шениг тӀедаккха гӀертара эпсар. Цунна ша санна шера хаьара хилларг. Делахь а, гӀуллакх шайна догӀучу декъана даздар кхаьргахьа дара. Цундела бехк ламанхошна тӀе а биллина, шаьш динарг ца девлла диначунна тӀедига гӀертара иза.

- Шун салтийчун карах валар хилла волу стаг хьархо вара, къоланашца цкъа а гӀуллакх деана а вацара. Цунах цӀано ас лур ю шуна,- бохура Хьатус.

Эпсар шечунна тӀера вала лууш вацара.

- Суна гӀолехь хетара, и гӀуллакх сихха дижийча, амма тхан кхетамехь гиххоша паччахьан Ӏедале дов кхайккор санна хӀума ду-кх хилларг,- гуттар кӀаргдан гӀертара эпсар.

- ХӀан-хӀа,- резавоцуш корта ластийра Хьатус- И бахьана долуш, вайна юкъара барт эгӀийта мегар дац.

- Ас къамел дийр ду сайл лаккхахь лаьттачу хьаькамашца,-къинхетаме хилира хӀусамда.- Тешо гӀ уртур ву, гӀуллакх аша ма-бохху хиларх. Бакъду, тӀейолчу хенахь гиххоша дита деза цу тайпана кхийсарш яр. Ца дитахь...- Стоьл тӀе куьйган пӀелгаш туьйхира эпсара.

Хьату кхийтира хӀусамда ала гӀертачух. Цундела иза тешо сихвелира:

- Тхо маьрша нах ду. Вайна юкъахь хилла къамел юьртахойх дӀа ца тухуш а Ӏийр дац. Кхин цхьа х Ӏума а дара къасто дезаш,- хабар кхечу хорша дерзийра Хьатус- Шуьца мах бан лаьара тхуна. ГӀ опа дахка бакъо елча, кхузахь хӀуттучу базара богӀур болуш бара тхан юьртахой. Цо вайн юкъаметтигаш а чӀагӀйийр яра...

- Цу хьокъехь а со дагавер ву,- дош делира эпсара. Тхайн хилла сацам тӀаьхьо шуна бовзуьйтур а бу аса.

Оьрсийн маттах кхеташ воцу Бекмарза хӀокху шиммо дуьйцучун дуьхе ца кхуьуш, цкъа эпсаре хьожуш, тӀаккха Хьатуга хьожуш, наг-наггахь царех цхьаъ ша волчухьа вирзича, корта а таӀош, Ӏ ара. Цуьнан берриге а тидам тӀебахнарг пенах тоьхначу куза тӀехь кхозу мажаран тапча яра. Иза ца тосалуш ца дисира хӀусамдена а...

Къамел чекхдаьллийла хоуьйтуш, эпсар хьалагӀеттира. Шина хьешо а дира изза. Чуьра аравалале, тӀаьхххьара тапчане бӀаьрг ца кхарстош ца Ӏавелира Бекмарза. И гина эпсар вела а озийна, кузана тӀевахана, хьалакхевдина тапча схьа а эцна, Хьатуга вистхилира:

- Суна девза ламанхойн гIиллакхаш,- дIадолийра цо.- Цундела тахана дуьххьара сайн хIусаме веана хьаша лара а лоруш, ас цунна совгIат до хIокху тапчанца.

Ша аьлларг Хьату гочдина валлалц а Iийна, совгIат Бекмарзига дIакховдийра эпсара. Хазахетар т Iехдаьллачу гиххочо, ша муха боху а ца хууш, баркаллаш бохура хIусамдена. Вукхо, вела а воьлуш, ладоьгIура кхуьнга. ТIаккха Хьатугахьа а вирзина, Бекмарзас дехар дира:

- ДIаала хIокху паччахьан эпсаре, цо сайна динчу совгIатах со чIогIа там хилла ву алий. Ас дицдийр дац цуьнан дика. Вайна юкъара гергарло хада йиш йолуш дац. ХIуъу а хилла латтарх. Вола сан хIусаме хьошалгIа. Веза хьаша санна тIеоьцур ву.

ТIаьххьара аьлла дешнаш тайра паччахьан эпсарна. Вовшийн Iодика а йина, дIасакъаьстира хIорш.

...Тохарлерра ши салти вара гIаролехь льатташ верг. Царна тIехволуш, шина а нохчийчо Iодика еш корта таIийра. Хан яьлла волчо, кIеда-мерза вела а къежна, куьг ластийра, Хьаьрсаниг тI еxьавирзира. Резавоцуш гIам-гIим дора:

- ХIинца делакъежахь а, Дала ларвойра со шун каравоьдучуьра. И мецачу берзан бIаьргаш а дина ... Хуур дара, вай де эшна дисча. Суна дика бевза хьуна уьш,- тен ца туьгуш, луьйра Хьаьрсаниг.

- Хьуна-м хIун гинера хIокху дахарехь,— ойланашка велира Савелий.- Сан букъ тIера моьнаш нохчийчун шаьлтанах дисина дац. Иза сан хьалха хиллачу эпсаро шех льацна битина дагалецам бу. Охьа мичхьа вужур ву хаахьара, кIел ча хьорсур дара олучунна а дайна, стенан меха дара, хьаьнгара хIун хир ду хаахьара.

МаьркIажа бода къовлабелира. Цхьанхьа геннахь чIоб декаш хезара. Ломахь догIа деъча, дистина догIу Соьлжа Теркан кийра кхача сихделла доьдура. ГIопахь хьалхий-тIаьхьий мехк-даьтта даго стогарш летира. ЦIа дахка хьеделлачу берашка кхойкхура наной. ЖIаьлийн летарой, бежнийн I ехарой дегадора хIаваъ. ХIусамашкахь кечбечу кхачанан хьожа етталора гIопара схьа. РогIера цигаьрка хьарчош воллура Савелий...

Шен бахамца юьртахь гIараваьллера БатIал. ГIизларе а, Гуьржеха а махбан оьхура иза. Бекмарза нахана вевзара кура ойла йолуш а, олалла дан лууш а стаг хиларе терра. Паччахьан Iедалца гергарло лоьхуш а ву иза.

Дешначу стеган санна цIеяхна Хьатун. Кхечу молланашца жайнийн чулацам кхеторна тIехь къуьйсуш а ву.

Ткъа ЦIагари ловзарган жухарг ву. Цунах воьлла иза. Ловзаргахь жухарг хуьлуш волчун цIе ширачу ламанхойн гIиллакхца къайлах латтош ю. Цуьнан юьхь кхечарна ган йиш йолуш яц. Кхечунхьа мухха делахь а, кху юьртахь лардеш дара-кх и ламаст. Туьта-мIаьжиг коьртах а йоьллина, ловзарга юкъаваьлла жухарг ерриге а бакъонаш йолуш вара: шена луъург аьшнаш ван, беламеваккха, йоI я жеро кхайкхо, метта буьххье еъана забар ян. Хийла стагна новкъадогIура жухарга ловзаршкахь лелош дерш. Амма дан хIума дацара. Цо диннарг ца магийтича ца долура. Бакъду, оьзда а, хьанал а вехаш волу стаг жухаргах кхера оьшуш дацара. Цуьнан ира дош, беламе леларш малончаш, гIиллакхах боьхнарш, осала хIума даьлларш я адамийн амалан кхидолу сакхташ Iорадахарна, уьш емалдарна тIехьажийна дара. Ловзаргахь тхьамда а озалора жухаргах.

Цундела дезара ЦIагарина и гIуллакх. Цуьнан шен кIорггера бахьана а дара.

Поп санна долчу ден-ненан иштта лоха, эгIаза кIант хир ву аьлча, цхьа а тешар а воцуш, дегI ана жима, озийна ваькккхича санна вара ЦIагари. И цIе а цунна бераша тиллина ю. Бакъерг-м хI инца цхьанна а дага а ца йогIу, цунна шена а тIехь. Гонахчеран хоийла дацара, мел яхь йолуш, къонахчун дог деттало цуьнан кийрахь. И цунна шена бен ца хаьара. Нийсо езаш а, харцо лалуш а воцчу жимачу стагна бIаьрга ван ца везара пхора зуда санна ге тIе а даькккхина лелаш волу Бат Iал, кура са долу Бекмарза, оьрсашна хьалха корта бетта оьхуш волу Хьату. Цхьа а ловзар дIа ца долуьйтура цо, царех шен дог ца Iабош.

Тезет дIадаьллачул дикка тIаьхьа, Олхазар волчу веара иза цхьана суьйранна. Къамел хиллачу бохамах льацна дара. ЦIеххьана, Олхазарна дагахь а доцуш, ЦIагарис юьхьдуьххьал хаьттира:

- Ден чIир екха еза хан тIех-м ца туьлуьйту техьа ахь?

- Иза билггал хьан вийна хууш ма дац,- ша ца дечунна бехказвала гIоьртира Олхазар.

- Ас гIо дийр ду хьуна иза лохуш,- элира ЦIагарис.

- Муха? - ца кхийтира Олхазар.

- Хьан да паччахьан салташа вийна,- жоп делира вукхо.-Уьш льаттачу ас вуьгур ву хьо.

- Сайггара и дойла ма яц, баккхийчарах дага а ца волуш,-къадийра Олхазара.

- И санна дерг баккхийчаьрга хоьттуш деш дац, дина карадойтуш ду,- шаьлта хьаькхча санна,

хадийра ЦIагарис.

Олхазаран кийрахь бекхаман цIе летира. Цунна эхь хийтира, хийрачу стага шеца иштта къамел дича. «Ян а ю и юьхьIаьржо,- бохура кIентан даго.- Хазахета санна, топ а тоьхна, паччахьан салташа вийна кхуьнан да. Ткъа хIара, кадамаш схьа а оьцуш, маж цаяшар бен, кхин хуьлуш хало а йоцуш, сарахь тхов кIел а воьрзуш, кхачанах а кхеташ Iаш ву. Велла вала со делаI, ма стогаллах воьхна а хилла!» — ша-шен чехавора цо. Схьаэккха доллуш санна, детталора кийрара дог.

- Диканехь а, вонехь а со накъост ву хьуна,- бохура ЦIагарис- Кхана кийча хила. Вайша гIур ву цига... Хьан ден чIир а оьцур ю. Къонахий ду вай я дац?! - буьйсанан тийналлехь буьрса декара цуьнан аз.

Нийсархо дIаваханчул тIаьхьа, вехха наб ца кхеташ, ха хирцира Олхазара. Иштта Iуьйранга велира иза.

Ша Олхазарца дан дагалаьцначун дика ойла йинера ЦIагарис. Хийла кхирстина иза паччахьан салташа Соьлжа тIехь хIоттийначу гIопа гонах. Тергалбина цуьнан бахархой. Евза ха лаьтта меттиг, маса стаг хуьлу цигахь, маца хийцало уьш, хIун герз ду карахь. Дийнахь царна тI екхочийла дацара, бода а болийтина, текхний бен. ТIаккха церан цхьамзанаш долу тоьпаш кхераме яц. Ткъа ламанхойн шаьлтанаша, хуьлучух кхиина бовлале, шайн Далла дуьхьал бохуьйтур бу и копар-керстанаш. Селхана шен устазца Хьажа-Iелица къамел хилира ЦIагарин. Церан юкъаметтигах дерг цхьанна а ца хаьара. Хаийта йиш а яцара. Устаза дихкинера цунна цу хьокъехь дош багара далийтар. Хьажа-Iелас хьехамаш бора:

- Ларлуш хила веза. Вай юьхьарлоцуш долу гIуллакх къайлах ца латтийча, хала хир ду Iалашоне кхача. Нах Iесабевлла. Хьату бохучу оцу боьхачу жIаьло харцдаьккхина бусалба дин. Пазакхашца уьйраш туьйсу. Цаьрца цхьаьна шуьне а хуьйшуш, хьаккхин жижиг дуу, стаг кхетамчуьра воккхуш волу испирт олу малар муьйлу. Бекмарза а цо иракара хIиттош лелаш ву. Хезний хьуна, и вирах схьадаьлла вир - БатIал гIопарчу салташца махбан волавелла. Кестта вайн зударий хьаьрса месашший, сийна бIаьргашший долу бераш дан буьйлалур бу. Нохчийн хIу довш лаьтта! - цергаш хьаккхийра Хьажа-Iелас.

ЦIагари карзахе хилира.

- Вай хIун деш Iа тIаккха?! - мохь белира цуьнан кийрара.

- Хи тIе а кхачале ца йоху мачаш дIа,- кица далийра Хьажа-Iелас- Вайн хан тIе ца кхаьчна. Ницкъаш гулбан беза. Кестта хир болуш баккхий хийцамаш бу,- аз лахдира цо.- Имам вер ву...

- Дала бакъдойла и! - шен хазахетар ца лачкъийра ЦIагарис. Иза тешара ша хаьржинчу устазах. Цунна тIаьхьа хIоьттина бердах ваха а кийча вара. Жимчу стагна цкъа а диц ца лора дуьххьара шен цуьнца хилла вовшахкхетар...

ДегIана лоха а, эгIаза а хиларал совнаха, букъ кагбелла зара ЦIагари. Бакъду, и сакхт лерина ца хьаьжча хаалуш а дацара. И шен къайле цхьанна гучуяларх чIогIа ларлора кIант. Нийсархошца цхьаьна лийча а ца воьдура, де мел довха дарах. Еккъа кучаца уьйтIа вала а ца хIуттура, гарна кхоьруш. ХIокху доккхачу дуьненахь цхьа нана бен яцара и хууш. Цо ур-атталла дех а хьулдинера кIентан сакхт. Хьанна хаьара, ишта а доьзалхо эгIаза хилар кхуьнан бехкенна хеташ волчу цунна дага хIун догIу а...

Де дохдалале аьлла гIаьттина, стерчилн ворда а йоьжна, эвлах велира ЦIагари. Гихан аьрру агI орхьарачу бердаца хьалавоьдура иза. ТIехьа йисира юьртан бажа бажош йолу тогIи. Луьста хьун яьллачу ламанан басешна тIеккхечира. Малх дикка лакхабаьллера. Мангал тоха буц хьийкъина меттиг карийра цунна. Стерчий а гIелделлера. ЦIагарис ворда сацийра. Гонах бIаьрг туьйхира. Са доIу дегI дацара гуш. Стерчий дажийта дIа а хецна, тIера чоа дIа а даьккхина, йол хьакха волавелира иза. Мангал ирбан бен ца соцуш, болх бора цо. Хьацар даьллера. Коч дегIана тI елетара. ДегIана гIийла хетачу кIентан пхьаьрсашкахь дикка ницкъ бара. Кадечу цуьнан куьйгашкахь, бIаьрг тIаьхьа ца кхуьуш, сиха буц хьоккхура мангало.

Малх гIушлакхе баьллера, иза садаIа соцуш. Сискаллий, кIолдан мижарггий схьа а эцна, делкъе йира цо. ТIемолуш дерг шовданан хи дара. Иза дIанехьо бухдуьйлура.

Диттан IиндагIехь а ца вуьтура йовхоно. Лийча дог хилира. Новкъа-нацкъара хIумма а дацара. Гиха йисте воьссира иза. ТIера хIумнаш дIаехира. Хи чу кхийтира. Мел там хуьлура дегIана! Доллу хIума диццдина, хи чу ветталуш, корта буха бохуьйтуш, керчаш, ца Iебаш, луьйчура кIант. ТIаьхьхьара берда йисте хьала а ваьлла, довхачу тIулгаш тIе охьахиира, букъ малхехьа а берзийна. ЦIеххьана шена хьалха доьжначу IиндагIан тидам хилира цуьнан. Сихха тIехьавирзира. Еха кIайн маж а йолуш, цхьа воккха стаг вара тIехIоьттина лаьтташ. ЦIагари холчахIоьттира. Цуьнан къайле гучуелира... Хьала а иккхина, бедарш тIеюьйхира цо. Воккхачу стага бехк баккхарца элира:

- Дала динчух ийзавалар къа ду. Адаман лаамехь дац цуьнан гIуллакхийн мах хадор. Хьо къийлавала оьшуш хIума ца го суна...

Воккхачу стеган оцу дешнаша цхьа боккха синтем беара кхуьнан даг чу, тешийра, тевира. Ткъа

вукхо кхин дӀа а бохура:

- Стаг кхера оьшург ду: Ӏеса ойланаш, деган волла,- чӀагӀдора цо.- Делах ваьлла и хӀумнаш шеца дерг...

Делкъал тӀаьхьа мангал кара ца ийцира ЦӀагарис. Сарралц дахделира воккхачу стагца тасаделла къамел. Цо дийцира кхунна шех лаьцна, ша Далла дечу гӀуллакхан хьокъехь. Хиттира хӀара цӀера мичара, хьенан ву. Хаа лаьара кхуьнан накъостех, церан ойланех лаьцна.

Еххачу хенахь шен нийсархойх а, доттагӀех а лечкъийнарг, ма-дарра тахана дуьххьара шена гиначу хӀокху воккхачу стагна дуьйцура ЦӀагарис. Дагавуьйлура цунах, гӀо доьхура шена хьалха хӀуьттучу чолхечу хеттаршна жоьпаш лахарехь.

Билггал хӀетахь цабезам кхоллабелира цуьнан Хьатуга, ВатӀале, Бекмарзе. Воккхачу стага ма-ярра схьайиллира ГЦагарина церан чутухург, цара юьхьарлаьцна некъ.

- Иблиса Ӏехийна а, цуьнан хьехамашца дӀалелаш а нах бу уьш,- оьгӀазло кхеххкара кӀайн маж йолчун озехь.- Керстанаш вайн мостагӀий бу. Бусалба нехан хӀун гергарло я маслаӀат хир ду мунепакъашца? ТӀаьхьара зама ю, тӀаьхьара зама,- корта ластийра воккхачу стага.

- Муха, хӀун дича бакъахьа ду тӀаккха? - хаьттира ЦӀагарис. Воккха стаг ойланашка ваьккхира оцу хаттаро. Цхьа хан

юкъаюьйлира иза вист ца хуьлуш.

- Бусалба нах гӀазотана гӀовтта беза,- элира цо. Амма жима стаг ца кхийтира цо аьллачух.

- Стенна гӀовта-а? - юха а хаьттира цо.

- ГӀазотана - керстанашна дуьхьал бечу тӀамна,- кхетийра вукхо...

ДӀасакъаьсташ, воккхачу стага тӀетуьйхира:

- Цкъачунна вайшинна юкъахь хилла къамел цхьана а дегӀана ма хаийта. Сан кост ларде...

Гуьйранна кхеран юьрта а веана ваха хиира Хьажа-Ӏела, хӀетахьлера кӀайн маж йолу воккха стаг.

Цунний, Хьатуний юкъара къовсамаш дӀабуьйлабелира хьалхарчу дийнахь дуьйна. Хьатус бусалбашна магош дерг Хьажа-Ӏелас доьхкура, хьалхарчо къобалдийриг вукхо емалдора. Цуьнан а, вуккхуьнан а агӀо лоцурш нисбелира. Цхьа юрт, гуш лаьтташехь, шина декъе екъалуш лаьттара. ЦӀагарис дукха ойланаш ца йира хьаьнгахьа хир вара техьа бохуш. Иза кест-кеста гора Хьажа-Ӏела вехачу кертахь.

Паччахьан салташа ИсмаьӀал а вуьйш меттиг яьллачу муьрехь, чӀогӀа бале воьжна хьаьвзира Хьажа-Ӏела. Маьждигехь неӀалт кхайкхадора керстанашна. Кхерамаш туьйсура, цаьрца юкъаметтигаш лелош берш жоьжахатехь богур бу бохуш.

Цунах тоам бина а ца Ӏийра. Цкъа маьркӀажа хенан ламаз дина ваьллачул тӀаьхьа ЦӀагарица къамел тасаделира цуьнан. Вукхо дийцарехь, вийначу ИсмаьӀалан кӀант Олхазар хӀоккхунна дика вевзаш а, тӀекаре латтош а вара. Хьажа-Ӏелас генара долийра:

- Нахаца яхь йолуш вуй хӀара? - хаьттира цо ЦӀагарига.

- Дера, хӀинццалц схьа ша осал гайтина-м вац иза,- тешам боллуш жоп делира вукхо.

- И дика ду. Яхь йоцчу кӀантах дан хӀума дац. ТӀаккха ден чӀир аьютург хир яц цо?

- Йитахь тамаша бу.

- Хьайн накъост ву элира-кх ахь иза. Оццул хала киртиг тӀехӀоьттинчохь цунна хьан гӀо эша тарло.

- Со кхетар ву и волчу.

- Бакъ боху. Вай цхьа бусалба вежарий ду.

- Буьйса декъал йойла, сан устаз!

- Хьан а йойла буьйса декъала, сан бусалба ваша... Буьйсанан тийналла йохош Ӏуьйкъенан боргӀал кхайккхира.

Цунна жоп луш санна, жӀаьла летира цхьана йистехь. Юха дерриге а дӀатийра. Серех юьйцинчу керташна уллохула, бодашкахь халла бен ца къаьсташ, цӀехьа вогӀура жухарг.

Гиххоша гӀопахь уггар лаккхара хьаькам лоруш волу Сергей Петрович Покровский поручик бен

вацара. Цо куьйгалла дора гIарол тIехь. Ламанхой тIелатарх гIап ларъяран гIуллакх чIогIа мехала хеташ вара инарла Невельской. Кхузахь хьовха, хIокху берриге а ламанан махкахь а боккъалла а волу коьрта хьайкам вара иза. Цуьнан гIуллакхаш дукха хуьлура. Наг-наггахь бен ца нислора инарлин гIопа вар.

Декхна деанчу цхьана гуьйренан дийнахь Терка агIорхьара схьабогIучу новкъахула гIопа чу юьйлира дошлойн тоба. Царна юкъахь вара гIеххьа хан яьлла волу инарла Невельской а. Бухарчу эпсарша хьалххе цунна лерина цIа кечдинера. Веза хьаша хIоразза а оцу чохь соцура. Цундела гIопан бахархошна юккъехь «инарлин цIа» аьлла цIе а яханера цуьнан. Эпсаршна дуьсуш дерг чоьнаш цIена латтор а, оьшучохь бIаьрган Iуналла дар а бен кхин хIумма а дацара.

Ша схьакхаьчна ши сахьт а далале, эпсаршка кхайкхира инарлас. Ткъа уьш верриге а иттех стаг вара. Чохь гулбеллачарна Невельской мелла а гIайгIане хийтира. Цу тIехь эпсарш гал а ца бевллера. Иза чIагIдира инарлас дIадолийначу къамелан юьхьиго.

Инарлас резавацарца бохура:

- Нохчийчохь вайн гIуллакхаш дIадоьлхуш дац. Цхьана меттехь когаш бетташ льтта. Лаьмнашкахь хьовха, охьенца бехаш болу ламанхой а бац паччахьан Iедална муьтIахь. Кестта кхузахь гIазот кхайкхош, имам вер ву боху хаамаш кхаьчна сардале. Ткъа шуна хаьий и хIун ду? - гулбеллачарна тIевирзира Невельской. Чохь тийналла хIоьттира.- Ас дуьйцур шуна и хIун ду,- бохура инарлас- И бусалба динан дайша вайна кхайкхош болу тIом бу. Тоьпан молха санна, лелха кийча йолчу ламанхойн ярташна цхьа суй тоьур бу герз а карахь гIовтта. ГIопашна чу а лечкъина Iерах гIуллакх хир дац.

- Пурба ло вистхила... Iаламо ша ламанхошна еллачу чIагIонашна-хьаннашна-Iинашна хIун до вай? - хьаттира цхьана эпсара.- Эскарш тIе ца дахало иштттачухула. Ткъа кIезиг болчу ламанхоша хьаннашца баржа а баьржий, хIора дитта тIехьара, коьллаш юккъера герзаш детта, хьерабевлча санна...

- Цуьнан ойла а йина оха,- юьхь екхаелира инарлин,- Хьун хьакха еза.

- И хьаькхана маца вер ву? - къар ца лора тохарлерра эпсар. Невельской вистхилла валале, шена дош доьхуш

хьалагIаьттира поручик Покровский. Невельскойс пурба луш куьг ластийра.

Покровскийс, сихваларна дешнаш а кегдеш, эккхийтира:

- Хьун ерриге а хьакха ца оьшу... Вай дечиг доккхуш дац. Хьаннашна юккъехула нохчийн яккхийчу ярташна тIедоьлхуш долу некъаш даьхчхьана... Ас ишта кхетадо-кх и... Бехк ма билла...

Невельскойна тайра къоначу эпсаран къамел. Цо элира:

- Поручик нийса кхетта. Хьем ца беш, дIадоладе кечам бар. Билгалъяха меттигаш... Дагарш а хилийта. Дустош долу стерчий санна, деш-дуьтуш а доцуш лелачу салташна бан болх хир бу хIинца. ГIайгIа бе, нохчий вай лелочунна тIе ца кхиийтарна. БегIийла хир ду, Iаьнна дечиг кечдеш бу аьлла хабар хецча... Ойла е, ойла е, господа эпсарш...

ДIасабухучу хенахь Покровскийга тIаьхьасацар дийхира инарлас. И шиъ шаьшшиъ висира.

- Доллучунна тIехь а гуш ду, хьо хьекъал долуш эпсар хилар,- дIадолийра инарлас- Суна беза иштттанаш... Хьо муьлхачу декъехула гIуллакх деш ву гIопахь?

- ГIаролах жоп луш, хьан сийлахь-воккхалла,- дегI нисдеш дIахIоьттира поручик.

- Охьахаа, охьахаа,— куьг тесира инарлас— Ламанхощца йолу юкъаметтигаш муха ю шун?

- Цкъачунна - машаре, хьан сийлахь-воккхалла.

- Цкъачунна,- дахдеш элира инарлас- Дукха льттар ду аьлла хетий хьуна иштта хьал?

- Кхузара гена йоццуш йолчу юьртарчу бахархошна гергарло деза вайца,- ойланашка велира поручик.- Махбан гIопа а богIу уьш. Цигара цхьа моллий, хьал долу наххий хилира дукха хан йоццуш со волчохь... Вайн Iедал дIакхехьа реза бу уьш юьртахь...

Лерина ла а доьгIна, инарлас элира:

- Вай цунах ледала мегар дац. Ахь мел кхабарх, хьун йолчухьа хьоьжу борз. ХIара акхарой озалуш цхьа хIума бен ца тосаделла суна - ницкъ. Тоьшийла йолуш нах бац. Шайн аьтто баьллачохь тешнабекх бийр болуш бу.

- ГIопан гIаролах дахка а чекхбер бац-кх хьуна, хьан сийлахь-воккхалла,- тешам белира поручика.

- И дика ду,- кIеда вистхилира инарла.- Амма вай хIокху махка деана гIуллакх ха дарна тIехь

чекх ца долуш, яккхий Iалашонаш йолуш ду. МостагIчуьнца машар леха ца беза, мостагIчуьнца тI ом леха беза. ТIамехь бен ца боккху толам. Ткъа вайна оьшург билггала толам бу, ламанхошца долу гергарло а доцуш. Халахеташ делахь а, вайн цхьаболу эпсарш ца кхета цунах. МаслаIат дан гIерта иза хила йиш йоцчарна юкъахь. Оцу ойланех къаста веза уьш шеца ерг. Эпсаран декхар - тасадаларш, вервакххарш... Цигахь бен гучу ца йолу цуьнан къонахалла, доьналла, Даймокх а, паччахь а везар. Цунна билгалвала, лакххахь лаьттачу хьаькамийн тидам тIебахийта меттиг тI амехь йолу. ХIинца дуьйна дIа ас лерринчу тергамехь латтор ду хьан гIуллакххаш. Вуьтур вац сайн верасаллах ваьккхина...

И сахьт дара Покровскийс хIокху тIаьхьарчу кхаа шарахь лардинарг, сатийсинарг, герга гI иртинарг.

Исбаьхьчу Петербургехь дIадоладелира кхуьнан тIеман гIуллакх дар. Масех юрт шайн долахь а йолуш, хьал долуш нах бара ПокровскийгIар. Курачу ойланаша кийра буьзна вара жима стаг Сергей Петрович. Ша столице дIа ма-кхеччинехь, когашна хьалха оьгур бу моьттура цунна кхузара уггар хаза мехкарий а, зударий а. И тешам чIагIбора къоналло а, кисанахь деста а дистина доллучу ахчанан бохчано а. Къеггина догучу стогарийн серлонашца, тIулг биллинчу тротуарашца, шампанскин тIассийн лелхарщца тIеийцира хIара йоккхачу гIалано. Карийра дуккха а доттагIий, бевза-безарш... Яцара зударийн къелла а. Хелхарш а, чагIар мийлар, кехатех ловзар, къайлах зударщца цхьаьнадет-тадаларш — оцу керлачу дахаран кIуркIманино шена чуийзавора жима стаг.

Дас муьлххачу а цхьана пачхьалкхан балха хIоттар тIедиллинера кхунна. Амма кIант эпсар хила лууш вара. ТIемалочун духар а тIехь стаг гича, бIаьрг белалора цуьнан. ХIоккхунна керла бевзинчу доттагIашна юкъахь ши-кхо эпсар нисвеллера. Цара IIокровскийна дош делира, хIара эпсаран дарже а воккхуш, эскаре дIаэцаран гIуллакхе хьовса.

Дукха ца Iаш бохча дуткъделира. ХIинца иштта сирла догуш ца хетара Петербургера стогарш, тротуараш а тохарлерапаш дацара, шампански тIассийн гIовгIа а наг-наггахь бен ца хезара. Нилха белира доттагIийн, бевза-безарийн могIа а. Зударша а ца вевзича санна букъ берзабора. Дерриге а дуьненна оьгIазвахнера жима стаг. Покровский цу кепара де доьхна висча, эскаре хI ара дIаоьцуш хиларан хьокъехь хаам бахьаш веара иевзаш воцу дошло. Стиглара Дела охьавоьссинехь а, кхин хетар доцуш, хазахийтира жимчу стагна. Доггах мара а къевлина, лаьттачохь хьовзийра цо кхаъ бахьаш веънарг...

Эскарехь гIуллакх дар кхунна юьхьанца моьттуш ма-хиллара иштта къегина хIума а дацара. Цхьадика, хIоккхунна, хьоладайх схьаваьлла хиларе терра, лахарчу эпсаран дарж делира. Мухха дийцича а, иза гIолехь дара салти хуьлучул. Ткъа могIарерачаьргахь даллош дерг цIена Iазап дара. Шегахь долчух тоам беш, IадIер бен дарба дацара царна.

Циггахь эпсаршна юкъахь даьржира, Кавказе паччахьа Екатерина П-чо эскарш хьовсадо боху хабар. Покровскийн кхета-мохь Кавказ дуьненан ялсамане яра. Цу тIе, Петербург хьехмарах а яьллера къоначу эпсарна. Миччa вахана а, кхузара дIагIур волуш вара Сергей Петрович. Маьршачу столицехь къоналлиций, хазаллиций ца даккхаделларг оцу акхачу махкахь акха бехачу ламанхошца бечу тIемашкахь даккха сацийра цо.

Цу кеппара кхечира иза Нохчийчу. Хаза хила а хиллера хIара мокх. Луьста хьаннаш, лекха лаьмнаш, йоьIан бIаьрхи санна цIена шовданаш, чу хьаьжча, корта а хьаьвзаш долу Iаннаш - и исбаьхьа сурт даг чу ца дижа йиш яцара.

Хьалхарчу муьрехь нохчашца тийсадаларш кIезиг хуьлура. Амма хIорш лаьмнашна герга мел гIоьрти , дуьхьало яр чIагIлора. Мичара бевли ца хууш, дагахь доццучохь, яьхна шаьлтанаш а йолуш, лерг Iадош маьхьарий а детташ, чухаккалора ламанхой. Цхьамзанаш долчу тоьпашна дуьхьал шаьлтанаш кхераме-м яцара. Делахь а, ламанхойн карахь буьрса герз хуьлий дIахIуьттура уьш.

Соьлжа тIе кхаьчча, паччахьан эскарш севцира. КхидIа гIерта ницкъ ца тоьура. И дан башха дог доуьйтуш хьалха лаьтташ йолу луьста хьаннаш а яцара.

Кавказе кхаьчначу шолгIачу шарахь поручикан дарже ваьккхира Покровский. ХIинца кхуьнан куьйгаллина кIел гIопан ха дIахьош болу салтий бара. Цаьрца кIоршаме ца хуьлура поручик. Салтичунна тIекховдар цунна сонталла хетара. Шайца дика волу эпсар везавелира салташна. Ала х Iума ца дуьтуш, дIахьора ха дар. Цхьа а меттиг ца яьллера салтичо гIарол дIатесна я цунна наб кхетта.

Кавказан ламанхойх дерг нахера бен ца хаьара Покровскийна. ХIинца цуьнан аьтту белира уьш уллора бовза. Вуьшта, цкъачунна церан бIаьхаллин гIуллакхашкахула оен мах хадабойла ца хуьлура. Цундела цхьана дийнахь гIаролехь лаьттачу Савелийс ша волчу а веъна, цхьа нохчи ву эпсар ган лууш аьлча, иза резахиларца вахара цига. Дуьххьара ламанхойх цуьнан къамел тасаделларг Хьату вара. Наггахь долу оьрсийн дош бен ца хаьара ламанхочунна. Покровский халла кхийтира иза ала гIертачух. Делахь а, цул тIаьхьа хIара шиъ цхьаьнаветтавала волавелча, Хьатус буьйцу оьрсийн мотт а шарбелира.

Лерина тергалвора цо нохчи. Кхиа гIертара цуьнан ойланашкахь долчуьнга. Цхьацца нохчийн дешнаш Iамадора. Хьатус шена тIе тидам бохуьйтура гIиллакхе а, къамел дIадахьа а хууш хиларца . Хьатун гIопа лелар алсам мел дели тIеккхетара Покровскийн ламанхойх лаьцна долу хаарш. Меттиг йогIура церан хьокъехь поручикан Савелийца къамел тасалуш а.

- Адам массанхьа а ма ду адам, хьан сийлалла,- олура къеначу салтичо. ТӀаккха тӀетухура:- Ши ког а, ши куьг а долуш.

Инарлица дӀаса а къаьстина, схьавеанчул тӀаьхьа, цхьацца ойланаш еш Ӏаш, къеначу салтичун и дешнаш дагадаьхкира Покровскийна. ХӀинца церан чулацам керлачу агӀор схьабелла-белира кхунна.

- Адамаш хиларх пайда буй,- бохура цо ша-шега,- уьш доттагӀашка а, мостагӀашка а декъалуш хилча? ХӀуъу дийцича а, ламанхой шолгӀачарна юкъабоьлху...

Хьатун юьхьсибат дуьхьалхӀоьттира цунна. Цуьнан лер, болар, ладогӀар. Мел лехарх, кхузахь ламанхочун мостагӀалла гучудоккхуш долу хӀума ца карадора эпсарна. - БӀаьргаш! -дагадеара Покровскийна,- хӀаъ, нохчичун бӀаьргаш. Атта хаалуш боцу цабезаман суй кхерстара царна чохь. Цуьнан тидам хьалха муха ца бора?.. Бакъ луьй инарла, бакъ луьй.

Буьйса юкъал тӀехъяьллера, цхьа ирча гӀовгӀа а яьлла, поручик самаваьлча. Кхунна тӀехь лаьтташ вара воьхна, ша хӀун дан деза а ца хууш волу Хьаьрсаниг.- Хьан сийлалла,- къурдаш а деш, бохура цо,- гӀаролехь лаьттина вайн ший а салтий ламанхоша...

«Ткъа со хӀинца а чӀагӀвелла ца ваьллера уьш вайн мостагӀий хиларан ойланехь,- цӀеххьана дагатесира цунна.- Ламанхоша шаьш теший со цунах».

Маржа яӀ,Гиха мотт хууш хилча, ма дукха хир дара цуьнан дийца. Цо далхор дара ИсмаьӀалан довха цӀий ша чу муха Ӏийдира, хӀун къайле ю ЦӀагарис сел чӀогӀа нахах лечкъориг я стенах лаьцна бара селхана буса жимчу шина стага берда йистехь бина барт. Амма къаьсттина дукха - безамах лаьцна... И хабар цкъа а хедар дацара.

Виснарг дӀа ца лелча ца волу. ДӀа ца лелча вер вацара Олхазар а. Да велчхьана дуьйна Таймасхе вистхилар ца нисделлера цуьнан. БӀарг-м кхеттера цкъа керта уллохула тӀехволуш. Де буьйсанца , буьйса денца хийцалуш дӀаоьхура юьртан дахар. Совдегара БатӀала жеро Бикату ялийра. Цуьнан бахам тӀеттӀа дебаш лаьттара. ГӀопарчу оьрсашца мах лело волавеллера иза. Цигара цо эцна деанчу доккхачу куьзгане хьажа еара дийнна юрт. Мехкдаьтта чу а дуттуш латош болу стогар кхара латийча-м, берийн сур, мозий санна корах а летий, дӀадала а ца туьгура. Юьхьанца оцу дерригенах а дозалла деш хиллачу Бикатуна кестта кӀордийра и дӀасаэхарш.- Ванах, ма доккха хӀ ума ду-кх хӀара дан,- баха йолаелира иза,- цкъа а куьзга ца гина техьа хӀокху нахана? Стогар латош ганза бу?

БатӀал шен шолгӀачу зудчух воккхавийна а ца волура. Цунна тӀехь Дала аьтто баьккхинера кхуьнан, хьалхарчуьнца кхуо хьоьгу бала боьккхуш бинехь а я шашах нисбеллехь а.

Жимчу зудчо къанвала ца вуьтура БатӀал.

- ХӀара-м Ӏаба йоллуш а ма яц сох,- куро-о ойла йора совдегара.- Мазана тӀе марзбелла моза санна... Дависа, цхьа 20 шо дӀадаккха йиш елхьара! Амма хӀинца а яхь дӀалур йолуш вац БатӀал.

Жеро йолчу хенахь мехкарийн тхьамда хийшош хилла Бикату, маре яхча а, марзделларг дуьтур долуш яцара. Билггал иза хаьржира Олхазара тховса ша Таймасха хийистехь ларийириг хиларан хьокъехь долу кост дӀатоха. Вукхо и кхочуш а дира.

ТӀееара гуьйренан хаза суьйре. Гиха йистехь йоӀ схьаяре хьоьжуш лаьттара Олхазар. ХӀинца цуьнан нахана хьалха корта охьабахийта меттиг яцара. Ден чӀир эцнера кӀанта. ГӀопана ха деш хилла ши салти веран хьокъехь долу хабар сиха кхечира юьрта. Цхьаболчара и йоккха къонахалла лорура. Хьажа-Ӏелас массарна а хозуьйтуш дӀахьедира: - Керстанийн синош даьхначара ялсамане яьккхина шайна! - Цхьа Хьатуй, Бекмарзий вара гӀайгӀане воьжна.

Олхазара нигат динера, ден чӀир а ца йоьккхуш дуьненан марзо ца эца. Сийсара ша дагалаьцнарг кхочуш а дира кхо. ЦӀагарица цхьаьна. Юьртахой шекбара и Олхазара дина хиларх. Амма иштта хӀ ума шакарца дуьйцуш ца хуьлу. Диканца доьрзийла-кх!

ХӀара шиъ цӀа кхаьчча, садаьржа хан яра. Олхазар, тӀера бедар дӀа ца йоккхуш, меттавуьйжира. Оцу сохьта наб кхийтира. ТӀаккха дӀадоладелира... ГӀан гора цунна. Ирча гӀан.

Малхо-мохо веттина цхьана есачу арахула схьавогӀура хӀара. Корта кӀелбахьа ӀиндагӀ доцуш, хи мелла, батталуш болу кийра ӀабабоЙла доцуш; цӀаро санна юьхь ягош довха деанера де. ЦӀеххьана шовда гира кхунна. ДӀахьаьдира цига гӀора ма-дду. ТӀекхечира. Гора а воьжна, канашца хи схьаийцира... ЭгӀийча санна висира. Кхуьнан канашкахь дерг... цӀий дара: довха, тӀелеташ... Ши куьг дӀасадахийтира. ЦӀий дерриг а охьа ца Ӏенаш, кхуьнан хӀора дегӀан межена тӀехула даьржира. Олхазар холчу хӀоьттинера. Ша хӀун дийр ду ца хаьара.

...Цо ши бӀаьрг схьабиллича, хорша еана кирчича санна, башийна карийра гӀайба, тӀера бедарш. Эккха боллуш санна лозура корта. Хьех зӀок етташ, дӀа ца йолуш, тӀехула хьийзара ойла: -«Ас стаг вий! Ас суо санна долу адам даьккхи сих!..» — Ӏаьржа бода хӀуьттура бӀаьргашна хьалха. Дог къийлалора.

Деха деана де суьйренга лестира, кӀант жимма меттавеъча.

...Пхьаьрсах тесна кӀудал а йолуш, еана схьакхечира Таймасха.

- Хьох кхетар ца хуьлуш лийли со, цхьацца хIумнаш тIеIитталуш,- меллаша вистхилира кIант.

- Со хууш ю, и хьан ледарлонна доцийла,- охьабахийтин-чуьра бIаьргаш хьала ца бохуьйтуш, дуьхьал йистхилира йоI.

Халахетаран дакъа-м кхечира, кхин дан гIо ца хиллехь а.

- Баркалла хьуна,- элира Олхазара.- Вайн карахь хIумнаш дац уьш.

Дист ца хуьлуш цхьа хан еара. ДIадаханчун беза мохь гира охьабиллича санна, доккха са а даьккхина, кIанта хаьттира:

- Муха Iаш ду шу? ЦIеранаш могуш беца?

- Дика Iа тхо-м,- жоп делира йоIа.- Шу а деца могуш?

- Ирахь ду тхо а.

- Далла бу хастам.

- Таймасха, со осала ма хеталахь, да дIа а воьллина, йоIаца латта хийисте варах.

- Иштта сайна хеташ хиллехьара, со кхуза йогIур а яцара.

- Баркалла, хаза дош аларна. Вуьшта, паргIат хила мегар ду хьуна, сайна тIе пIелг хьажо меттиг ас ца йитна.

- Дала вонах Iалашдойла вай!

- Бехк ма билла, ас хIинца аьн дерг хьайна ца тахь, амма ца ваьлла деш ду иза,- шегара бала балхо вуьйлира Олхазар.-Сан денана къена ю. ХIара бохам баьллачул тIаьхьа гуттар гIелъелла иза. Кертахь хьажа стаг вац... Нагахь санна хьо реза олахь, ялоран-йигаран гIуллакх хьахор дара-кх... ХIун дош хир ду хьан соьга ала?

Таймасха кийча яцара иштточу къамелана. Цунна хаа-м хаьара и цкъа хила дезийла, амма тховса юкъадер ду ца моьттура-кх. Шена дуьхьал жоп цадалар кхечу кепара кхетийра кIанта.

- Со бакъ вац, ца лууш дерг хьоьга де баьхча,- дог Iовжорца элира цо.- Делахь а, цхьа хIума хьуна дIахаийта лаьа: сан са лаьтташ а, марзо хьаьрчина а, ойла тIейирзина а адам хIокху доккхачу дуьненахь делахь, иза хьо ю. Амма хьо йоцуш со лийриг хилча, тIаккха а хьан ойла кхечанхьа латтахь, сайх хьуна новкъарло ца хуьлуьйтуш, Iовша гIуртур ву къастаран хало.

ЙоьIан дог, кийрара схьаэккха доллуш санна, тохаделира. Олхазаран дешнаша хьаьстира, ягийра, кIадйира иза.

- Олхазар,- шаьш девзичхьана дуьххьара кIентан цIе яьккхира цо,- хьо воцчунна сан даг чохь меттиг яц безаман хьогалла яйа. ЙоIехь и дешнаш товш дацахь а, хьуна тIаьхьа а хIоьттина, дуьне ма-дду дIаяха реза ю-кх со,- элира Таймасхас.

Когаш кIелахь латта дегийча санна хийтира кIантана.

- Бакъ дуй техьа сан лергашна хезнарг? Хила тарлой техьа иштаниг? Кхин цкъа а алахь, Таймасха! Цкъа а ца Iебаш ладугIур дара-кх ас хьан озе...

- Хьозано шен йиш дог ирсах дуьзча локху... Цхьаммо а лакха ца баьхча а,- жоьпана кица далийра йоIа.

- Со кхийти,- велавелира Олхазар.- Говза эли ахь. Амма тIаьххьара цхьа дехар хир дара сан хьоьга - хан йиллар.

- Сиха ву хьо,- эсала елаелира йоI.- И дика дац.

- ХIун де ас, кийра богуш хилча?

- Цунна дарба-м суна карор хьаха ду.- Охьакхевдина, чами чохь хи а эцна, иза кIанте дI акховдийра цо.

Чами схьаэцна, бете а баьхьна, даккхий къурдаш деш, чуьра дерриге а хи дIамелира цо. ТIаккха элира:

- Цул мерза хи мелла вацар-кх со, дуьнен чу ваьлчхьана!

- Аьхна хуьлда!

- Сан дехарна жоп ца дели-кх ахь.

- Тховса ца деллехь, кхана сарахь лур ду.

- Кханенга даьллачу хударна мотт Iемина бохучух кхоьру-кх.

- Дукха диъча, моз къахьло бохучух со а дера ларло.

- ХIойт, гора дуьне яI, ма тамашийна хIума ю хьо: цкъа баI санна къаьхьа, юха моз санна мерза ! ДIаяха сих ца луш, жимма хье мукъна а лохьа, Iабийтахь хьайх дог,- бохура безамо вагочу кI анта.

- Дера воллу хьо а суна нана орцах ялийта,- забар йира йоIа.

- Дависа цуьнан делаI, ма оцу хьан неначул кIезиг гIуллакх дацара-кх сан хьоьца, тховса мукъна а ца къийса.- Оцу дешнашца йоIа хих юьзна кIудал белш тIе яккха гIо а деш, Таймасхин I одика йира Олхазара. Ша хьош йолу кIудал пиллагал башха еза ца хеташ, бай-й ког ловзош, дI аяхара йоI.

Иза кан доххал яьлча, тIаьхьа волавелира жима стаг. Нахана цхьаьна ца гайта лаьцна гIиллакх дара иза.

Бажа цIа богIу хан яра. Божарий пхьоьхана бевлла лаьттара. Церан суьйре дика а йина, тIех а ваьлла воьдучу кхуьнга кхайккхира ЦIагари. ЧIир екха а вахана, цигара вухавеъчахьана, гина вацара хIара шиъ. Оцу буьйсанна дуй биьна ши доттагI хиллера цаьршиннах. ЦIагарих бIаьрг буьзнера Олхазаран. Майра кIант хиллера иза.

Салам а луш, тIевеара ЦIагари. Лере а таьIна, лохха элира:

- Хьажа-Iела ву хьо ган лууш.

- Маца?

- ХIинцца.

- Вало, делахь,- кийча хилира Олхазар.- Кхин зенехь хIума-м дац?

- ДIакхаьччахьана хуур ду хьуна.

Олхазаррий, ЦIагарий чувеъча, ламаз дина а ваьлла, суьлхьанаш хьийзош Iара Хьажа-Iела. Иза валлалц собар дира шина накъоста.

Хьажа-Iела вах ца велира, суьлхьанаш хьийзош. Маршалла схьа а эцна, охьалахло ший а аьлла, пурба делира цо.

- Олхазар, ас хьо сайна тIеккхайкхаран бахьана цхьаъ ду -сийсара суна дайна гIан. Башха гIан дара иза. Хьан да ИсмаьIал -Дала ша вирзина меттиг декъала йойла цуьнан! - гIенах дуьхьал неара суна. Iожаллин IиндагI ца хаалора цуьнан юьхь тIехь. Мелхо а, вокккхавер гира суна цуьнан бIаьргаш чохь.

- ОстопираллахI! - цецвелира ЦIагари.- Ма дукха ю-кх Делан къайленаш.

- Цо соьга хаьттира, сан кIант Олхазар вевзий хьуна аьлла.-"Суна сайна ца вевза, амма вуьйцу хезна", - аьлла, жоп делира ас хьан дена,- гIенах хилларг кхидIа а дуьйцура Хьажа-Iелас-ТI аккха цо суна тIедиллира: «ДIахаийта сан кIанте, селханлера буьйса тIеккхаччалц холчахь вара со, хIинца паргIатонехь а ву. Лаьтта тIехь цхьа стаг виснера сан декхар доллуш. Цо иза схьатекхи»...

- Дала къайле цIанйойла хьан, сан устаз, ма доккха хIума ду-кх хIара дан! - шовкъ йогIуш лаьттара ЦIагарина.

Хьажа-Iелин гIено цец-м Олхазар а ваьккхинера. Тида ца оьшуш, шера хууш дара цуьнан маьIна.

- Хин йистехула цкъа дIа а волавелла, юха сецира иза,-бIаьргаш а хьаббина, хIинца а шена и гуш санна, бохура Хьажа-Iелас- «Доккха цхьа дехар хир ду сан хьоьга,- элира ИсмаьIала.

Уллохь ваша воцуш, шича воцуш, цхьалха висна сан кIант. Терго е цуьнан. Ден метта хила»...

- Ма доккха хIума ду, ма доккха хIума! - ша Iаччохь техкарн ЦIагари.

Чохь тийналла хIоьттира. Бехха Iийра хIорш бист ца хуьдуш. Тийналла хIусамдас йохийра.

- Ас хьуна дийци, сайна гIенах гинарг,- элира цо.- Цуьнан мпьIна тидар хьайна тIехь ду хьуна, Олхазар. Амма суна сайна догIучу декъана ала луур ду. Нагахь санна ахь сан лаам ца бохабахь, тахана дуьненахь а, кхана эхартахь а хьан дена хьалхари со да ву-кх хьуна.

Олхазаран бIаьргех хи делира. И кхарна гарна кхоьруш, тIехьавирзира иза. Иза тоса ца луш ца

дисира хIусамдена.

- Сан кIант,- элира цо аз айдеш,- хьуна эхь хета хIума дац ккузахь. БIаьрхи - деган кост ду. Цо гойту стеган чутухург. Хьпйниг цIена ю, Олхазар. Дала шен умматах ма дохийла вай. Дела хьахаве, тIаккха цо вай а дицдийр дац!

Ши доттагI Хъажа-Iелин хIусамера араваьлча, бода хIоьттинера. Стиглахь беттаса кхеттера. Цуьнан сирла IиндагIаш дийшинера льатта тIехула.

Хьажа-Iелин цIа Гиха йистехь льатташ дара. Лакххаьа юккъехь Iаш волу Олхазаррий, ЦIагарий берда йистехула хьалаво-Iишелира.

- Цхьа шайхалла шеца доллуш стаг ву иза,- элира ЦIагарис- Цунна гIенах гинарг ларамаза гина х Iума дац. Дала цхьана дикачу балхана нисвина иза вайн юьрта.

Олхазарна а хетара иштта. «Сан да гIенах цунна дуьхьал вар а шен кIорггера маьIна долуш ду,- ойланаш йора кIанта.- Цуьнга кхийлина со»...

- Хьо вист а ма ца хуьлу? - ойланех ваьккхира хIара доттагIчо.

- Суна-м и кеста вер ву бохуш волу имам Хьажа-Iела ма тарвели,- элира Олхазара.

- Дера хьо бакъ хила мегаш ма ву,- сиха тIетайра ЦIагари.-И ца хилла, мила хир вара иза?!

- ГIуллакх цу тIе далахь, вайша цуьнан хьалхара ши мурд хир ву-кх,- сацам бира Олхазара.

- Цунна тIаьхьа хIоьттина вала а реза-м ву!

- Хьо хьовха, вайн ах юрт а...

- Даго хьоьху: баккхий хийцамаш бу хир болуш.

- Уьш сан дахарехь а хила мега кеста, доттагIа.

- Вайн халкъан дахарехь, Олхазар.

- Ас-м нускал далорах дерг дуьйцура...

- ГIодаюкъ йосту хан юй те хIара, Олхазар?

- Сайн дашах вухаволийла дац...

- Мила ю хIара, ян?

- Таймасха.

- Вочу ца кхевдина хьо-м, доттагIа.

- Невцан накъост хила кечло-кх.

Набаран тар тесна, дIатийнера юрт. Цхьа сема Гих дара-кх кегийчу нехан къамелан теш.

Юьртан маьждигна хьалхарчу майданахь, суьйре тIе ма-еъанехь, пхьоьха хIуттура. Цигахь девзара гиххошна дIадоьдучу дийнан керланаш, цигахь дийцаре дора некъаш я тIеш тодаран гIуллакхаш, цигахь уьш вовшех дагабовлура, кханенан ойла йора. Цкъа а ца юхура пхьоьха забар йицйой.

Хьалха гIортийначу Iасана тIе а вазвелла, тIулга тIехь Iачу дезткъа шо долчу Даркешна го бинера юьртахоша. Ханна баккхийнаш ккузахь леррина дехкинчу тIулгашна тIе охьаховшура, вуьш ирахьлаттара. ХIокку тIаьхьарчу хенахь цхьа шашаха нисделлера-кх пхьоьханахь коьртаниг массара а Даркеш лоруш. Шен дахарехь дуккха а хIума гина а, нахаца сискал Iийшина а, говза дош ала а, хьехар дан а хууш стаг вара иза.

- Кху шара Iа шийла хила доллу вайна,- элира цо, Iасана тIе вазвеллачуьра хьала а айлуш.

ХIунда бохура ахь? - хаьттира БатIала.

- Оьпанаша шайн Iуьргаш ворданаш лелачу некъа йистехь доху,- жоп делира Даркеша.

- Даьхча хIун ду? - ца кхийтира совдегар.

- Аренцачул ло кIезиг хуьлу некъаца,- бохура Даркеша.-Цу тIе, новкъахь божаза ца буьсу хьаьжк Iан буьртиг, элан чамкалг, луьйдаг. Шийла деанчу Iай дийнаташна мацалла ца даллал бахьана ду и.

- Сан десара, керстанаш белахь а, гIопара салтий а ма бу хIумнах дика ккуьуш, - къамеле велира БатIал.- ХIара шолгIа кIира ду-кх уьш хьуьнхахь дечиг кечдеш болу. Iа шийла догIур

дуйла хаьа хьуна царна а.

- Са долчу хIуманна яла ца лаьа,- дерзийра Даркеша. ТIаккха, цIеххьана цхьа хIума дагадеана, хьаьттира: - Шуна а хаьий, и салтий а бойуш нисделла гIуллакх муха лаьтта? Хезаш хIумма а ма дац цунах.

- Дуьззина хьуна дала жоп дац сан,- вистхилира Хьажа-Iела,- амма шеко йоцуш цхьаъ-м ду: и динарг бакъволу къонах хилла-кх.

- Стаг вен дукха къонахалла а ца оьшу,- цуьнца реза ца хилира Хьату.

- Ца эшахьара-м, хIокху юьртахь мел берш къонахий хир бара,- Iоттар йира Хьажа-Iелас.

- Хьо хIун ала гIерта? - кхоххкийра Хьату.

- Вовшашна вас хир йолчу дашах лардала деза вай,-юкъагIоьртира Даркеш.- Хьажа-Iела, айхьа олург ойла а яй ала. ТIснеанчо бухарниг Iамош товш дац.

Хьажа-Iела кхийтира ша далийтинчу гIалатах. Мухха делахь а, кху юьртана тIевеана стаг ма ву х Iара, гиххошца гIиллакх Лвло а дезаш. Амма Iа ца велир-кх, шена бIаьрга ван ца везачу Хьатун дош ца кагдеш. «Сатоха деза, сатоха,- сецадора цо шен оьгIазвахар. - Хьалхе ду хIинца а».

- Сан десара, дов доьрзуш-м дац цхьанна шурий, вукхунна п,Iнй хуьлуш,- элира БатIала.- И гI азакхий вайна новкъа а бацара, бита безар-кх шаьш болччохь.

Хьажа-Iелин бIаьргаш чу цIий хьаьдира. Иза мегаш вацара, ксрстанах лаьцна олуш дерг неIалт кхайкхорца цхьаьнадалош ца хилча.

ХIара жима бер долуш Суьлийн махкарчу ЯрагIига Iамавайта дIанеллера. Кхуо доьшуш хиллачу меттигах хьуьжаре олура. Цигахула чекхваьлла нана йоккхачу Нохчийчохь цхьа Хьажа-Iела беи вац . ЯрагIи-моллина чIогIа дуккхавезара кIант. Цо Iамийра цунна жайнаш деша, Iаьрбийн йоза. Кеста цIуьхIар волчуьра мутаIелам ваьккхира хIара. И де цкъа а ца дицло Iелина.

Поппар хьаьгIначу цIенкъа теснaчу истанга тIехь КъорIан доьшуш Iара ЯрагIи-молла. КIант чоьхьаваьлча, цунна тIе бIаьргаш хьала а ца айбира цо. Iелина хаьара, иштточохь ЯрагIи-молла ша дечунна юкъахвер воцийла. И дан магош дацара. Цундела вист а ца хуьлуш, неIсагIе а хI оьттина, иза валлалц собар дира мутаIелама. РогIера сура дешна а ваьлла, КъорIан схьадиллинчохь а дуьтуш, кIанте вистхилира ЯрагIи-молла.

- ТIекхечи хьан дешарехь уггаре а мехала мур,- дIадолийра цо.- Тахана дуьйна дIа хьох тешор ду кхераме жайнаш. Тидаме хилалахь. Цара хьуна хьалха схьайоьллур ю дуьненан къайленаш, довзуьйтур ду Дала къастийначу наггахь болчарний бен ца довзуьйтург. Хье ца луш, хьо винчу махка - Нохчийчу вухавоьрзур ву хьо. Бусалба дин чIагIделла даьлла дац цигахь. Ахь даржо деза нохчашна юкъахь АллахIан дош - бакъ дош. Хьуна атта хир дац, хаалахь. Бусалба Iилма харцдаькккхина цхьаболчу молланаш бу бохучара. Уьш керстанел а оьшуш бу. Машаре ма хилалахь цаьрца. Иблиса хье дIаэцна нах бу уьш... Дерриге а цхьана дийнахь дан ма гIорта. Сатоха Iама ... Хьалхе баьккхина Iаж мерза ца хуьлу. Шен-шен хан ю массо а хIуманан.

...Винчу юьрта вухавирзира Iела. Вай дезаршна ма гойла, дIаккхаьчча, бухахь цунна гинарг! Юрт лаьттинчохь, хIинца хIумма а ца диснера. Ягийна дIаяькккхинера иза. Са долу адам дацара гуш. Цул тIаьхьа дуккха а хан яьлча, оцу бохаман теш хиллачу цхьана гIумкичо дуьйцур ду кхунна цигахь хилларг.

Юьртана уллохула тIехдолуш, кешнашна гена доццуш, садаIа сецнера паччахьан эскар. Мичара йолу ца хууш, схьаикккхина пхьагал. Цхьана салтичо хьажийна топ тоьхна цунна. ТIекхийтирий, ца кхийтирий аьлла, къовсамаш бевлла салташ-на юкъахь. ХIуьттаренна санна, пхьагал кешнашна юккъе едда. Ас шуна хоуьйтур-м хьаха ду кхеттехь а, ца кхеттехь а бохуш, кешнаш долчухьа дI аволавелла салти. Юккъе а вахана, бацалахь ша топ тоьхна пхьагал леха хIоьттина иза. Асарара богIуш болу юьртара зударий тIеIиттабелла цунна. ПIийла орца дихьна цара юьрта:

- Ва, нана бусалбанаш, вайн кешнаш дохош керстанаш бу шуна!

ХIун-мила ду а ца хьовсуш, карахь шаьлтанашший, шалгуш-ший, хьоккхий а долуш, кешнаш долчухьа дIахьаьлхира гIаж так-кхол мел верг... Чучча бахара...

Шен доьзалх хIумма а ца хиира Хьажа-Iелина. Схьахета-рехь, иза бакъдуьнена дIаккхелхинера. Итт шо дIаделира Нана-Нохчийчухула иза кхерсташ. Сиха къежъелира маж. ПIовзткъа шаре лестича, воккхастаг хилира цунах. ХIетахь веара иза гих-хошна тIе ваха...

- Ва БатIал, суна хезнарг бакъ дуй? - къамелана юкъаве-лира хIинццалц вист ца хуьлуш Iийна Уки.- Хьо хьайн кIентех цхьаъ гIазакхийн мотт Iамо дIавала воллу бохург ма хьахадели-ра кхузахь. КIентий совбевлла хьуна?..

- ДIавала ца воллу,- элира БатIала, корта а ластош,- тал-маж ван воллу. И вайна массарна а оьшур долуш гIуллакх ду.

- Цунах керста хилахь, хIун дан воллу хьо? - юха а хьаьттира Укис.

- Хьакхех уьстагI хилла а, уьстагIах хьакха хилла а меттиг суна-м ца хааелла,- кийтарло йира совдегара.

Къамелан уьйриг басталуш дIабоьдура. Цуьнан тен юьхьиг юха а шен караийцира Даркеша. Цо бохура:

- КIентий цIера буьйлуьйту зама яц хIара. Эккха доллуш дуьне ду. Вовшех марзо эца езара... И бу-кх уггар боккха ба-хам. Вай дукха дац, даьржина лела.

- Ванах, ва Даркеш,- хаа лиира Бекмарзина,- Дала а аьлла ца боху адамашка: «Рицкъа сан карахь ду, амма аша а цхьа бахьанаш леладе? »

- Цо муха аьлла хаац суна,- жоп делира Далла гIуллакх дарна тIехь суьпаваьлла воцчу Даркеша,- и Хьатуний, Хьажа-Iелиний дикахо хуур ду, амма сайн дедегара хезна-кх олуш: «Хин долу хьоза шен бена чохь дека».

Бекмарза шера кхетара Даркешца дешан къовсам дIабахьа атта цахиларх. Амма хIинца хIара вухаваьлча, кхана юьртахь «гIугI» а дина дуьйцуш хир дара, воккхачу стага кхуо аьлларг цхьана а чоьте а ца диллира, бохуш.

- ТIемаш даьлча мукъна а, и бен дIатаса ца мега цо? - кIел ца висира Бекмарза.

- Мега, иза къиг елахь-м,- дуьхьал ала хIума карийра вукхунна.

- ТIома ца йолуш аьрзу суна-м ца яйна.

- Кхечу олхазаршна юккъе а яхана, церан мотт Iамош ерг а-м ца яйна хьуна.

- Адамаш олхазарш ма дац,- Бекмарзин гIо лецира Хьатус- Дала хьекъал алсамо-о ма делла царна.

- Цо уьш бусалбашний, керстанашний бекъна хилар а диц ма делахь,- юкъа ца гIоьртича ца I авелира Хьажа-Iела.

- Декъна,- тIетайра Хьату,- амма вовшийн дайа ца аьлла.

- И муьлхачу жайни тIехь дешна ахь? - цавашарца хьаьттира вукхо.

- Айхьа важа мичхьа дешна ахь алахь.

- КъорIан тIехь.

- ВаллахI Iазмора, иштта аларна аш суна бехк а ма билла,-юкъагIоьртира Даркеш,- ша бусалбанаш а, керстанаш а боькъуш, харцберш хIаллакьбан безаш ма хиллера оцу вайн везачу Далла, и дар шаьшна адамашна тIе а ца дуьллуш.

- Дера бакъахьа-м хир дара,- элира Хьатус.

- Iеса луьй хьан мотт, Даркеш,- бехк баькхира Хьажа-Iелас-Кестта Далла хьалха хIотта везачу хьоьгахь товш дацара и.

- Дукха юьхь йоцуш хIума олу хьуна ахь цкъацкъа, ларлуш хила ма везара,— Хьажа-Iелин агIо лецира Укис.

Даркеш велаозийра. Цуьнан дахарехь и санна меттигаш шортта яьхкинера. Кхунна-м дагадогIура, стиглахь гIоттучу малхана хьалха гора а оьгий, нохчаша ялта хьийкъина хилийтахьара, даьхни дебийтахьара бохуш кортош деттар. Бакъду, иза МIайстахь дара. ХIетахь охьенца нохчийн ярташ к Iезиг яра. ХIара Гихта йиллина а дагадогIу цунна... ЦIу, гуьржийн мозгIар, бусалба молла - уьш массо а кхуьнан бIаргашна хьалхахула чекхбевлла. Тамашбан хIума ца дисна.

Даркеш жима стаг вара хIара юрт юьллуш. Хьалха шера аре яра кхузахь. Гобаькkхина хьун лаьттара. Бердаш лекха а дацара кху меттехь. Iенваха аьтто болуш хиларе терра, лам чуьра кхуза охьа а даьхкина, Гихан шина а бердаца даха хевшира нашхойн, чIинхойн, гIойн тайпанаш. Царна тIера дIайолаелира Гихта. Юьхьанца йоккха яцара иза, амма тIаьхь-тIаьхьа шорлуш дI айоьдура. Керла тIедаьхкинчу тайпанашна йистош кхочура. Амма цунах а тоам бора цара. Гонахара латта дика дара, дIайийна хIума хьийкъина кхуьура. Хьуьнхахь ма дезза хьаьмцаш, Iежаш, кхораш, хьонка, элхьамчаш дара. Акхарой а яра дукха... Нислора, дийна делккъехь юьрта борз эккхаш. Къаьсттина Iаьн тIехь. Адамашна а, акхарошна а уггар хала хан яра иза. Шелонаш яхъелча, мацалла йогIура. Iаьнна кечйина хьаьжкIаш, цуборц кхачабора. КIай, мукккхий наггахь долчу цIен тIехь бен ца хуьлура. Оцу хенахь баларш а алсам нислора.

Стиглахь маьлхан бIаьрг макъеддинехь, ло даша долалора. Гихан бердан йистошца сенлой дIахI уттура буц. ДIадуьйлалора бIаьстенан догIанаш. Некъаш худар довлура, дIа а, схьа а ца валалуш . Косказаш йоцуш, ур-атталла, цхьана куьпара кхечу куьпе а ца вахалора. Даркешна хIинца а дера ца дицло кхеран керта уллохула говрахь воьдуш волу цхьа бере хотталахь висар. Говран ге

тIе кхаччалц богIура хатт. ДIасаеттаелла-еттаелла, гIуллакх хирг а ца хилла, кIелйиснера иза. Кхераеллачу цуьнан бIаьргаш схьалелхха доххура, меран Iуьргаш юсаеллера, садеIар сиха дара.

Дехьара, сехьара баьхкинчу наха кIел гIуркхаш туьйсушший, белащца хатт дIасатуьйсушший, халла паргIатваьккхира бере. Кхин а мел дара уьш! ХIинца беламе, Iовдал хеташ долу хIумнаш хIетахь иштта ца хетара. Масала, хен чоьхьа балар. ДIахаттал муьлххачу а гиххочуьнга, и хIун ду алий . Цхьанна а хуур дац. Даркешна хаьа. Стоммо нисъелла дечиг хадо я екъа херх, диг дацара. Цундела иза чу ца тарлуш, юьхьиг кхе а юьллий, неI йиллина а юьтий, дечиг яцъяллалц бохуш I ара, и ларъеш. ТIаьххьара а и кхе хоьург ма-хиллинехь, хьенехгIаьрга сакъера даха деза вай, церан хен чоьхьа баьлла боху, кхаьънаш дохура кегийчу наха вовшашка.

Маца дара и: шо, ткъе итт шо хьалха я цул а хьалха? Даркешна-м селхана хилча санна хета.

- Дела дерриг а гуш ву,- Хьажа-Iелин аз кхечира вокккхачу стеган лере. Вукхо ккидIа а бохура:- Иза сиха вац шен кхел ян. Амма вайх хIора а цунна дуьхьал хIотта везаш ву. Барт хатта боьлча, тIаккха тIаьхьа хир ду доцу бахьанаш лехьо, кийтарлонаш ян. Иза Iехалур вац хазачу хабарех, белхарех. ХIокху харцдуьненахь хьеший бен дац вай. Бакъйолу хIусам цигахь, бакъдуьненахь, ю вайн. Шийла а, бодане а хир ю и Далла гIуллакхдарна пе биттинчарна.

- Собардехьа, собардехьа, Хьажа-Iела, со ма ца кхета хьох,-къарвала дагахь а вацара Даркеш.- Цкъа жоьжахатин цIергахь догур ду, олий, кхерадо ахь тхо, юха хIусам шийла хир ю олий, цунах вухаволу хьо. ВаллахI-Iазмора, иштта хьо галвийр ма вацара хьуна, цига вахана билггал дерг-доцург а теллина, вухавеана велахьара.

- Цига ца воьдуш а, тешам боллуш ала йиш ю-кх хьуна сан: ялсмане догдохийла-м яц хьан!

- Со-м вац цига кхача сихвелла,- шек а воцуш, элира Даркеша.

- ОстопираллахI! - вуьйхира БатIал.- ХIунда боху ахь иштта?

- Деллахьа боху, цу шун ялсмане вахар веллачу стагна лекхна зурма санна хIума сайна хета дела ,- забаре даькккхира вокккхачу стага.— И дика меттиг елхьара, вала а велла, ваха везар вацара цига...

Борз санна тебна тIебеара суьйренан бода. Гуьйренан шийла хIо детталора лаьмнашкара схьа. Цхьанашина туьнталг чуьра кIур буьйлуш гора. Пхьоьха юьйхира.

Зайнап самаяьлча, чохь Iаьржа яра. Амма цунна хаьара арахь садаьржинийла. Коре озийначу стеран ахкарго чу серло ца кхоьтуьйтура. Чоь шелъеллера. Берашна тIера хIума дIа а нисйина, араволучохь кхозу неI цхьана агIор дIатесира цо. Дерриг дуьне кIайделла дIахIоьттинера. Оцу к Iайлло бIаьргех мехий дохуш санна хоьтуьйтура. И ца лалуш, бIаьргаш цхьана юкъана дIахьаббира Зайнапа. Кеста Iаьнан дийнан серлонах юьйлира иза. Охьакхетта доллучу лохачу божли чуьра етт дIа а Iалашбина, дечиган мор а эцна, чуяхара иза. ТIуьна дечиг лата ца туьгуш, ехха кIожамах тийсалуш яьллира Зайнап. Товхано кIур туьйсура.

КIегаш довллалц а Iийна, кхе мижаргаш дахка йолаелира. Берамала йоьллинчуьра схьаийцира ах кI алд. ХIинца бераш самадаха а мегар дара.

- Же, хьалагIовтталаш,- бохура цо,- кIайн кIант веана шуна вайга хьошалгIа.- Хьалха набарх елира жимах йолу Кхокха. Шен горга, хаза бIаьргаш а бетташ, нанна тIейирзира иза:

- Мичхьа ву и кIант, нана? Цо хIун еана суна?

- Ло деана, дукхаяхарг, шортта ло.

- Со салаз тIехь хахкаяла йохуьйтур юй ахь?

- Йохуьйтур ю, хIума йиъна ма-еллинехь. Хьайн ваша самавакккхал.

Кхокха вешех тийсаяла йолаелира.

- Вай долчу кIайн кIант ма веъна, хIей, гIаттий валахь,-дIасаветтара цо Элберд. Вукхо, дикка самавалаза а волуш, муьшка йира йишина.

- Нана, хIара сох лета хьуна,- арз дира Кхокхас.

- Эхь дац и, хьайн гIогIал а йоцчу йишех летар? - човхийра Зайнапа кIант.- Валал гIаттий, соьга хьайн тIуьска а ца бохбойтуш.

Элберд кхийтира ша ловзориг цахиларх. Бага а гIиттош, паднара тIера охьавоьссира иза.

Берашна хьалха мижаргашший, кIалддий йиллира Зайнапа. ТIе мала морза а хIоттийра улло. ТIера Iаь а гIуьттуш, дика даттаделлера мижаргаш. КIалд а нисъеллера чам болуш. Элбердей, Кхоккхигий хаьттича, цул мерза а болуш кхача хир бацара хIокху дуьненахь. ХIетте а хIума йиъна яла сиха яра Кхокха. Цуьнан са арахь лаьттара.

- Чехка валахь, хIей,- сихвинера цо ваша.- Салаз хахка даха дезаш ма ду вайшиъ.- Элберда, нанна ца гойтуш, кIелдIахула буй оьхьура йишина.

КIайн шаршу тесча санна яра уьйтIе. Кхокха хин йисте яха лууш яра, салаз хахка. Амма Элберда элира:

- Ца го хьуна, ло семса ду, латта гIороза долуш. Салаз шершар яц. Цул а, лай-мижаргех ловза вайшиъ.

ОхьатаьIна, лай-мижарг а бина, хьажийна, и йишина туьйхира цо. Кхокха а яцара къарлур йолуш. ХIара шиъ дукха дIасаидарна, йиттинчуьра лаьтта охьайоьжна, бехъелла шаршу санна, дIахI оьттира уьйтIе хIинца.

Кхеран кертаца нисбелира ги йоьхкина белаш а йолуш эвлайистехьа дIабоьлхуш болу кегий нах. Царна юкъахь Олхазар а вара.

- Уьш стенга боьлхуш бу? - хаьттира Кхокхас вешига.

- Каш ахка,- жоп делира Элберда, ма-хуьллу воккха хила а гIерташ.

- Каш хIунда оххуш ду? - духе кхиа лаьара жимчу йоIана.

- Гой хьуна дIораниг,- Олхазарна тIе пIелг хьажийра кIанта,- цуьнан денана елла. Иза лаьттах дIайолла бохку.

- ХIунда елла иза? - те ца туьгура йоI.

- Дала ша йийна дела,- йишин Iовдал хеттарш кIордо дуьйладелира вешина.- Хьан хIун бала бу?

- ХIунда йийна цо иза, къа дац цуьнан? - елхаозийра Кхокха.

- Суна хIинца берам ма баккхалахь,- човхийра Элберда йиша.- Йоккха хилчхьана, хуур ду хьуна ...

Делкъе хуьлуш ло дешира. Мархашна тIехьара схьакъедира гуьйренан малх. Йоккхастаг дIаерзийна а бевлла, кешнашкара цIехьа бирзира нах.

- Сан десара, Олхазарна тIе а еза киртигаш ма хIуьтту,- элира БатIала, ког охьабилла хатт кI езиг болу меттиг а лохуш.

- Дала собар лойла цунна,- вистхилира Хьату.- ХIинца цхьа деваша виси-кх цуьнан.

- Шун тидам хилирий,- хаьттира Бекмарзас,- ма чIогIа верас ваьлла хьийза Хьажа-Iела?

- ХIокху Хьатугара моллалла даккха гIерташ лелош хIумнаш дара уьш-м,- кхетийра БатIала.

- И хилла а Iай хьовха? - шен шеко къадийра Бекмарзас.

- ХIунда бохура ахь? - ладогIа кечвелира БатIал.

- И вайн кегий нах кест-кеста тосало-кх суна Хьажа-Iелина тIе лесташ. Лаа дуй техьа?

- Уьш гал ма бахахьара цо, шен и тIуьллаг буьттуш,-гIайгIане хилира Хьату.

- Сан десара, цо и ца леладора аьлла-м дац,- элира БатIала, некъа юккъехь хIоьттинчу Iомана т Iехвала а гIуртуш. Амма цунах гIуллакх ца хилира. Цхьа ког дIа а иккхина, шолгIаниг «чхьоп» аьлла, нийсса Iам чу баькkхира цо.

- Вай даханора,- забар йира Бекмарзас, совдегаран холчахIоттар а гина,- оцу хьолехь Бикатус хьо витахь тамаша-м ма бу!

- Э-э, Бекмарза,- дуьхьало йира БатIала,- хьуна ца евза хьуна сан зуда. Веалара веана а, чу веачхьана кхин бахам оьшуш яц.

- Деллахьа, БатIал, ма корта дIаэцна-кх хьан оцу шоллагIа далийначу нускало,- хьовзийра Бекмарзас совдегар.- Дукха кара ма гIо, хьан а, сан а десара, тешам ма бац хьуна царах...

- ДIавалахь, Бекмарза, дог а догIу хьан-м и бегаш бан,- дай-й дитира БатIала.

- ГIопара хезаш хIумма а дац,- ойлане хилла элира Хьатус.

- Тап-аьлла дIа-м тийна уьш,- хийцавелира Бекмарза.

- Дала диканна дойла и,- доккха са даькkхира совдегара.

- Цига хIотта ма везара вайшиъ, Хьату.

- И дагахь-м со а вара, Бекмарза. Вуьшта, церан ойланашкахь дерг хIун ду ца хууш, сингаттамехь ву-кх.

- Цхьадика, шаръелла схьайогIура вайн юкъаметтигаш. Гуьржех а, Суьлийн махка а эха ца оьшур-кх хьуна, оцу гIопарчу гIазакхащца долу гергарло чIагIлахьара. Церан йоцуш хIума яц.

- Юьртахь хабар даьржина, оцу салтийн балар Олхазаран карах нисдалар туьдуш.

- Сан десара, и иштта хила мегаш а-м ду!

- Дац хьуна и Хьажа-Iелин хьу йоцуш-м. Лаа дац кегий нах цунна тIелестар.

- Кху юьрта ца вогIуш, мичча а ваха велир-кх иза.

- Кхана гIопа гIур ву вайша, Бекмарза. Цхьа йист ца яьккхича, ер яц.

- Со-м кийча ву, Хьату.

- Эшахь, со а вогIур ву-кх...

- Цкъачунна хьашт дац, БатIал.

Кешнашкара богIурш юьртах чубуьйлира. Кхеран некъ ца хадо, хIорш тIехбовллалц бохуш, геннахь сецна лаьттара Таймасха. ТIеккхаьчча, Хьатус элира:

- Далла йоьзийла!

Божарий тIех а бовлийтина, шен гIуллакхе дIаяхара йоI.

- ГIиллакхе а кхочуш, хIума хир дац,- Таймасхина тIаьхьа хьаьжира Бекмарза.

- Сан десара, хазалла шегара йоккхур йоцуш а-м ю! -тIетуьйхира БатIала.

Олхазарний, Таймасхиний дуьхьал даьллера дерриг а. ТIедогIучу шоьтан денна хан йиллинера йоIа . Амма цу шинна цхьаьнаккхета доьгIна ца хиллера.

БикатугIаьрга кучанна кIадига хьажа йоьду ша аьлла, бахьана а хIоттийна, Олхазар гур вацара техьа бохург дагахь долуш, арайьллера иза. Цунна хаьара къамел хуьлийла доцийла а, лаьттийла хир доцийла а. Делахь а, геннара гича а тоуьйтур долуш хьал дара йоIехь. ТIехьийзачу кIантах дог лозура цуьнан. Иштта хала киртиг тIееанчохь, цунна уллохь хила лаьара.

Кешнашкара цIа богIучу нахана юкъахь бIаьрг кхетар бацара техьа бохуш, дIахьоьжура Таймасха. Амма дуккхачу а адамашна юкъахь везачун аматаш ца тосалора цунна. ТIаьххьарчу тобанца а вацара Олхазар. БатIаллий, Хьатуй, Бекмарзий тIехваьлча, догдиллира йоIа тахана везарг ган шен аьтто бериг хиларх. Царна некъ буьтуш, саца а сецна, ойла йоьхна, цIа яхара иза.

Сингаттам бай ца луш тIееара суьйре. Чуьра гIуллакхаш дина а яьлла, ша юьжучу дIаяхара Таймасха. ГIийла богучу къуьданан серлонехь йоккхачу гIайгIанан IиндагIаш хаалора цуьнан хазачу юьхь тIехь. Ша йисча, гуттар сахьийза делира. Язъелла ойланаш Олхазар волчу кхийдара. Дог кхойккхура цуьнга...

Набаран суй ца кхеташ, дIаоьхура буьйса. Цуьнан боданца къуьйсура кхуьнан сирлачу бIаьргаш чу хIоьттинчу сингаттаман бодано. Арахь мох угIура. Цо кхин а марсайохура йоьIан карзахе ойланаш.

Сахуьллуш наб озийра цунна. Вон гIенаш гора: шайн уьйтIа тезета даьхкина адамаш, марчо хьарчийна Олхазар, доIа деш лаьтта Хьажа-Iела, нускалан духар а тIехь ша, тIаккха цхьана кIоргачу Iин чу южу хIара, мохь хьакха гIурту, амма багара аз ца долу...

Оцу буса наб Олхазарна а ца кхетара. ДIавуьжийла ца хиллера цул хьалха дIаяханчу буьйсанна а. Денана мотт сецна, са ийзош Iуьллура. Деваша а, цуьнан хIусамнана а, кхуьнан лулахой а бара ялайоллучунна тIехь лаьтташ. Цара паргIат хила аьлча а, дехьа чу а ваьлла, дIа ца вижлора иза . Ненан меттана хилла схьаеанера цунна йоккха баба.

Валаволлу стаг, иштта уллора, дуьххьара гора Олхазарна. Хала сурт дара и. Йоккхачу бабин юьхь тIехь бос бацара. ГIелъелла дIаяьллера иза. Ши бIаьрг хьаббина бара. ХIаваъ цатоьуш санна, халла доьIура са. КIадъелла-кх иза, аьлла, дагатесира Олхазарна. Цу тIехь кIентан кIант бакъ а вара. Iожаллица къийса кхин гIора дацара йоккхачу стагехь. ДегIера ницкъ дIабаьллера. Амма са, камIараш етташ, тийсалора, кийрара дала ца лууш. ДIабоьдура дахарний, Iожаллиний юккъера луьра.къовсам. Буьйса юкъал тIехъяьлча, Iожалла туьйлира...

Докъана уллора дIа ца волуш, сахуьлунга велира Олхазар. ХIинца паргIат хетара йоккхачу бабин Iиллар. КIентан кIантана-м наб озийна, дIатаьIча санна хетара иза, меттах ма яьккхинехь, сама а ер йолуш. Амма йоккхачу стагна кхеттарг цкъа а кхин ца гIотту наб яра.

Іуьйранна хIара араваьлча, ло диллина карийра. Шийла яра. Дан дезаршна тIера дIадолалуш дара рогIера де. Дийнна хIокху юьртахь цхьа адам хилир-кх цуьнан хьашташца бала боцуш -йоккха баба.

Цхьалха араваьлла Олхазар шелоно хабийра. Дуьне кIайдеш диллина хIара дерриге а ло шен даг тIе диллича санна хийтира цунна.

ХIокху ламанан махкахь ша яьккхинчу хенахь иштта шийла деана Іа дага а ца догІу Савелийна. Соьлжана буто ша бинера. Наггахь долчу дийнахь диллина ло гоьллец кхочура. Дикахьаха ду, даго шортта дечиг долуш. Іа цу кепара шийла догІур дуйла хууш санна, кечдинера кхушара дечиг. Хьалха пен санна лаьттина хьун хIинца юкъ яьшча санна хеталора, гІопара дIахьаьжча. Ши салти вийначул тIаьхьа кхин сагатдеш ламанхой а бацара. Цхьанаэшшарехь дIадоьдура гIопара дахар.

Іуьйранна гIеттина, ара а ваьлла, лайца юьхькуьг дилира поручика Покровскийс. Пиллаг санна дай хетара цунна шен дегI. Сийсара векха кехатех ловзуш а Іийна, цул тIаьхьа чагIаран ши шиша дассийна бен дIа ца вижнехь а, дикачу дог-ойланехь самавелира иза. Бамба санна диллина ло гича-м гуттар хазахийтира. «Бакъдолу оьрсийн Іа ду-кх», - ша шега элира цо. ЦIеххьана дагатесира: «Дера веза со тахана талла ваха, мел исбаьхьа де ду!»

Шена цкъа марзделла хIума дуьтучех вацара поручик. ХIоъ-молха чудуьллуш ши топ а кечйина, говрана нуьйр а тиллийтина, шеца Савелий а эцна, Іуьйре дIаялале аьлла, хьуьнах дIатилира иза.

Туьйранехь юьйцуш ма-хиллара яра Іаьнан хьун. ТIе ло диллина дазделла генаш лаьтта охьаситтинера. Говраш а халла бен дIа ца яхалора доккха диллинчу лайлахула. Ши бере тосавелла, «къар-къир» деш, къигийн Іаьржа марха хьийзара кхарна тIехула.

Хьалха тIеIоттавелларг пхьагалан лар яра. Говрара а воьссина, лерина и мича йоьду хьаьжира Савелий. Куьйган эшарехь лайно хьулйинчу кулла тIехьа гайтира цо. Покровский кхийтира. Цу агIор дIайолаялийтира ша тIехь волу говр. Кхерам хаабелла, Іодара кхоьссича санна, дIаиккхира пхьагал. Амма тIаьхьа дара. Хьажа а йина топ туьйхира поручика. Пхьагал тIекIел а иккхина, ша Іуьллучохь когаш а хьаькхна, дIатийра.

- Нийса тоьхна топ яра, хьан сийлалла! - хастийра Савелийс эпсар.

Хьуьнан юккъе мел гIоьрти, ло алсам дара. ЦIеххьана сай гучубелира. И дIабадарна кхоьруш, хьажа а ца еш, топ кхоьссира Покровскийс. ТIе ца кхийтира. Лерггаш ирх а дахийтина, дIаиккхина, тIепаза байра сай.

Таллархой кIадбеллера. Говрашка а са ца даІийтича дер дацара.

- Хьан сийлалла,- элира Савелийс- Делкъе ян хан тIекхаьчна. ХIума кхаьллича а хир дацара новкъа.

Цхьана доккхачу дитта кIелахь меттиг кечйира. Каде хьаьвзинчу денщика цIе латийра. Иштта сиха кечбира цо кхача а.

Покровскийс кхечарна юккъехь къастош вара Савелий. Цкъа-делахь, тайна стаг вара иза. Ала хIума ца дуьтуш, кхочушдора шена тIедиллинарг. ШолгIа-делахь, хIуманах кхуьуш вара. Совнах хIумнаш а дацара цуьнца. Кхин цхьа хIума а дара поручикна цуьнгахь товш - оьрсийн ахархошкахь хуьлуш йолу догди-каллий, хIилла цахиларрий. Ишта вац Хьаьрсаниг. Иза санна болчарах хуьлу боккхачу новкъахула дIавала а, схьавала а ца вуьтуш болу къуй. ТIера бIаьрг дIабалахь, хIуманах ка йохуьйтур йолуш а ву, ахь верах даре а дийр дац.

Савелийца шен генара бералла дагайогIура Покровскийна. Кхуьнан чIогIа терго йора Савелийс. Цо Іамийра кхунна хьуьнхахь жIаьлин нускалш леха а, чIерий леца а, говр хахка а. Оцу берийн дагалецамаша а чIагIйира поручикан шен куьйгаллина кIел волчу салтичуьнца йолу уьйр.

Беха ца Іийра таллархой садоІуш. Делкъал тIаьхьа ерг кIезиг хан яра. Іай суьйре хьалхе юлу. Цундела сиха вара хIара шиъ.

Таллархойн аьтто белира. Экхан лар тосаелира царна. Шеко йоццуш, лу дахнера кхузахула дIа. Цуьнан лорах воьдура эпсаррий, салтий. Генна дIаихира хIара шиъ. Лар хедаш яцара, экха а ца долура гучу. Муха йоьду а ца хууш, дIайоьдура хан. Цкъа-шозза вухаверзарх дерг къадийра Савелийс. Амма Покровскийс аьттехьа а ца дитира. ХIинций-хIинций луна тIеккхуьур волуш санна хетара цунна.

ЦIеххьана буьйлира бода. Лай тIера лар а халла бен ца къаьстара. Покровский кхийтира кхидIа шечунна тIехь латтар сонталла хиларх. Шаьш схьабаьхкинчу лорах бухабуьйлабелира таллархой.

Буьйсанан Іаьржа верта даьржира хьун тIехула. Говраш хьуьх йоьллера. ХIара шиъ тилавеллачух тера дара.

- Хьан сийлалла,- бохура салтичо,- евзаш йоцчу хьуьнхахь, некъ а ца хууш, бодашкахула дIаэхар эрна къахьегар ду. Буьйса дIа а ялийтина, Іуьйранна цIа кхета хьажа веза вайша.

Покровский ца ваьлла реза хилира. Говраш дIатесна Савелий воллушехь, поручика дитта кIел буьйса яккха меттиг кечйира. Гонахара екъа дечигаш а гулйина, цIе латийра.

Стиглахь цхьа а марха йоцуш, къеггина летта догура седарчий. Беттаса а дара кхетта. Шегахь мел йолу хIума эпсарна тIе а тесна, иза вохван гIертара къена салти.

- Наб кхетийта хьайна, хьан сийлалла,- поручикан доладора Савелийс- Со цхьаъ хилча а тоьур ду сема.

Цуьнан дешнаша сатедира эпсаран. «Мел башха ду,- ойла йора цо Iаьнан хьуьнхахь,- буьйсанна, кхетта беттаса а долуш, дитта кIелахь набарна товжар!» БIаьргаш шашах дIахьаббелира.

- Же, чехка хьалагIатталахь, хьан сийлалла, вижна Iуьллучохь дац хьуна гIуллакх! - набарх долуш санна кхечира цуьнан лере къеначу салтичун аз. Иза самавелира. Хьалха цунна гинарг воьхначу Савелийн юьхь яра.

- Берзалой, хьан сийлалла! - доцца элира вукхо. Амма Покровский буьззинчу барамехь кхийтира шайна тIехIоьттинчу кхерамах.

Дуьххьара адамаш тосаделларг Сира борз яра. Ши де дара цуьнан кийра кхача бахаза. Доккха диллина ло - цIена бохам бу берзалошна. Дерриге а бохург санна аккарой шайн баннашний, I уьргашний чохь дIатоь. Кхетамза цхьа экха арадалахь а, цунна тIаьхьаида хала хуьлу лайлахула. Атта-м вуккунна а дац...

ТIаьххьар а пхьагалан хьожа кхийтира Сирачун мере. Хазахетта, кийрахь дог тохаделира. МераI уьргаш юсаелира цуьнан. БIаьргаш гонахарчу лай тIехула кхерстара. Карийра ша лоьхург. ХIинца коьртаниг собар дара. Ткъа лар талла Сираниг йита аш.

Ижуна тIаьхьаккхиъна йоллуш йоллура иза, цIеххьана цуьнан новкъахь адамаш хIиттича. Пхьагал бен кхин хIума дагахь доцуш, цуьнан лар толлуш йогIу Сираниг нийсса таллархошна тIеIоттаялаза йисира. ЦIий хьаьвзира цуьнан бIаьргаш чу. Адамаш! Кхуьнан уггар луьра мостагIий! ХIинца а ижу яккха бохку-кх уьш кхуьнан багара!

Сирачунна моьттинарг бакъ хилира. Жимахволчу стага пхьагална тIе шен цхьа хьожа йолу - эчиган а, тоьпан молханан а хьожа - цIе тухург ма леццинехь, барзо догдиллира ша тахана пхьагалан жижигах кхетарг хиларан. Цунна дика хаьара ишттачохь гIуллакх стенца доьрзу. ТIеккхетта, шена новкъарло йинарш цесттал бIарзъеллера Сираниг. Делахь а, и ца дал хьекъал доцуш а яцара. Иза тулур йолуш дов дацара адамашца дерг.

Мацалло хьуьна юккъе лаьллира Сираниг. Цигахь мукъане а бер бацара техьа аьтто.

Юьхьанца Сираниг теша а ца тийшира шен бIаьргашна гиначух. Мацалло бIаьрса гIелдина, бIарлагI ах тарделира цунна и. Меттахъяьлча, шена хьалха хIоьттина и исбаьхьа сурт довр долуш санна хеташ, лаьттира иза цхьана юкъана, доьIу са а лахдина.

ХIан-хIа, шеко хуьлийла дацара: кхунна хьалха берг сай бара. Дог ловзаделира. Тебаш, цунна герга гIертара борз. Сай шек а боцуш, хьалхара коган берг етташ, ло дIаса а туьйсуш, бацана т Iе кхийдара.

Сирачун дог сихделла детталора. Са кIамделлера, дIа тIе а хьаьдда, цуьнан дегIах шен ира цергаш яхийта. Амма ша шен сецайора: йоккха меттиг яра кхарна юккъехь ерг.

Къоначу сен довха жижиг шен багахь долуш санна, цхьа мерза ойла яьржира коьртехь. Туйнаш довлуш хааделира цунна. Iалашо тIеттIа герга кхочуш лаьттара. Дерриг дегI дула а делла, Сираниг кхоссаяла кечъеллачу хенахь, юха а дагахь доццург хилира. Мичара вели ца хууш, гучувелира тохарлерра ши таллархо. Дог-м ца иккхира Сирачун, кхидерг дерриг а хилира.

ХIинца цунна дицделлера шен мацъялар, ша схьаяре хьоьжуш, Iуьргахь кIезий лардан йисина Астаг Iниг, хIокху дуьнен тIехь мел дерг. Иза хIинца ехара цхьана лаамца, цхьана ойланца, цхьана I алашонца - берзан бекхамца.

Адмашна тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, церан лорах йогIура Сираниг. ХIоьттинера иза, гI елъеллера, атта дацара цунна шина говран боларца лараяла, амма кийрахь кхеххачу бекхамо гIо дора ша юьхьарлаьцначу некъах ца йоха.

Де берзан мостагI ву, буьйса - тешаме накъост. Цундела ларбора цо бода. «Дависа, бода тIебагI ахьара!» ТIаккха цуьнан ницкъаш уьттаза совбевр бара. ТIаккха цо йоьккхур яра шена йина харцо. ТIаккха Iабор дара цо шен дог.

Iаржъелира. ХIинца борз сапаргIат яра. Буьйсанна хьуьнан да иза ю. Цу тIе, таллархой тила а беллера. Ца гуччу а яьлла, цара кхидIа хIун до хьоьжуш Iара Сираниг. Таллархоша говраш дI атесча, иза кхийтира ша Iалашонна герга хиларх.

Адамаш хьуьнхахь буьйса яккха севцира. ТIекхечира бекхаман хан. Сираниг хьекъал долуш борз яра. Ша цхьаъ даш тухургаш йолчу шина стагца ларор йоцийла хаьара. ХIокху буьйсанна берзалоша Iожаллин той хIоттор ду кхузахь. Сирачо цига кхойккхур ю шен езар АстагIниг. Гулйийр ю арданг

а. Пхьор доцуш юьсур яц тховса хьуьнхара берзалой.

ХIара Iуьрга дIакхаьчча, АстагIниг дуьхьал араелира. Иза мацъеллера. Цуьнан зорхано кхача боьхура. И цунна бан яханера Сираниг. Майра а, тIахъаьлла а хиларна ма къастийнера цо и Сираниг кхечу берзалошна юкъахь.

Мел лерина яхарх, жижиган хьожа ца кхийтира АстагIчунна. Сираниг ижу а йоцуш йирзинера юха. Цкъа а хилла хIума дацара и. Цхьа де, ши де а долура Сираниг талла яханчуьра юха ца йогIуш. Амма АстагIчунна дага ца догIу иза ижу а йоцуш цIа ерзар. «ХIун ду хилларг? Муьлхачу некъаьхьовзамо бaьккхи вайн доьзал пхьуьйрах?» - бIаьргашца хьоттура АстагIчо.

Сирачун хан яцара хIара кхетош ялла. Цундела цо иза шена тIаьхьайийхира. ДIакхаьччахьана хуур ду хьуна дерриг а, бохура Сирачо шен леларца.

Кхечу берзалошна хеззачу а яьлла, угIа хIоьттира Сираниг. Адамашна цхьана тайпана хета берзалойн угIар. Амма и иштта дац. УгIарца барзо хоуьйту хазахетар, халахетар, нускал харжар, кхерам хилар, кIорнеш яр. ХIинца Сирачо шеца цхьаьна талла кхойкхура берзалошка. Царна иза хаза а хезира. МаьI-маьIIера кху шинна тIеэха юьйлаелира уьш. Кестта арданг стамъелира. Сираниг хьалха а яьлла, цунна улло хIоьттина АстагIниг а йолуш, тIаьхьа евлла важа берзалой а йолуш, хьуьна юккъе дIатилира уьш.

Сиха карийра адамаш буьйса яккха севцца меттиг. Ижун хьожа кхетта берзалой карзахъевлира.

Уггар хьалха говрашна тосаелира берзалой. Синтем байна терса юьйлаелира уьш. Берзалой герга теIара. ХIинца говрашна бодашкахь къегаш долу церан бIаьргаш шера гора. Доза доцуш боккха кхерам боьссира церан дегнаш чу. Льаттачохь дIасахьийзаш, масъеллера говраш.

Сирачой, АстагIчой адамаш лецира Iалашоне. Вукхара говрашна йоьгIнера. Ма-дарра аьлча, АстагIниг башха тIера а яцара адамашца девне яла. Дукха хьолахь экха оьшуш доьрзу цаьрца долу тасадалар. Иштточохь шалгу Iоьттина, яьлла хIара астагIа. ХIетахь а дов долийнарг Сираниг яра. Нахаца цхьа мостагIалла долуш ю-кх иза. Дера, хIара тIе ца хIоьттинехь, Сирачун цIока яьккхина хир ма яра наха. Бакъду, хIинца адамашкахь дерг хьоьгур воцуш хьал ду. Буьйса, луьста хьун, тIекхача доцу орца. Амма адам муьлххачу а хьелашкахь а кхераме мостагI ву.

- Савелий, говрашка хьажа, говрашка! - царна тIехь кIелхьараваларх догдохура поручика.

- ТIаьхьа ду, хьан сийлалла,- дуьхьало ян кечвелира къена салти.- Берзалоша го бина царна.

- Соьгахь тапча ма ю,- ша-шен иркара хIиттавора Покровскийс.

- Тапча дика герз ду цхьана барзана дуьхьал, амма ардангана дуьхьал хIумма йоцург а ю, хьан сийлалла.

- Суна улло схьахила!

- ЛадугIуш ву, хьан сийлалла.

Говраш шаьш дIайихкина бахтарш а хедийна, хьераевлча санна, дIалилхира. Берзалой царна тIаьхьа тилира. Буха йисира Сираниггий, АстагIниггий, кхин къона борззий. Адамийн цIий мелчий бен ца Iеба ерш...

Беттан серлонехь Сирачунна шера къаьстара жимахволчун аматаш. И вара иза цуьнан багара ижу яьккхинарг. Цунна кхуо бекхам а бийр бу хIинца. Шена уллора къона борз мила ю хьажа санна, цуьнгахьа йирзира Сираниг. Оццу муьрехь адамех цхьамма даш тухург хьажийра Сирачунна тIе. АстагIчун везарна тIе кхерам хIоьттира. Кхин ойла ца еш, цунна хьалха иккхира иза. Топ елира. Кийра морцуш санна хийтира АстагIчунна.

Iадийча санна йисира Сираниг. Кхуьнан езар, кхуьнан тешаме накъост, кхуьнан кIезийн нана лайла а йоьжна, Iожаллин хорша еана, етталора. Дуьне лестича санна, хийтира Сирачунна. Шен езарна тIеяхара. Чов йинчуьра Iийдалучу цIийно датийнера гонахара ло, схьабиллина ши бIаьрг а болуш, гIийла цIийза а цIийзаш, Iуьллура АстагIниг. Цхьа хIума дара цуьнан дог къуьйлург, ойла шелийриг - кегий кIезий...

ТIееара Сираниг. Бодашкахь къегачу цуьнан баьццарчу бIаьргаш чу хи хIоьттича санна хийтира цунна. Охьа а таьIна, чов йинчу меттиге мотт хьаькхира цо. Кхин дан гIо дацара...

Савелий кхийтира шаьшшиннан кхиэл йина яьлла хиларх. Амма иштта атта са дIалур долуш а вацара иза. Покровский-м догдиллина ваьллера дуьненах. Дерригенна а бехке евдда дIаяхана говраш лорура цо. Уьш ларйинехьара, гIуллакх кху тIе дер дацара. Цунна ца хаьара ша и ойланаш ечу хенахь билггала оцу евдда яханчу говраша шайна орца доуьйтур дуйла...

Шайн са дадийна йоьлху говраш гIелъелла хьуьхйоьллера. Амма болар лах ца дора. Хаьара, шаьш дахарх евр юйла. Ткъа берзалойн Iалашо уьш оцу дахарх а яьхна, шаьш мацаллах кIелхьарайовлар яра. Цаьрца сиха ларорхьама, вовшах къасто езара и шиъ. Дика талархо ю борз. Хьеха ца оьшуш, хаьа цунна ша дан дезарг.

Цхьа говр мелла а тIаьхьайиснера. Цунна тIе бахийтира берзалоша берриге а тидам. Иза ларамаза дина дацара. Билггал оцу говрана хуьлура хIинца берзалоша еш йолу новкъарло. Шина а агIор дIасахьежа езара цуьнан, катохарх ларбора ший а ха, хаа дезара тIехьа а, хьалха а дерг. Важа говр хецца дIайоьдура, шена хьалхара дитташ бен ца гуш.

Шина говрана юккъехь меттиг ма-еллинехь, берзалой а екъаелира шина декъе. Цхьаерш тIаьхьайисинчу говрах пхьор дан севцира, вуьш, ницкъ а, къонанаш а, хьалхарчунна церг хьеккхош йоьлхура, Iодара кхийсича санна.

...Олхазар суьйренга гIур волуш вацара, ша бийна сай тило безаш ца хиллехьара. Тахана аьтто белира цуьнан. Цхьана хIуманах къаьхкина богIу къона сай кхунна тIеIоттабелира.

Жижиг цхьаьнга дIадахьлур долуш дацара. Ткъа хьуьнхахь и дита а ца лаьара. Мацалла яла йоххуш лелаш йолу берзалой я чагIалкхаш тIе ца нислуш юьсур яцара. Цундела Олхазара сацийра, шега дIадахьалур долччул жижиг цхьана декъе а декъна, важа дакъа диттах хьалаолла.

И дерриге а дина валале, бода къовлабелира. Амма кхунна дика хаьара юьрта боьду некъ. Цундела иза цIехьа волавелира. Кхана вухавеана, дIахьур дара дисина жижиг. Эццахь тосаелира цунна хецаелла йоьлхуш йолу говраш а, царна тIаьхьаевлла берзалой а. Кхета хала дацара говрийн дай хьуьнхахь бисина хиларх.

Юьхьанца оцу кхерамечу меттигера сихха дIавала ойла хилира Олхазаран. Амма цхьана гуш боцчу ницкъо сецавора. Кхуьнан гIо оьшуш стаг хуьлий а хIун хаьа... Говраш а, берзалой а къайлаевлира. Делахь а, хьалхарниш шайн мостагIех къастош берг цхьа зил бен-м бацара хIинца.

Олхазар говраш схьагучуевллачу агIорхьа дIаволавелира. Цунна шен пхи пIелг санна евзара хьун. Ткъа говрийн лорах ваха-м иза гуттар говза вара.

Покровскийний, Савелиний иза тIеккхечира церан уггар де доьхначу хенахь. Кхин хIара жимма хьевеллехьара, цу шиннан дерг дIадаьллера. Амма гIуллакх чекхдаьлла лара-м хьалхе дара. Уггар кхерамениг Сираниг хиларх сиха кхийтира Олхазар. Цундела тоьпан Iалашоне иза лецира цо. Берзалошна ца гора хIара. Церан берриге а тидам къеначу салтичунний, жимахволчунний тIебаханера.

Топ елира. ЦIеххьана дарц даьлча санна, когашна тIехь саца ца луш, гал а яьлла, охьаюьйжира борз. ДегI дазделира. Къона борз иштта сурт хIоьттича, де эшна накъост дIа а тесна, стешха едда кIелхьараелира.

Сираниг ялаза яра. Амма шийлачу Iожаллин камIараш хаалора цунна хIинца шен лаг къуьйлуш. Хьала а иккхина дIа ца ядалахь а, текхна кхузара дIаяллал ницкъ тоьур бара дегIехь. Делахь а, и дойла яцара. Луьрачу кхаа мостагIчунна дуьхьал цхьалха йиснера иза. Ткъа толам мел герга бара! Аьтто ца бели Сирачун бекхам бан. И даран меттана, шен езарх, АстагIчух ели. Цуьнан дакъа шелонна лаца а делла, кхунна дIанехьо Iуьллу. Мичара велира техьа и кхоалгIаниг? Хьан кхайккхина веара?..

Гонах хуьлуш долчун сема тидам бора Сирачо. ХIинца деккъа цхьа хIума бен ца диснера цунна шен са Iалашдан: берзан хIилла. Ницкъ тулучуьра даьллера.

Тоьпан даьндарго, куьйса кол санна, тIекIел эккхийтина сира борз, кхин меттах ца хьовш, дIатийра. Iожаллин багара велира Савелий, Покровский. ШолгIаниг-м хIинца а дикка тешаш а вацара хиллачух - дукха гIенах тера дара и.

ТIерачу духарх хиира къеначу салтичунна шаьш кIелхьарадаьхнарг ламанхо хилар. Йистехьо лаьттачу Олхазарна тIеволавелира иза.

- Баркалла хьуна, кунак... Дика ду...

Ламанхо цецвелира салтичун духарца волчу гIазкхичо нохчийн маттахь къамел дарх.

- Со салт ву,- кхидIа а бохура вукхо,- иза (поручикна тIе пIелг хьажийра) эпсар ду... Хо мила ву?

- Со нохчи ву-кх,- жоп делира Олхазара.- Гихтара...

- О-о, и дика ду!.. Кунак...- Олхазаран белш тIе куьг туьйхира Савелийс. Мараккхийтира.

- Хаттал цуьнга,- вистхилира хIинца меттаван волавелла Покровский,- гIопа боьду некъ хаьий цунна.

Савелийна шера ца хаьара нохчийн мотт. Наггахь долу дош бен. Цундела цунна Iаламат хала дара ша ала гIертачух ламанхо кхето.

- Салт... Гап... Мича? — дешнаш вовшахтаса гIертара къена салти.

- ГIап генахь ю,- къилбаседехьа куьг ластийра Олхазара.-Вай со волчу юьрта дIагIур ду. Кхана шу дIаккхето а хьовсур...

Покровский, Савелий дуьххьара нисвелира нохчийн юьрта. Буьйсанна цуьнан гаттийчу урамашкахь башха хIума а ца къаьстара хьешашна. Цу тIе, чIогIа гIелбелла а бара. Цундела, тхов кIел а нисбелла, чохь пешан йовхо ма яьржжинехь, хьешашна наб озийра. Царна ккача кечбеш воллучу Олхазарна бакъахьа ца хийтира уьш меттахбаха. ХIара ша а вара кIадвелла. Дукха хьежа ца дийзира наб озоре...

Юьртахь сиха даьржира: Олхазар волчохь хьошалгIахь оьрсийн эпсаррий, салтий ву. Уггар хьалха Бекмарзин лерах ккхийтира иза. Цо и хаам дIатуьйхира Хьатух. Ккечарал хьалха и шиъ хIоьттира Олхазаран кетIа.

- КIант, хьеший бу ца боху хьо волчохь? — зIар а диллина, уьйтIа велира Хьату. Цунна тIаьххье схьахIоьттира Бекмарза а.

- Марша догIийла! — тIекаре хилира дечиг даккха араваьлла Олхазар.- Хьеший а хIинцца гI евттина, юучух ккеташ бохку... Шуна царах бала ца бер-кх ас бохуш воллура со-м.

- Хьаша бала бац,— нисвира иза Бекмарзас,- хьаша беркат ду.

- Олхазар ала гIиртинарг-м ша а ларор вара хьошалла дан, вай са ца гатдинехь а бохург дара,- элира Хьатус, хIусамдена новкъа догIур доцчу кепара.

- Чоьхьа довла.

- Дика мел дерш хIокху чу...

Хьатуна бIаьрг ма туьйххинехь вевзира Покровский. Ткъа чоьхьа ваьлла Бекмарза гушшехь, Савелий нохчийн Iедалехь хьала а гIеттина, велавелла дуьхьал велира гиххошна.

- Марша догIийла, хьеший,- хьалха кховдийна куьг а долуш, эпсарна тIеволавелира Хьату. Вукхунна а вевзира хIара. Ширачу бовза-безарийн санна хилира кхеран цхьаьнакккетар.

Покровскийс дийцира ша Савелийца талла вахарх а, цигахь нисделлачух а лаьцна. Гиххоша, юкъакара кортош а лестош, лерина ладугIура цуьнга.

- Ма дика ду-кх цу кхерамах хьалхадевлла,- элира Хьатус, Покровский дийцина ваьлча.- Цхьана дикачу балхана хилла хIума ду хIара. Вайн гергарло чIагIдан...

Покровскийна шера хаьара, шаьшшиъ жеррахь вуха ца вирзича, бухарнаш, цуьнан бахьана ца хууш, орца гIаттийна хьийзар буйла. Делахь а, тахханалц ккунна уллора девзина доцчу ламанхойн дахаро, церан гIиллакхаша шайна тIе ийзабора ккуьнан тидам. «ХIумма а дац,- ша шен тевора цо ,- ккана Iуьйранна новкъа вер ву. ГIуллакх гена далале... Коьртаниг - тхойша дийна хилар».

Суьйранна Бекмарза волчу кхайккхира хьешашка. И шиъ-м гIопа дIаваха дагахь дера хиллера, амма Хьатуссий, Бекмарзассий аьттехьа а ца дитира. Олхазар а вацара хьеший дIабахийта реза.

Бекмарзин саьккал къаьсташ яра ккечарех. Хьал долуш хиларе терра, цуьнан таро яра чохь Iаш волу хIусамаш лекха а, яккхий а ян. Тховса ккузахь хьешийн сийнна беш синкъерам бара. И хезна гиххой хьалхий-тIаьхьий схьаэха буьйлабелира. Иштта меттиг наггахь бен ца йолура церан доьзалан хьашташа букъ хьаласатто ца вуьтучу дахарехь.

Таймасха а еара синкъераме. Цуьнан даго хьоьхура цигахь Олхазар а хир ву бохург. ХIинцале а юьртахь «гIугI» а дина дуьйцуш ма дара дIаяханчу буса хьуьнхахь хилларг. Олхазаран денана елчхьана, вовшашка дист а хуьлуш, гойла ца хиллера церан. Бохам хилла гIеххьа хан яьллехь а, йоIана бакъахьа ца хетара кIантаца цхьаьнакккетар леха.

Покровский, Савелий хьешан цIа чохь вара. Кхул хьалха цкъа а нохчийн ккачанах ккетаза волу эпсар дегаза тIеккхевдира жижиг-галнашна. Хьонкин мачех бинчу берамо бага ягайора. Цунах йогI уш йолу хьожа ца йийцича а. Амма кеста и ойла хийцаелира. Ккача чIогIа чомехь а, токхе а хета болабелира поручикна.

Синкъерам болчу хIорш чу бевлча, массо а хьалагIеттира. Покровский, Савелий баьрче охьахаийра .

Адамаш дукха хиларна чохь гатто яра. Шатайпана хьожа йогIура. Поручикна хIинццалц девзина доцу дахар, амалш, гIиллакхаш чекхдуьйлура ккуьнан бIаьргашна хьалхахула. Цхьана дашца билгалдаьккхира цо и дерриге а - акха. Пондар, вота, хелхарш, мехкарий, кIентий цхьаьнайинера Покровскийн ккетамехь. Цо лерина тергалбора ламанхой... Юьхьан аматашкахь, тIахъаьлла хиларехь, вовшийн ларарехь, хьешийн сий дарехь хаалора уьш хаза а, каде а, комаьрша а нах хилар. Синкъерам юккъе баьллачу хенахь хьалхарчу «акха» бохучу дашна тIе ккин цхьаъ а ккхийтира цуьнан ойланехь - «хаза». Акха хазалла, Iаламан бераш...

Пондар сецира. ХьалагIеттира мехкарийн тхьамда. Эпсар волчухьа а йирзина лен елира. Покровский ца ккетара цо бохучух, амма хаьара и дешнаш шех хьаккхалуш дуйла. Савелий ккуьнан лере а таьIна, талмажалла дIаккехьа гIерташ воллура... Мехкарийн тхьамдано хьеше маршалла хаьттира.

- Хьаша ваккха, хьаша ваккха! - маьхьарий девлира чохь. Цхьана агIор Хьатуссий, вукху агIор Савелийссий гочдора Покровскийна кху чохь деш долу къамелаш. Амма шега хелхавала веза аьлча, мелла а воьхна хьаьвзира эпсар. Шена хаа ма ца хаьа, бохура цо. Делахь а, Хьатус иза кхетийра , хIара хелха ца валахь чуьрачарна вас хирг хиларх. Иштта ду гIиллакх.

Покровский хьалагIеттира. Ша муха-хIун дан деза ца хууш, сецира. Мехкарийн тхьамдано гона юккъе яьккхира Таймасха. ХIинцца бен цуьнан тидам ца хилира Покровскийн. Хаза а, куц долуш а яра кхуьнца хелхаяккха къастийна йоI. Кийрахь дог тохалуш хааделира эпсарна. Когаша шашах цунна тIевигира иза. ДIасатесира куьйгаш (кхул хьалха халха бийлинчара иза ма-дарра). Бай-й ког ловзош, дIайолаелира Таймасха. Цунна тIаьхьахIоьттира Покровский.

- ДIа ма яьллахь, цо къурд аллалц!

- Хьовзаелахь, мехкан воцу хьаша, хьан нанас ца йина хьуна!

- ХIай-хIай, тоха тIараш!

Бал чекхбелира. Покровский шен метте охьахиира. Къайлах йоI тергалйора цо. Наггахь хIара волчухьа а йоьрзий, уллохь Iачу накъостан лере а таьIий, цхьа хIума мосазза эли, елалора иза. Цуьнан оцу елаяларо йовха тулгIе гIаттайора эпсаран кийрахь. Тамашийна ойланаш хьийзара коьрте. Тамашийна дара гонах мел дерг... Петербурге дIайигна, европейски духар тIе а дуьйхина дIахецча, цуьнга а кхочуш йоI хир яцара. Цуьнан беснеш, балдаш, елаялар... Дош дан а дацара, дерриге дIа а тесна, цуьнца хIара дуьне ма-дду дIа ца вахча! Боккъалла а хIунда ца воьдура? Кавказехь деши лаьмнаш хир ду моьттинера кхунна. Мичара! Лаьмнаш-м ду, амма Iожаллин лаьмнаш. Акха мохк бу, акха... Аккхачу хазаллин адамаш... Кхуьнга хIун хIоьттина церан хIу дайа гIерта. ДIабахийта шайна! Шайна ма луъу а... Ткъа хIара акха газа караIамийчхьана, миччахьа а гайта мегар долуш ю... Оцу ойланийн йийсарехь вара Покровский. ЦIеххьана цхьаьнга дог дохуш хааелира цунна йоI. Цигахьа вирзира. Олхазар вара цунна гинарг. Догдахар хIун ду ца хаьара эпсарна. Амма иза кхийтира, йоIаний, шаьш кIелхьарададьхначу ламанхочунний юккъехь безаман марзо хиларх. Лаамза Олхазаре а, шеца хелхаяьллачу хIокху йоIе а, чохь мел болчаьрга а цабезам кхоллабелира хьешан. Сингаттаман марха йоьссира цуьнан юьхь тIе. Кхоьлира даг тIехь.

Поручикан хийцавалар уггар хьалха Савелийна тосаделира. Амма цунна а ца хаьара цуьнан бакъдолу бахьана. ГIелвелла хир ву, сацийра цо.

Синкъерам буьйса юкъал тIехъяьлча буьйхира. Бекмарза хьеший ша волчохь бита гIоьртира. Делахь а, Хьатус ца магийра цунна и дар. Олхазар цаларар санна хIума хуьлура цунах. Цундела шолгIа буьйса а хьалхалеррачу цIен тIехь яьккхира Покровскийссий, Савелийссий. Бакъду, цу буса эпсарна наб хенахь-м ца кхийтира.

Поручикна гIан гора... Петорбургера сту Бельскаян салон. Чохь эпсарш, хьоладай, сийначу бай тIехула кхерста полларчий санна мехкарий, куц долу зударий. Вовшашка цхьацца къамелаш деш, мерза бела къежа уьш. ЦIеххьана неI а еллалой, чоьхьа волу хIара, Покровский, кхуьнпа цхьаьна европейски духар тIехь долу синкъерамехь хилла ламанан йоI... Массо а цуьнан хазаллах цецбевлла, схьахьуьйсуш бу. Кура ойла хьийза поручикан коьрте. Амма эццахь дагахь доццург хуьлу. Баттара яьккхина шаьлта а йолуш, чуэккха акха ламанхо. Порулжна вевза иза -Олхазар!.. ТIе а хьодий, йоьIан куьг схьалоцу... Чуьрнаш Iадийча санна лаьтта. Поручик иза кIелхьараяккха гIурту... Амма, меттах дIа ца валалуш, ша лаьттачохь вуьсу. ЧIсгIа холча хIутту. Даш доьттича санна дазделла дегI... Цу юкъана, йоI а оьций, къайлаволу Олхазар. Салонехь белар эккха. Кхунах боьлу уьш... Юьхь-дуьххьал, тIе пIелгаш а хьежош, гIадбаххана...

Покровский самаволу. Уггар хьалха дагадеанарг: гIан хилла, гIан хилла гинарг, Далла бу хастам!.. ДIасахьожу. Чохь бода бу. ДIанехьо «хур-хур» деш Iуьллу Савелий. Хазахетаран ойла дог таIарца хийцало... ХIокху боданечу, муьста хьожа оьхучу, къечу туьшара ара а иккхина, ло диллинчу шерачу арахула гIап йолчу агIорхьа дIаваххал бIарзло иза. ТIаккха меттавогIу... ХIан-хIа, сахиллалц собар дан деза. Тилалуу ву... Шийла ю... Цу тIе берзалой а... Ойланаш, сесий санна, сийсара. ХIинца хIокху чохь мел дерг хийра дара цунна. Сихха дIаваха лаьара... Чам байнера. ГIайгIа яра Iуьйранна хIусамда, юьртахой ган безаран, неран кеглучу матте ладегIа дезаран. ХIунда нисделира иштта? ДIаваха везаш хиллера... Савелий ца Iийра-кх. ХIинца сайн чохь кIедачу меттахь Iуьллуш хир вара... Бельская яцара суна гIенах гинарг?.. Стенна ду техьа иза? Схьахетарехь, цунна везавеллера со. ХIун дара иза хьалха марехь хилар? Къанъелла яц, хьал долуш ю... ХIунда ца йира цуьнан ойла цигахь, Петербургехь волуш? Iовдал!.. Кху аккхачу махка а ца вогIуш...

Iуьйранна къеггина малх кхийтира. Стиглахь цхьа а марха яцара. Амма шийла яра. Когашна кIелахь ло цIийзара. Дуккха а гиххой баьхкира гIопара хьеший новкъабаха. Эвлайисте кхаччалц дIабаьхкира уьш. Кхузахь севцира. КхидIа цаьрца ваха сацамбинарг Олхазаррий, Бекмарзий, Хьатуй вара.

Пхи бере гIап йолчу агIорхьа схьавогIура. Савелий, Олхазаррий тIехьа нисвеллера. Оьрсийн а, нохчийн а дешнаш цхьаьна а эдеш, ламанхочуьнца къамеле ваьллера къена салти.

- Кунак, жижиг-гилниш хорошо,- бохура цо.- Баркалла... Дика ду. Хинца хо гопе хаша. Дика ду?

- Дика ду, дика ду,- велавелира Олхазар - ВогIур ву со. Хьоьца долу гергарло а ходуьйтур дац.

Ойланашца-м сийсарлерачу синкъерамехь вара Олхазар. БІаьргашна дуьхьал лаьттара Таймасха. Маржа дуьне яІ, суна ма къийди-кх ахь и ирсан дакъа! Цхьа вон дІадерзийна а валале, шолгІаниг тІедохьу. Куьйга тІера цхьа пІелг санна, цхьалха виси. Деваша шен хьашташца а ца ларош воллу. Наха эр дацахьара, жима нускал далор дара керта. Цуьнан куьйгаша нисдан дезаш мел хІумнаш ІаьІна цІен тІехь?! Ур-атталла, хьошалла дан йиш а ца хили ма-лаъара. Дика хьаха ду, сен жижиг хилла... Цхьа тамашийна нисделира дерриг а. Буьйцу хазар бен, кхул хьалха цкъа а юьхь-дуьхьал оьрсий гина вацара Олхазар. Бакъдерг хІунда ца дуьйцу, цаьрга безам бацара. Къаьсттина Хьажа-Іела вевзичхьана. Цо чІогІа вон буьйцу уьш... Делахь а, хала киртиг тІехІ оьттинчохь орцахвалар хІора ламанхочун декхар ду, иза милла велахь а, гІо оьшуш хилчахьана. Кхуо шена догІург дин. Кестта оьрсий шайн гІопа дІакхочур бу. Цул тІаьхьа кхин гой а ца хаьа. Вуьшта, вон адамаш а ма ца хилла и оьрсий. ХІара шиъ, масала. Эпсар-м куро ойла йолуш ву... Ткъа къена салти схьаийна, дагахь хІума доцуш стаг ву. Цуьнга къаьсттина йолу шовкъ кхоллаели Олхазаран...

Хьалха боьлхучу Хьатун а, Бекмарзин а, эпсаран а къамелера цхьацца дешнаш кхочу тІаьхьа вогІ учу ламанхочун а, Савелийн а лере...

- Вайна юккъера мекха дІаяккха еза,- и бохуш верг Хьату

ву.

- Цхьана дикачу балхана нисделла хІума ду хІара. Дала мукъалахь, бертахь Іийр ду вай.

- Паччахьан Іедална муьтІахь бу тхан юьртахой,- и Бекмарзин аз ду.- Тхуна-м тхаьшна юккъехь оцу Іедалан векал а везара. Суна хезна, цхьайолчу ярташкахь аш юьртан дай хІиттийна бохуш...

- Иза бакъ ду,- вистхуьлу эпсар.- Ламанхойх хьекъал долуш берш кхета паччахьан эскарна дуьхьал дийлар сонталла хиларх.

- Цхьацца болчу наха питанаш даржадо вайна юкъахь,- лен волу Хьату.- Тхо кІайчу паччахьан мостагІий дац.

- Иштта нах тхан кара схьабала беза,- тІедожош санна, боху поручика.

Бекмарза реза ву оцу къамелана. Цхьацца гІулч йоккхуш, гонах дІасахьожуш, лерина ладугІуш, меллаша, амма сецарш доцуш, шен Іалашоне гІерта иза. Хьоладайх схьаваьлла Бекмарза хьакъ ву гиххойн юьртан да хила. Хьату а ву иштта хеташ. Ткъа цуьнан дош оьрсашна юкъахь лоруш а, лелаш а ду. ЧІогІа аьтто бели оьрсий хьошалгІа нисбелла. Юьртахочо Олхазара динарг дицлун хІ ума дац. Бекмарзина хезна, шаьш шайн векал винчу стеган коча паччахьан хьаькамаша зІена тІехь кхозуш йолу йоккха мидал уллу, бохуш. Дависа, жІар ма хилахьара и, Хьажа-Іелас Нана-Нохчийчохь вийцина, нахала воккхур ма веца. ЖІар йоцуш, хІуъу а хилахьара...

Хьату шера кхеташ вара оьрсашца ша барт лехар цхьаболчу гиххошна товш цахиларх. ГТуллакх гуттар кІаргделлера, Хьажа-Іела кху юьрта а веана ваха хиъначул тІаьхьа. ГІазотан хІо хаалора хІаваэхь... И мичара ду а хаьара цунна. ДегІастанехьара. Цигара динан дай билгалбовлу керстанашца машаре цахиларца а, Іедалан мукъ шайн каралаца йолчу Іалашонца а. Ткъа Хьату тешна вара, Делан гІуллакх дІакхоьхьуш болу нах махкана тІехь урхалла дарна юкъагІерта безаш цахиларх. «Иза церан лехамашца догІуш дац,- бохура цо. - Халкъана тІехь олалла латтор паччахьийн гІуллакх ду, Дала ша царна тІедиллина долу. Нагахь санна нохчашна юккъехь иштта воккха хьаькам хилар тарлуш дацахь, иза тІевеъна стаг хилча а мегаш ду. Кхечу динехь велахь а ... Оьрсийн паччахьан эскарш хІокху ламанан махка кхочур дацара, АллахІан лаам бацахьара. Яккхий ю цуьнан къайленаш... Оьший тІаккха билгала долчу бердашна юккъехула охьахьаьдда догІу хи кхин харш а даьккхина, и цу чу дерзо гІерта? Дахар а ду и санна долу хи». Хьату жима стаг волчу хенахь, ломал дехьа дуьне кхачалуш ду моьттура цунна. Цул тІаьхьа иза кхечира ГІизларе, Аштаркхне. Евзира керла меттигаш, нах. ХІетахь хилира цуьнан кхетамехь баккхий хийцамаш. Ламанхой, церан ярташ, хьаннаш, аьрцнаш хІокху доккхачу дуьненан цхьа кІеззиг дакъа бен дац. Цкъа цхьана дийнахь хин йисте а хиъна, ойланашка ваьлла Іара иза. Хин юккъехь жима гІайре яра. Лаамаза дагадеара, сан жима Нохчийоь а ю-кх иштта гІайре, йист йоцчу хІокху дахаран хІорда юккъехь. Хеталора, гІуллакх даима цу кепара хир ду. Амма дукха хан ялале юха а цу метте нисвелира иза. ГІайренан лар а ца йиснера. И лаьттинчухула, тулгІеш а гІиттош, охьаоьхура сиха хи. Хьату кхийтира, Нохчийчоьнан рицкъа а гонахарчу дахаран тулгІенийн ницкъах паргІат цахиларх. И нуьцкъала тулгІенаш паччахьан эскарш дара. Цуьнан новкъахь Іуьллура боккха чхар - бусалба дин. Баккхалур буй цуьнга и меттах? Кхоссалур буй кхин тІулгаш санна юьстах? Я бадийна охьахьур бу? Я Іуьллучохь и хьул а беш, тІехула дІауьдур ю и тулгІенаш? Оцу хаттаршна жоьпаш лоькура Хьатус. Цуьнан ойла еш вогІура иза. «Мухха делахь а, Соьлжа тІехь оьрсийн гІ ап-м лаьтта,- элира цо ша шега.- Суна улло хІоьттина вогІург паччахьан эпсар а ма ву». Покровскийга бІаьрг туьйхира цо. Динахь чІогІа товш вара иза. ХІорш новкъа бовлале Бекмарзица къамел тасаделира кхуьнан.

- Эпсарна цхьа деза совгІат дича бакъахьа ма дара, хІун елча дика хир ца хаьа хьуна? - дагавуьйлура важа.- Ши куьг а ластийна дІавохуьтийла ма дац иза...

Хьатус дин хьаржира. БІаьрг хиллал куц долуш, ког бай, бос хаза бара и. Хаьара, Бекмарзина иза чІогІа хьоме буйла. ДІаяханчу бІаьста дукха яккхий харжаш еш, Пебартара балийнера

Бекмарзас и дин. Ерриге а юрт еара цуьнга хьажа... Совдегар хIуъу а зен хуьлуьйтур долуш вара цунах ца вала. Амма иштта меттиг еача, гIуллакх къийлалучохь дацара. Иза реза хилира эпсарна совгIатна дин бала. Попа хIорш дIакхаьчча, эпсар динара а воьссина, кхарна баркаллаш баха хIуттур ву. Схьакховдор ю дуьрста. Эццахь Бекмарзас, талмажалла деш Хьату а волуш, Олхазар теш а хIоттош, дIахоуьйтур ду, и дин долара баьккхина, везачу оьрсийн хьешана совгIатна дIалуш хилар...

Говрийн тата геннара хезира Сирачунна. ХIинца а дикка меттаянза яра борз. Амма уггар кхерамениг дIадаьллера. Когашна тIе хIотталора. БIагор а ца хьийзара. Селхана тIаьхьа а едда, лу лаца ницкъ кхечира цуьнан. Бакъду, цомгуш хиллачух тера дара лу. Я мацалла гIелделлехь а. Мухха делахь а, Сирачунна пхьор хилира. КIорнешна а кхечира ижу. Нана уллохь йоцуш, хьалхарчу буса чIогIа цIийзира уьш. Чов йинчу Сирачун дог ца догIура оцу гIийлачу узмашка ладегIа. Цунна шена а дара АстагIчух яьлла йиса Iаламат хала. Делахь а, цIетухург карахь йолчу стага шен кхиэл йира... Амма Сирачо юьтур яц цунна берзан чIир, юьтур яц. Цкъа тоялийта со... Меттаяийта. ТIаккха гур вайна!

Тахана а чов лазаюьйллушехь, ижуна араяьллера Сираниг. Кегий кIорнеш кхабар, царна Iуналла дар кхунна шенна дисинера. Сатоссуш гIеттина, чевнна тIе мотт а хьаькхна, йийшина Iохккучохь кIорнеш а йитина, хьуьн чу юьйлира иза. Лар толлуш лийлира ехха. ТIаьххьара а аьтто белира. ГIора а йина, дитта кIелахь Iуьллучу акхачу котамна тIеIоттаелира. Сираниг чIогIа меца яра. Шен ира цергаш тесира цо ша бинчу дегIах. ГIорийна жижиг мерза дацара. Амма меца лелачул гIолехь дара и санна пхьор нисдалар а. Адамца цхьанийсса мостагI ву барзана мацалла. Цундела стенцца буьзна а, кийра бузар боккха аьтто бу Iаьнан хьуьнхахь.

Котамца сиха ларийра Сираниг. ХIинца кIезийн гIайгIа йойла а дара. Нагахь санна экха кара ца дагIахь, селхана кхуо лу дийначохь йисина даьIаххаш лахьо а мегар ду. Мелла диснехь а, жижиг дисна царна тIехь. Бакъду, чагIалкх я цхьогал тIенисделлехь, кIезий дузоре догдохийла а яц. Иштта меттиг ягIахь а аьлла, кхуо чIогIа дIа-м лачкъийна даьIаххаш. Делахь а, хьанна хаьа, мацалло бIарзвича, хIуъу а до-кх...

ЦIеххьана говран бергийн тата кхечира цуьнан лере. Бохам хиллачул тIаьхьа дуьххьара хааелира Сирачунна хIаваэхь адамийн хьожа. БIаьргаш чу цIий доьссира. Бекхаман ойла хьаьвзира коьрте. Дог сиха деттадала доладелира.

Некъ хадош дехьа а иккхина, коьллаш луьста йолчу яьлла, дIатебира Сираниг. Кхузахула довла дезаш дара адамаш. Уьш геннара тосаделира барзана. Герга кхача боьлча, Сирачунна къаьстира церан яххьаш. ОьгIазлонан тулгIе гIеттира кийрахь. Кхуьнан уггар луьра ши мостагI вара новкъа вогIуш верг. Кхиберш Сирачунна ган а ца гора. Берриге а тидам цу шинна тIехь бара: кхуьнан езар АстагIниг йийначунний, кхунна шена чов йиначунний. Шек а вацара и шиъ. Накъосташца къамелаш а деш, майра схьабогIура хьуьнан новкъахула. Сирачунна хаьара кхузахь хьеялар шена кхераме дуйла. Адамашна ца тосалахь а, говрашна хьожа кхетаза юьсур яцара. ТIаккха гIуллакх церан дайшка дала а тарлора. Амма лаьхьана хьалха меттах ца ялалуш юьсу пхьид санна, шен мостагIашна тIера бIаьрг ца баккхалуш, тебна Iара Сираниг.

Говраш барзаца цхьана нисъелира. Сираниг йолчу агIорхьа йогIург къахка а къаьхкина, хьалхахьа дIахьаьдира. Важа говраш а, лергаш а ирдина, синтеме йоцуш хьаьвзира.

Савелийс, дуьрста юха а оьзна, сацийра дIаиккхина говр. Накъостий тIаьхьаккхиира цунна. Массеран а куьйгаш герзашна тIеккхевдира.

- Говрашна борз тосаелла,- элира Олхазара, лерина гонах а хьожуш.

- Дийнахь стагна дуьхьал яла-м яьхьар яцара, Дала хIудайарг! -накъостий тебира Хьатус.

Кхераман IиндагI дижира Покровскийн юьхьа тIе. Ишта а вон наб йина а, хиллачун йийсарера валаза а волу хIара, мархаш яьхкина де санна, кхоьлира берзалойх дерг хьахаделча. Амма иза дика кхетара хIинца шена оцу стешхачу акхарошкара кхерам цахиларх. Герзаш а долуш, говрашкахь волу пхи бере боккха ницкъ бу, дийна берзалойн арданг дуьхьал ялахь а.

Кестта говраш тийра. ХIинца церан болар цхьаьнаэшшара а, дай а дара.

Адамаш гена довлуш лаьттара. Сираниг, хьалха санна, царна тIаьхьа хьоьжуш Iара. Цабезамо дIа ца хоьцура ойла. ЧIирхой бевли цунах! Бекхам база биси. Кхуьнан дикане сатуьйсуш, хIара цIа яре хьоьжуш долу меца кIезий дацахьара, цхьа а шеко йоцуш адамашна тIе а летта, кIеж туьйсуьйтур яра Сирачо. Ша а лийр яра церан карах, амма цкъа дог Iабор дара!.. Амма и дойла яцара. Мел хала делахь а, са тоха дезара. Аьтто баллалц. Цкъачунна ирс адамашкахьа дирзинера. Къайлабовлучу берех тIаьххьара бIаьрг а тоьхна, коьллашна тIехьара схьа а яьлла, цхьана экханан лорах дIаяхара Сираниг. Цуьнга хьоьжуш меца кIезий дара.

ТIекхечира Iаьнан уггар шийла наджигонцохойн бутт. Халонашца цхьаьна ламанхойн дахаре хазахетар а дохьура оцу батто. Керла шо оцу баттахь даздора нохчаша.

Цхьа кIира хьалха кечам бан йолаелира Зайнап. Дезачу денна мерза даарш кечдан лерина, берех дIалачкъийна шурула кIайн дама чохь долуш тIоьрмиг бара дIабиллина. Цунах Зайнапа далла йийр ю. Керла шо тIеккхочуш хIоразза а шен жималла дагайогIу цунна. Кхеран нанас йора иштта далла. Iаламат хаза хуьлура и: малх санна горга, зIаьнарех тера шена тIера дIасауьдуш сизаш а долуш.

Цкъа жимчу йоIа хьаттира шен нене, цу кепара хIунда йо далла, аьлла. «Иза-м маьлхан сурт дай», - кхетийра цо Зайнап. ХIетахь дуьйна цхьана къаьсттина болчу хьагамца лардора цо керла шо тIедар. Хаьара, шен берашна, Кхоккхиний, Элбердний, и иштта хьоме дуйла.

Далла йина а яьлла, доьзалхойх цхьанна лерина долу бепиг дан хIоьттира Зайнап. «Хьенан цIарах дича бакъахьа дара техьа и?» - ойлане елира иза. Арахь ловзуш долчу берийн тидам бира цо. Элберд кхиъна вогIуш кIант ву. УьтталгIа шо бен дацахь а, дегI даьккхина. ЧIогIа дех тера а ву. Маржа яI, схьавелахьара, ма хаза а хетар дара иштта шен доьзалхо кхуьуш. Ун деанчу шарахь кхелхира иза. ХIетахь Элбердан пхи шо а ца кхаьчнера.. Кхокха ю йоккха миска. Иза еш да дуьненчохь а вацара. Йичхьана дуьйна а гIийла бер дара йоI. Цо ца токхуш цамгар йиса а ца йиснера. Нанна цунах къахетара. Кхоккхина лерина бепиг дан сацийра Зайнапа. Бод хьийна а яьлла, цу юккъе хIун юьллур яра техьа ша бохуш, ойланашка елира иза. Юккъе яхка нахарташ цIен тIехь яцара. Дагадеара, ша гуьйранна цхьа кана хиллал кIен буьртигаш кхаби чу даххар. Сиха карийра кхаба. Кераюккъе охьадоьхкира аьхкенан маьлхан бос эцна долу буьртигаш. Царех иттех схьа а къастийна, уьш бадана юккъе дехкира. ХIинца бепиг деттичхьана йолура иза. Кхана цо и берашна хьалха дуьллур ду. Нагахь санна кIен буьртигаш долу дакъа Кхоккхина кхачахь, иза ирс долуш хирг хиларан билгало лара догIу и. Веза Дела, кхачийталахь и цуьнга!

Гуттар а санна, керлачу шеран Iуьйранна а хьалхе гIеттира Зайнап. Самадехира бераш а. Йолчарех царна тIе цIена бедар а юьйхина, текхан гонаха охьаховшийра. Хьалха биллира кхача. Даллана а, бепигна а тIера бIаьрг дIа ца боккхуш хьуьйсура Кхоккхий, Элберддий. Амма кегий белахь а, царна хаьара собар дан дезийла. ХIорш керлачу шарца декъалбан ван везаш ву беркате стаг. Цуьнца боькъур бу кхара шаьш сел лерина кечбина кхача. ТIаккха дийнна шарахь цIен тIехь токхо лаьттар ю. Теза къурдаш а деш, Iара бераш. Ненан дог лозура царех. Делахь а, дайн I адат дохадойла яцара. Вуьшта, кегийнаш ловза арабовлийта-м мегар дера дара. Кхера ца кхерахьара. Хьанна хаьа керлачу шеран Iуьйранна беркате воцчу стагах бIаьрг кхетий а, тIаккха дийнна шарахь цатамаш хир бу. Цундела сатоха деза...

Арахь гIовгIа елира. Чуьрачеран чIогIа сакъераделира. Хьен ца луш, чоьхьа велира ЦIагари. Иза велавелла-векхавелла вара. Хьалха хIусамненехьа вирзира беркате стаг.

- Керлачу шарца Дала декъал йойла хIокху кертара хIусамнана! - элира цо. - Ирс-беркат ма эшадойла цIен тIехь! Ялта хьийкъина кхуьийла, даьхни дебийла, берийн вон ма гойла!

- Дела реза хуьлда хьуна а, беркате стаг! — жоп делира Зайнапа.

ЦIагари Элберде вистхилира: «Унах цIена, могуш-маьрша кхуьийла хьо. Вон цIе яккхийтина, ден сий ца дожош, нехая бага вахана, ненан дог ца Iовжош, йоккхийла ахь кху дуьнен тIехь йоккху хан!»

ТIекхечира Кхоккхин рагI. Йоккха зуда санна, тидаме хилла, лерина ладоьгIуш Iара иза беркатечу стага кхечаьрга олучуьнга. ХIинца иза ша йолчухьа схьавирзича, доккхадеш тохаделира кийрахь дог. ЙоI тешна яра, беркатечу стага мел олуш долу дика кхочушхирг хиларх.

- Маьлх-Аьзни санна, бос хаза а, башламан ло санна, дог цIена а кхуьийла хьо, - бохура хьешо. - Йоцчара елара а бохур долуш, йолчеран баккхийбер а ца кхачалуш ехийла хьо!

Оцу дешнащца хьешо стоьл тIе диллира совгIатна деана дакъийна жижиг. ТIаккха кхерча тIе а вахана, аьшкалца цIе кегийра: «Цкъа а дIа ма йойла хIокху кхерчара цIе!»

Каде гонах хьийзаш Зайнап а йолуш, кхачанах кхета охьахевшира уьш. Хьешо бепиг доькъуш, дийриг саца а дина, лерина цунна тIейогIаелла лаьттара хIусамнана. «Хьанна кхочу техьа беркате дакъа? »

Элберда ловза ца деш, логал тIехтилийтира шена хьалха диллина дакъа. ЦIагари а Iара шениг дууш. Цхьа Кхокха яра, тIекховда ца яьхьаш санна, шен декъах куьг ца тухуш Iаш. Нанас йишмаI аш йира: «ДIакхалла». ЙоIа, лерина схьа а эцна, дегаза церг тухуш Iуьйшура бепиг. Массо а цуьнга хьоьжуш вара. ЦIеххьана хIума юучуьра сецира иза, елаелира, нене дIакховдийра буйнара бепиг. Ирсе дакъа Кхоккхина кхаьчнера. Чуьранаш сакъераделла хьаьвзира. Амма массарел а йоккхаера ша Кхоккхий, иана Зайнаппий. ХIоьттина лаьттина иза а охьалахъелира хIинца кхачанах кхета.

Веркате стаг ваха везаш меттигаш кхин а яра. Цундела ЗайнапагIаьргахь хье ца велира иза. Сакъераделла доьзалан Iодика

а йина, дIавахара ЦIагари.

Бикату тоххарехь нускалара яьллера. Дешдуьтуш а доцуш, махьарла бахана жим санна Iара иза. ЦI ен тIехь оьшург деш гIарбаш ю. ТIедохьуш лелаш майра а ву, тIедеънарг тIекIелдуьллуш хIара а ю-кх. Хьалхарчу зудчо вина ши кIант, дехьа юккъехь, шаьшшинна а ваьлла Iа. Лазаро лаьцна эмгар чохь яцахьара: «Дала дIа а ца ийци иза-м, къила ма лорийла». Кхия новкъа-нацкъара хI умма а дац.

Майрачун цIе йоккхуш цахиларна, чохь шаьшшиъ долуш «СтаргIа» олий, йистхуьлура цуьнга Бикату. Вуккунна вуно чIогIа хаза а хетара, шега иштта кхайккхича. Бакъду, шовзткъе итт шаре лестина БатIал керла нускал далийначул тIаьхьа цхьана юкъана ша дикка къонвелча санна хеташ хиллехь а

, Ӏа доьлчахьана дегӀана реза воцуш вара. Цкъа ан кхетий, хьала а ца гӀатталуш, охьа а ца хаалуш, вуьсура, юха, жӀаьлин ун кхетий, вужура. ХӀара тӀаьххьара кӀира ара ца волуш токхуш а вара иза.

Майрачун и хийцам дуьххьара Бикатуна тосабелира. Буьйсанна кхуьнца забар ян а дог ца догӀура вукхуьнан. Иштта дӀаелира бутт гергга хан. Къоначу зудчунна набарх дуьхьал хӀуьттура хьалхалера майра. Дала дӀаэцарг, хӀоразза а верзина а хуьлура иза! И муха туьдур ду ца хууш, холчахь яра Бикату. Хьалхалераниг гӀенах дуьхьал мел туьйсу, шолгӀачух чам болуш лаьттара цуьнан. «Дала суна къийбина хилла-кх хӀара божарий, - оьгӀазъяхарца ойланаш йора цо. - Цхьаъ бугӀа санна онда вара, цхьамма тай а дихкина хьера ца ваьллехьара. Важа тай дехка а ца оьшуш, вехкавелла ву суна долчунна. Ас хӀун до хӀокху наьрсан гуьжалгах, ша берамала ца йоллахь?»

Юьхьанца Бикатуна товра шен майрачун тӀедаьлла ге а, бӀоржамаш санна долу мекхаш а. ХӀинца кхечу бӀаьргашца хьоьжура иза цуьнга. («Пхорачу зудчун санна ген тӀуьнтӀалг, ворхӀ жӀаьлина баъал корта».) Цхьа хазахетар дар-кх Бикатун дахарехь: Бахам. Яа мерзаниг а, тӀеюха езаниг а.

Сийсара майрачух дог-йовха хиллера Бикату. Керлачу шеран буса бехха юуш-молуш Ӏийра кхаьргахь хьеший. БатӀал а вара чӀогӀа самукъадаьлла. Цкъа-шозза кӀелдӀахула ша тергалъеш тосавелира иза хӀусамнанна. Довха цӀий хьаьдира коьрте... Хьеший дӀабахаре сатесна яра Бикату. Амма Даркешан забарш хедар йолуш-м яцара.

Шен сирделла мекх кура ирх а хьовзош, мохсам чохь долу кад айбира Даркеша. Чуьрачеран гӀовгӀа дӀатийра.

- Юьртахой, - дӀадолийра цо, - вай гулделла шира шой, керла шой къаьстачу буса. Вон мел дерг шеца дӀахьойла дӀадоьдучу шеро, дика мел дерг шеца тӀедохьийла тӀедогӀучу шеро. Беркат ма эшадойла вайн хӀусамашкахь... - Воккхастаг луьйчуьра сецира. ТӀаккха велаозийра. - Вай долчохь Хьажа-Ӏели, Хьатуй а вац. ХӀокху кӀарула Ӏаьржачу буса вай лелориг стиглахь Ӏачунна а хуур дац. Цундела и дерриге а тидаме а лаций, кад бахийтий вай?!

Хьеший бийлабелира. Цхьабосса дӀамелира кедаш.

- Деллахь, Даркеш, оцу вайн дешначу наха дуьйцург бакъ хилахь, ма ялсмане даха дог дац-кх кху чуьрачеран, - къамеле велира Уки.

- Сан десара, и хуьлуьйтийла-м яц, - Ӏаччохь тохавелира маларо майраваьккхина БатӀал.

- Са ма гатдейша, гиххойн кура кӀентий, - шек а воцуш бохура Даркеша, - паргӀат хила мегар ду шуна. Вай санна дерш а оцу ялсмани чу буьтуш бацахь, валлахӀ-Ӏазмора, еса-м иза а хир ма ю хьуна.

- Царна вайл тоьлашха берш карор-м бац, дуй-деци хьуна! -чуьравуьйлура хӀусамда. - И хӀун къамел ду дан а!..

- Ӏеса хабарш дитийша, - хьекъал дала вуьйлира Бекмарза. -Хьатус цхьа а вон хӀума ца боху-кх вайга. Цуьнга ладоьгӀнарг муьлхха а нийсачу новкъара а вер вац-кх.

- Хьату-м мегар волуш стаг ма вара, - тӀетайра цунна Даркеш, - оцу гӀазакхашца дукха тӀекаре вацахьара. Уьш шайний, вай ваьшний хила дезара.

Жижиган тӀус йиъна а ваьлла, хьена куьйгаш ехачу Ӏаьржачу можах а хьаькхна, къамелана юкъавеара Уки.

- Дайн Ӏададаташ лардан деза, - элира цо. - Маьрша вогӀург машарца а, тӀамца вогӀург тӀамца тӀе а оьцуш...

- Вайга цара бохуш хӀума-м дац, - ша ца хазарна кхоьруш санна, мохь тухуш бохура БатӀала. - Уьш шайний, вай ваьшний муха Ӏа, ва Бекмарза, церан гӀап Соьлжа тӀехь лаьтташ хилча? Вайн мера кӀеллахь... Лулахой хоржуш бац. Суна диккий бен, зен ца даьлла-кх царех, дуй-деца хьуна.

- Дуьйцуш хаза дуьйцу захало, - кхоьссира Даркеша. -Ялийна яьлча, кхечу кепара хуьлу... Шайн цӀахь Ӏийна белар-кх уьш.

И дешнаш шегахьа кхетийра хьешашна хьалхара дассаделла шун схьаоьцуш йоллучу хӀусамнанас. «Дера со сагӀа дӀадала еана йолуш санна ма ца догу БатӀалан бӀаьргаш, - ойланаш йора Бикатус. - Къанделла кӀож, суна ца кхаьчна, кхин хьанна кхочур дара? - Бакъду, майрачун бӀаьргашна чохь цхьана юкъана суйнаш-м хааделира кхунна. - ЧӀогӀа бахбели хӀорш а, соьгахь долу хьал ца гуш, хӀуьттаренна санна».

Буьйса юкъал тӀехъяьллачу хенахь дӀасабахара хьеший. ПхьегӀаш дӀа а яьхна, кхачанах бухайиснарг цхьана боги чу а ерзийна, араелира иза. ЦӀенна гонах дӀасакхиссира уьш. Керлачу шеран буса са долу хӀумнаш а ма хуьлу ючуьнга сатесна. И дича, цӀентӀера беркат деба олуш хезна Бикатуна ша жима йолуш дуьйна.

Шийлачу арара чу яьлча, дегӀехь кӀадъялар хааделира цунна. Амма цуьнца цхьаьна кхин цхьа хӀ ума ца тоьуш санна а хийтира Бикатуна. ДегӀ ийзадора... Довха цӀий хьаьдира юха а Ӏсоьрте.

Къуьда сиха дIа а байина, цу чу яхара иза. Тешна яра, важа шега хьоьжуш хиларх.

- СтаргIа, со хIинцца дIайогIу хьуна, - хьастаелира иза. -ДIахилал цхьацуьрг. Ахь хьайна йогI у меттиг дIалаьцчхьана, хIара паднар вайшинна тоьур ю-кх хьуна...

Юхxе дIайижира Бикату. ЦIубдар санна, тIехьаьрчира. БатIал мурйоьллачу гуьйригал башха меттах а ца велира. Кхуо иза аркъал верзийча, чохь цуьнан «хур» даьржира.

- Вистина вала хьо, хIан, вала! - халахетаран къурдаш дора жимчу зудчо. - Йоккха топ тоьхча а хезар доцуш дIа ма вижна хIара-м... Дош дан а дацара, хьо хьуо Iуьллучохь а витина...

ХIаъ, билггала цу буса, набаро боьршачу стеган доьналлах ваькххина Iуьллучу къеначу майрачунна уллохь кхоллаелира цуьнан и ойла: «Сайна везар лаха ма веза ас».

Хан яьлча йижнехь а, са ма тессина хьалагIеттира дегI доьхна йолу Бикату. Керлачу шеран хьалхара де дара. Беркате Стаг вара ван везаш. Цунна шун хIотто дезара. Иза-м гIарбаша дийр ма дара, кхуьнга хьежош а ца латтош. Делахь а, хIусамнана ма ю хьешана дуьхьал яла езарг. Ца ялахь, юьртахь йийцина чекх а йокххур ю. Дика, хьаха, ду, даарш кечдеш ялла ца дезаш. Куьзгана тIе а яхана, ша куьце яло хIоьттира иза. Хьалха кхуо лелий на хIумнаш дацара уьш. Кху тIаьхьарчу хенахь марзделлера-кх... БатIала, ша цхьанхьа мах бан вахана вухавогIуш, гуттар а совгIаташ дахьара хIусамнанна. Юьхьанца-м кхунна царех хIун дан деза а ца хаьара. Амма зударийн хьекъал сиха кхуьу ишттачу хIуманах. ЧIагарш еш мас хьовзор а, басар хьаккхар а карадирзира Бикатуна кестта. Амма цул йоккха къайле а ю кхуьнан. Цкъа ГIизларера, шовда санна хьаьъна а долуш, шишана чохь цхьа мемса-молха олуш долу хи деанера хIусамдас. Хорша еача мала. Цхьана дийнахь дагар деана, ша мича эккхар ю ца хууш, хьаьвзира иаа. Дагадеара мемса-молха. ТIус а баькххина, къурд бира. Бага ягийра. СхьаIеттоза елира. Амма лазар ловчул хIуъу а дан реза яра Бикату. Цундела хьожа ца яийта, мара дIа а къевлина, легаш дагошехь, масех къурд бира. Жимма хан яьлча, дегI, пиллаг санна, дайделира. Мерза ойла яьржира коьртехь. Елаяла дог догIура. Иштта сакъераделла цкъа а ца хиллера Бикату. ХIетахь дуьйна, БатIал цхьанхьа дIаса мосазза волу, шена и мемса-молха дар тIедуьллура цо. Вукхо и кхочуш а дора. ХI инца хорша яллалц бохуш а ца Iара хIусамнана. Дог таьIна меттиг ма-еъанехь, дIадиллинчуьра шиша схьаоьцура. Мохсам мелча, божарий а хуьлура оццу хьолехь. Цундела иза шек-м яра-кхи мемса-молханах. Делахь а нахе дуьйцу хIума дацара и.

ХIусамда Iуьйранна ша самаваькккхира Бикатус. Ца ваькккхинехь, делкъахан хиллалц меттара хьала а гIоттур вацара. Реза вацарна узарш а деш, халла тIе бедар юьйхира. Корта лозура. Цу тIе, I аббалц наб а ца яйти.

- ХIей, хезий хьуна, мичхьа ю сан мачаш?

- Ахь охьаехккинчохь хир ю-кх.

- Сан десара, хьо шаръелла-м йогIу...

- Ахь соьга хIун де боху, ва стаг?

- Хьайн цIумар дIасацае боху-кх.

- Ас и дIасацийча, хьуна мачаш карор юй?

- Важа ешап стенга дахна?

- Мича гIур яра иза, цунна хIума яош хир ю-кх.

- Цуьнга-м хьо хьажа а мегар дара. Мел хиларна кхоьруш яцахь.

- Кхин дан хIума доцуш ю хьуна со.

- ХIан, дитал и. Сийсара хьеший а болуш, совнаха хабарш-м ца дийцира ас? Сан десара, даI ма ду и Даркеш... Къийзориг санна...

- ТIехваьлла хIума ца элира.

- ТIорказ тIехьа хIунда кхийсина хIорш?...

Схьа а эцна, майрачунна хьалха хIиттийра Бикатус неIар-мачаш.

- Цига дIайийша яхана хила а мегий уьш-м. Кхахь, кхахь, -аьлла велавелира БатIал.

- Стенга ваха воллу техьа са а хилале?

- Хьату керлачу шарца декъал ца вича вер вац. Наха лоруш стаг ву иза.

- ХIума кхоллий ахь?

ХIума кхоллу хьошалгIа воьдуш?

- Меца волчо-м кхоллу, — ца къарлора важа.

- Вай цкъа а ца хилла меца, дуй-деца хьуна, — куралла йира БатIала. Цунах а тоам ца беш, ге т Iе куьг хьаькхира, аьлларг чIагIдан санна.

«Иза-м дара хьан, кхин хIума а елахьара, — шен дагахь мпйрачух кхаьрдара Бикату. — Божарийн дозалла ге яц...»

«ХIара стенна карзахъяьлла, яла? - ойла йора БатIала, неIар-мача тIе а ийзош. - Вир санна, телхаш лаьтта. Десачу хьаьвди тIехь а лаьттина, схьаеанчу хенахь иштта яцара. Мотт Iемина бог Iу зуьдан кIезанна. Гой хьуна, туьра-дитт хилла цуьнан дуьхIал ялар, ас цхьаъ дIааьлча, итт юха а олуш. Бехк-м сан сайн бу-кхи. Качйина. Диннарг могуьйту. Сан десара, иллешкахь вийцина Адин Сурхо со а хир вац, Анзора Зазу-м Бикату а ма яц хьуна. Яц те. Цхьа лол ца тохахь, вер ву моьттуш вац со. ХIара-м гуттар эвхьаза йолуш лаьтта, дуй-деца хьуна».

Майрачунна тIаьхьа араелира Бикату. Бамба санна, Iуьллуш ло дара. Шийла аьлла шийла а яцара. Iуьйре елахь а, эвла юккъе гуллуш нах бара. Берриш а божарий. Зударшка и деза де кхана кхочур ду. Дикка хан яьлла хIара ден цIа яхаза. Цига ца кхетахь а ер яц. Хьалха хилла лулахой ган а сагатделла. Къаьсттина Таймасха. БIаьста бай тIехь гIотту цIен зезаг санна, кхиина йогIуш ю иза. Дависа хьан, къоналла делаI, ма еха ца лаьтта-кх. Бикату а яра и санна цхьана хенахь. ХI инца санна даа а, тIедуха а дацара. Амма хаза мур бар-кх. ХIуъу а даларх, дIалур боцуш.

- ХIусамнана, хьаша чу ца ваийта-м ца хIоьттина хьо цу неIаре? - цхьаьннан аз дийки, хIара ойланех а йоккхуш. «Дела ваа хьо, хьуо везачара, хIан, ваа! Мичара вели, вала?..»

- Дера ца лаьтта, — ца юьйхира Бикату. — Хьаша чохь тIеэцар башха гIиллакхе а ца хеташ, цунна дуьхьал еана лаьтта-кх.

- ХIай, хIай, хIусамнана, иштта алал ахь, - велакъежира ЦIагари.

- Схьа чоьхьа вала, беркате стаг.

- Беркат ма эшаде кху цIен тIехь, хIан, ма эшаде!

- Охьахаал, вай хIинца вузор-м, хьаха, ву.

- ГIоза юийла! ХIума юуш Iийр вац со.

- Дера, сан кхачанах а ца кхеташ, ара-м вер ма вац хьуна хьо, - чIагIьелира Бикату.

Кхузахь доцуш даарш дан а дацара: жижиг, далланаш, хьоккхамаш, гIаймакхаш, маларш, ниха, мохсам. ЗайнапагIара хIоттийначу шуьнах къаьсташ дара БатIалгIара хIоттийнарг. Делахь а, ЦI агари вуьзна вара йисина Iачу зудчо цIенчу даггара кечбинчу кхачанах.

- Ахь иштта бохуш хилча, хIара хи чу боьллина хьаьмц кхоллур бу ас, чIогIа безаш ву со хIорш, - аьлла, тIе а кхевдина, хьаьмцийн чам баккха вуьйлира иза. - Моз санна бу-кх. Хьан куьг кхетта хIума кхечу тайпана хуьлийла а дера дацара.

- И-м суна там бан бохуш дара хьан, — эхь хетта кеп хIоттийра хIусамнанас.

- Бакъдерг бен со олуш-м вац, - тешийра цо Бикату. -ХIан, йиънарг Дала сагIа йойла, дIаваха воллу со, - хьалагIеттира хьаша. - Бахам дебийла шун! Воних ма гойла керлачу шарахь!

- Дела реза хуьлда хьуна а! Кхин жимма Iийна велара хьо!

- ДIагIур ву со.

НеIсагIехьа а ваьлла, цIеххьана вухавирзира хьаша. Лерина хIусамненах бIаьрг туьйхира:

- Ун ма кхета хьан дегIах, хIан, ма кхета!

Сихха аравелира. Когаш лахийча санна йисира Бикату. «И хIун дара-а? Дерриге а дегIе зуз хьаьди-кх сан. Лаа-м дарий хьовха. Ватта, сан дела, там бара, цуьнан соьга безам бахана хила! ХIан-хIа, иза кIантстаг ву, къона, ирча вац... Тарделла хир ду суна. Вуьшта, цхьа тамашийна-м хьаьжира иза соьга. Хьаьжира те. ДIаккхалла санна-м... ТIаьхьа а ца ели-кх со цунна. ХIума дага-м ца догIур техьа?.. И муха элира цо? «Ун ма кхета хьан дегIах»... ХIан-хIа, тIаккха тI етуьйхира: «ХIан, ма кхета...» Догхаийтар санна хIума ма ду иза-м. Елла яла со делаI, и хIун ойланаш ю ас йийраш, ян! Цхьа хIума дIатосалахь, СтаргIано юьйр дера яра со, бIаьрганегIар ца тухуш. Иблис ду суна и боьха хьехамаш бийриг... Дала ларйойла...»

Сов цIа чу еара гIарбаш. Букъ сеттина, багахь цхьа а церг а йоцуш, малхехь якъийча санна, оза йоккха стаг яра иза. Цунна шена а ца хаьара ша мичара-мила ю. Бер долуш обаргаш олучу цхьана къизчу наха цIера ядийнера. Цхьана йоккхачу базарахь йоьхкира. Дала седа дуьхьал войла иза эцнарг! ХIинца а и хан дагалаьцча, хорша йогIу йоккхачу стагна. Ма бала лайра. Цомгашчу зудчуьнца ша Iаш вара хIара эцна воккха стаг. ЦIен тIехь мел дерг кхо дан дезаш дара. Цуьнца-

м хIара ларайора. Цомгашчуьнга а хьожура. Буьйсанаш тIейогIуш ца хиллехьара...

Буьйса тIе ма-еъанехь, мичча а хIара дIалачкъарх, схьа а карайой, ша волчу дIатакххайора воккхачу стага. Гуттар далхош дерг цхьаъ хуьлура: «Со-м хьан дуьхьа воллий, Iовдал».

...Дукха хье ца делира и шиъ. ХIара ша йисира. Амма белларш дIаберзийна а ялале, хIусамден верас велира. Кхечу юьртара дешича. Цхьа хан дIаяьллла стаг вара иза а. Маж а йолуш боьрша стаг гича, Iетто дог оьхучу яьллера йоI. Цундела хи тIе йоьду а аьлла, едда оцу юьртара яйра иза. Ца кхочуш меттиг ца йисира. Амма декъала цхьанхьа а ца хилира. ГIизлaverарчу базарахь БатI ал тIеIоттавелира цунна. Цо къа а хетта, ша волчу цIа ялийра иза. Ткъе итт шарера яьлла гI арбаш йоккхачу стеган куьце яхнера. Цо кIелхьарааьkkхина хила а тарлора иза БатIалан камIарех . Важадерг хьалха а ма-хиллара дара: цомгушчун Iуналла дар, цIен тIехь а, арахь а яцар.

- Делин доьхьи, ма миска ду БатIалайн и доккхах доли зуд, -бохура гIарбаша. - Бапиг а ца дуу. Дала доллу хьона из.

- Цунна-м хIума хир дацара, - ша ечу ойланех елира Бикату. - Лен тайпа дац. Бежнашна хьалха йол тесний ахь?

- Таснай, Делара. Хи тIе а ма яханай.

- УьйтIара ло дIа хIунда ца хьокху?

- Дала охьадаитай беркат ма дай из.

«Беркат делахьара-м, сан керта а ца догIуш, къона марой болчеран керта деана хьаха хир дара иза», — олура цо мIаьрагонехь. Хозуьйтуш элира:

- Хьайга бохург дичхьана йолу хьо.

- Ай, со-м доьхьала ма яций, - араяла тохаелира гIарбаш. Доллучу дуьненна оьгIазъоьхура Бикату. Цунна товш хIума

дан а дацара кху тIаьхьарчу хенахь. Наб а яйнера. «Ун ма кхета хьан дегIах». Муха тида деза и дешнаш? Юкъ тIера дIаяьkkхич«, кIелахь алу гIуьтту кIегий догуш санна хьал дара кхуьнан кийрахь. Чохь кхин Iа а ца елла, уьйтIа елира иза.

Кегий нах лайн гIап юттуш боккура. Царна юкъахь цунна невзира Олхазар. «Дависа, цунна цхьа барт баккха йоцу йиш. Ткъа цунна улло хьийзарг? И дера ву ЦIагари... Ша везачо ваарг». Везачо виъча-м, кхунна а кхача мегара цунах дакъа. Олхазар санна куц долуш вацахь а, БатIаршал гI олехь-м ву... БатIарш! И цIе хIинцца тилли-кх цо шен майрачунна. СтаргIа-м мичахь яра иза, БатIарш ву-кх, ша ма-варра... Елаяла балда озийра цуьнан. Цхьанхьа ген тIингар юзош воллуш хир ву, хьераваьлча санна... Сийна цIе йолийла-кх хIокху дуьненах, хьо къанвеллера аьлла, ас сайн жималла-м ца йойу елахь!

Наджигонцхойн ловзаршна кечам беш бара гиххой. Юьртан мпйда дIалаьцнера кегийчу наха. Лайн гI ап еш боккура уьш. Дукха хьалха дуьйна дIа вайнахана юккъехь кхолладелла гIиллакх дара иза. Лайн гIап шатайпана набахти яра, шена чохь малх лачкъийна йолу. Йина ма-еллинехь, цунна го а бой, дIахIуьттура кегий нах. Лайн мижаргаш а дой, уьш детташ, гIап йохайора. Цу кеппара малх Iаьнан цIийнан йийсарера паргIат-бокккура.

ГIопах боккха лайн барз бен ца бисира. Олхазара хьалха дуьйна кеч а йина, юьстах охьайиллина йолу ножан гуьйриг юьйгIира цу борза тIе. Дитта тIехь масех га дитинера. Царна тIе оьхкинера бIараш, Iежаш, чIургаш, ялтин кенаш. Гоьрга тIе чиркхаш тосуш воллура ЦIагари.

Ловзар дIадоладалале хьалха чиркхаш латийра. Юьртахошна юккъера хьалха велира Даркеш. Массо а дIатийра. ХIинца иза гиххойн цIарах ГIура-Нанига дехар дан хIуттур ву.

- ГIура-Нана, - дIадолийра цо, - юха а хьан дикане сатесна, дехар дан дохку тхо хьоьга. Вочух ларделахь тхо. ОьгIазгIой, хьайн диканах ма дахалахь. Ялта хьийкъина кхиийталахь тхан кхаш т Iехь. Шен ненахь догIа доуьйтуш, шен ненахь малх кхоьтуьйтуш. Тхан даьхни Iахара ма диталахь. Дебийталахь хIусамашкахь беркат. Мехкарий хаза, кIентий оьзда кхиийталахь тхан.

- ГIура-Дада, хIинца хьоьга дехар а ду тхан. Дикачун декъах ма дахалахь тхо. Вочух ларделахь. Хьан сийнна йоккха цIе латайо оха хIокху майданахь. Маьлхан ницкъ алсамбаккха. БIаьста цуьнан серло дуьненчу яржийта.

Суьйренан бода тIебазбелла майда серлайоккхуш, цIе летира юьртан майданахь. ДIадоладелира хелхарш дар. Сакъера араяьллера дийнна юрт. Схьахетарехь, цхьа Хьажа-Iела бен вацара оцу дезачу дийнан ловзаргахь дакъа ца лоцуш. Ур-атталла, Хьату а веанера кхуза.

ГIийла богучу къуьданан серлонехь халла бен ца къаьстара Хьажа-Iелин юьхьан аматаш. ОьгI азваханера иза. Цунна шера хезара сакъоьруш болчеран гIовгIа. Пондаран аз. Вотанан тата.

- Мунепакъаш, - бохура цо ша шега, - стенах дакkхийде шу? ХIара дуьне-м гIан дай. Самадовлар ма ирча хир ду моьтту шуна. Iехаделла адам, Iехаделла.

Дагадаьхкира шен бераллин шераш. ХIетахь хIара а хуьлура ишттa керла шо даздечарна юкъахь. Дохк лаьттара кхуьнан бIаьргаш чохь... Ца девзара бакъ дин. КъурIаной, жайнаший схьадиллира к Iантана дерриге а. ХIинца цунна хаьа нийса некъ мичхьа бу...

Меллаша неI еллаелира. Чоьхьа велира сакъераделла волу Олхазаррий, ЦIагарий. Суьйре дика йира .

- Ва Хьажа-Iела, хьо ма ца гира тхуна юьртан майданахь? -вукхо дуьхьал жоп цадалар кхин тергал а ца деш элира ЦIагарис. - Дийнна халкъ ду-кх керла шо даздеш.

- БIаьрзениг бердах воьдура аьлла, цунна тIаьхьа хIотта ца оьшу сагушверг, - ойлане хилла вистхилира хIусамда. - Бусалба динан дайша магош доцу хIумнаш ду аш лелораш. Суна моьттинера хьой, ЦIагари, хьой, Олхазар, Делаца дуьйцучарех ву. Сайн ламазашкахь шуьшиъ воьхура ас Хастамхиларе. Эрна хилла сан доIанаш. Ког шершачу новкъа хIоьтти... Ас сайн мурдаш леринера шу. Шуьга барт хоттучу дийнахь хьалха а ваьлла, тоьшалла дан кийча вара... Иблисан зурма мерза ю. ХIун дер тIаккха, Дела ву-кх дерриге а гуш...

- Сан устаз, - воьхна хиларна, толкха лелха волавелира ЦIагари, - ма алахьара ахь ишттa. ХIун бехк бу тхан? Тхуна хаа ма ца хаьара. Ахь хIинца санна кхетийнехьара... Дагахь а ма дацара ...

- Хьажа-Iела, — холча хIоьттинера Олхазар а, - тхоьгара цхьа гIалат даьллехь, гечде. Лаамаза хилла и, хиллехь.

- Ас гечдарх пайда бац, тIехь Iаш волчунна дерриге а гуш хилча, - бIаьргаш хьала хьажийра хI усамдас. - Иза Iехалур вац вайга.

- ХIун де оха тхаьшкара даьлла гIалат нисдархьама? - дегочу озаца хаьттира ЦIагарис.

- Сан балдашна юккъехула схьадолуш долу Делан дош шун лере кхаьчнехь а, дегнашка ца кхочуш дисна хилар хии суна тховса, - лен велира Хьажа-Iела. - Цу тIехь цхьана декъана сан бехк хила а мега. Дашах теша хала ду... Ас дечунна тIехь тешор ду шу Делан къайленаш якккхий хиларх.

Иза а аьлла, хIусамда дехьа чу велира. Цо лелочух ца кхеташ, неIсагIехь лаьттара Олхазаррий, ЦIагарий. Хье ца луш, гучувелира Хьажа-Iела.

- Схьанехьа валий, хIоккхуза охьахаал ший а, - истанг тесна цIенкъа юкъ гайтира цо. Кегийчу наха кхочушдира шайга аьлларг. Улло охьалахвелира ша хIусамда а.

- ХIара буц шатайпана буц ю, - элира цо, хьешийн цецбовлар а гина. - Лаьтта тIехь цхьа меттиг бен яц иза кхуьуш. Мил-милла а тIекхочуш, хьаьнг-хьаьнга яккхалуш а яц. Цуьнан бахьана ас довзуьйтур ду шуна... Боккха ницкъ боллу хIокху бецах. Доккха са доккхуш, чуозалаш цуьнан кI ур. БIаьргаш дIахьаббай, дегI малде. Цхьана а хIуманан ойла ма е. Лерина ладогIа сан озе... КхидIа хиндерг шуна шайна гур ду. Кечло...

Хьажа-Iелас ма-аллара дира кегийчу наха. Цхьана юкъана тийналла хIоьттира чохь. ТIаккха меллаша догIу хи санна, дека доладелира хIусамден аз: «ЛаилахIа иллаллахI, Мохьаммадан расулуллахI. Делан къайленаш дукха ю, стиглара седарчий санна. Ас шуна юьйцур ю царех цхьаъ. Лерина ладогIалаш. Бусалба нахана гIазот диллина Дала. ХIун ду гIазот бохург? Керстанашна дуьхьал болу тIом. Iожалла яц оцу тIамехь стагна карор ерг. Ялсамане ю. ТIом кхеххачу оцу буьрсачу муьрехь стиглара лаьттахь хуьлуш долчуьнга хьуьйсуш хир бу хIуьрлаьIан мехкарий. ХI арий, хIарий сан ву бохуш, къестор бу цара майра леташ болу бусалба кегий нах. Церан синошна меттиг ялсаманехь кечйина ю... Гой шуна баьццара варкъ даькхина бошмаш?.. Шурин татолаш... Мерза стоьмаш...

Боккъалла оцу дерригенан а суьрташ хIуттура Олхазарна хьалха. ДегI бодделла, дешаш санна хеталора. Мерза ойланаш хьийзара коьрте... ГIан ду хIара, туьйра ду?.. Дуьненца йолу зIе хаьдда, хIинццалц девзина доцчу дахарца вехара Олхазар.

Ишттачу хьолехь вара ЦIагари а...

Хьалха меттавеара Олхазар. ХIинц-хIинцца хIорш охьахевшича санна, шек а воцуш Iаш вара Хьажа -Iела. Ткъа кхуьнан накъост, набаро лаьцча санна, дIатевжина Iуьллура. Хиллачух ца кхетара хI ара.

- Хьан накъост меттаваллалц собар дийр ду вайшимма,-элира Хьажа-Iелас. - Муха хийти хьуна?

- И хIун дара, ва Хьажа-Iела? - хаттарна дуьхьал хаттар дира вукхо.

- Сих ма ло, сан кIант.

- Самаваккхий ас?..

- Иза набарх вац. Цуьнан са, дегI а дитина, цигахула, - ирх пIелг хьажийра цо, — лелаш ду. Собарде, и юха а цуьнан дегIе доссалц.

ЦIагари, и дешнаш хезча санна, меттахъхьайра. БIаьргаш схьабиллира. КIегара хиира. Гонах дI асахьаьжира. Олхазарна санна, хьацар тоьхнера цуьнан юьхь тIе. Хьаж тIе куьг хьаькхира...

- ХIинца хаьий шуна, мел хала ду дегIера са долуш, — элира Хьажа-Iелас. - Шун синош, дегIан ботт дIа а тесна, стигла довлуш ницкъ хиларна, тоьхна хьацар ду и...

Доза доцуш инзарваьлла ши накъост вовшашка хьаьжира.

- Шуьшиъ кхеттал хIума ас дийци, - озехь кIадвалар хаадаларца элира хIусамдас. — ГIеххьачул ган а гайтира... Дисинчун ойла шаьш е.

- Тхан хьекъал тоьурий техьа и дан, сан устаз? — шекъхилира ЦIагари. - Ма доккха хIума дара и дан!

- Адаман мотт къен бу-кх шуна хезначунна а, гиначунна а кхин тIетоха...

Iелина (Хьажа бохург тIаьхьо кхийтира цуьнан цIарна тIе) дагадеара, дуьххьара оцу бецан кIур чу а уьйзуш, моллин озе ладоьгIуш ша Iер а. Цундела цунна дика хаьара кегийчу нахера хьал. ЧI огIа инзаре хIума дан а дара и. Цул тIахьа цхьа а шеко йоцуш тIеийцира кхуо бусалба динан хьехамаш. Тешна вара хIинца изза хIоккхара а дийриг хиларх.

Селхана луларчу юьртара стаг веанера хIара волчу. Хабар дохьуш. Кестта имам вер ву. Цунна кийча хила деза... Мила ву иза, кост дохьуш веанчо ца дийцира. Амма тешийра и бакъ хиларх. Цо тIом болор бу керстанашна дуьхьал. ТIаккха массо а ламанхой гIовтта беза. Гиххошна юкъахь и болх дIабахьа декхарийлахь верг хIара ву. Иштта боху имама. Цунна вевза Хьажа-Iела. Дуккха а диканиг хезна цунах лаьцна. ХIинца гIуллакх тIехь и дерриге а гойту хан тIекхаьчна.

Цундела вара Хьажа-Iела сиха. Уггар хьалха къийсамна гIовтта кийча кегий нах хуьлу. Уьш тI ехьа ца хьуьйсу. Майра бу. Олхазаррий, ЦIагарий хьалха ваьлчахьана, царна тIаьхьа хIуьттур бу массо а гиххой.

ХIинца и ший а гIазот дIакхехьалур долуш ву. Цара хьалхара гIулч яьккхина, гIопана хехь льтташ болу салтий а байина.

- Хьажа-Iела гIелвеллачух тера ду, - элира Олхазара. - Цуьнга садаIийта деза. Кхуьнан буьйса дика а йина, вайша дIавахча, бакъахьа хета суна. Кхана чекхдоккхур вай вешан къамел.

И хезча, хIусамда гIийлла велавелира.

- Ахь юьйцуш йолу кхане тIееана вайна, Олхазар. Буьйса чеккхъяьлла. ДIахьажал ара...

Керлачу шеран керла де дара льтта тIехула шен серло яржош.

Буса барзах угIуш, дийнахь кIезанах цIийзаш дIаяхара Iаьнан уггар шийла мур ларалуш йолу чилла. РагI бардалIазе кхечира. Цо аьлла боху: «Чилла санна шийла хила ницкъ ккачахьара, стеран маIа а йор яра ас, йоIстеган тIара а оьккхуьйтур бара». ТIаьххьара кхийссарш а йина, резаяцаре узарш деш, чеккхъелира бардалIаза а. Шайн масачу тIемашна тIехь цIе-кIегаш льттах юлу хан тIехтилча, ламанан махка кхечира алкханчаш. Iаламан бIаьрг беллабелира...

Гихан бердайистонашца луьста хьалаяьллачу сийначу бацалахь шайн маьлхан кортош а айдина, схьакъедара хIоьан буьйраш санна долу можа зезагаш. Еххачу хенахь ша схьа ца кхеташ бехкала бахча санна, къеггина хьоьжура стиглара малх. Цуьнан аьхначу зIаьнарша дендинера гонаха мел дерг. ХIаваэхь хезара олхазарийн самукъане эшарш.

Шано лаьцна латтийна Гих а цуьнан йийсарера даьлла, кегий тулгIеш а керчош ловзадаьлла бер санна, хеталора.

Иштта деанчу цхьана дийнахь берашца хин йистехь гIулгех ловзуш вара Элберд. Тахана чIогIа аьтто болура цуьнан. Схьадаьхначу гIулгаша тIоьрмиг буьзнера. Вокхавера кIант. Цунна дицделлера ша Iуьйранна хIума ца кхоллуш араваьлла хилар а, делкъанна морзан берамаххий, можачу сискалхххий тоам бан безарг хилар а.

ЗайнапагIар хала бевлира Iаьнера. Жимма бен ца диснера ахьар. Аттана хьалха йилла хIума а яцара. Цуьнга хьаьжжина дара шура ялар а. Дечиг-м Iа юккъе а дахале кхачийра. Дика хьаха ду, хьовса юьртахой мукъана а болуш. Олхазара хьуьнхара шозза дечиг деара. Хьатус ах гали хиллал хьаьжкIаш яийтира. Ур-атталла, хIуманна сутаро волчу БатIала а марха лоцучу дийнахь жижиг даийтира сагIийна. Ма хаза яьккхира цара и буьйса. Хьал долчарна цкъа даъал бен доцу и жижиган дакъа дийнна кIиранна дахдира Зайнапа. Ша чорпа бен ца молуш, жижиг берашна хьежадора .

Божли тIехьа а яьлла, тамарх тайниг а йина, ловзуш яра Кхокха. Когех хьарчийна хулчеш тишъеллехь а, хIинца шелонна ийзалойла дацара. Комаьрша кхеттачу малхо дохдинера латта. БI аьсте уггар хаза хан хета йоIана. Iай а дацара вон-м, шелонаш еха ца латтахьара. И бахьана долуш, доьазза-пхоьазза бен арайолийла а ца хилира кхуьнан. ТIеюха а, когаюха а хIума яцара. Ерг ца кхоийча а ца йолура. Ткъа неIармачаш шиммо лело езаш хуьлура, цхьаъ чу валлалц, вукхо

собар а деш.

БӀаьста мухха лелча а мега. БӀаьста Кхоккхина чу са догӀу. Жимчу йоӀа ойла йо: «Дависа делаӀ, гуттар хӀунда ца льтта техьа йовха? ТӀаккха дечиг даго а дезар дацара, аттана яа буц а хир яра, ма-лиъи арайолийла а хир дара, уггар коьртаниг, хӀорш меца а хир бацара. Йовхачу хенахь стом ма хуьлу... Кхунна нанас дийцина, ворхӀ ломал дехьа цхьа мохк бу бохуш, цкъа а шело ца хӀуттуш. Цигахь доллу хӀума ду... Дависарг, цигахь Ӏаш делара тхо. Нанас цхьажимма мукъана а садоӀур дара. Цигахь-м мачаш а оьшур яцара. Йоккха хилчхьана, Элберд берта а валийна, нана а эцна, цу махка дӀаккхалха деза...»

- Хьо а йогӀу, деца? - Кхоккхас и гӀиллакх льацнарг Бикату ю. Иза хьера йоьдуш яра. ЙоӀа аьлларг кхин тергал а ца деш, ур-атталла кхуьнгахьа схьа а ца йоьрзуш, тӀех а яьлла, дӀаяха иза. «Ца хезара техьа цунна?»

Бикату-м яцара хӀумма а хезачохь. Дийнна Ӏа дӀа дера дели майрачун кхуьнца гӀуллакх ца догӀуш. Шена хаа а хууш, хи диллаза хьаьжкӀин гӀад санна, худаелла йогӀу иза. Къаьсттина дог кӀамдала доладелира бӀаьста. ДегӀо а шениг доьхура...

Мосуьйттаза ЦӀагари гойла хилира цуьнан. ХӀоразза а цхьа тамашийна лар юьтура оцу цхьаьнакхетарша жимчу зудчун даг чохь. Аьтто а баьлла, цо шега догхаийтича, дуьхьало йийр йоцчу тӀе яьллера хӀара. ХӀинций-хӀинций и хуьлу-кх олий а юьсура. Делахь а, бӀаьргаш къарзбина кхуьнга хьежаррий, эвхьазо забарш яррий бен, кхин хӀума схьахоуьйтуш вацара важа.

Да веллачул тӀаьхьа хьер Олхазарна йисира. Кхечо-м доккха хӀума а хеташ тӀеоьцур дара и гӀуллакх. Бакъду, Олхазар мелла а дегазо воьдура хьера. Да дийна волуш-м иза воккхаверца оьхура кхуза. ХӀинца хьера мосазза веа, цуьнан бӀаьргашна хьалха хӀуттура да веран ирча сурт. Цуьнан чӀир екхнехь а, дог лозучуьра ца соцура. Цундела дукхах йолу хан хьерахь кхуьнан накъоста ЦӀагарис йоккхура. Иза хаза а хеташ вогӀура кхуза. Къаьсттина, цкъа Бикату хьера еанчул тӀаьхьа...

Де суьйренга лестинера, Бикатуна шайн учара дӀахьаьжча, шовдана коьрте воьду Олхазар гича. Иза сиха кхийтира цуьнан йоӀаца бина барт хиларх. Цунна тоьшалла деш санна, ша ехачу кертара урамновкъа елира Таймасха. Пхьаьрсах тесна кӀудал яра йоьӀан. ХӀинца цхьа а шеко ца йисира Бикатун. Дукха ойланаш ца еш сацийра дан дезарг.

- Хезий хьуна, со эцца хьера яхана, хьаьаш аьхьна ца аьхьна хьажа йоллу хьуна, - кхоьссира цо дехьачуьрчу майрачуьнга. -Ас ца дича, и дан а стаг вац-кх хӀокку кертахь, - тӀетуьйхира шого.

- Со цига вахаре са-м ца туьйсура ахь? - дехьа чуьра схьавийкира БатӀал. - Дера хаза-м хир дара, ги гали а доьллина, юьрта юккъехула вогӀуш нахана со гича!

- Делахь-хӀета, со цӀоганера яьккхина хир ю-кх, ахь дийцарехь.

- Хьо мичара яьккхина и хьан нанний бен хуур дац, хьайн цӀумар схьа ма леелахь суна, - човхийра хӀусамнана БатӀала. -Хьайна яха ца лаахь, эцца кӀентех цхьаьнга ала...

Бикату кхийтира ша тӀехъяьлла хиларх. ХӀинца важа шек ца воллучу кепара дӀадерзо дезара къамел.

- Цунах-м татин гота хир яра, цаьрга даккхал доккха хӀума а дац, - дайдира цо.

Керлачу шеран буса Хьажа-Ӏелица къамел хиллачул тӀаьхьа, Олхазарний, ЦӀагариний юккъера уьйраш кхин а чӀагӀъелира. Вовшах волуш а вацара и шиъ. Дуй биъна ши доттагӀ цхьана устазана гӀуллакх деш вара хӀинца. ТӀех ца туьлуьйтура цхьа а ламаз, шен-шен хенахь мархин бутт кхобура. Хьажа-Ӏелас ший а КъурӀан деша Ӏамош вара. Хьажа-Ӏелас кест-кеста олура: «Дуьненан марзонаш йита еза аш, кӀентий. ХӀокку льатта тӀехь хьеший бен дац вай. Эхартахь карор ду бакъволчу бусалбанна шен ирс... Ялсманин неӀ йилли ас шуна хьалха. Кхидерш - нехаш. Диц ма деи».

Цкъа ЦӀагарица ша висинчохь устаза хьаьттира цуьнга: «Ма-дарра алалахь соьга, хӀун ойланаш йолуш ву хьан доттагӀ, муха го цунна шен кханалера де?»

- Олхазар тешам болуш накъост ву, ахь бохучунна тӀаьхьа а хӀуттур волуш,— жоп делира вукхо.

- Цунах шеко яц сан, суна хаа лууш дерг кхин ду, - и а аьлла, Хьажа-Ӏела соцунгӀа хилира. Ӏийна-а тӀетуьйхира: - Шу кегий нах ду. ХӀора боьршачу стеган санна, мехкаршка ойла а льатта хир ю. Иза къилахь дац. Делахь а, цхьа хӀума кхетаде: доллучунна а шен-шен хан ю. ХӀинца дегӀан лаамашка ладоьгӀучохь дац вай. Синош кӀелхьарадаха деза. Цундела цхьана ханна дита дахаран марзонашна тӀаьхьаваьлла лелар. Шуьшиъ мурд ву. Цо даккхий декхарш тӀедохку шуна. Кхидерш цкъачунна шайх дӀахерде. ХӀара къамел Олхазарх дӀа а тоха.

И шийла кхаъ эцна воьдура Олхазар хийисте. Муха эр ду и? Таймасха нийса кхетар юй техьа? Ма юхъхьадели хӀара, дала-м!

ЦӀагарина а дагахь дацара и дехкар. Амма нагахь санна Хьажа-Ӏелас иштта бахахь, иштта хила а

деза. Мел хала хиларх, собар тоьур ду цуьнгахь устазна ша деллачу дашах ца воха. Ткъа хIетахь цо Хьажа-Iелига элира: «Тахана дуьйна дIа сайн кийрана херби ас бовха кхача, дагна дикки стечу хIуманан марзо йовза. Гур вац со юьртахошна маж яьшна. Буьллур бац суна нанас кисин кI еда мотт. Пхоьханахь велавелла хир вац, ловзарга, синкъерамеког ловзур бац. Верриге а гI азотан гIуллакхна дIавели ас суо!»

Атта дацара ЦIагарина и нигат дан. Къаьсттина стечу хIуманах хьаккхалуш долчу декъехь. ЦIагари жима стаг вара, цкъа а зудчун марзо а йовзаза. ТIаьхь-тIаьхьа Iаламан оцу йоккхачу къайленна гонах хьийзара кIентан аьрха ойланаш. Ловзаргахь а, синкъерамехь а гIабалин туьйдаргаша кепа тоьхна йоьIан я жерочун некхан баьрзнех бIаьрг кхетча, мерза, аьхна тулгIе яржара кийрахь. Къаьсттина безам бахнера кхуьнан жерочуьнга Бикатуга. Хийла къайлах ларйора цо иза. Хаьара, цуьнца цхьаьна а кхетта ваха хаарх гIуллакх хирг цахиларх.

ДIаоьхура денош, цхьаъ вукхунах тера. ЦIагарин даг чу боьжначу безамо зIийдиг хийцира. Цунна йиц ца лора Бикату. ШайтIано хьоьхура догхайитар. И дан чIогIа марзделла а вара хIара. Амма цхьана гуш боцчу ницкъо сецавора. Цундела, йокъа еанчу шарахь лилхинчу латто догIа санна, тI ейцира цо Хьажа-Iелас шега кховдийна гIуллакх: «ХIинца мукъана а йицлур яцара техьа, валалур вацара техьа оцу кийра боттучу цIарах?»

* * *

Ши чIегIардиг дара хьеран пенах бен латош доллуш. Цхьаммо багахь чемхалгаш кхоьхьура, вукхо - поппар. Маса хьийзара олхазарш. Де хьалха болийна бен шолгIачу дийнахь бина боллуш боллура. Цунах тамаша беш вара ЦIагари. «Ма сиха а ларий. Хьажахь, адамаш санна дукха олхазарш а. Церан санна дан дезарш, церан санна гIуллакхаш, церан санна гIиллакхаш. Хьуна хастам, веза хинволу Дела, ма тамашийна кхоьллина ахь хIара дуьне! Са долуш мел йолу хIума дахаре кхийда. Цхьана хенахь иштта бен а бина, цхьаьнца ваха хуур ву-кх со а...» Юха а дагаеара Бикату. «ХI ан-хIа,- бохура цо ша шега.- Иза нехан цIен тIехь зуда ю. Цу тIе, ас сайн устазца нигат а дина...»

- ХIей, стаг ван а вуй кху чохь? - дийкира зудчун аз. ЦIагарин дегIах цIе елира. Цунна девзира и аз. Бикату яра

еанарг. Чоьхьа а яьлла, лерина дIаса а хьаьжна, садаIа агIорваьллачу хьархочух бIаьрг а кхетта, амма иза шена ца гучуха кхайкха хIоьттира жима зуда.

- Ванах, кху чохь-м са долу адам дан а дуй хьовха. ХIоккхо дIахецна неI тIетаттаелира. Чохь бода хIоьттира.

ХIумма а ца го кеп а хIоттош, нийсса хIара волчухьа йолаелира иза. ЦIагари, мотт сецча санна, вист ца хуьлуш Iара. Бикату улло тIекхечира.

- Ватта сан Дела, хьо хIун деш Iа дуьхьал жоп ца луш, кхераелла са дIадели-кх сан, - езаен йолаелира иза. - Бодане яй хIара чоь-м... Тхайн рагI тIекхаьчна ца кхаьчна хьажа еанера со...

- Бакъахьа еана, - хийцаделлачу озаца вистхилира хьархо. -Схьанехьа яла... - Оцу тIаьххьара аьллачо шена а эхьхетийтира цунна. Кхетамза метта боьххьера дуьйлура дешнаш.

- ДIанехьа яьлла а хIун дийр ду ас? - шалхо жоп делира Бикатус.

- Цхьаьна Iер вайша, - ЦIагарина Iина йистехь ларьтташ хетара ша, дегIана дан дола а доцуш, жимма галвалахь, чу а вужур волуш, схьалаца хIума а йоцуш.

- ДIагIур ю со... Оцу хьаьжкIех дерг хиъчхьана...

- ХIун дан йоллу хьо дIаяхна а?.. Я хаза дац тхоьгахь?

- Ас-м цунна ца бахара. Вуьшта, бакъахьа а ма дац. Ваьшшиъ...

- ХIунда дац и бакъахьа? — жимчу стеган ойланийн урх хецаеллера.

- Наха мотт-эладита кхоллахь...

- Вайшиъ хIун деш ду кху чохь наха доцург дийца?

- Хьанна хаьа, церан дага хIун догIур а. Хьо жима стаг ву. Бодашкахь цхьалха дисча...

- Ас хьуна новкъа догIу долу хIумма а дийр дац.

- Новкъа ца догIу дерг?

Оцу хаттаро марсаяькккхира кхуьнан кийрахь летта цIе. Корта хьаьвзира.

Хьера схьайогIуш дуьйна а Бикату сацам бина яьллера. Олхазар хийисте воьдуш ма гиннехь, хиира цунна хьерахь верг ЦIагари вуйла. Иштта меттиг кхин а йогIур ю ала хала дара. Цундела, и, цкъа а хила доьгIнехь, тховса хила дезаш дара.

- Хьо дIа ма тий, - хазийра Бикатус, хьархочунна улло охьа а лахлуш, - кхера-м ца велла хьо ?..

- Стенах кхералур вара со, - Iоттар ца тайра ЦIагарина. -Хьан майрачух аьлча а, диларийн текханах? Я цуьнан марш оьхуш лелачу кIентех?..

- Сох.

- Хьох? Цкъачунна тосаделла хIума-м дац.

- ТIаккха, дIа хIунда хуьлу хьо?

- ДIа а ца хуьлу со-м. Хьуна меттиг яцахь а аьлла...

- Цкъа а зудчунна уллохь ца Iийна хьо?

- Ца Iийна...

- Хьажал хьайна муха хуьлу.

Бикату, ха а тоьхна, дIанисъелира. И агIо лацабелча санна хийтира кIантстагна.

- Сох ун даларна-м ца кхоьру?

- Ца кхоьру...

- Нанин кIорни ду иза, хIинца а мас а ялаза, - цаяшаре хIара хьеста йолаелира важа. — Схьаверзал со йолчухьа. Иштта. Ма лечкъадел хьайн бIаьргаш. ХIинца а зудчун марзо а йовзаза ву тов. Хьо хIун деш Iийна? Эхь хета сан кIорнина? Эхье хIумма а ма дац кхузахь. ХIоранна а цкъа тIе ма хIутту иштта киртиг. Къийлавала ца оьшу. Хьо сел воьхна хьовзаро сан а йиш йохий. Хьажал, сан дог муха деттало...

Оцу дешнащца кIентстеган куьг схьа а лаьцна, шен некха тIе диллира цо.

- Хаалой хьуна?

ЦIагарина хаалора. Хаалора цхьа кIеда, аьхна хIума. ПIелгашна шашах чу са деанера... Иза вегавора. Цхьана юкъана бIаьргашна дуьхьал хIоьттира Хьажа-Iелин юьхьан амат. Шийла ойла хьаьдира коьрте.

- Ахь хIун до?.. Со лаза ма ца йо. Хьайна там хуьллург де...

- ХIан-хIа, иштта бакъахьа дац. Далла хьалха... Нахана хьалха...

- Вайшиммо дуьххьара деш-х даций хIара, сан кIорни. Кхечарах дисинарг ду-кх. Нах цIена бу моьтту хьуна?.. Массо а воллу шена йогIург ЯКККЭ. гIерташ. Кхана ши бIаьрг дIа ма хьаббинехь, охьадуьллур ду шадерг. Цундела тахана чам баккха беза марзонан...

ЦIагарис дIаозийна куьг саца а дина, нуьцкъах чета доьллира жимчу зудчо. КIант-стагна бIагор беара. Чохь мел дерг бIаьргашна хьалха раздаьлла, хIаваэхь кхаза доладелира. Бикатус къевллина маравоьллира къона хьархо.

- Нигат! - коьртехь стелахаьштиг тоьхча санна, серлаелира и ойла. Шен ницкъ ма-ббу Бикату дI атеттира цо. Важа пенах корта дIа а кхеташ, ша Iаччохь охьаяхара. Йист йоцу хIорд санна, оьгI азло яьржира цуьнан кийрахь.

- Iовдал! Тентаг! И хьуна иштта дуьсур дац хьуна! Хьайна дика дича, ца хии. Сох кхарда воллу хьо? Цунах гIуллакх хир дац. Хьо ма хила боьрша! Беран тIорза. Хьуна моьттург бакъ дац хьуна. Ас ма-варра охьавагарвийр ву хьо. Ас дуьйцург дош дац хьуна, сан майрачо тIера шарбал а яьккхина, хьо юьрта юккъехула ца ваккхахь. Боккъал а со хьайца лела йоллура моьтту хьуна, I овдал? Со-х хьо зуьйш яра. Шек йолу дела... Хьан ворхIий а дена неIалт хиларг! Боьха хIума!..

Карзахъяьллачу Бикатуна ша хIун дуьйцу ца хаьара. Бага деънарг дIаолура. Дог Iабо. Кхунна вас ян. Сардамаш доьхучу юкъана хьархочун бIаьра хьаьжира иза. Кхеравалар ца хааделира. Я дохковалар а. Ша мича эккхар ю ца хууш, холчохь яра жима зуда. Луьйчура сецча, елхаозорна кхоьруш, тIеттIа сардамаш доьхура цо.

- Букъ бойна иблис, IадIе хьо, ас ма-варра вовзуьйтур хьо нахана, — мохь хьоьккхура Бикатус. Цунна шена а ца хаьара и тIаьххьярниг шен багара муха делира. Йза хIоккхо маравоьллича, куьйгашна хааделира и. Цу муьрехь-м кхо башха кхин тидам а ца бира цуьнан. ХIинцца метта боьххье деа-кх.

ЦIагари вахьийча санна Iара. Цул хIара кхера а кхоьруш хIума дацара хIокку доккхачу дуьнен чохь.

ЦIагарин хийцавалар сиха тосаделира Бикатуна. ХIинца цунна хаьара, муха бекхам бан беза.

- Ас хьалха догхаийтира хьоьга. Къера ю. Хьайна лаахь, кхарда мегар ду хьуна. Къайле яй а ма латтаде, иштта хьайна гIолехь хетахь. Амма хьан багара цхьа дош дели-кх сох лаьцна... Дала ларвойла хьо и дарх...

- Со хIумма а ала гIерташ вац. Кхарда а ца кхаьрда хьох. Бакъдерг хьуна дезахь, хьо дага а йоьхна, вала воллу со. Дукха хIума дIалур дара цхьа барт мукъна а баккха. Амма ас нигат дина цхьана а зудчуьнца гIуллакх ца хила...

Юьхьанца Бикату теша а ца тийшира шена хезначух. Цуьнан цецъяларан доза дан а дацара. Цхьа а дош тIех ца туьлуьйтуш, лерина ладоьгIура цо къоначу хьархочуьнга.

- Сайн дерриге а дахар гIазотна лерина ас. Дуьненан марзонаш херйина сайх...

- Собардехьа, хIара ма доккха хIума ду!.. Ванах, ма дакъаза йоккхуш лаьтта ахь со. Хьайн дагара ца хоуьйтуш Iий велира. Суна атта хир ма дара хIинцачул...

- Иштта нисдели-кх и.

- Ванах, вайша хIун дийр ду, дан мукъана а?

- Хууш вац.

- И хьайн гIазот дита мегар дацара?..

- Дахар дита а реза ву, и ца дуьтуш.

- ЦIе йожа кху белхан делаI, ма дош дацар-кх дан!

- Сайн Далла хьалхара декхар кхочушдина ваьлчхьана, дегIан ойла а йийр ю. Хьоьжуш Iе.

- Хьуна мичара дели техьа и гIазот, дала? Хьан хьийхи?..

- Мегар дац иштта ала. Хьо йоккхаен еза хьайн везар и санна долчу гIуллакхна гIеттича. Цо дI адоккхур ду вайшинна тIера къа.

- Латийна а доцу къа дIа ца даккхарх а ма Iелур яра со-м.

- Дийр дара, аьлла, дагадеъча а тоьур ду...

- Ватта, сан Дела, ма молла хили хьох!

- Делан лаам адамашка бохалур бац.

- Кхиберш санна, ваха ца мега хьо а?

- КIеззигниш бен ца хоржу Дала.

- Хьо суна вита велара цо.

- Ма лебе хьайн мотт Iеса. Нехан долахь зуда ю хьо.

- Со зуда-м хьаха яра, иза суна майра вац-кх...

- Къа хьаьрчар ду вайшиннах. Цуьнан цIар тIера яла цкъа...

- ТIаккха хIун хир ду?

- Ас ялор ю хьо.

- Дийна висахь...

- Ца висахь, эхартахь цхьаьна кхетар ду.

ЦIеххьана летта дегайовхон суй юха а дIабайра. Жимчу зудчо хIокху тIаьххьарчу хенахь къайлах сатийсинарг кхочушхила доллуш дацара. «Молла а хилла, дIавели хIара-м, - ойла йора Бикатус. — Ванах, божарийн хIу дайна дIадала доллу хьовха?» Чуьра мох дIабаьлча дассаделла ахкарг санна , худаелира марзонан шовкъо марсаяьккхина ойла.

...Оцу хазчу бIаьстенан суьйранна хийистехь дог доьхна лаьтташ кхин цхьа адам а дара — Таймасха. Шийла ша бижнера цуьнан кийра. Сакъералуш Олхазар а вацара.

- Дала яздинчух вала йиш яц цхьаьннан а, - бохура цо меллаша. — ДоьгIнехь, цхьаьнакхетар вайша, ца доьгIнехь... - Луьйчуьра сецира кIант. ГIорийча санна лаьттара Таймасха. Олхазаран аз цхьана геннара схьа лере кхочуш санна хеталора. Къаьхьачу ойланашка яьллачу цунна, башха

шера кхеташ а дацара кIанта дуьйцучун маьIна. Цхьа гIазот а хьехадо... Устаз... Керстанашка дов кхайкхор... ХIун зIе ю оцу дерригенна а, хIоккхеран уьйрашна а юккъехь? Я соьга болу безам шелбелла техьа цуьнан даг чохь? Кхечунна тIейирзина ойла? ХIан-хIа, Олхазара и тешнабехк бийр бацара суна. Кхузахь дерг кхин ду... Ткъа билггала хIун ду хаа кхуьнан хьекъал ца тоьу. Бакъду, кху тIаьхьарчу хенахь даго вон хьоьху... Цхьа бохам хила боллуш санна. Юьртахойн къамелашкахь кест-кеста хеза «тIом», «гIазакхий» боху дешнаш. Диканна дац и. БIаьргашна дуьхьал хIутту кхуьнца синкъерамехь хелхаваьлла оьрсийн эпсар. Цуьнца хилла волу къена салти ... Хаза хьошалла а дина, дIа ма бахийтира уьш. Дов хIунда доккхуш ду цаьрца? Вон адамаш долчух тера а ма дацара и шиъ. Мелхо а, и эпсар мел тидаме хилла хьоьжура кхуьнга... Олхазар, юха а хьоьга сатийса йиса йоллу техьа со? Ца доьгIна техьа вайшинна цхьаьна хила? Ма юхъхьадели хIара, дала...

- Дуьненан марзо лоьху хан яц хIара, - бохура Олхазара.-МостагI веана вайн махка. Халкъ кхерамехь ду... Наха стешха лорур ву оцу сийлахьчу гIуллакхна юьстах лаьттинарг. Сан бакъо яц халкъан хьашт тIаьхьа а теттина, сайн ирс лаха...

КIентан и тIаьххьара дешнаш ира шаьлта санна чекхдевлира йоьIан экамечу дагах.

...Талла ваханчуьра цIа вогIуш вара воккха стаг Даркеш. Къанвеллехь а, дуьненах догдуьллуш вацара иза. Мелхо а, шераш дIа мел ихи а, дахаре йолу марзо чIагIлора цуьнан. ТIех ца болуьйтура цхьа а синкъерам, ловзар. Гуттар юьртахощца вара. Цуьнан забарех доккха самукъадолура нехан. Схьахетарехь, гиххойх цхьа а хир вацара иза ца вевзаш а, ца везаш а. Делахь а, ши стаг оцу могIарера волура — Хьажа-Iелий, совдегар БатIаллий. Хьалхарчуьн кхуьнца гамо яра, хIоккхо ширчу динан гIиллакхаш лардо бохуш. Цу тIе, Даркеш цкъа а маьждиге веана а ца гора, ламаз деш я марха кхобуш а ца тосавеллера. И дерриге а гечдан мегар дара, Даркеша-мунепакъа шен забарш ур-атталла бусалба динна дуьхьал ца ерзаяхьара.

...Талла воьдуш цкъа а топ ца хьора воккхачу стага. И оьшуш меттиг а яцара. Говза гур богIар карадирзинера Даркешна. Цунна дика девзара акхарой лела некъаш, церан амалш, башхаллаш. Цундела хьуьнха ваханчуьра цхьа ижу ца йохьуш, цкъа а вуха ца воьрзура къена талархо. Цо боьгIначу гурах ца долура цхьа а экха. Тахана лаьцнарг нал яра. Гуран йийсарера ца ялалуш, дI асаеттаелла цIеша юьзнера иза. Даркеш тIекхаьчча, ницкъ кхачийна, йоьжна Iуьллуш яра, хала са а доьIуш, цIийделла кегий бIаьргаш схьалелха доккура. Стаг гича, тIаьххьара ницкъаш гулбина, тохаелира нал. Амма гIуллакх ца хилира...

Иштташохь дан дезарг шера хаьара Даркешна. Цо боьгIначу гуро дуьххьара лоцуш яцара нал. ТI ехьашха тIевахара къена талларxо. Нийсса шен бIаьргашна хьалха дерг бен ца го нелана. Ворта д Iаса ца хьовзало цуьнга. ХIинца коьртаниг - са лоццучу шаьлта Iоттар. Жимма дIаса а еттаелла, гуттаренна дIатуьйр ю нал тIаккха.

Даркеш юьрта вухаверза сиха вацара. Цунна хаьара, дийнахь йийна нал а эцна, нахана юккъе волийла шен доцийла. Лаьмнашка бусалба дин кхаьччахьана, дуккха а хIумнаш хийцаделла ламанхойн дахарехь. Хьалха магош хилларг хIинца доьхку. Хьалха доьхкуш хилларг хIинца магадо. Амма Даркешна тIаьхьа ду шен амал хийца. Сара болуш ца бина хIоз хьокханах балур бац. Цундела хьалхалерчу гIиллакхашна тIегIерта Даркеш. Дависа делаI хьан, зама, ма телхина йогIу. ХIара жима стаг волчу хенахь мичахь могуьйтур дара хьуна боьрша стаг махбеш лелар, зудчо цхьа цI ийнда воллушехь, иза хьераваьллера аьлла, шолгIа маре дар, ламазаш до бохуш дийнахь пхоьазза цIенкъа юккъе кортош деттар (кхин дан хIума доцуш санна!). Пайдабоцчу девлла адамаш, девлла те... Хьалха нал йийча, дийнна юрт гуллора хIусаме. Жижиг кхеxкадора. Даарх, маларх кхетара. Дечиг-пондар локкуш, иллига-эшарга ладугIуш, забарш еш сахуьлуьнга довлура. ХIинцалера синкъерам синкъерам бу? Даркеш жима волуш хуьлура-кх синкъерамаш! Дера тоьур дара-кх чуьрчу кегийчу нахах цхьамма къуьда дIа а бойий: «Дур бахайта!» -олий, мохь тоьхча, деган тохадалар-м! ХIинца дуьхь-дуьхьал охьа а ховший, вовшашка бIаьргаш къерзош Iа. ХIетахь бодашкахь караеънарг хьан яра. Цунна хьо мила ву а ца хаьара, хьуна иза мила ю а ца хаьара. Цундела тI ехтохам бойла я кхаьрдийла а дацара... Дош ду хIара, бода боллалц хьуьнхахь Iан веза бохург? Юьртахойх цхьанна гарна кхоьруш. ДIахаахь, вийцина, юьртах воккхур ву. Кхин хIумма а ца хилча , цхьа Хьажа-Iела-м дера тоьур ву со нахала ваккха. Цо и, сискал ца яа а, дийр а ду-кх.

Нал тилийна а ваьлла, неI лаьттах доьллира къеначу таллархочо. Чоко коьллашна тIе охьайиллира - мецачу акхарошка яийта. Изза дира шеца дIадахьалур доцчу жижигна а. Хьуьнхахь бода къовлабала боьлча, цIа ван новкъа велира иза.

Гихан берда йистехула схьавогIура Даркеш, цхьа а стаг дуьхьал ца кхеташ. ИсмаьIалгIеран хьера тIе кхаччале соцунгIа хилира. Кхузахь адамаш хила тарлора. Цхьа а гучуволийла хьожуш, коьллашна тIехьа велира. Дукха хьоьжуш Iен ца дийзира. Чуьра ара а яьлла, гонах дIаса а хьаьжна, болар сихдина юьрта чу тилира БатIалан сесаг. ТIаьххье аравелира ЦIагари. Вехха лаьттира иза дIайоьдучунна тIаьхьа хьоьжуш.

- БатIалан доьзал а деба боллучух тера ду, - велаозийра къена талларxо. - Маржа, бIаьсте, доллу хIума меттахдоккху-кх ахь. Чу са доуьйту, дахаре марзо кхуллу, ойланаш тIема йоху. Жималла Iийр яц шениг дитина. Ваьшшиммо локку ерг лекхна ваьлла вайшиъ, БатIал...

Кхин хаалуш аддам а дацара. ЦIагари а, хи чохь юьхькуьг а дилина, къайлавелира. Даркеш берда йистехула хьалаволавелира. Амма кхандоххала а валале, когийн тата хезира цунна. «ХIара мила ву техьа хIинца, ван?» Сиха дIалечкъира. Хин йистехула схьадогIу шиъ Олхазаррий, Таймасхий дара. Вовшашка дист а ца хуьлуш, ойланашка дахана схьадогIура и шиъ. Шайна гена воццуш,

коьллашна юккъехь тебна Iа Даркеш тоса а ца велира цаьршинна.

- Барт ца хилла моьтту суна къоначеран, - маьIна дира къеначу таллархочо. - Вуьшта, цхьаьна догIуш-м ду кIанттий, йоIIий. Кестта церан ловзаргахь со тхьамда Iе а ма мега. Кегийчеран эгI ар-м хи даьржина дар санна хIума дара. Цхьажимма хан ма еллинехь, юха а хьаьар ду...

Тховса ДаркешагIеран хIусамехь нелан жижигах дира пхьор. Ала деза, цунна шений бен-м ца хаьара цунах дерг ма-дарра. Кхуьнан къайленах ца кхуьуш, жижиг чуоьхуьйтуш Iачу доьзалхошка к IелдIахула бIаьрг а бетташ, вела ца вала гIерташ, садеттара къеначу таллархочо. Эццахь цхьа х Iума дага а деара цунна...

Даркеша жимха ваийтина, хьоьга шайга кхоцкхуш аьлла, схьахаийтича, БатIал шина даггахь хилира : вахча хIун дара техьа я цхьа бахьана а хIоттийна, цIахь Iийча хIун дара техьа? «Мила веллачу кхойкку кхо кхайкка мукъна а? - ойла йира цо. - Сан десара, лаа-м дац хьуна и... Цхьа Iовдал забар ян воллу хир ву-кх. Хьаша чу кхайкка де мичара ду, къелла ги гали а доьллина, хьаьмцаш лехьош лелаш волчу кхуьнан? Со ваха ма ца вахханехь, куралла йина ала воллу... ХIан-хIа, вахна хьажа веза со цо сайга стенна кхойкку».

- Хезий хьуна, со эцца Даркеш волчу хIоьттина схьавогIу хьуна. Бежнаш дIаIалашдинийла а хьажа ... ГIуй дIа а болла... Лулакулахула яьлла а ма лела. ГIуллакх дац... Цомгашчуьнга бIаьрг а тоха. Адам дай иза-м.

- Хьайн гIарбаше де ахь и къамел.

- ДIасацае хьайн цубуург! Сан десара, йоллу хьо со хьайн коча ваийта.

- Ишттта веана а коча вар гIоле ма хетара суна-м.

- Иммансиз, хIун ю цо юьйцург! Цхьанна дIахазахь, эхь дац и?..

- Сайн майрачуьнга луьйш яра со-м.

- ХIан, дIаяьл, шаръели хьо.

Бикату ша йисира. Халла бен багара дош ца долуш йолу гIарбашший, мотт сецна Iуьллуш йолу эмгаррий ца лерича. Уьш боцчу новкъа а бара. Ша БатIалан дола яьлчхьана дуьйна шозза-кхузза х Iоьттинехь, кхин цомгашчунна тIе ца хIоьттинера хIара. Доллучунна иза бехке йолуш санна, цхьа цабезам бара Бикатун цуьнга. Хийла Деле дийхира цо иза дIаэцар... Амма шена а-м ца хаьара лазаро лаьцначу оцу мисканца ша хIун къуьйсу. Стенна делахь а, цхьана тхов кIелахь а новкъа яра-кх... Дика хьаха ду, цуьнга хьажа гIарбаш йолуш. Иза яцахьара, важа тоххарехь мацалла а елла хир яра, хIокхо сискал дIа ца кховдош-м.

Букара а сеттина, чоьхьа елира гIарбаш.

- Дохнна хьалха хIума йиллиний ахь?

- Йиллина, Дали вазлора.

- ГIуй дIабоьллиний?

- Боьллини, Дали вазлора.

- Къуьда латабел. Коша чохь санна, бодаш бу кху чохь-м.

- Латибер, Дали вазлора...

Стогаран серлоно башийра чуьра бода. Хийла стаг вара юьртахь мехкдаьттанца болчу стогаре сатуьйсуш. Амма хьен-хьенан а таро яцара и эца. Юьхьанца цуьнан серлонах йоккхайийна а ца йолуш хилла Бикату, хIинца бен а ца хеташ хуьлура и латийча а. Цуьнан даг тIехь кхоьлина дара . И кхолар дайа оьшург цхьана Бикатуна бен ца хаьара.

- Хьо ма гIайгIани доьжина...

- Стенах сакъералур дара сан?

- Ма алилахь, Дали дика ву. БатIалай дика адам ду.

«И дика адам хьуна а долуш, суна цхьа къона мар велара», -долура цхьа минот ца яьллехь цуьнан метта боьххьера. Ткъа хозуьйтуш элира:

- Хьуна-м хIун хаьара...

- Ма алилахь, хьан бали гуш ю со.

- Дийцал тIаккха...

- Къа хьаьрчинай шух.

- ХІун къа?

- Хьалхаларичу хьан цІийнадайн.

- И мичара дели хьуна?

- Пал тасина ас.

Бикатун дегІе зуз деара. Иза ша а шек яра цхьацца долчу хІуманех. Амма цуьнан ойла ца ян гІертара. ХІинца хІокху ешапо карладаьккхи. Билггала цхьа хІума хаьа хьуна цунна...

- ХІун боху хьан поло?

- Хьалхаларичу цІинадайн рицкъа кхачайна дац хьоца.

- И бохург хІун ду?

- Шу цхьани даха деза.

- Айхьа хІун юьйцу мукъна а хаьий хьуна, Іовдал? Со муха еха цуьнца, кхечуьн цІартІехь хилча?

- Поло бахи иштта.

- Цхьаьнгга а багах ма даккхалахь и. ЧІимаш биинчо а дуьйцур дац ахь дуьйцург-м.

ГІарбашна хьалха майра йийлахь а, Бикату боккъалла а кхераеллера шена хезначух. Лаа дац суна иза гІенах дуьхьал тийсар... Дала хІаллаквойла хІара, хІан войла! Суна цхьана гІуданна кхоьллина хилла-кх. ЦІе йожа кІегаш тІе, рицкъа кхача ца дина тов. И доцург, суна тІехІоттаза хІума диса а ца диснера хьуна. Гирзаш даьлла говррий, тиша керттий санна, хІара шиъ товр а-м вара хьуна цхьаьна. ТІаккха бердах а яхана, ялар бен ма ца дуьсура суна. Ванах, хІун дийр дара техьа?.. Арахь цхьамма кхойкхуш санна хийтира.

- Хьажал, цхьа а кхойкхий арахь? ХІокху чуьраниг-м хир ма вац иза... ДІакхочу хан а ма яц.

- Аза-м кІази дара угІуш.

...БатІална дагахь а доцург карийра, вахана ДаркешгІаьрга дІакхаьчча. Паччахь санна, веза хьаша вина тІеийцира хІара. Иштта велавелла-векхавелла цкъа а ца гинера БатІална хІусамда. Вехха Іийра хІара шиъ хилларг-хезнарг дуьйцуш. Хьешана тамехь дерг бен цхьа а дош ца долура Даркешан багара. «Соьгара цхьа дика оьшу хир ду хьуна кхунна, - дуьхеккхиа гІертара совдегар. - ХІинцца дІахьаьжча, духалург ахча деха воллу хир ву. Дукха чу ца кхоьхьу делахь... Уьш-м хьаха девзара вайна. Цхьогал хьо делахь а, цхьогалан цІога-м со а ду хьуна...»

Схьа а деана, жижиг-галнаш хІиттийра хьалха. ХІинца БатІал шеко йолуш а вацара, кху кепара ша Іеха а вина, хаза дийцина, мерза даийна, шегара духалург ахча доьхург хиларх. Цуьнан сагатдийриг кхин дара: и къамел кхачанах кхетале хьалха юкъа ца даьккхичхьана, тІаьхьа цІога хьовзо-м кхунна хуур дара.

Цхьадика, БатІал кхийринарг ца хилира.

- ХІара дош хеташ-м ца бахара ас, БатІал, делахь а, хьо сайн цІен тІехь хІокху Делан беркатах кхетийла лаарна, цхьа бахьанаш лелийнера оха, - гІиллакхе ваьлла хьаьвзира хІусамда.- Паччахьашна хІоттош долу шун хІара дацахь а, тароне хьаьжжина биттина лол бу. Цундела дегаза а ца хеташ, сайца хІара кхача ахь боькъийла луур дара суна.

- Цхьа Дела воцург, вала везаш массо а ву, Даркеш, — генара-а долийра шен къамел хьешо. - Морза-бераммий, сискаллий а мерза кхача бу, нагахь санна иза доггах хьалха хІоттийна белахь.

- Дера цу тІехь а хьо бакъ ма ву.

- БисмиллахІи-рохьмани-рохьим...

Шун хьалхара дІадаккхарна кхоьруш санна, жижиг-галнаш чутилайора юучунна тІехь сутара волчу БатІала. Наггахь жижигна тІе гала а кхоллуш, кІелдІахула хьеше бІаьрг а бетташ, Іара хІусамда. Кеста барз боккхуш галнех дуьзна хилла текх дассаделира. Боги чохь а еккъа даьІахкаш бен ца йисира. Шен хьена куьйгаш можах а хьаькхна, токх хиллачу хьешо элира:

- Элхьамдулиллахь! ХІара дегІ доккхуш, иштта мерза жижиг диъна вацара-кх со цкъа а. Сан десара, баьккхи ахь, Даркеш, хьайна боккха мел.

- Аьхна хуьлда,- сих ца луш, дуьхьал вистхилира хІусамда.-Вуьшта, боккъалла а, хьан дешнех теша со иштта сонта ву а ма мотта, БатІал. Ахь-м суна там хилахьара аьлла боху. Айса хІокху жижигах цаваьлла церг мосазза туху, хьуна хьалха юьхьІаьржа хІоттарна, дегІах цІе леташ дера Іий со. Вир хилла хир ду кхара, хьаша вогІу аьлла, дийнарг. Цхьа а чам боцуш...

ОьгIазвахарна, кхидIа дош ца алалучуха, дIатийра хIусамда.

- Сан десара, Даркеш, и жижиг тIум санна мерза а ма дара, ахь бохучух со кхеташ а ма вац.

- И мерза доллушехь, чаьмза дара баха соьга хIун хIоьттина, ва БатIал?

- Делахь-хIета, со ву-кх хьоьга доцург дуьйцуш верг?

- Стагна там хир бара алий, Iаьржачух кIайниг дан гIерта-м ца оьшу.

- Даркеш, хьо хабар муьста долуш ву. Сан десара, дац оцу жижигна ала хIума.

- ОстопираллахI! Ма доккха хIума ду хIара дан! Айса цуьнан чам баьккхина бацахьара, ахь бохучух тешар вара-кх со.

- Хьо тешахь а, ца тешахь а, иза иштта-м ду.

Кхеран къовсам кхидIа а бахбала мегаш бара, пхьегIаш дIаяха Даркешан нус чу ца еанехьара.

- Собардел, собардел, - несана тIе вирзира иза. - Ахь тхуна хьалха диллинарг хIун жижиг дара: тхов кIела хьалаоьллина кхаьзнарг я рагIу кIеларниг?

- Воккха дада, кIезиг хилахь а аьлла, цхьана яй чохь иза а, вукху яй чохь важа а кхеккийра-кх ас, - шена хьалха хьехна ма-хиллара, жоп делира несо.

Даркеш воьхна хьаьвзира. Хуьлуш долчух ца кхеташ, цкъа цхьаьнга хьожуш, тIаккха вукхуьнга хьожуш, шен баккхий бIаьргаш а бетташ, Iара БатIал. Даркеша кхидIа а хоьттура:

- Тхойшинна хьалха диллинарг цхьана яй чуьра дара я дацара?

- ХIан-хIа, воккха дада, шина яй чуьра дара.

- РагIу кIелхьарниг хьанна хьалха диллира?

- Вайн хьешана...

- Велла вала со делаI, ахь динарг!.. Ма-дарра дийцича-м, бехк сан бу-кхи. Цхьаьнгга а ала ма ца аьллера. Шуна хIун хуур дара... ДIаяло хьайна...

Ела ца яла гIерташ, са а детташ, нус дехьа чу яхара. БатIал-м кхидIа хиндолчуьнга ладоьгIуш Iара. Даркешера хIуъу а даларх цец вер волуш вацара иза. Амма цо хIинца аьндерг...

- Дера ву со, БатIал, ахь ши лерг а лаьцна, нал хаькхина моьттуш.

- ???

- КъинтIера валалахь суна, хьайн десара! Селхана оцу кертарчу дай тIе марзъелла цхьа нал тосаеллера суна. Иза ен а йийна, жIаьлешна тосур-кх аьлла, жимма жижиг даьккхинера ас цунах. РагIу кIел охьадиллинчохь дицделла диснера... Кхара хIун ду а ца хууш, кхехко оьллина хилла-кх... Цу тIехь доккха гIалат дели соьгара. Хьо бакъ хилла. Суна сайна хьалха диллинарг а изза тарделлера. Вуьшта, нелан жижиг мерза хуьлу бохуш кхул хьалха а хаза-м хезна суна.

БатIалан бугIанан ши бIаьрг схьаэккхаза бисира. Юьхь цкъа маккхъелира цуьнан, тIаккха лила тоьхча санна, сенъелира. Iетто дог керчира... ХьуьнкIаш яьхкира. Улло охьабиллина куй схьаэца ца кхуьуш, хьала а иккхина, мохо вадийча санна, цIехьа тилира БатIал.

Арара гIуллакхаш дина а яьлла, чу яха етталуш йоллура Зайнап. ТIеяхана, кхин цкъа а зIар тI екъевлиний хьаьжира иза. Юрт набарна дIатевжинера. ЦIеххьана ведда вогIучу стеган когийн тата хезира цунна. «Ванах, хIун орца дохьуш вогIу техьа хIара? Дала вонах лардойла!..» ДIанехьо яьлла сецира иза. Ведда вогIург герга кхечира... Беттаса дара кхетта. И ца хиллехь-м, Зайнапна ца вовза а мегара совдегар БатIал. Цхьана куьйга ге а, вукху куьйга лаьцна бат а йолуш, мохо ядийна куьйса кол санна, вогIура иза. ТIехваьллачул тIаьхьа бен Зайнапан тидам ца хилира совдегар корта берзина хиларан. «Ватта, сан Дела, тиларчу-х ца вахний техьа хIара? Хан яьллачу хенахь кхуо хIун леладо, сера дайна котам санна, юьрта юккъехула дIасауьдуш? Миска Бикату. Майра къийвелла хилла хьуна а... Воцуш хилар гIолехь ю иштанаш хуьлучул-м. ВаллахI-Iазмора, и наха бохург бакъ хила мегаш а-м ду хьуна. Шиннах а къа дахна. Цамгаро лаьцна зуда тергал ца еш, дIа а тесна, БатIала керла нускал далий, ткъа Бикату кхечуьнан цIар тIехь йоллушехь, иза телхина вара аьлла, кхуьнга маре еа. Цхьаъ доцуш дац...»

Суьйренан бода булуш чIегIардигаш бен бина девлира. Чохь хаза дIа а тарделира и шиъ. Хьала хьаьжча, стиглахь къеггина кхетта седарчий гора. Iалам тап-аьлла дIатийнера, Вовшийн детталуш долу дегнаш хаалора олхазаршна. Цхьана йоккхуш йолу дуьххьарлера буьйса яра церан иза.

Стиглах Iуьрг даьлча санна, шина кIирнах ца совцуш догIанаш ихира. Хоттаний, ткъаршаний дIаса ца валалора. Даш санна язъелла, лохха лаьтта тIехула кхозура мокха мархаш. Маьлхан Iаьциг а

яцара гучуйолуш. ХIара гIап а, салтий а, эскарехь гIуллакх дар а кIорда а дина, хьехмерах
чекхдаьллера Покровскийна. ХIокху тIаьхьарчу хенахь ша мича эккхар ву ца хууш, синтем байна,
ючучх чам ца кхеташ, наб яйна виснера иза. Накъосташца-эпсаршца кехатех ловзар а, чагIар
мийлар а, анекдоташ дийцар а кхин кхуьнан дог оьцуш дацара. Шена хаа а хууш, салтех-муьжгех д
Iатарлуш лаьттара хIара. Ур-атталла маж-мекх яша а карх ца долура. Наггахь куьзгана чу
хьаьжча, ванах, со а вуй хIара олий, вуьсура поручик. Доь дайна юьсийла хIара Кавказ а, кхуза
 суна ван марздинарг а! Кхин жимма хьелахь, со-м хьер вер ву... Ишта ойланаш хьийзара
паччахьан эпсаран коьрте...

Покровский коре а хIоьттина, бага йоьллина луьлла а йолуш, Iуьргара цхьогал доккхуш санна, кI
ур а туьйсуш, ойланашка вахана лаьттара тахна а. Ирдина серий санна, охьаоьхура шийла догIа.
БIаьстенан юьххьехь комаьрша кхеташ хилла малх гучубалаза дикка хан яьллера.

Стенна делахь а, сту Бельская дагаеара цунна. Ала деза, тIаьхь-тIаьхьа кхуьнан ойла алсамо
йоьрзура цунна тIе. Дицделла цуьнан юьхьан амат дуьхьал хIотто гIертара иза. Амма цунах гI
уллакх хуьлуш-м дацара. Заманан дахкарлахь даьржинера, дешна дIадаьллера хIетахь кхуо кхин
башха тергалдеш хилла а доцу жимчу зудчун юьхьан сибат. Iовдал хиллера хIара. ХIун дара иза
марехь хилла хилча? Ваша а ца вешира. Лакха кхийдара. Боккъалла а аьлча, хIара ша мила ву?
Дера хиллера цунна тIехьовза везаш. Ца хиира-кх. Цу тIе, инарлин Невельскойн стунйиша а ма
хилла иза. Хьанна дагахь дара... Тамашийна хIума ю кхоллам. Ишта нислур ду ца моьттинера. ХI
етахь инарла чIогIа тIекаре хилира кхуьнца. ХIунда? Бедьскаяс хIумма а къадийний техьа цуьнга
 сох лаьцна? Тера ду . Дависа, хIинца юхадIадоло дезаш делара. Покровскийс дIахоьцур дацара-
кх хьуна шен ирс...

Эххара сецира догIа. Мархийн йийсарера баьлла малх къеггина лаьтта тIе хьаьжира. Кхул жимма
хьалха ишта хийцам хир бу аьлча теша хала хир дара. Поручика, Iа а ца велла, кор дIадиллира.
Мела хIаваъ кхийтира чу. Попахь дахар дIадоладелира: угтар хьалха урамашка арахьаьвдира когаш
Iуьйра бераш, царна тIаьххье шайн-шайн гIуллакхаш дан буьйлабелира зударий. Салтий а баьржира
 арахь. Поручикан бIаьрг кхийтира Савелийх. Хьан тIе куьг а лаьцна, цхьа бIаьрг а таIийна,
стигла хьалахьоьжура иза. Даима санна, цунна уллохь вара Хьаьрсаниг. Хене а, амалшка а
диллича, цу шиннал цхьаьна ца вогIуш ши стаг каро Iаламат хала хир дара. ХIетте а, Савелийца
гуттар уьйр лоьхуш хуьлура Хьаьрсаниг. Цхьамма цунах дерг хаьттича, цунна шена а хуур дацара,
дуьхьал кхачам боллуш жоп дала. Стенна делахь а, Савелий уллохь хилча, сапаргIат хуьлура-кх
иза. Цо мел чIогIа дов дарх а, юьхь яхарх а, Хьаьрсачо херо ца юлуьйтура шайна юккъе. «IадъIе
 хьо, зуьдан кIеза, - олура къенaчу салтичо шен къоначу накъосте, -ламанхочун шаьлтано дахар
 ца хададахь, хьан хьайчарах цхьамма велла Iуьллуш каравойтур ву». Шен бух а болуш, кхерам
бара Савелийс туьйсург. Нехан доларчу зудчуьнца лелаш вара Хьаьрсаниг. Ткъа дерриг а дI
адоладелира цхьана дийнахь хIара чIерий леца вахарна тIера.

Iуьйре дIаялале аьлла, хьалхxе гIеттина мIара богIа Соьлжа йисте вахара Хьаьрсаниг. МIара чу
тесна а валале, муьрг етта йолийра. Делкъе хилале ведар дуьззина чIерий лийцира цо. Де
дохделла догIура. ХIинца вухаверза а мегар дара. Амма оцу дийнахь кхин цхьа чIара лацар доьгI
на хиллера цунна - дашониг. Ткъа цу чIеран цIе Маруся яра. Кхеран интендантан зуда. Майрачун
йоI хила а мегар долуш яра хIусамнана. Дукха хан яра Хьаьрсачо цунна цергаш хьеккхайо... Аьтто
 ца болура...

Иза хин йисте йогIу ма гиннехь, цхьа инзаре тохаделира кийрахь дог. ХIара волчу агIор схьайог
Iура Маруся, схьахетарехь, хIумнаш йитта. Шен салпал схьа а гулйина, коьллашна тIехьа а
ваьлла, борз санна, дIатебира Хьаьрсаниг. Маруся, шек а йоцуш, кхунна уллохула а яьлла, хин
йисте йоьссира. ХIумнаш йитта хIоьттира. Иза охьа мосазза таьIа, Хьаьрсачун бIаьргаш, цициган
 санна, серлабовлура. Еххачу хенахь стечу хIуманца гIуллакх деана воцу къона салти, меца стаг
 жижиган декъе санна, хьоьжура жимчу зудчун ерзинчу настаршка. ТIаьххьара а, яша ца яйта, коч
 хьалайира цо. Хьаьрсаниг Iаччохь тохавелира.

ХIумнаш йиттина а яьлла, Маруся схьанехьа елира. Бедарш чуьра бога лаьтта охьа а хIоттийна, д
Iаса хьаьжира. Цхьа а адам ца гича, тIера барзакъ дIадаккха хIоьттира. «Лийча йоллу хьуна»,
- дагадеара къоначу салтичунна.

Ерзина цIена а яьлла, хи чу елира иза. Ша дечун хьесап ца деш, цо тIера дIаяьхна бедарш схьа
а гулйина, ша лечкъина Iачу кулла тIехьа дIаехьира Хьаьрсачо. КхидIа хиндолчуьнга ладоьгIуш д
Iатебира, луьйчуш йолчунна тIера бIаьрг а ца боккхуш.

Маруся хи чуьра схьаелира. Цецъяьлла йисира ша охьаеххкинчохь бедарш ца карийча, йоьхна
хьаьвзира. Лаха йолаелира. ЙогI-йогIуш хIара лечкъина Iачу коьллашна тIе еара Маруся. Шен
бедарш а гина, уьш схьаэца дагахь охьатаьIира. Эццахь тIехьахула ткъап-аьлла веана, тI
еккхийтира Хьаьрсаниг...

Цу дийнахь дуьйна керлачу хорша дирзина схьадогIура къоначу салтичун дахар. Арахь Iарж ма-
еллинехь, хьалхxе йиллинчу метте схьайогIура Маруся. ХIусамдех башха кхоьрийла а дацара. Мала
 хIума а, дIавижа мотт а хилчхьана, кхечу гIуллакхашца бала болуш вацара иза. Бер кхарна Дала
 ца деллера. Хьалха хIокхо муьйлуш хиларна чIогIа реза йоцуш хилла Маруся, хIинца ша хуьлура
майрачунна хьалха шиша хIиттош. Маларх ма-кхийттинехь, йиш а локхий, хIусамда набарна дI
атевжара. ТIаккха Маруся, ара а йолий, везар волчу йоьдура. Ишта дIаоьхура денош. Къеначу
майрачуьнца дуьне гина йоцу Маруся йоккхайийна а ца йолура хIинца шега кхаьчначу ирсах.
Цуьнан бIаьргашца хьаьжча, вуно куц долуш кIант вара кхуьнан везар. ХIоразза а ша хIара волчу
 йогIуш цхьацца совгIаташ кхоьхьура цунна: махорка чохь лелош болу тир яьккхина тIоьрмиг, чаг

Iаран шиша, хи чу йоьллина наьрс-помидор. Юьхьанца ийзалуш хилла Хьаьрсаниг, тIеттIа эвхьазвала волавелира. Эхь ца хеташ, ахча а доьхура... Кхечаьрга хьаьжча, МарусягIар къен Iаш бацара. Майрачуьнгахь дерг доккха гIуллакх дацахь а, салташна кхача дIахоьцучу меттехь хиларе терра, чу ян хIума йоцуш ца вуьсура. Дукха ца дагIахь а, ахча а догIура. Эпсаршца гергарло а дара.

Дезачу шиннан къайле нахана гучу ца йолийла дац. Царна шаьш мел чIогIа ларлуш хетахь а, вистхиларехь, велаваларехь, вовшашка хьажарехь тоса ца луш ца дуьсу и дерриге а кхечерачух къастош дерг. Кестта кхеран юкъаметтигех лаьцна хабарш даьржира гIопахь. Цхьанна хIара шиъ гиначух тера а дара. ТIаккха элира къеначу Савелийс кхуьнга и дешнаш. Амма цхьана хIуманна дакъаза вала хьаьхначу къоначу салтичо лерг дIа ца уьйхьира кхуо бохучуьнга. Забаре а даьккхина, дайира.

Покровскийна а хезнера церан юкъаметтигах лаьцна. Цкъа хIорш кехатех ловзуш Iаш, цхьана эпсаро эккхийтира: «ДоттагIий, дийца хIуъу а дийцахь а, вайн оьрсийн салти хIуманна ка йолуш-м ву. Со оцу индендантшина гур муха бугIур бара техьа бохуш леллашехь, Хьаьрсаниг олучу цу муьжгичо, дукха ойланаш еш а ца Iаш, шен гIуллакх дин. Муха хета шуна, хIан? »

Зуда. Кхунна-м тоххарехь дицделла и бохург хIун ду. ХIара ма яра аьлла цхьа а яц гIопахь тI аьхьавала а, захало дийца а. Ша нехан долахь йолчуьнга дог ца хаийтахь... Ткъа иза кхо дийр дац. Далур дац-кх. Муха нислур ву муьжгех?! ХIинца хIокху хьолехь хIара царах кIезиг къаьсташ велахь а. Амма гуттар а лаьттар ма дац иштта. Инарла ву ван везаш. ТIаккха хIокхо тIе а вахана, дехар дийр ду... ХIаъ, и сецна даьлла. Кхин хьедолуьйтийла яц. Тоьур ду.

Синтеме боцу хаамаш кхочура тайп-тайпанчу нохчийн ярташкара а. Къаьсттина гIоьртина хьал кхолладеллера Алдахь. Ламанхошний, паччахьан салташний юкъахь кест-кеста чучча-дахарш хуьлура . Царах цхьа а верваккхар доцуш ца доьрзура. Лакхара деллачу омрица хьун хьаккхар а сацийнера. Ша Покровский а башха кхачам боллуш тешна ваьлла а вацара цу кепара ламанхой къарбан таро ер ю бохучух. Цкъа-делахь, цхьа хIума тосаделлачу нохчаша кIелонаш ян йолийра хьун хьакка богI учарна. Цига доуьйтуш долу ха хьун хьоккхуш болчарал дукха хилийта дезаш хуьлура. Ткъа адамаш кIезиг дара.

ГIопехь мел берш инарла варе хьуьйсуш бара. ХIун дохьуш вогIур ву иза? ХIораннан а цуьнца доьзна дуккха а хIумнаш дара. Кху шара 25 шо чекхдолура Савелий паччахьан эскаран могIаре хI оьттина. Оцу ерриге а хенахь кхолламо мостагIчун даьндаргех а, цхьамзанех а ларвина хIара. Чевнаш-м дегIа тIехь ягарйина ца валлал ю. Ткъа уьш йоцуш тIом хилац. И яра-кх зама. ХI инцалерачух тера а йоцуш. МостагI хьуна дуьхьал вара. ХIоранна а хаьара, ша нана-Россин паргI атонан дуьхьа цIий Iенадойла. Цо ницкъаш алсам а бохура. Коьртехь лаьттара хьекъал долу майра эпсарш. Кхарех дIа а лур бацара. Цхьа зама яра, зама!

ХIинца Савелий Тимофеев тишвелла, кIадвелла. Винчу юьрта кхача сатуьйсу. ДIаволлар мукъна а хьомсарчу лаьттахь хилийта. Кхолламо кхунна дIахецна хан чекхйолуш ю. И шера хаало Савелийна. Цу тIе, хIара реза а вац Кавказехь бечу тIамна. Шайн Iедалехь бехаш болчу ламанхойн дахар хийца гIертар нийса ца лору къеначу салтичо. Кхузарчу бахархоша лардийриг шайн мехкан а, цI ийнан а сий ду. Кхин гIиллакхаш, амалш церан коча тийсар - иза а яккхийчу тоьпан хIоьънащций, цхьам-занащций! - бухарчарна дезалур долуш хIума дац.

Савелийна дагадогIу нохчийн юьртахь шаьш тIе муха ийцира. МостагIаллин ойла даг чохь а йолуш, иштта хьошалла далур дацара. Ткъа оцу къоначу ламанхочо Олхазара Iожаллин багара ваккхар а тоьур дара, кхин хIумма а ца хилча. ХIан-хIа, оьрсий а, ламанхой а мостагIий бац. Дош дашера шина вешин а долу. Вовшийн герггара довзархьама а, кхетархьама а хан оьшу. ТIаккха карор бу юкъара мотт. ДIадер ду вовшех цатешар. Герзашца дечу къамело дика ца дохьу. Халахеташ делахь а, цкъачунна цу маттахь къастайо вовшийн юкъаметтигаш. Савелий теша хьал хийцалург хиларх.

ТIаьхьарчу хенахь цу тайпана ойланаш кест-кеста йогIура Савелийн коьрте. Дуккха а хаттарш хI уьттура хьалха. Ткъа царна карош долу жоьпаш кIезиг хуьлура. Иза деган кIоргенехь кхета-м кхетара доллучух а, схьа ца алалора-кх. Дешнаш ца тоьура. Поручиках дагаваьлча хIун дара техьа? Вон стаг волчух тера дац иза. Бакъду, хIетахь дуьйна хийцавелча санна-м хетало. Сакъералуш вац, дукха хьолахь ша цхьалха хуьлу, къамеле ца вуьйлу. ЦIахь цхьаъ галдаьлла хир ду. Я сагатлуш хила а тарло. Жимчу стагна атта ма дац, Петербург дIа а тесна, хIокху Дала а йицйинчу дуьненан йистехь денош-буьйсанаш ягаръян. Iожаллин сиза тIехула а лелаш. Соьгара хI ун гIо хир дара техьа цунна?

Къеначу салтичуьнгахь сингаттам латтабо Хьаьрсачо а. КIеза санна, кхунна улло хьийзахь а, ша бохучунна тIера вер волуш вац. Виран амал йолуш ву. Гой хьуна, нехан бага ваханарг! ГIопахь массарна а хууш ду цо Марусяца лелош дерг. Дика, хьаха, ду цуьнан майра дог кIеда долуш, дов ца дезаш хилар. Аьрха амал ерг нисвеллехьара, тоххарехь Хьаьрсачун бат дурйина хир яра я цул а доьхнарг дийр дара. Вол-волуш, гуттар эвхьаза ваьлла важа. ХIинца, хьоккхий церан чу а воьдий, майрачуьнца чагIар а муьйлий, хIусамненаца бегаш бан волало. ХIусамда шена хIумма а хаахь а, я цахааран кеп хIиттаяхь а, тIуртIаз валлалц мала а молий, оьрсийн пеша тIе ша хьала а воккхуьйтий, дIавуьжу боху. ТIаккха къоначу везаран урх хецало...

Савелийна геннара тосавелира Хьаьрсаниг. Цхьаннах лечкъаш а воцуш, гIарол дарх мукъа ма-веллинехь, МарусягIар бехачу хIусаме йоьгIна воьдура иза. «Зуьдан кIеза! - оьгIазвахара къена салти.- Нахана йина муьлхха а гIело, ницкъ, цавашар цхьа бекхам боцуш ца юьсу. Дакъаза вала хьаьхна лела... Дала диканца дерзадойла».

Марусяс хьалхxе кечам бинера хьаша тIеэца. Цунна хаьара иза вогIу волу хан. Кийча лаьтташ дара чагIаран ши шиша а, тIекхоллург а. Хьаьрсачунна къаьсттина дукхаезара хи чу йоьккина наьрсаш. Цкъа хIорш молуш Iаш, чагIаран стака дIа а мелла, тIекхалла наьрс лехира хьешо. Стоьл тIехь и ца карийча, ласта а дина тIара туьйхира хIусамнанна. Мерах оьхуш цIий а долуш, хIара чуьра араедда кIелхьара ца яьллехьара, кхин а хIума кхетар йолуш яра. ХIусамда цкъа хьалатасавелира: «Ахь шен зудчунна тIе куьг айдийр дара?» — бохург дагахь долуш. Амма вукхо, белш тIе куьг а тоьхна, дIатевира. «Зуда хIун ю? - карзахвуьйлура Хьаьрсаниг. - Боьха хIума ю-кх. Вай, божарша, уьш бахьана долуш вовшех безам байа ца оьшу... Зударий дIахеца мегар дац. Кога кIелахь бахко беза... Вайшиъ молуш Iаш вуйла шена хуъушехь, тIекхалла хIума ца йиллина, гой хьуна, стоьл тIе. ХIунда? Ша вайшиъ ца лору дела...»

- Бакъ боху, — халла багахь мотт а керчаш, тIетайра маларо кхетам дIабехьна хIусамда. - Боьха хIумнаш ю. ХIокху сайчух лаьцна хIун дуьйцу хаьий хьуна?

Хин ведар тIедоьттича санна, меттавалийра Хьаьрсаниг оцу цIеххьана динчу хаттаро.

- ХIун дуьйцу? - толкха а эккхаш, хаьттира хьешо.

- Хьуна ца хаьа хIун дуьйцу? — цхьа тамашийна велакъежира хIусамда.

- Ца лаахь, ма дийцахь...

- Ас дуьйцур-м ду. Хьо сан зудчуьнца лелаш ву боху-кх...

- ДIавалахь, наха-м хIуъу а кхуллура.

- И бакъ дац ала гIерта хьо?

- Цуьнца ца лелаш, хьаккхица лелар вара со...

- И хIун къамел ду ахь дийриг? Хьан хIун дара сан зудчунна ала?!

- Битий вай зударий... ДIалацал кад.

- ХIан-хIа, собардел. Цкъа цIано ел суна. Дуй баа...

- ХIун аьлла?

- И эладита ма ду, алий.

- Кхин хIун хир дара и, эладита ца хилла?..

- Дуй ца бууш, хьо кху чуьра аравер вац.

- Делахь, дуй буу ас, хьан зудчуьнца гIуллакх ма ца деана сан, - бIаьрга негIар ца тухуш, элира Хьаьрсачо. ТIаккха, тIехьа а вирзина, вуккунна ца хозуьйтуш тIетуьйхира: «Дитта буьххьехь».

ХIусамда, корта стол тIе а божийна, яй белш а эгош, велха волавелира...

Цхьа а дош тIех ца туьлуьйтуш, кора кIел а хиъна, лерина ладоьгIуш Iара Маруся. Кхераелла, са кIажин пхенашка даханера цуьнан хIусамдас хьеше дина хаттар лере кхаьчча. Вукхо деллачу жоьпо чу са даийтира. ХIинца цо шена тIара тохарна а гечдан кийча яра хIара. Сихха шен пеша тIе а ваьлла, дIавижахьара важа... Ва везан Дела, оццул Iовдал муха кхоьллина техьа?.. Хьаьрсаниг хьалхара ма вац Марусян... ХIумма а ца тосало... Тосаделча а, атта Iехавойту... ХIетахь драгунски эпсаро санна. Ма дара иза!.. Кхаьргахь буьйса яккха сецнера шен цхьана гIуллакхна лакхарчу хьаькамна тIе кехат эцна воьдуш волу къона эпсар. Чувеачхьана дуьйна хIоккуьнга сема бIаьрг бетташ вара иза. ХIума яа стоьл тIе хевшира. Шеца деана къаьркъа дара хьешан. Цунах чIогIа самукъадаьлла хьаьвзира хIусамда. Цхьацца кад дIамеллачул тIаьхьа, эпсара хIусамдега элира: «ЙоI хаза ю хьан...» Дуьхьал «кхехь-кхехь» аьлла йовхарш а тоьхна, цхьа гIам-гIим дира хIусамдас Марусяс, ела ца яла гIерташ, бета тIе куьг диллира. Схьахетарехь, важа кхийтира... Мухха делахь а, хIорш дIабийша бохкуш, эпсара къайлах бIаьрг таIийра кхуьнга.

Чохь бода хIоьттира. Кеста, хIусамден «хур-тIур» доцург, тийналла яьржира гонах. Марусяна наб ца кхетара. Ха хоьрцуш Iуьллура иза. БIаьргашна дуьхьалара дIа ца волура хьаша.

Жима йолуш дас-нанас гIеххьа хан яьлла волчу шайн юьртахочуьнга маре дIаелира Маруся, Царна бехк буьллийла а дацара. Доьзалехь бархI бер дара. Массо а кхаба ца лора. Ткъа хIара яхнарг Эскарна хIоъ-докъар латтош вара цу хенахь. Кара хIума йогIура. Меца бераллa лайна йолчу Марусяна доккха ирс хетара шега кхаьчнарг. Оьшуш хIума дацара. Юьхьанца. Амма майра сиха къанвала волавелира. Ткъа кхуьнан дахаре йолу марзо тIеттIа марсаюьйлуш схьайогIура.

ЦIенкъахь когийн тата тосаделира цунна. ДоьIу са лахдина, юргIи кIел тебара Маруся.Татанаш хIара йолчухьа дуьйлура. Корта хьала айбан ца яьхьаш, Iуьллура къона хIусамнана. Татанаш дI

атийра. Цхьаммо шена тIера юргIа дIатосуш санна хийтира цунна. Оццу юкъана, ван а веана, улло дIавижира хьаша. Хьарччийна хIара мара къевлира... Йоьхна Маруся, ша хIун дан деза ца хууш, дуьхьал тийсаяла йолаелира. ДIасадеттаделла-деттаделла, ший а паднара тIера цIенкъа охьадуьйжира хIара шиъ, чохь гIовгIа а оьккхуьйтуш. Майрачо пеша тIера чу кхайкхира:

- Мила ву цигахь? ХIун хилла?

Кхераелла Маруся яла-м ца елира... Ткъа хьешо шек а воцуш, жоп делира:

- МостагIий тIелетта! Со цаьрца тIаме ваьлла!

- Ларлуш хилалахь, хьан смйлалла, нохчаша хIуъу а дийр ду хьуна. Тешам боцуш нах бу...

Вехначу хIусамдена ша хIун юьйцу а ца хаьара. Iуьйранна хьаттича, шена гинарг гIан дара аллал бен кхин кхетам бацара.

- Со кхаьрца ларор ву хьуна! Хьайн наб е ахь!

- ГIо оьшуш хилахь, аьр ахь... Тешам боцуш нах бу хьуна нохчий...

И дерриге а хезаш йолу Маруся буйна йоьлура...

- Маруся! Маруся, - Хьаьрсачун озо мерзачу дагалецамех яьккхира иза. Корах ара а кхевдина, хI ара ца гуш, кхойккура вуккхо.

- Мохь ма хьекхахь, - резаяцаре йистхилира Маруся. - Къора яц... Нахана хозуьйтур ахь.

- Сетта а ца сетташ, чу йолий ялал!

- Мича гIур яра со, чу ца еана?.. ДIайогIу.

ХIусамда шен пеша тIе хьала а ваьлла, гIайба мара а боьллина, ког хецца дIавижнера. Хьаша сиха вацара стол йита... ХIусамнана цунна улло охьалахъелира.

- Суна оьгIаз-м ца яхана хьо?

- Ца яхана.

- Яха а ца оьшу. Божаршна муьтIахь хила еза зуда.

- ДIадийший вай?..

- Стенга сихъелла?

- Са даржале дIаваха ца деза хьан?..

- ХIунда?

- Нахана ца гайта.

- - Ца хууш бу хьуна уьш !..

- Суна-м наб йогIу...

- Мала хIума йисний?

- Мелларг ца тоьу хьуна?

- ДIасаца! Жоп ло.

- Кхачийна.

- Дикка хьажахь.

Маруся, реза йоцуш хьала а гIеттина, сени чу яхара. Цхьа хIуманаш кегош яьллира. ТIаьххьара а буйнахь шиша а долуш чуеара. Хьаьрсачун таьIна дог юха а самалха делира. Езарера схьа а эцна , шиши чуьра малар стакан чу доьттира цо, дуьззина.

- Хьуна дуттий?

Пеша тIехь цхьа гIовгIа елира. Маруся, хьешана уллора хьала а иккхина, дIанехьа елира.

- Стенах кхоьру хьо? Хьан мурйоьлла гуьйриг уьтталгIа гIан

гуш Iуьллу...

Амма хIусамда вижна вацара. МоттаргIа йора. Цо сацам бинера тховса дерриге а къасто. КI
ордийнера шех нах бийлар, тIехбеттамаш бар, даррехь ккардар. Дукха садиттира. Теша лаьара и
бакъ цахиларх. Делахь а, ларамаза олуш ма дац: цIе йоцуш кIур хилац.

Оцу сарахь а, хьалха санна, вуха ца гIерташ, молура цо Хьаьрсачуьнца. Меттиг еара цунна ша
боккъалла а вехна-кх аьлла хоьтуьйтуш. Амма ойла сема яра. ДегI бодделлехь а, коьрто болх
бора. Маларан барам тIехбала ма-буьйллинехь, вехна, ша хIун леладо ца хуучу ваьллачуха, хьеше
 гIо а дойтуш, пеша тIе хьала велира иза. Букъ а берзийна дIавижира. Цкъа ша дийриг эрна
хеташ мур беара. Хьаша волчухьа а вирзина, цуьнга бехк ца биллар деххал, холча хIоьттинера ша
 иштта шеконаш йолуш хиларна. Хьаша хIусамнене ккайкка воьлча а вониг дагахь дацара цунна.
Делахь а, важа чу а еана кхарна юккъехь тасаделлачу къамело сацийра...

Халахетара, дог лозура ша Марусяс Iехийна хиларна. Цунна чу са диллина вара хIара. Цхьа а хI
ума ца кхоадора. Кхечара санна, етта ца еттара. Ницкъ ца бора. Ткъа бан безаш хиллера. ТI
аккха нахаца лела дог догIур дацара. Хан хир яцара. ХIумма а дац... Тховса дерриге а къаьстар
 ду. Дерриге а шен метта дIахIуттур ду. Бекхам хир бу... ХIан-хIа, Хьаьрсачун коча гIур вац х
Iара. Вахча а, тулур а вацара. Нелехь санна ницкъ бу вукхуьнгахь. ХIокхо кхин дийр ду. Оцу I
алашонна лерина дIадиллина къонза ду кхуьнан. Важа шишанаш льттачохь. Доллучун а хьалххе
хьесап дина... ВорхIазза дерина, ворхIазза дуьстина. ГIалатволийла дац. Маларна тIехь сутара
ву Хьаьрсаниг. Барам-бустам а боцуш. Шина шишана чуьра цIена чагIар кхара цхьаьний дIамер ду.
КхоалгIаниг дуьтур ду. Къонза чохь дерг. Цуьнца долу дIовш тоаме ца хетахь а аьлла, дехкий
дойу молха а тоьхна. Хьожа вукхунна а йогIур яц... И кхуо дийр ду, нагахь санна наха дуьйцург
 бакъ хилахь. Ткъа и иштта хиларан хIинца цхьа а шеко яц.

Кхо лийрина ма-хиллара, хьешана кIезиг хийтира мелларг. Марусяс схьадеара шиша... Цунна хI
умма а ца хаьара. Хьаьрсачо стакана чу и дуттуш, дохковаларан ойла аьттехьа а ца еара пеша тI
ехь Iуьллучунна. Мелхо а, Деле дехарш дора, цуьнга иза сихха дIамалиййталахь, бохуш. Амма цо
Марусяга: «Хьунадуттий?» - аьлча, кийра шелбелира. Хьала эккхаза велира хIара. Шена хI
усамнанас мел вас йинехь а, цунна вониг хуьлийла ца лаьара. Воьллера цунах. Езара иза. Йоцуш
мегар вацара. ТТТя шена бехказйохура: «Маруся жима зуда ю. Хьекъал ца тоьу. ШайтIано марздина
... Цуьнга дуьхьало ца яелла. Цу тIе, жималло шениг лоьху... ХIокхо и, даветIана хиларг,
малар дита а дитана, зудчун ойла яхьара, цу тIе ца дала а мегара. Хьаьрсачух Iехаелла иза.
Цуьнца дерг ас цхьалха ма даьккхинехь, иза суна тIейоьрзур ю... Далла хьалха а бехке хIума
дац ас деш дерг. Дац те. Цо суна гечдийр ду. Иза дерриге а гуш ву».

Кхуьнан ирсана Марусяс шена ца доттийтира. Хьаьрсачо стака хьала а айдина, хи санна, дакхий
къурдаш а деш, дIамелира дехкий дойу молха тухуш кечдина къонза. ХIусамдена-м моьттинера,
оццу минотехь иза вала вужур ву. Амма хьаша ондда кога тIехь льттара хIинца а. Марусяна тI
ехула пхьарс а баьккхина, биллина мотт болчухьа дIаволавелира, техка а техкаш. ХIусамден хьаж
 тIе хьацар туьйхира. «Эрна хилла техьа ас мел хьегна къа?.. Вала ца леш вуьсур ву техьа иза?
Я цо мелларг кхин ду те?»...

Юьйш урс Iоьттинчу нана-неле санна мохь белира чохь. Паднара тIера охьа а шершина, льттахь
керчара Хьаьрсаниг. Багах чопаш оьхура... Куьйгашца чо а лаьцна, тиларчу вахча санна, шабарш
дора. «Кийра богу... Чуьйраш хедош санна хета... Хи ло суна, хи!.. Ма валийта!.. Лоьре
ккайкка! Ахь дин суна хIара!.. Хьан болх бу. ХIун яра ахь суна малийнарг?..»

Ша льттахь ю, стиглахь ю ца хууш, йоьхна хьийзара Маруся. ХIун дан деза ца хаьара. Орца
даьккхича, нахала ер ю. Ца даьккхича, хIара бакъонца леш а льтта. Дагар дуй техьа и?.. ДI
адала а ма мега. Сихлур яц со. Майра самавалахь, хIун дер? Сайна хIумма а ца хуучуха IадIийр
ю-кх... Шуьшиъ вара-кх и цхьаьна молуш хилларг. Со чохь а яцара...

Дан дезачун цу кепара хьесап дира Марусяс. Льттахь керчаш верг а дIатийра эххар а. ХьалагI
атта гIо дан дагахь, бертал Iуьллу иза аркъал ваьккхира хIусамнанас. Цу минотехь лаьхьано
лаьцча санна, юха а елира. Нийсса кхунна тIехьоьжура Iожаллин шелоно гIорийна, дахаран Iа
чуьра дIаяьлла ангалин бIаьргаш.

Меллаша пеша тIера охьавоьссира хIусамда. Вист а ца хуьлуш, цIенкъахь Iуьллучунна тIе хI
оьттира. ХIара тергал а ца еш, сени чу вахара. Цхьа хан яьлча, муш а карахь вухавирзира. Цо
лелочунна тIаьхьа ца кхуьуш, пенах а летта Iара Маруся. Веллачунна коьртах гали а доьллина,
муьшца иза дIавехка волавелира хIусамда. Цхьаьнга дIаса ца карчалора... ХIусамнене ккайккхира:

- Схьайоьл, гIо дел...

Марусяна гIенах долуш санна хетара кху чохь хуьлуш мел дерг. Вочу гIенах санна. Амма шега
ккайккхича, тIе а яхана, дакъа дIасакарчо гIо дира. И дина бевлира...

- Сахилале ккузара дIаваккха веза хIара.

ХIусамден паргIат леларо гуттар лемана тIера яьккхинера Маруся. ХIумма а ца хилча санна вара
важа. Цо тIе мохь хьеккхнехьара, бехкаш даьхнехьара, хиллачух цец мукъана а ваьллехьара,
кхунна атта хир дара. ХIинца ша муха-хIун дан деза а ца хууш йиснера. Тховса санна цкъа а
холча хIоьттина яцара Маруся.

- Мича... хьур ву... иза?

- Мичча ваьхьна а, цхьанхьа ца ваьхьча-м ца волу.

- ХIун хилла цунна? - хаьттира, стенна хотту а ца хууш.

- Ша лехнарг, - доцца хадийра вукхо.

Даш санна, деза дара Хьаьрсачун дакъа. Шинга халла бен хьала ца айалора. Чуьра ара а даьлла, цIеношна тIехьахула бодашкахула шайгара ирча мохь эцна доьдура майрий, зудий. Ший а гI елделлера. Амма цхьаъ тIекхачарна болчу кхерамо цхьана а минотана садаIа ца совцуьйтура. Кхин дан хIума хила а ца хилла, лаьттахула теккадора цара веллачун дакъа. Цхьацуьрг хьеделлехь, инарла Невельской буьйса яккха сецначу цIа чуьра арабевллачу эпсаршна тIеIотталора хIара шиъ. Далла бу хастам, и ца хилла. Вовшашца цхьацца къамелаш а деш, бийла а буьйлуш, шайн-шайн хI усамашка дIасабахара уьш. Тебна Iачеран лере кхечира: «Инарлин цхьа къаьсттина юкъаметтиг йолчух тера ду вайн поручикца. Юха а ша волчохь саций...»

ГIовгIанаш дIатийра. ХIинцца кхийтира Маруся шаьш юьхьарлаьцначу некъах. Соьлжа долчухьа дIаг Iертара хIорш. ЦIеххьана коьрта чу еанчу ойлано лахдира цуьнан болар. ХIорш кхечира дуьххьара кхунна иза вевзинчу метте. ХIетахь... Бедарш яйча... Оцу дIогарчу коьллашна тIехьа хилира дерриге а... Куьйга эшарехь жIара йира Марусяс. ХIусамдас шатайпана кхетийра иза.

Iалашоне кхоччуш бохкура хIорш. ТIаккха шайгара и инзаре кира дIа а тесна, доккха са а даьккхина, цIехьа боьрзур бара. Тховса хилларг дицдан. Кхин вовшашна дага ца даийта. И дерриге а ирча гIан лара. Хино хьулйийр ю кхеран къайле. Гуттаренна а. Цхьанна а хуур дац. ХI инца дуьйна дIа цуьнан валаро кхарна юкъахь хьалха хилла йоцу ондда зIе кхуллур ю. Цу зIенан цIе - кхерам... Кхерамо адамаш цхьаьнатуху, чIагIйо царна юкъара уьйраш.

Iалашо герга яра. Амма, хIинца-м гIуллакхан йист яьллера аьлла а хетийтина, бодашкахь хехь лаьттачу гIаролан аз дийкира:

- Мила ву цигахь?

Кхераделла майрий, зудий, дакъа долччохь охьа а тесна, берда йистерчу коьллашна юкъахь дайра.

- Къоначарах цхьаъ хилла хир ву шен заббарица хи йисте веъна, - дагатесира цу буса гIаролехь лаьттачу Савелийна.- Сахьт дацара иза Хьаьрсаниг хила а. ХIуъу а леладал эхь доцуш ву. Кхин цкъа а къамел дан деза ас цуьнца. ГIуллакх гена долуш лаьтта...

Набарна тевжина Iуьллучу гIопехьа вирзира къена салти:. Серлонан Iаьциг яцара цхьанхьа а гуш. Цхьа хIусам йоцчохь... И хIусам инарла сецнарг яра.

- Вайшинне а дика евзаш йолчу цхьана зудчо тIедиллина суна хьан гIайгIа бар, - Невельской тидаме хилла, Покровскийга хьаьжира. — Хьо хууш ву-кх, ас мила юьйцу?..

Жоп даларан меттана, поручика корта таIийра.

- Суна товш ю хьан амалш, - кхидIа а дора инарлас шен къамел. - Тешна ву, вайна юкъара, муха эр дара царах, юкъаметтигаш чIагIлуш дIагIуриг хиларх. Нагахь санна хьан цхьа дехар-хIума соьга делахь, и кхочушдан а хьожур ву. Петербурге вуха ма вирззинехь, луьра барт хоттур ма бу соьга, - забар ечуха экккхийтира Невельскойс. - Со ладогIуш ву...

- Хьан сийлахь-возалла, хIокху акхачу махкахь сайна хуург а дицлуш лаьтта суна, - сих ца вала а гIерташ, дIадолийра Покровскийс. - ТIом аьлла тIом а бац, машар а бац. Со кхеташ вац хI окху хьолах... Ткъа чаккхе гуш а яц. Хан эрна дIаоьху. ГIуллакх тIехь суо зен лаьара... Аьтто баккхахьа сан и дан. Кхузахь тIаьхьало йолуш хIума ца карадо суна...

Баха иштта гIиллакхе бахахь а, оцу даккхийчу дешнашна тIехьа лаьттарг кхин дара: «ГIо де суна кхул кхерамза а, гIолехь а йолчу меттиге кхача...»

- Со кхета хьох, поручик...

Цу тIехь инарла харц а вацара. Покровскийн дешнаш цо кхетийра кхето мадеззара. ТIехула варкъ даьккхина хилчахьана, чулацам вуьшта хилча а, тардолуьйтура кхеран гонах наха.

Амма, - Невельской соцунгIа хилира, - кестта, поручик, кестта, - и дош цо чIагIдеш элира, - баккхий хийцамаш хир

- И дуьйцу дукха хан ю-кх, - ца сацавелира Покровский.

- Соьгара хезна-м дац хьуна и, жима стаг! - инарлин аз реза иоцуш дийкира.

Поручик кхийтира шегара даьллачу гIалатах.

Бехк ма билла суна, хьан сийлахь-возалла! Ас аьлларг хьох хьакхалуш дацара. ДуьххьалдIа вайн эпсарийн цхьана декъана юккъехь даьржина-кх ламанхошца барт лаха беза, тIаккха Росия шен I алашоне а кхочур ю боху хабарш. Соьга хьаттича, ницкъой бен къарбийр бац хIара мохк!

- Со а ву иштта хеташ, - инарлин аз маслаIате дара. - Вайна ца оьшу ламанхойн долахь йолу Кавказ. Шайн кхиарехь вайл лахарчу тIегIанехь латтачу халкъашца доттагIалла лелор ша шен сийсазвар санна хIума ду. Суна хаьа, вайна юкъахь а нисло тIамца кавказски шад бастарна дуьхьал берш. Демократаш... Я КХИН хIун олу царах?.. Даррехь болчу мостагIел кхераме бу уьш. Халахеташ делахь а, паччахьан гонехь а массо а вац цунах нийса кхоташ...

- Цундела лаьа суна кхузара дIавала.

- Сих ма ло, поручик. ГIуллакх хьуна ма-хеттара галдаьлла а дац. Петербургехь доккха Iедал шайн карахь долчара со тешийна, герггарчу хенахь паччахьо эскаршна тIаме довла омра дийриг хиларх. Со кхуза веана, леррина кхузара хьал талла а теллина, столице сайна хетарг дуьйцуш хаам баран Iалашонца. Нагахь санна ламанхойн вайга долчу мостагIаллин билггала долу масалш гучудаха таро хилахь, гIуллакх вайна оьшучу агIор къастийна цхьалхадаьккхина лара мегар ду. Хьо кхетий, поручик?

- Кхета, хьан сийлахь-возалла.

- Маьрша нохчий бохург туьйра дуй?

- Ду, хьан сийлахь-возалла.

- ТIелетарш дой кхара?

Цу хаттарна муха жоп делча нийса хир ду ца хууш, воьхна хьаьвзира Покровский. «ХIаъ» алахь, дало билггала масал дацара. «ХIан-хIа» алахь, и инарлина дезалур доцийла хаьара.

- Поручик, - гIоьнна веара Невельской, - ламанхой хIокху гIопа ца гIертахь а, вайн салтийн цхьамзанеххий, яккхийчу тоьпийн хIоьънеххий къеххаш Iа. Иштта дуй и?

- Ду, хьан сийлахь-возалла.

- Вай девр дац личкъина. Цунна ца даьхкина кхуза... Стохка салтий а бойуш цхьа меттиг еъна бохуш ма хезира суна.

- Еара иштта меттиг, хьан сийлахь-возалла. Амма декхарийлахь вай а ца дисира. Кхо нохчи вийра ...

Аьлла ваьллачул тIаьхьа кхийтира поручик, и тIаьххьарниг ца олуш дитнехь, бакъахьа хирг хиларх.

- Кхаа акхарочун дахар хIун ю сийлахьчу паччахьан эскаран салтийн кхолламе диллича! ХIан-хIа, и иштта дита мегар дац царна. ДIахаийта деза, и санна дерг бекхам боцуш дуьсург цахилар. Бехкенаш схьабалийта вайн кара. Ца лахь, ягаяй дIаяккха юрт... ХIун ю цуьнан цIе?..

- Гиха, хьан сийлахь-возалла.

- Кханнехь дIахьеде... Цара и кхочушдийр ду аьлла хетий хьуна?

- Ца хета.

- Дикахо ду-кх.

- Кхеташ ву, хьан сийлахь-возалла!

- Цу кеппара, бахьана хир ду... Хилларг ас дIатухур ду Петербургехь. Хьан цIе хьахайойла а долуш, Iаламат вайна бегIийла хуьлучу агIор доьрзу гIуллакх... ТIеман кампанехь ахь хьуо майра гайтичхьана, кхидерг дан суна атта хир ду. Дерриге а хьан кара дIало ас...

Амма кхолламо кхин кечдинера.

Iуьйранна са даьржаш Соьлжа дистина деара. Хин бердашна юккъера а даьлла, аренца охьахьаьдира . Хин юьхь уггаре а хьалха гинарг хехь латташ хилла Савелий вара. Цо даьккхира орца а. ГI опарчу бахархошна оцу кхерамах дерг шен хеннахь ца хиънехьара, даккхий зенаш хила тарлора. ХI инца шайн салпал а эцна, хьалха лаьккина даьхни а долуш, кхерамечу меттера дIаоьхура уьш. Дистина догIучу хин боьха Iовраш цхьаццадолчу цIеношна тIе кхаьчнера. Цхьацанхьа гоьллец а, кхечухьа корта къайлабоккхуш а дара тIедаьлла Соьлжа. Савелийна а гуш, чохь бер долу ага дадийна даьхьира хино.

Салтий а, эпсарш а, зударий а, бераш а хьаьвддий, девддий лелара шайн бахам, герзаш, тайп-тайпана гIирсаш кIелхьарабохуш. Юкъара зударийн белхар а, берийн маьхьарий а хезара I уьйренан тийначу хIаваэхь.

Покровский ведда воьддушехь инарла волчу вахара. Кхерам туьйсуш хIумма а доццушехь, лаьара ишттачу минотехь цунна уллохь хила.

Хи тIеттIа алсамдолуш лаьттара. Сийсара набаран суй бина доцу Марусяй, цуьнан хIусамдай а

дара каде уьйтIахула хьийзаш. ГIезан месийн гIайба карахь а болуш, чуьра араедда йогIу иза, I адийча санна, сецира. Йоккха гIаьттинчу хин тулгIено нийсса кхеран уьйтIа дохьура... дакъа. Х Iаъ, цуьнан цхьа а шеко яцара. Марусяна сиха вовза а вевзира иза... Коьртах доьллинчу галех а , биккинчу муьшах а. Зудчун дог гIелделира.

ЭгIийча санна лаьттачу хIусамден багара а цхьаъ дуьйлура: - Ца хаьа... Суна хIумма а ца хаьа. Нохчаша дина и... Тешам боцуш нах бу уьш... ДIадаккхийша и кхузара. Сан бехк бац!.. ХIун деш лаьтта шу?..

Хиллачун дуьхье ца кхуьуш, инзарбевллера нах. Схьахетарехь, царна массарна а юкъахь цхьа Савелий герга вара сийсар-Ивpачу буьйсанан къайлене кхача. Амма коьртехь лаьттачарна оъшург кхин дара. Бахьана.

Стиглахь кхетта стелахаьштиг санна, сиха баьржира и хаам: аренцара нохчий паччахьан эскаршна дуьхьал гIевттина. Каркара а оьцуш, цхьана юьртара вукху юьрта кхочура иза.

Хьажа-Iелина уггар хьалха хиира цунах лаьцна. ГIаттам киллачу шолгIачу дийнахь хьацарх юьзначу говрахь цхьа бере нуьйлира юьртах чу. Шена хьалха дуьхьал кхеттачу гиххочуьнга Хьажа -Iела чохь вехаш волу хIусам муьлха ю аьлла, хьаттира цо. Жоп ма-хеззинехь, ур-атталла баркалла ала а вицлуш, цу пгIор дIахаьхкира беха некъ идорна гIелъелла расха говр.

Хьаша веха ца хьевелира. Хьажа-Iелица цо къамел дечу юкъана бен садоIийла ца хилира говран. Схьа ма-варра, сиха юха дIа а вахара иза.

ТТТя дуьххьара тIеIоттавелла кIант Элберд вахийтира цо Олхазаре а, ЦIагарига а схьаккхайкха. Х Iинца Iуьйре елахь а, хьем ца беш веана схьаккхечира ши накъост. ХIажа-Iела хьалхачул ойлане а , цуьнца онддачу лаамах вуьзна а карийра царна.

- Бусалба вежарий, - хIора дош къастош дIадолийра цо, -тIеккхечи, йокъа хIоьттинчу лаьтто догI а санна, вай лардина де. Халкъ гIетти Делан гIуллакхна. Герз охьа а кхуьйсуш, керстанаш уьду ... ГIаттам баьржаш лаьтта. Геланчаш кхочу массо а ярташка. Дела вайгахьа вирзина. Кхайкхаза вайн махка баьхкинчу оцу гаурийн хIу дайа деза. Кийча хила. Хан эрна дIа ца йохуьйтуш, орцах довла деза вай. Со а вогIур ву шуьца. Ишттачохь къонах верг тIаме воьду, кIилло гIодамийн такхорах вулу. Дийна дисахь, корта айббина лелар вай. МостагIчун карах далар хилахь - гIазот хир.

Молхана тIе боьжна цIеран суй бара Хьажа-Iелин дешнаш. Хьалха вистхилира ЦIагари.

- Устаз, хьуна тIаьхьа хIиттина, дала а реза ду тхо. Олхазара карзахе хилла тIетуьйхира:

- Тахханехь новкъа довла деза. Ког хецна Iа хан яц хIара. ...ТIом марсабаьллера. Шина а агI орнаш летара оьгIазаллица,

къар ца луш. Покровскийн буйнара тур юккъехула кагделлера. Амма вуха волийла дацара. ТIехьа, пен санна, кхуьнан шен салтий лаьттара, хьалха тIегIерташ ламанхой бара. Поручикна церан яххьаш бен ца гора: Iаьржа можмаш, цабезамах догу, чу цIий хIоьттина бIаьргаш. Дукхах, болчаьргахь шаьлтанаш бен яцахь а, салтийн карарчу тоьпийн цхьамзанашна тIеоьхура уьш. Хьалхий, тIаьхьий оьгура, узар бар доцуш, мохь ца хьоккхуш, кхерабалар ца хаалуш. ХIокку инзаречу Iожаллин ловзаран йист хир а юй техьа олий, хеталора.

Юьхьанца Покровскийна ша туьран мукъ Iуьйдучу куьйгана хьацар даьлла моьттинера. Амма кераюккъехь цхьа тIе а леташ, мела хи даьржаш санна хетча, иза кхийтира шена пхаьрсах йинчу чевнах дуьйлу цIий и хиларх. ДегIера гIора кхачош лаьттара. БIагор хьийзара. Бага якъаеллера. Дукха хIума лур дара цо цхьа къурд балла хи хуьлуьйтург. ТIаккха велча а бен хетар дацара. ХI аъ, билггала хIинца кхузахь еара цуьнан коьрта чу и ойла: Iожалла. Маьршачу хенахь хеташ ма-хиллара, ирча а ца хилла иза. Хийла стаг тахана воьжна, кхин цкъа а ца гIатта. Салтех а, ламанхойх а. Поручик хьоьгу царах... Уьш бевлла шаьш лов дерг лайна. Iожаллех чекхбевлла... Иза ша а цецвелира цIеххьана шена дагадеанчух: Дела, валар лохьа суна, хIокху жоьжахатах воккхуш!

Кху шиннан бIаьргаш вовшашна тIеттIа богIабелира. Ванах, мичхьа гина техьа суна и юьхь? Лерина даьшна маж-мекх, дуткъа балдаш, хьаьрса никIапа... Олхазара ен ойла хадийра эпсаро кхуьнан коьрта тIехула айдинчу туьро. Дика хьаха ду и кагделла хилла. Вуьшта, ламанхочун корта белш тIехь буьсург хиларх тамаша бара.

И шиъ летара цхьабоссачу ницкъаца, оьгIазаллица, тола болчу лаамца. СовгIатна диллинарг - дахар... Сел деза и совгIат цхьаьнга кхачархьама, важа Iожаллин чам бовза безаш вара. ЦI еххьана поручикан карара тур охьадуьйжира. «Далла бу хастам, хIинца-х чекхдер дай хIара дерриг а!» - ойла йира Покровскийс. Лаамза бIаьргаш дIахьаббира. Хьалха бода хIоьттира. « Жимма сатоьхчхьана, волу... Цкъа лазор ву... Амма цул тIаьхьа дегIана а, сина а кхин хIумма а хаалур дац... Марша Iойла... сту Бельская...»

Чуччавахара. Шен лога тIехь шийла пIелгаш хааделира поручикна. Цара къамкъарг къуьйлура, са ца доьIуьйтура. ДегIера тIаьххьара ницкъаш гулбина, шен легаш къуьйлуш долу куьйгаш малдан гI оьртира иза.

Вехха хьирчира ши мостагI вовшах. Когашна тIехь ца латталуш, льтта охьа а воьжна кирчира Покровский, кхетамчуьра велира...

БIаьргаш схьабиллича, кIарула Iаьржа бода бара гонах, летачийн гIовгIа а яцара хезаш. Цхьа инзаре тийналла хIоьттинера дуьненахь. Покровский меттахвала гIоьртира. ГIуллакх ца хилира. Цунна тIе а воьжна Iуьллура тохарлера ламанхо. Даш санна веза вара иза я кхунна иштта хетара. Кхин цкъа а ша Iуьллучохь тохавелира дархо. КIегара хиира. ХIинца веллачун дакъа когашна тIера дIадаккха гIорта везара. Белш а лаьцна, юьстах теттира. Узарш деш санна хийтира. Корта ша волчухьа берзийра. Дахаран билгало ца хаалора. Эццахь, стенна ду а ца хууш, кхерам боьссира даг чу. ХIокху йоккхачу арахь декъашна юккъехь Покровский ша висинера. Цунна ца хаьара мел хан яьлла, ша мичхьа ву, мила тулуш бирзина тIом, кхидIа хIун дан деза. Цундела, кхул жимма хьалха шен луьра мостагI хилларг мукъана а дийна вуьсийла лаьара. Кху ирчачу арахь цхьалха ца виса, са долу хIума уллохь хилийта. Некха тIе лерг а диллина, лерина ладоьгIура цо. Дог детталучуьра ца сецначух тера дара. Я кхо Iехаво техьа ша...

Цунна шена а ца хаьара и муха нисделира. Сихха хIокху ирчачу меттигера дIавала лиъна иза, халла когашна тIе хIоьттина, леста а лесташ, дIаволавелира. ТIаккха, цхьа хIума йицъелча санна, вухавирзира.

Мел дIаихира иза мостагIчун дакъа а текхош - цунна ца хаьара. Амма кхин дIаваха ницкъ-м бацара. Цхьана диттах букъ а тоьхна, садаIа сецира дархо. Улло схьахилийра веллачун дакъа. И хIунда текхадо ахь аьлла хьттича, дуьхьал дала жоп дацара цуьнан. ДIа ца тасалора-кх. Цуьнца мелла а синтеме хетара...

Коьллашна тIехьа цхьа татанаш девлира. Цигахьа вирзира поручик. Амма хIумма а тоса ца делира.

Тосалойла а дацара. Коьллашна тIехьа иккхинарг Сираниг яра. Цунна хаьара адамах лачкъа. Йоьллера церан амалех. Амма тахана кхузахь гинчо цецъяьккхинера. Хьуьна юккъехула а яьлла, адамийн цхьа тоба шерачу ара сихъелла йоьдура. Цунна дуьхьалъелира гIопара важа тоба. Иштта дукха гулбелла нах цкъа а ца гинера Сирачунна. Нагахь санна уьш массо а таллархой белахь, кху хьуьнхара цхьа а экха ер яц могуш-маьрша. Шена-м хIуъу а хилча а бен ца хетара Сирачунна. Дагахь дохкурш кIезий дара. ХIетахь, шийлачу буса, адамийн карах АстагIниг елчахьана дуьйна, кхуьнан цхьаннан кочахь дисира кIезий кхиоран дукъ. Хала дара цунна. Делахь а, цхьа а кIеза дала ца долуьйтуш, бIаьстенга-м даькккхира цо. ХIинца уьш кхуьнга дIагIоьрттуш ду. Царах йоккхайийна а ца йолура Сираниг. Амма хIоразза цаьрца доьзна бIаьргашна хьалха хIуттура езар яларан ирча сурт. Иштташохь юха а самайолура бекхам баран ойла. Хийла тебира Сираниг адамашна. Цкъа кхуо цоьстачуьра велира юьртара цхьа кIант. Йишица салаз тIехь хехкалуш, генна юьртара ара а ваьлла, хьун йолчу герга кхаьчнера иза. КIеззиг меттиг бен яцара царна юккъехь. Амма эццахь говрахь вогIуш цхьа бере гучувелира... Цигахь аьтто ца баьллехь а, шолгIачу дийнахь нехан шинар-м дийра цо. Iаббалц сутарчу кIезашна цуьнан жижиг а даийра.

ХIинца хIун хила доллу техьа? Лаа гулбеллий техьа хIорш?.. КIезий кIелхьара муха дохур техьа?.. Сирачун и ойланаш эрна хилира. Дуьхь-дуьхьал хIоьттина адамийн ши тоба чучча яхара. Герзаш дийла дуьйладелира. Адамаша хIаллакдора адамаш. Генна юьстах а яьлла, хуьлуш долчух ца кхеташ лаьттара иза. Сарралц лийтира уьш. Дийна биснарш дIасабевлира. Амма Сиранчунна хаьара, буьйса дIа ма-еллинехь уьш юха богIур буйла. Адамийн цхьа гIиллакх тосаделлера барзана. Ур-атталла, вийначун дакъа а ца дуьту цара арахь Iилла. Дархойх дерг-м дийца а ца оьшура. Амма иза цхьана хIуманах ца кхетара. Шаьш вовшийн оццул лоруш хилча, вовшийн карах ла хIунда ле адамаш? Мел къиза а, дера а ю берзалой. Амма уьш вовшашца тарло. Къовсам болу царна юкъахь а. Делахь а, гIуллакх Iожаллина тIе ца долу. Ткъа кхара цкъацкъа вовшашна тIехIуьттий, шайн са а ца кхоадо, тIаккха и диц а дой, чуччабоьлху. ХIунда? Аренций, хьаннашций меттиг шорта ма ю. ХIун къуьйсу? ХIун ца тоьу? Берзалой шаьш мацъелча а вовшашна коча ца оьху. Цара цхьаьна а кхетий, ижу лоху... Цхьаммо кхечуьнан багара а ца йоху...

Iаьнан шийлачу хенахь-м мецачу берзалошний, къаьсттина чагIалкхашний той хIотто меттиг хир яра кхузахь. Са а даьржина, адамаш декъий дIадахьа схьадахкале, хIорш шайниг дан кхуьур яра. Амма бIаьста акхарошкара къелла дIайолу. ДуьххьалдIа адамаша дечунна тIе тидам бахана бацахьара, Сираниг тоххарехь дIаяхна хир яра кхузара. Шений, шен кIезашний кхерам боцийла ма-хиъинехь. Ткъа хIара дерриге а гуш, мостагIех-адамех дог Iебара цуьнан. Кхуьнга цададелларг цара шаьш дора вовшашна.

Ши стаг хьуьна чу вулуш гира Сирачунна. Схьахетарехь, чевнаш хиллера царна. Цхьаъ-м ша дIаваха де долуш а вацара. ШолгIачо шена тIаьхьа текхавора иза. Цунах а ца кхетара борз. Хьалхехьо къинхетам боцуш вовшах лийтира уьш. ХIинца царах цхьаъ важа дIатесна ца вуьтуш, цуьнан Iуналла деш ву.

Мархийн кирхьана тIехьара схьакъедара бутт. Тай санна буткъачу цуьнан серло а гIийла, беса яра. Делахь а, поручикна шера къаьстара шен мостагIчун юьхь, Шеко йоццуш, кхунна цхьанхьа гинера иза. ЦIеххьана дагатесира: Iаьнан буьйса, берзалой, ламанхо... Юха а леррина цуьнга хьаьжира. ХIаъ, гIалатйолийла дацара...

Хьуьна юккъехула ворда йогIура. Говран дуьрста а лаьцна хьалха ваьлла Бекмарза а волуш, юьрта боьлхура уьш. Вордан тIехь ши дакъа дара: Хьажа-Iелин а, кхин цхьана жимачу стеган. КхоалгIачу юьртахочух, Олхазарх, хилларг цхьанна а ца хаьара. Паччахьан салташний, нохчашний юкъахь хиллачу тIамах лаьцна долу шийла кост Гихта ма-кхеччинехь, Хьату кхийтира цу дийнахь цхьана а меттехь гуш шайн кхо юьртахо цахиларан бахьанах. Цундела Бекмарзица тIом хиллачу ваха новкъа

велира иза. ХIорш дIакхаьчча, бода къовлалуш бара. ТIом лахбеллера. Салтий бухабевлира. Байинчарна юкъахь ши гиххо карийра царна. Цундела Олхазар дийна висина хир ву боху ойла йоьссира Хьатун даг чу. Ши дакъа а эцна хIорш юьстах бовлучу хенахь, эгна Iохкучарна юкъахь цхьаъ меттахъхьовш санна хийтира. Цунна тIехIиттира. Паччахьан къена салти вара узарш деш верг. Хьала а айвина, вукхарна улло охьавиллира дархо. ХIорш дIабаха тохабелча, тIебаьхкира мартанхой. Царах цхьаммо салам делира...

- Ва Iаликум-салом! - салам схьаийцира гиххойх вокххах волчу Даркеша.

- ГIазот хуьлда белларш! - доIа дан хIоьттира царах цхьаъ.

- Дала декъала бойла уьш!

- Бакъдуьнене дIакхелхи.

- Тхоьгара гIо оьший? Буьйса яккха совца хIунда ца совцу шу?

- Баркалла. ДIагIур ду тхо...

Берзан хIуо тосаделла, лергаш ира а хIиттийна, синтем байна, корта лесто йолаелира говр. Амма Бекмарзас чIогIа лаьцнера дуьрста. Сираниг тебна Iачу меттигна тIехбевлира гиххой.

Ворданан тата поручикан лере а кхечира. Шайнаш тIекхачарх дегайовха хилира. ХьалагIатта вуьйлира. Ницкъ ца тоьира. Тата гена долуш лаьттара. Йиш йоьхна, ша хIун дийр ду ца хууш, мохь туьйхира цо... Аьлча а, цунна хийтира-кх ша хьеккнарг мохь бу. Ткъа багара-м цхьа гIийла аз бен ца делира. Кестта вордан тата буьйсанан тийналлехь дайра. Ешна дIаелира тIаьххьарлера дегайовхо. ХIинца цуьнан берриге а тидам дахаран цхьа а билгало йоцчу ламанхочунна тIебахара. Дукха хIума лур дара цо и денлург! Вистхила стаг уллохь хуьлург! Бен а вацара - бусалба, керста, оьрси, нохчи... Дийна хилчхьана. Адаман къелла - уггар халаниг... Хьалха кхуо цкъа а ца йинера ишттa ойланаш. ХIинца цара дIалаьцнера Покровскийн берриге а кхетам, тидам. ХIан-хIа. Цунна ца лиънера ламанхо вен... Ша дийна висна хиларна цу нохчичунна хьалха декхарийлахь ма вара иза. ХIунда нисдели иштта?

Поручикна дика дагайогIу и Iуьйре. Бохаме Iуьйре. Иза дIайолаелира хи дистина дарна тIера. Ша Iалам карзахдаьллера цхьана хIуманна. Маьхьарий, салтичун дакъа, бос байначу инарлин дешнаш. Уьш хIинца а дека кхуьнан лерехь: «Гой хьуна, поручик, и вон билгало ю... Ламанхошца машар хуьлийла дац. ЧIагIло...» Покровский чIагIвелира шен ойланехь: тIом. Цо кхачор ву иза сийлалле, аьттоне...

Амма ламанхой ца Iийра паччахьан салташа дечуьнга хьуьйсуш. Уьш шаьш хьалха тIелетира. Стенна делахь а, поручикна юьхьанца кIезиг тарбелира мостагIий. Цундела гIопара ара а ваьлла, царна дуьхьал вахара иза, тIаьхьа хIоьттина бIе гергга салти а волуш. И кхуьнан коьрта гIалат дара. Ламанхой ах хьуьнхахь дIалевчкъина хиллера. ХIорш аренга ма-бевллинехь, цара юханехьа болу некъ хадийра. Поручик шен салташца шина цIера юккъехь висира. ГIопара гIо кхачаре сатуьйсийла а яцара. ГIуллакх гуттар а талхийнера хи дистина даро. ГIопан бахархой оцу кхерамах бовла кхиъна а бацара хIара киртиг тIехIуттуш. Поручикна хIинца дагахь воллург инарла вара. Цунна хIума ма хилахьара. Амма поручикна хоийла дацара, ламанхой а, салтий а чучча ма-бахханехь, гIопан малхбалерчу кех а ваьлла, инарла ГIизларе боьдучу новкъа дIавахана хилар.

Шеца хиллачу салтех дерг цахааро а дог таIийнера поручикан. Шек-м вара уьш дийна бисна хиларх. Дикане сатуьйсийла яцара. Цхьа бутт бара гIийла кхуьнан бIаьра хьоьжуш. «ТIаьххьара гуш хила тарло суна стиглахь кхетта бутт, - ойланашка велира иза. - ХIун де дара техьа тахана хилларг? Мел гIертарх дага ца догIу... Вуьшта, бутт цIинло буьйса-м ю тховса... Жимма хан яьлча, юха а горгбелла дIахIуттур бу иза. Ткъа сан дахар хедар ду. Винчу юьртана, гергарчарна, веза-вевзачарна генахь... ХIун хир ду цул лартIехь доцуш, Iовдал? Цхьа маьIна делара... МостагIчунна тIехь толам боккхуш воьжнехь-м, турпалхо санна, велла эр дара. ХIинца хIун эр ду? Ламанхошка ша левайтина, салтий хIаллакбина. Эхь дац и?!. Делахь а, кхуьнан хIун бехк бу? Иштта нисделира-кх...»

КхидIа ваха цхьа а маьIна ца гора Покровскийна. Доллучух а дог диллинера. Бен ца хетара. КIордийнера. Мел дайнарг, лайнарг, гIенах санна, чекхдуьйлура цуьнан бIаьргашна хьалхахула. ХIун дара царна юккъехь схьакъасто, билгалдаккха, кхоам хета, лара? ХIумма а дацара. Кхунна цхьана хенахь мехала, коьрта хеташ хилла хIуманаш тховса цхьана а меха ца лорура цо. Тамашийна бу стеган кхоллам. Дагахь доццург тIедохьу. Дерриге а хуьйцу, цхьаъ бухдоккху, тIедоккху...

Жима нускал я тIехьийза йоI хилла хир ю сан карах веллачу хIокху ламанхочун. ЦIеххьана дахкарлахь санна цуьнан кхетамехь шеца синкъерамехь хелхаяьллачу йоьIан сурт хIоьттира. Цу шиннан вовшашка хьежар... Безаман алу хаалора оцу хьежарехь. ХIетахь кхунна и новкъа хIунда деара техьа? Кхечу дуьненахь бехаш нах ма бу уьш. Шайн хьекъалца, кхетамца. Суна мукха хетахь а, кхин дуьне, кхин дахар церан дан ма дац. Шайгахь долчунна уьш реза а ма бу. Со стенна гIерта церан гIуллакхашна юкъа? Хаьий техьа оцу йоIана, шен везар шийла дакъа хилла буьйсанна хIокху хьуьнхахь Iуьллуш вуйла? Цунна мичара хуур ду иза?.. Со бехке ву цунна хьалха... Къеначу салтичо Савелийс а вийр вара со бехке. Савелий... Мичхьа ву техьа иза? Дийна мукъана а висний те?.. Уггар хьалха суна тIаьхьа хIоьттинарг иза вара. Шозза-кхузза ламанхойн шаьлтанех а ваькхира...

Вордано дIасаветташ хиларна меттавеара Савелий. Халла корта хьалаайбира цо. КIегара хаа дагахь хилира. Амма меттах ма-веллинехь, аьтту когах ов туьйхира, хIара юха а ккетамчуьра а воккхуш. Вордана улло хIоьттина вогIучо нисбира цуьнан корта. Цхьана хIумнах къаьхкина говр цхьадика хIинца дIатийра.

Ворда тIех а ялийтина, юха а шина адамна тIеяхара Сираниг. ТIехьарчу когашна тIе а хиъна, царах хIинца а дийна волчунна тIейогIаелира. Схьахетарехь, цунна ца гора хIара. Ши бIаьрг стигла а берзийна, Iадийча санна Iара иза. Барзана цхьаннах тера хетара дархо. Цуьнан юьхь, маж-мекх, балдаш... Хуьлийла дуй техьа иштталиг? Эзарна юккъехь вевзар вара Сирачунна шен уггар луьра мостагI. Бодашкахь цунна шера ца къаьстара дархочун юьхьмарш. ХIинца беттан серлонехь ма-варра го... Кхочушхили кхуо сатийсинарг. Тховса Сирачо чIир йоьккхур ю. Цунна новкъарло ян хIумма а дац. Иза кхуьнан карахь ву. Шена луъург дан... Даштухург цуьнгахь а яц, кхечух Сираниг оза а ца ло.

Борз хьала а гIеттина, адамна тIейолаелира. ОьгIазло кхехкара цуьнан кийрахь. КIомсарш гучуехира... Шена уллохь цхьа гIовгIа хезира Покровскийна. ДIахьаьжира цу агIор. Куьг дIа кховдолехь льтташ борз гира. Бодашкахь кIегий санна догура цуьнан шийла бIаьргаш. Цхьа-ши гI улч яьккхичхьана, шен ира церганш тосур ю цо мостагIчун логах. ГIарчI-аьлла Iовдур ду, мел иза веттаваларх дIа ца хоьцуш. Цунна чуьра са дIадаллалц. Дуьхьало ян цуьнгахь гIора а дац. Йича а, Сираниг цуьнца ларор а яра...

Стаг гIийла велаозийра. Цуьнан дуткъа балдаш меттахдевлира. Кхеравалар ца хаалора цхьана а хI уманна тIехь. Мелхо а, Сирачунна-м иза хьалхалерачул дикачу хьолехь хийтира. Цо инзаряьккхина борз сецира... КхидIа цунна дагахь а доцург хилира. Стаг къамеле велира:

- Хьо схьаеа?.. Ма хье а еллера... Мичхьахула лелаш яра? Саца хIунда сеци хьо? Схьа тIейола. Со хьоьга хьоьжуш волу дукха хан ю. Кхера ма кхера... Ас хIумма а дийр дац хьуна. ДIаэца сан дахар... Цунна тIаьхьа ма еъна хьо. Суна цуьрриг а ца оьшу хьуна иза. Мелхо а, хьуна баркалла -м эр ду. КIордийна хIара дуьне... Тоьур ду. Сан рагI ю хIинца дIаваха. Гой хьуна и ламанхо? Цуьнан са ас даьккхина. ХIундий? Хьанна хаьа и... ХIинца ахь вийчахьана, дерриге а дIадоьрзу ... Ваьхна хIун до ас?.. Палаташ, къинош IаIор бен, кхин дика дац ас цхьанна а дан. Схьа тI ейола... Ца хеза хьуна со кхойкху? Ялахь айхьа дийриг дай. Борз ма ю хьо, майра, къинхетам боцуш... ХIун деш льатта, цIога когашна юккъе а ийзош... Ваккхахь со хIокху балех! Кхин ницкъ бац сан хIара лан?!.

Дархочун аз тIеттIа чIагIлора. Цуьнан маьхьарх кхераделла олхазарш гIевттира диттaшна тIера. Ша хIун леладо а ца хууш, барзана тIекхийдара иза, схьалаца гIерташ санна. Сираниг юхахьаьжира. Ишта кхераеллий, холча хIоьттиний цкъа а ца хиллера иза, ур-атталла цу шийлачу I аьнан буса а...

Дархо, гора а хIоьттина, Сирачунна тIаьхьа гIертара, шен инзаре дехарш а деш. Сираниг, юха хьажа ца хIуттуш, хьераяьлча санна дIаедира оцу кхерамечу меттера.

Вехха цунна тIаьхьа дIагIиртира веалара вахана стаг...

Сираниг гуттаренна дIайоьдура хIокху хьуьнхара. Кхузахь къаста дийзира цуьнан шен хьомсарчу езарх, кхузахь боьссира цуьнан даг чу дуьххьара кхерам, кхузахь хаабелира шийлачу Iожаллин чам. Кхунна бIаьрга дан ца деза адамаш туьйли. Бекхам бан аьтто ца бели. Кхин хIара сецош хI ума дац хIокху хьуьнхахь.

Цу тIе, тохарлераниг яц хIинца Сираниг. Тишъелла. Дуьненан марзо дIаяьлла. Самукъане йоцу ойланаш хьийза коьрте кест-кеста. ДегI а, даш санна, дазделла. Хьалха каде лелайора хIара масачу когаша. ХIинца цаьргара гIора дIадаьлла. Наб а цхьа кIеззиг йича тоьура. Мел гIелъелла дIайижнехь а, схьакхеттачу маьлхан дуьххьарлера зIаьнарш диттийн баххьашна тIехула ма шершшинехь, бIаьргаш шашаха схьабеллалора. ДегI дуьйлина Iад санна хуьлура, ижун хьожа схьакхеттачу агIора дIаэккха кийчча. Цу дIаяханчу хазачу хенах биснарш беккъа цхьа дагалецамаш бен бац. Уьш а бацахьара-м, яла йижа бен ца дезара кхуьнан. Доллучу хIуманах дог даьлла. Сакъерадала меттиг ца йисна. КIезий а, даккхий ма хиллинехь, шайна девлла. Дукха хан йоццуш дара иза. Мацалло-хьагалло гIелйина лелаш йолу хIара тIеIоттаелира пхьор деш йоккучу къоначу берзалошна. Геннара дуьйна девзира цунна шен кIезий. Церан башха хьожа цунна евзар яра эзаршна юкъахь. Цхьа там хилла тохаделира кийрахь дог. Эрна ца хилла кхо хьегна къа, уьш бахьанехь лайна халонаш! Кху де доьхначу дийнахь карий берийн гIо-накъосталла. Къанъеллачу кхунна хIинца уьш тешаме агIо бу.

Оцу ойланащца тIейоьдура Сираниг къоначу берзалошна. Юьхьанца цара тергал а ца йора хIара. Амма тIеккхача герга ма юьллинехь, тидам хилира. Ден а, берийн а бIаьргаш вовшашна тIебогI абелира. Iадийча санна, сецира Сираниг. Церан бIаьргаш чохь оьгIазло, херо бен хIума ца тосаделира Сирачунна. Цабезамца, гамонца догура и бIаьргаш. «Схьа тIе гIорта-кх, хьуо яхьахь, оха кескаш туьйсуьйтур ю.хьох», - бохуш санна хеталора цара. «Ванах, со ца евза шуна, йицъелла? Леррина схьахьовсийша соьга...», - дара ден хьежарехь. Къоначу берзалоша кIомсарш гучуехира, шайн дералла схьагайта санна. Царех цхьаъ-м, кхо къаьсттина хьоме хеташ, кхечарах лачкъийна а, дакъа деш хилла йолу Месалниг, тобанах схьа а къаьстина, лата дагахь чухьаьдира кхунна.

Халахетаро кийра буьзнера Сирачун. Амма Месалчо иштта кеп хIоттийча, дегабаам йист йоцчу оьгI

азлонца хийцабелира. Хьалха хилла ницкъаш шен дегIе юхабогIуш санна хийтира къеначу барзана. ХIинца кхунна хьалха дерш шайн деца дакъа дан кийча долу бераш дацара. Къевсина яьккхича бен, хIума схьахоьцур йоцу хийра къона берзалой яра. Мацалло, хьалхалерачу майралло иракара хI иттайора Сираниг. Оцу муьрехь цунна дицделира ша да хилар.

Месалчунна дагахь а дацара къеначу барзера иштtаниг дер ду бохург. ХIокхо дов дIадолоре хьоьжуш ца Iаш, цIеххьана тIеккетта лога шад а лаьцна, шена кIел хьарчийра цо иза. СадоьIийла йоцуш, можа бIагор хьаьвзина, дуьненах догдиллира. Накъосташкара хуьлуш гIо а дацара. ХIинца -м дIадаьллера хIара аьлла, ойла кхуьнан коьрте хьаьвззинчу юкъана, шен лаг лаьцначу къеначу берзан цергаш маллуш санна хийтира цунна. ТIаьххьарлера ницкъаш гулбина, дIасатохаелира. Къеначу барзо дIахийцира иза...

Сирачун бIаьргаш чу цIий доьссинера. Иштtачохь мостагIчун Iожаллица бен дов дижийтина яцара иза цкъа а. Тахана дуьххьара дохий кхуо и берзан гIиллакх. Амма кхечу кепара дойла яцара. Шен сих схьадаьлларг деза ду. Цунна тIехула ца ялаели хIара. Iожаллин тIаьххьарчу зила тIе кхаьчча, цхьана гуш боцчу ницкъо кхуьнан багара яьккхира Месалниг. Оцу ницкъан цIе - ден безам...

Кхечарна ца лиира Сирачуьнца доьналла къовса. Шайн накъостана хилларг ма-гиннехь, стешха евдда кIелхьараевлира уьш, ша йолччохь ижу а юьтуш. Иштtа ду акхаройн гIиллакх: ижу кхочу ницкъболчунна.

Къоначу берзалойн той лаьттинчу тIееара Сираниг. ХIинц-хIинца бен долийна дацара лун кIорни. Къоначу жижиган хьожа сутараллица чууьйзура сих-сиха садоьIучу мераIуьргаша. ЦIий гуш, коьрте мерза ойла хьийзара. Меца яра Сираниг. Хьогах яра. Амма кхачанах кхета сих ца лора.

Беа когa тIе охьалахъелира иза. Ехха Iийра евдда йоьлхучу къоначу берзалошна тIаьхьа хьоьжуш. Цара шайна дIахьора дахарца кхуьнан зIе латтош йолу тIаьххьарлера марзо. Сирачунна хаьара, уьш къайлайовларца шен ирсан седа чукерчийла. Кхин хIумма а шен ца дуьсийла. «ХIунда нисдели иштtа?» - ойла йора цо. «Ма ца моьттинера суна... АстагIниг йийначул тIаьхьа ас сайна тI еийцира кIезий кхиор. Хала гIуллакх хиллера иза. Амма ас дIа ца тесира уьш. Дуьненан марзонаш сайх херйина, ерриге а хан, ницкъаш уьш кхиорна дIабелира. Кхин доьзал боло таро яра сан. БI аьстенан юьххьехь мерзачу езаре кхойкхуш берзалой угIа юьйлаелча безаман алуно боттура кийра. Накъосташа ловзарш дечу кхийдара дог. Амма хIоразза бIаьргашна хьалха хIуттура АстагIниг, суна хьалхара цо Iожалла тIеэцна Iаьнан шийла буьйса. ТIаккха сан ойла хийцалора. Цуьнга хилла болу берриге а безам, деган йовхо кIезашна тIе ерзийра ас. Цунах чIогIа тера яра Месалниг. Цундела къестайора ас иза кхечарна юкъахь. КIезий кегий долуш уьш Iалашдарна дI аделла дара сан хIора де а, буьйса а. Бакъду, кхин цхьа хIума а дара сан сагатдеш, чов ерзийта ца туьгуш - бекхам бар. Адамашна. Цара ма яьккхина со дакъаза. ЧIир эцаза йиси. ХI етахь, къона а, ницкъ болуш а йолчу хенахь, данцаделларг хIинца данне а далур дац. КIезех дегайовхо яра, уьш даккхий хилчхьана, бохуш... Иза ца хиллера аьттехьа а. Яхь яйна, эхь дайна арданган. Хьанна хаьара, хьанна моьттура иштtа нислур ду?.. Маржа, хьо дерриге а юха листа йоцу таро!»

МаьркIажа бода булуш лаьттара. Сирачунна ца хаьара, ша кхузахь ойланашка яьлла Iуьллуш мел хан дIаяхна. Цунна бен а дацара. Iуьйре а, суьйре а цхьабосса гIайгIане йогIура цунна. Дог тедеш хIумма а дацара. Хьалха хIара уггар чIогIа кхоьруш ерг Iожалла яра. Дуьххьара цу хьокъехь йолу кхуьнан ойла хийцаяла йолаелира адамаша шаьш санна долу адамаш дайинчу цу дийнахь дуьйна. Сирачунна шера гора чучча вахана, дера леташ волу шен уггар луьра ши мостагI. ХIуъу а дича, цуьнан бахьанах ца кхетара хIара. Амма коьртаниг и дацара. Коьртаниг - цу шиммо вовшийн хIаллаквеш хилар. ХIоккуьнан юкъагIерта а ца дезаш.

Ламанхочун са делира оцу девнехь. Висинарг эпсар вара. Цунна бекхам бичахьана йолура Сираниг. Веллачун дакъа а текхош, хьуьна юккъехула дIаоьхучу эпсаран лорах ехха дIаихира борз. Кадаларе хьоьжуш. ТIаьххьара а иштtа меттиг елира. Амма эццахь кхунна ца моьттинарг хилира. МостагIчо къинхетам бар ца доьхура. Иза ца кхоьрура Iожаллех. ХIинца Сираниг кхета оцу адамах . ХIинца цо ша а йоьху шена тIе Iожалла. ХIунда аьлча, хIокху хьелашкахь иза дахарал гIолехь хета дела. Хезаш тамашийна делахь а, цунна кIордийна дахар. Iалашо йоцу дахар. Кийра бузорхьама яхар, хIора дийнахь Iуьйшучу халонийн меха диллича, хIумма а доцург ду. Доьзалхойх а ца хили гIуллакх...

Борз когаш тIехь ле. Луьрачу девнехь я йоьдуш лаьтташехь са долий. Борз Iожалла тIеяре хьоьжуш ца Iуьллу, иза ша йоьду цунна дуьхьал. Иза Сираниг жима йолуш цунна дас довзийтинарг ду. Кхеран тайпанах долчу хIора экхано лардо и гIиллакх. И лардар тIехь ду Сирачунна а.

Амма кху хьуьнхахь кхин Iен ницкъ бац цуьнан. Дуккха а хIумнаш ду цуьнца доьзна: диканаш а, вонаш а. Готтачу кийра ца тарло уьш. Кхузара дIаяхар бен дарба дац кхуьнан доьхначу дагна хила. Мича? Цуьнан ойла кхуо йина яц. Сирачунна хаьа, хьуо йина а, кхиьна а меттиг йита атта доцийла. Цул совнаха, хIора берзалойн доьзал бехаш а, талла лелаш а болу мохк доза тухий ма хуьлу. Хийраниг цига валахь, дов долу. ТIевеънарг эккхорца я леташ йолчу берзалойх цхьаннан I ожаллица бен ца доьрзу иза. Ткъа Сираниг къан ма елла. Ницкъ кхочурий техьа цуьнан кхечаьрца мохк къовса? Карзахе и ойла дIаяла тигац цуьнан коьртера.

Сирачо бIаьргаш дIахьаббо. Iаьржа бода хIутту дуьхьал. Ша кIоргачу Iина йистехь лаьтташ санна хетало цунна. Ког баькkхи-кх, иза лекхачу бердах гIур ю. Амма ялархь ца кхоьру Сираниг. Иза кхоьрург дахарний, Iожаллиний юккъера аса ю. ХIун лов техьа, хIун ойла хуьлу техьа оцу асанах

волучу юкъана? И дагадеача, цIокана тIера хIора чо ирахIутту. ХIун хир ду цул тIаьхьа? Оцу, кхечу, дуьненахь хиндерг хьанна хаьа. Нагахь санна цигахь АстагIчуьнца цхьаьнакхетар доьгI нехь, хIара реза ю хIинцца а новкъаяла. Вуьшта хууш ма даций, кхул дуккха а хьалха цига дI акхелхинчу езаран кхидIа болу кхоллам муха нисбелла. ХIара санна тишъеллий техьа иза? Дахаран цатамаш бевзий техьа цу дуьненахь болчарна? Хеттарш, хеттарш, хеттарш... Йист а, чаккхе а яц церан.

Сирачо меллаша бIаьргаш схьабоьллу. Чубузучу маьлхан зIаьнарш нийсса цуьнан бIаьра хьоьжу. Уьш эсала хьастало кхунна, йоьлу. Дахаран Iаь еттало царех. Дукха хенахь дуьйна бевзина боцу керла синхаам баьржа кийрахь. Цуьнан мерза тулгIе кхочу дегIан массо а маьIIе. Къеначу барзо корта хьалаайбо.. ДIасахьожу. Эццахь дагадогIу цунна шен гай хилар. Жижигна тIелетта а, тI ехула хьийзаш а мозийн марха ю. Теза туйнаш хьовду бага. Когашна тIе хьалаайло Сираниг. Кхача боьхуш, къекъа чуьйраш.

Малх чубузу. Бодано йийсаре до генарчу ламанан баххьаш, гонахара дитташ, коьллаш. И бода буьжу Сирачун даг тIе а. ТIера чхар дIа а кхуссуш, лаьттан кийрара схьадолу шовда санна, юха а коьрте хьовду сингаттаме ойланаш...

Ша иштта мел Іиллина Таймасхина шена а ца хаьара. ТІаьххьара а бІаьргаш схьабиллича, кор а, неІ а доцчу тоьли чу ша нисъелча санна хийтира цунна. Корта меттах хьабира. ЯьІне лазар иккхира. Дерриге а дегІ тхьусдоьллера. Хаьрцинчу цІеношна бухахь хаба а хебна ехха Іиллинчух тера дара йоІ. Цу тІехь а дика дера йисинера иза-м. Кхуьнан ирсана, тхевнан чалх сацийнера юккъехула каг а делла, ах охьахаьрцинчу пенах тасаделлачу дукъоно. Цо шена тІелаьцнера тхевнан йозалла. Цу кепара кхоллаеллачу херонна юккъехь кхетамчуьра яьлла, шена хилларг хІун ду ца хууш Іиллира Таймасха цхьана юкъана.

ХІинца иза меттайогІуш лаьттара. Халла кІегархиира. Гонах бІаьрг кхарстийра. Ойланаш яьржина яра. Хиллачун дуьхье ца кхуьура. Цунна шера дагадогІура ша сарахь дІайижар, гІенах Олхазар гар... ХІокху тІаьхьарчу хенахь иза кест-кеста вогІура йоьІан набаршка. Дийна волуш санна, шен безам балхош, хан йиллар доьхуш. ГІенах хуьлуш и делахь а, хІоразза чІогІа ницкъ хуьлура Таймасхина. Іуьйранна гІеттича, дегІ сахиллалц арахь асар деш яьллича санна, гІеллой, бодлой хуьлура. ХІинца а хІара шиъ иштта хи йистехь лаьттачу заманчохь, когашна бухара латта дегош санна хийтира, цхьа гІовгІа елира. ТІаккха дерриге а дайра. Метта а еана, бІаьргаш схьабиллича, хІокху инзаречу хьолехь карий...

Таймасхина хаа йиш яцара цу ирчачу Іуьйранна хилларг.. ХІинц-хІинца цІийелла йогІура малхбале . Іалам набарх далаза дара. Амма маьлхан йоьзан хІоз стиглахь лакха мел бели, алсамйолура цо дуьнен чу яржош йолу серло, юкълора олхазарийн самукъане эшарш. Мелчу мохо дай-й дегадой, мерзачу набарх самадовлуш санна хеталора диттийн баьццара гІаш, бецан дуткъий хелигаш. Чопа санна кІай Іаь гІиттош, садоьІура боданан йийсарера даьллачу лаьтто.

Аьхкенан Іуьйренан и исбаьхьа сурт дохийра цІеххьана хІаваэхь иккхинача цхьана вочу татано. Шакарца лерг Іадош, цІийзаш, бахана юьрта юккъе буьйжира йоккхачу тоьпан чуьйнан хІоъ. Латта дегийра. Оццу минотехь сийна дІовшалу тосуш, иккхира иза. Набарх ялаза йолу юрт шийлачу орцанца гІеттира.

МостагІий садаьржаш тІелетира. Схьахетарехь, и хан ларамаза хаьржина яцара. Дагахь а доцуш тІом болор тІелеташ болчаьргахьа ду. Цара хьалхе бина хуьлу кечам, уьш сема бу, церан тоьпийн Іалашонаш билггалчу метте тІеерзийна ю, лаг озийчхьана йолуш.

Ткъа шайн мискачу саькkалшна чуьра Іадийча санна аралелхачу гиххошна ур-атталла шайна хуьлуш дерг хІун ду а ца хаьара. МостагІ мила, мичхьа ву ца къасталуш болу божарий, яьхна шаьлтанаш а йолуш, бІаьрзе дІасахьийзара. Зударийн, берийн белхар лаьттара хІаваэхь. ХІинца юьртан еа а маьІІехь лелхара яккхийчу тоьпийн хІоьънаш. Даккхий зенаш дора цара адамашна а, гІишлошна а. Шайн дайшна хуьлуш болу бохам хаабелла Іоьхура хьайбанаш. ГІийла цІийзара жІаьлеш.

Йоккхачу тоьпан цхьа хІоъ АьстамаргІеран керта буьйжира. Чуьра араиккхина хГусамдай, божли чохь етт бетташ йолу гІовгІано уьйтІа яьkкхина цуьнан зудий цхьаьна нисделлачу меттехь иккхира иза. Таймасха оцу ирчачу декъах яьkкхинарг сахуьлуш чІагІъелла йолу наб яра.

Хьалха караеъана ларча пхьаьрса кІел а йоьллина, урам-новкъахула гІора мел ду едда йогІучу Бикатуна гира и дерриге а. Кхуьнан бІаьргашна а гуш хІаллакьхилира дийнна доьзал. ДегІера са малделла Бикату, кхин дІаяха ницкъ боцуш, ша лаьтта-чохь когаш тІе охьалахъелира. Ша бІаьргаш дІахьаббича хила гІоле йолуш санна, куьйгащца юьхь а лаьцна, керта йисте дІатебира иза. Иштта хІара Іаш цхьа хан елира. Вайн везачунна ма гойла цул тІаьхьа кхунна гинарг. УьйтІа юккъехь аркъал воьжна, корта цІийша а буьзна Іуьллура Аьстамар, дІанехьо -хІусамненан дакъа. Ткъа цу шинна гена йоццуш... ХІаъ, иза Таймасхин коч яра лаьттахь Іуьллуш ерг. И кІади чІогІа хазахеташ яра Бикату. И санна ерг шена а эца бохуш, майрачуьнца цкъа-шозза дов а даьkкхинера кхо. «Миска Таймасха, ахь хІун до хІинца оцу хьайн кучах а, жималлех а? - къаьхьа ойланаш йора Бикатус. - Декъаза йоІ хиллера хьо а».

Кхуьнца бала болуш цхьа а вацара. БІарзбелла хьийзачу нехан когийн татанаш, белхарш лаьттара Бикатун лерехь. Хьала а гІеттина, дІаяха де дацара. ХІокхо кІелхьараялархь дог диллинчу юкъана , цхьамма-м ондда пхьарс а лаьцна, ша хьалагІаттош хааделира цунна. Лерина дІахьаьжира цуьнга . БІаьргашна хьалха хІоьттина дохк дайделира. ЦІагари вара кхунна хьалха лаьттарг. Цо пхьарс дІа ма хийццинехь, ша лаьттачохь галъелира Бикату. Ког баккха ницкъ бацара. ХІинцца бен буьззинчу барамехь шегарчу хьолан мах хадо кхетам ца тоьира цунна. Кхуьнан дахар хІокху муьрехь ЦІагарин карахь дара. ХІокху муьрехь хьовха, дукха хенахь дуьйна а... Керлачу ницкъаца самабелира хІокхо еххачу хенахь деган кІоргенехь къийлина цуьнга болу къине безам.

Юьртан майда яьkкхинера массанхьара а схьауьдучу наха. Вон-дика хилча, даима а кхуза сихло уьш. Тахана тІехь Іу воцу бажа санна баьржина биси гиххой. Хьалхавала да воцуш. Дан дезарг хууш къонах воцуш. ТІаккха дийкира майдана тІехула Даркешан гІоргІа аз.

- Делла довла вай делаІ, яхь яйна гиххойн кІентий! Йоллучу юьртана доьхна деанчу хІокху ирчачу дийнахь гІодамийн таккорах йоьлли техьа вай вешан къонахалла?! Ма бІарзделла хьийза! Ма йиш йоьхна цІийза! Хьакъ ма дацара вай вешан мехкарийн дай хила, вешан зударийн майрой хила. ДІадаха шайн коьртара куйнаш. Зударийн корталеш товш хир ма дара вайгахь...

Оццул долчу адамашна юккъера хьалха велира ЦІагари. Цунах тасаелла лаьттинчу Бикатун дог схьадала доллуш санна детталора, ша дІа а теттина, иза майдана юккъе ваьлча.

ЦІий кхехкара цуьнан пхенашкахь. Тоха са доцуш, церган хьеkкхайора. Стелахаьштигаш кхерстара б Іаьргаш чохь.

- Бехкаш доху хан яц хIара, Даркеш, - мохь тухуш, дуьхьал вистхилира ЦIагари. - Тхо кIезий бен дац, хьалха яьллачу барзана-тхьамдина тIаьхьахIитта. ТIаккха хьовсур вай хьанах хIун доллу.

- Тхьамдех дерг-м хаац суна, - майда Iадош аз айдира Даркеша, - амма, бакъду, мостагIашна яхь дIа ца луш, яла а кийча къена борз-м ю шуна хьалхаяла. Суна тIаьхьа хIитта, шу реза делахь!

- Тхо реза ду-кх хьуна! — массарна а хьалхара жоп делира ЦIагарис.

- Делахь-хIета, ладогIа соьга, - кхидIа а шен къамел дора воккхачу стага. Оцу юкъана иза гинчо цхьамма а эр дацара хIинца шена хьалха лаьтташ верг къена стаг ву. Цуьнан бIаьргаш чохь цIе йогура, аз ондда а, нехан дегнаш ира-кара хIиттош а декара. Некха тIе кхаччалц йолу луьста, ло санна кIайн маж йоцург, кхин хIума дацара иза къанвеш. Ерриге а майда дIатийнера, цуьнан багара долу хIора дош схьалоцуш. И аз гIелдан ницкъ ца кхочура юьйлучу яккхийчу тоьпийн хIоьнийн гIовгIане а.

- Аьтту болуш боцу тIом битар бен дарба дац. Хьем ца беш, юьртах довла деза вай. Лаьмнашка хьала. Хаьа суна шун дагахь дерг. Атта дац дайн кхерч бита. Амма тахана и ца дича ца довлу вай. Са дадийна ца доьлху цига. Ницкъаш а гулбина, метта а даьхкина, мостагIчунна луьра бекхам бархьама доьлху. Кхин некъ бац. Юьртах довла! - оцу дешнашца хьалха а ваьлла, шуьйра гIулч йоккхуш, шен ехачу Iасана тIе ца вазлуш, мелхо а, иза леккха хьала а ийеш, лаьмнашкахьа дIаволавелира Даркеш. Жима а, воккха а цунна тIаьхьахIоьттира.

...Юьрта чу бевлла салтий юьхьанца ца кхеташ бисира. Урамашкахь тийна дара. Са долу хIума дацара цхьанхьа а хаалуш. Ур-атталла декъий а ца гора гонах. Дуьхьало еш стаг а вацара. ТIаккха доллучух а кхийтира: наха дIатеснера юрт. ТIап-аьлла, байнера. ГIаратата доцуш. Лар йоцуш.

ОьгIазвахана, туьран мукъ а къуьйлуш, лаьттара Покровский. Цунна кхин лиънера: юрт йохийна ца Iаш, цуьнан берриге а бахархойн хIу дайар. Кхо дагалаьцначух ах бен кхочуш ца хили. Лаьттах баха уьш я стигла бевли? Лерина дIасахьаьжи. Гонаха — цIе-кIур. ХIара ала хIусам яц йохонза. ХIаваэхь тоьпан молханан хьожа еттало...

«Муьлхачу агIор дIабахна уьш?» - оцу хаттарна жоп лоьхура Покровскийс шен ойланашкахь. Аьлча а, ша-шен Iехавора-кх. Цунна шера хаьара ламанхойн некъ лаьмнашка Iуьллуш бен боцийла. Амма цунна даре дар мостагI кIелхьаравалийтарна къера хилар санна хIума дара. Церан лорах ваха ца хIуттура эпсар. «Цу тIе, салтий а гIелбелла, бIаьхаллин шовкъ а хьалхалераниг яц», — бохуш, керл-керла бехказлонаш ягарйора Покровскийс. «Уьш дIалевчкъина лаьмнаш ша Iаламо кхоьллина буьрса гIап ю, хIокху ницкъашца йохалур а йоцуш», — оцу бакъдолчунна тIехь сацийра эпсаро хиллачун хьокъехь ша еш йолу ойланаш.

Когаша шаьш урамехула дIавуьгура иза. Гонахара меттигаш хьалха гина, евзаш йолуш санна хеталора. Кху юьртаца доьзна цхьацца хIуманаш дара эпсаран. Диканаш а, вонаш а цхьаьнаийна. ХIинц-хIинца бен ца йирзинера имам ваьллачохь бинчу тIамехь кхунна йина чов. Амма бисинера муо - дегIа тIехь, даг тIехь. Шена и йинарг мила ву а хаьара цунна. Аьлча а, шек вара-кх. Цу хьокъехь дерг дага моссазза деа, стенна делахь а, бIаьргашна хьалха хIуттура Iаьнан буьйса, ша берзан багара ваьккхинчу ламанхочун сибат. Юьхьанца ши хIума ул-улло хIотто ца туьгура кхетам: селхана хIара Iожаллах ваьккхинарг тахана луьра мостагI вара. Амма тIаьххьара а иштта маьIна даьккхира хиллачух: «Акха гIиллакхаш, акха амалш».

Цундела хIокху юьртана тIелетачу бIонна коьртехь лаьттачу цунна ша дийриг хIумма а бехке, оьзда доцуш гIуллакх ца хетара. Мелхо а, Покровский тешна вара, Кавказехь оьрсийн герзо толам баккхарехьа болу некъ ламанхойн хIу дайарехула Iуьллуш хилархь. Шайн исторически кхиарехь тIаьхьабисна а, оцу тIаьхьабисарх хьалхабовла цхьацуьрриг а лаам болуш а бац. Цу хьелашкахь деккъа дуьсуш дерг - хIаллакбар. ХIаъ, билггала и.

Цхьана ша тайпанчу кхардаран а, ша-шех дозалла даран а ойланашца схьавогIура иза йохийначу ламанхойн юьрта юккъехула. Кхаьрдара Петербургехь бисинчу нийсархойх, бевза-безарех. Дозалла дора шен когашна хьалха цIеран кIур а гIуьттуш, къаръелла Iуьллучу юьртан толамхо ша хиларх. «Сту Бельская реза хир ю суна, — сатийсамашка велира Покровский. — Цхьана даржана лакхаваьккхина, орденца совгIат а дина. ХIара толам а буьсур бац хьакъ доллу мах ца хадош.» ХIокху шиннан гIуллакх дийцина-чекхдаьлла ду. Билгалдаьккхина ловзар хир долу де. ТIаккха Покровскийс Iодика йийр ю Кавказан. Тоьур дац цо хIокху махкана дIаделла шен дахаран уггар хаза, къона пхи шо?! ХIинца кхидIаболчу шен кхолламан ойла ян а мегар ду. Ткъа иза, схьахIуьттучу суртехь, къелла йоцуш а, ирсе а хир бу. Цкъа-делахь, сту Бельская чIогIа хьал долуш а, даккхийчу гIуллакххашкарчу нахаца гергарлонаш долуш а ю. Цхьана инарлин Невельской бажа хилар а ма дац кIезиг, кхидерш ца хьехийча а.

Зуда ялийначул тIаьхьа кхуьнан дола йолу иттех сов юрт. Амма Iаш волу меттиг Петербург хир ю. ЦIенош аьлча а, яккхий гIаланаш ю кхузахь Бельскаян цIартIехь. Хьалха хиллачу майрачух йисина. Цхьа ког коша а бахана, къаналла «къикъ» бохуш хиллехь а, хазалла ялла йоллучу, пхийттара яьллачу Софья Андреевнех шен бIаьрг ма кхийттинехь, юучун чам а, наб а яйра инарлин. Наха олу долчун ойла ца еш, жима нускал а далийра. Бакъду, цуьнца шина шаре а-м ца велира. Жима зуда башха йоьхна а ца хеталора тезетахь. Къайлах-къулах лела делира хабар: «Иза-м, дера, къоначу зудчо новкъа ваьккхинийла а ма ца хаьара... Цунах паргIатъялархьама. Беза мохь бара и дI

атекхо».

- Муха мегар ду иштаниг, Далла кIел а хиъна?! - бехк баккхарца хоьттура цхьаболчара.

Цул тIаьхьа гIеххьа хан яьлча, ловзаргахь дуьххьара гира жимчу стагна дешица-дарица кхелина йолу сту Софья Андреевна Бельская. И цхьаьнакхетар шен ехха тIаьхье йолуш хила доьгIна а хиллера.

Оцу генарчу, мерзачу дIадаханчара корта дIалаьцна вогIу эпсар цкъа тIехвелира некъо гола тухучохь Гихан бердах летта йоллучу хIусамна. Яккхийчу тоьпаша шайн томмагIа дитинера хIокху кертахь а: цIенойх пенаш бен ца дисинера, хьоккхий малделла, керт охьайоьжнера, зIар раздаьллера. Оцу зIарах евзира цунна ша хьошалгIахь хилла хIусам. Цхьа вон тохаделира кийрахь дог. Цхьамма иза буйнахь Iаьвдича санна. Амма и хьал деха ца лаьттира...

Буьйсано комаьрша льтта тIе Iанийнера бода. Хаьрцинчу цIеношна кIелахь йисина Таймасха мадарра доллучух а ца кхеттехь а, амма шеко йолуш яцара тIехIоьттинчу кхерамах. ХIара къайллах йоллучохь шера хезара ккунна оьрсийн маттахь ден къамелаш, беларш, чIургийн гIовгIа, говрийн терсар. Муьлш белахь а, уьш мостагIий бара. Цундела, цициг-кIорни санна, таба а тебна Iара йо I. Цунна ца хаьара хIинца а дех-ненах хилларг, юьртара нах мичхьа бу. Делахь а, даго диканиг-м ца хьоьхура. Iаржъяллалц ша лечкъина йоллучуьра гучу ца яла сацийра цо.

ТIаьххьара а тIебеара кхуо чIогIа сатийсина бода. Арахьара гIовгIанаш а дIатийра. Кхин хьелойла дацара. Таймасха меттахъхьайра. ДегIан меженаш лацаеллера. «ТIох-тIох» бохуш детталора кийрара дог. Лаьхьа санна когех хьерчара кхерам. Оцу чалха юккъехула корта халла арабаьккхира йоIа. ДIасахьаьжира. Уллохь са долу хIума дацара. ДIанехьо уьйтIахь латийна йогуш цIе а, цунна гонах Iаш салтий а бара. ЦIе серла моссазза ели, буьйсанан бодашкахь лепа довлура церан тоьпийн цхьамзанаш. Вовшашца таьIIина къамел деш бара уьш.

ДегI нисдеш хьалахIотта ца яьхьаш йолу Таймасха, тебна, хьаьжкIаш йийначу керта елира. ХIара гIодмашна юккъе юллушехь, нийсса хIоккхуьнан когашна кIелхьара гIовгIанца цхьа хIума дI аикххира. Чуьра са дIадаьлла, охьалахъелира. Оцу гIовгIано ерриге а юрт Iадош санна хийтира. Лерина ладуьйгIира. Салтий болчу агIорхьара схьадеара:

- Цигахь цхьаъ ван-м ву...- Юлучу тоьпан тата хезира. Дуьхьал дийкира кхин аз:

- Цигахь цхьа а вац, хьан кхерабеллачу бIаьргашна хьалхахIуьтту гIаларташ доцург.

Салтий бийлабелира. Юха а тийналла хIоьттира.

Таймасха цхьана юкъана меттах ца йолуш, йогIаелла Iийра. ТIаккха, ларлуш ког боккхуш, гI одамашна юккъехь къайлаелира. ХIинца цунна хаьара ша мича яха еза. Лаьмнаш долчухьа. Даго хьоьхура: мостагIех бевдда, цига бахана юьртахой а.

Эвла йистехьа теIара йоI. Цхьа-ши керт бен ца йиснера Iалашоне кхача. Буьйса елахь а, ша кхаьчнарг ЗайнапгIеран уьйтIе юйла хиира Таймасхина. ХIусамдайша дIатеснера хIара бахам а.

Тайп-тайпанчу меттигашкахь дегI Iийжара. ГIодамаший, коьллаший йитина ларш яра уьш. Шех каетта йолаелира йоI. Эццахь тидам хилира цуьнан: тIера чухула юху коч эттIера. Сийна цIе хьаьдира кийра - со мостагIчун кара гIахь! ХIан-хIа, йоI лийр ю, дегIан сий ца дойуш. Цуьнан шеко яц. Олхазар дIавуллучу дийнахь кхуо нигат дина: кхечу стеган куг хьакхалур дац соьх, дуьненчохь ас мел дукха хан яккхарх!

ЗайнапгIеран саьккал йохоза йиснера. Дукха ойланаш ца еш, цу чу яхара Таймасха. Билгала I алашо а яра: тIеюху бедар лахар. ХIокху хьолехь цхьанхьа а йоьдийла дацара.

КIора санна, Iаьржа бода лаьттара чохь. БIаьрга Iоьттича, пIелг а гур боцуш. Куьйга эшарехь т Iеюха мегар йолу хIума лоьхура йоIа. Амма карайогIург я пхьегIа, я хIуманна а пайденна йоцу бехчалгаш хуьлура. ТIаьххьара а цхьана йоккхачу хIуманах дIагIоьртира гола. Таймасха охьатаьI ира. Куьйга эшарехь теллира. Хьалха дерг тIорказ дара. Тата ца далийта гIерташ, негIар схьадиллира. Хержа ца хоьржуш, хьалха караеъанарг схьаийцира. Бедарш тIеийзо йоьлча, Таймасха кхийтира: иза божарийн барзакъ дара. Ткъа къестамаш бан хан яцара. Муьлххачу а юкъана кхунна тIекхача тарлора. Оцу ойлано эшийнера кхин мел дерг.

Гихан бердаца хьалайоьдура Таймасха. Юрт генна тIехьа йисира. Кхерам дIабаьллера. СадаIа сецира иза. Юхахьаьжира. Йоккха юрт лаьттина меттиг Iуналла деш доцчу кешнех таръ-еллера. Маь I-маьIIехь йогуш йолу салтийн цIерш йоцург, кхин хIумма а дацара цунна чохь дахар хиларна тоьшалла деш. Дог доьлхура. «Мичхьа ду техьа да-нана? Кхиъний техьа кIелхьарабовла? Суна сагатдеш хир бу. Цхьаъ хилла моьттуш. Амма со могуш-маьрша ю. Кестта вай цхьаьна хир ду. Со д IайогIу...»

Буьйсанан тийналла йохош, белхар иккхира гонах. Таймасха яра йоьлхуш ерг.

Сираниг ладугIуш сецира. Бодашкахь доьлхург адам дара...

Гихан тогIи чохь севццера юрт йоьхна баьхкинарш. Гобаьккхина луьста хьун яра. Кхоьлина лаьттара лаьмнаш. ГIовгIанца, тIулгийн чалх кегош, церан кийрара схьадаьлла, къона экха санна

, бердех кур бетташ, гIергIаш, буьрса лахенга охьауьдура Гиххи.

Цхьацщанхьа баннаш йогIа а, четарш тоха а, лекхачу бердах тоьланаш яха а кхиънера гиххой. Уьш кхузахь бахбала дагахь бацара. Амма цкъачунна юханехьа болу некъ бихкина буйла хаьара. Иштта киртиг дуьххьара тIехIуттуш яц царна. Цхьа хан дIаиккхинчарна аьлча, хир дара нийса-м. Элбердан а, Кхоккхин а дахарехь ишттаниг дуьххьара хуьлуш ду. Ткъа Даркешан-м дагардан дуккха а хир дара.

Мел халачу хьолех а булу нах. Юкъарчу бохамо кхитIе а гергадаладо адамаш, уьйр-марзо чIагIйо, олучу дашца, дечу гIоьнца вовшийн бала байбо. Амма берийн деларш, ловзарш ца хаало кхузахь. Самукъане яц церан яххьаш. Беснешна тIехула бIаьрхийн тачанаш йийшина. Ойлане бу баккхийнаш а. Зударий а, божарий а. Амма кхузахь а доьзалан хьаштех мукъа ца бевлла уьш. Ючун гIайгIа бан беза. Юхучуьнга, кIел юьллучуьнга ца хьаьжча а ца волу. Кхин масане ду уьш! ДIогахь, хи чохь, Элбердан коч юьттуш йоллу Зайнап. Ур-атталла хийцина тIеюха бедар схьаэца а ца кхиира хIорш. И дагадогIучохь бацара. «Далла бу хастам,- ойланаш йо Зайнапа, - вийна-ваьккхина стаг воцуш кIелхьарадевлла. Аьстамаран дийнна доьзал хIаллакьхилла бохуш, дуьйцу. Бикатуна шен бIаьргашна гина и... ТIе ма догIийла! Соьга лалур дацара берийн вон...»

Кхокха ша санна долчу зудаберашца акха стоьмаш лахьо хьуьна юккъе яхана. Пхийттара яьлла, безамехь йоI хилла дIахIоьттина иза. Шовданан коьрте йийла а йоьлла. ТIе хабарш а кхоьхьуьйту ловзаргахь-синкъерамехь. Боллан зазана тIе марзбелла моза санна, йоIана гонаш туьйсуш ву БатIалан хьалхарчу зудчо вина воккхах волу кIант Хьайдарбек. Зуда а, доьзал а бол-лушехь. Наха цу хьокъехь хIума шега хьахийча, шек а воцуш жоп ло: «Иза-м цаьрца Iан ялош яцара сан. Уьш - шайний, тхойшиъ - тхаьшшинний хир ду».

ЗайнапагIаьрга кхийдочу оцу захалонна тIехь гуттар а тамашиниг дара йоьIан нана цунна реза хилар. Цхьаболчара-м олура: «Iовдал яц. Махьарла бахана жим санна Iийр ю цуьнан йоI и маре дахь. Шортта там а бохьур бу. Цкъа а цунна ца гун дерг, дера, ду хила доллург...»

Ша когаш тIе хьалахIоьттичхьана дуьйна къоьллин буйнара яьлла яцара Зайнап. Миска дуьне дууш схьайогIура. Юззалц кийра ца бузош, тоъалц чу ца дохьуш. ТIера хIусамда дIаваьлча, гIуллакх гуттар телхира. Денош догIура, тахана хIара йиъча, кхана хIун юур яра техьа бохуш. Дахаран иштта дакъа шен берашка кхочийла ца лаьара нанна. ХIун ду иза зуда ялийна хилча? БIаьрг баьлла вац, астагIа вац. Хьал долчу нехан ву. Цуьнга яхча, хIун юур яра, хIун юхур яра ца хууш лелар ю. ХIара шел жима а, хаза а хиларна, дIаяхарна кхоьруш, кIеза санна хьесталур ву, хIума оьшуьйтур дац. Цу тIе Элберд а ма ву зуда яло дезаш. Там бан безий?..Мотт-гIайба кечбан безий?.. Кхуо стенах дийр ду иза? - иштта ша тейора Зайнапа. Хаьара, кхин аьтто бала меттиг боцийла.

Хьайдарбека кест-кеста бIаьрг кхарстабора Кхокха юкъахь а йолуш зудаберийн тоба дIаяханчу агIор. ТIаьхьаваха дог хуьлура. Амма и дойла яцара. Ненан некхах даьхна кIезий санна, цIийзара кхуьнан кхо йоI. И хезаш, ден догъэтIара. Цаьрца цхьа гамо яра цуьнан. ХIоразза а кIант хир вац техьа олий, сатосура. ХIуьттаренна санна, йоI бен ца йора зудчо. КхоалгIа доьзалхо хиллачул тIаьхьа цо чIагIо йира кхин шен зудчунна улло ца ваха а, керла нускал дало а. Цунна кIант оьшура, шен цIийнан кIур бойтур боцу. Кхана хIоккхуо ши бIаьрг дIа ма хьаббинехь, къацахетаршна дуьсур ду кхуо цIийций, хьацарций мел даьккхинарг. И хуьлуьйтийла яц.

Вуьшта, Хьулимат кIорда а йина. Кхиболу зударий маре бахначул тIаьхьа, хьалхара доьзалхо мавиннехь, толой, стамлой, юьхьност горглой дIахIуьтту. Ткъа хIара, акха дечиг санна, якъаелла дIаели. Юрг тIе ца йолуш, молучух хайра ца хуьлуш. Ша санна болчу шен накъостех а эхь хетара кхунна. Царех уггар ира мотт болчо забар ечуха, оькккхуьйтура: «Хьайн десара дийца, Хьайдарбек, и хьайн хIусамнана стеран цIоганах якхош-м яц хьан? Иза урам-новкъахула схьайогIуш, утармех тоьхна боллу марс санна болу марий бен, гуш хIума ца хуьлу-кх цунах...»

Ша дуьхьал лата ца латахь, дан хIума дацара. Ткъа летча, нахала вер вара, забарх цакхетарг санна. Цу тIе, уьш бакъ а бара. Доцург дацара дуьйцург. Цундела, къаьхьа къурд а бой, пхоьханара дIавоьдура хIара. ЦIахь хьалха дуьхьал нисвеллачун коча а воьдура. Дукхахьолахь Хьулимат хуьлура иза. ЧIикъ ца боккхуш, едда кIелхьараяяла ца гIуртуш, дуьхьал цхьа дош ца олуш, IаддаIара доьзалан нана. Хьайбанна санна, еттара Хьайдарбека зудчунна. Цо дуьхьало ца йича, кхитIе а оьгIаз а оьхуш, карзах а вуьйлуш.

ТIеяха бух болуш, дола дан верас волуш яцара Хьулимат. Цхьана хенахь тIе беркат дирзинера кхеран цIенна. Бетташ шиъ етт, гомаш яра. Урд дара лелош. Хьийкъина кхуьура хIора шарахь хьаьжкIаш. Дебара даьхни. ХIетахь, бахам букъбелла хIорш болчу хенахь, БатIала нах баккхийтира шен кIантана Хьулимат еха. Захало тайра массарна а. Иштта йоьссира Хьайдарбекан хIусаме иза. Юьхьанца чIогIа дика вара хIусамда.

Бехк боцуш лурвуьйлира Хьулиматан жимах волу ваша. Синкъерамехь йоIаца хелхаволуш, лаамза цуьнан некхах куьг хьакхаделлера. ЙоьIан гергарчарах цхьамма хьала а иккхнна, шаьлта тоьхнера кхунна, пхьаьрсах чов а еш. Нах юкъа а гIоьртина, дIасабаьхнера хIорш. Цул тIаьхьа дикка хан яьлча, кхунна шаьлта тоьхнарг, луларчу юьрта ваханчуьра цIа вогIуш, эвла йистехь вийна Iуьллуш карийра. Шеко Хьулиматан вешех хилира. Кхара юьртана хьалха цIано йиннашехь, цкъа вуьту аьлла, куьйге а бахана, тIаккха тешнабехкаца вийра ваша. Дас дуй биира, цуьнан чIир эца. Иштта дIадоладелла дов, кхуьнан ши ваша а, да а вуьйш дIадирзира. Шина а агIорхьара кхоккха стеган валар хилира. ТIаккха дийнна юрт юкъа а гIоьр^ина, церан верасашна юкъахь маслаIат дира. Амма Хьулимат схьаяьлла кхерч шелбала болабелира. Бисинчу бахамах цхьа дакъа а ца дира

гергарчара. Іадатехь зудчун бакъо яц дех дисначун дола дан. Ден цIийнах яьлча, худаелла, гIелъелла дIахIоьттира жима зуда. ДIабелира дуьненан синкъерам. Шен дерриге а са кхаа йоIана чудиллина ехара иза хIинца. ХIоразза а ша берах моссаза хили, цо Деле доьхура кIант лолахь шена, бохуш. ХIума хууш болчу баккхийчу зударшна тIеоьхура, седажайна хьоьжуьйтура. Цара даима, хаза дуьйцуш, тейора хIара. Бакъду, хир ду баьхнарг кхочуш-м ца хуьлура. Хийла йилхира иза, Деле дийхира. Стенна делахь а, Хьулимат-м тешна яра воьалгIа доьзалхо кIант хирг хиларх. Амма тIаьхьарчу хенахь хIусамда ккуьнца гIуллакх догIуш а вацара. Ша-шена а тоьхна яллал бIарзъеллера иза. Делахь а, наха эр долчу неIалтой, кхо йоI нана йоцуш юьсург хиларой сецайора.

Хьулиматна нууш дара цIийнда Кхоккхига безам болуш хилар. Къайлах цкъа цуьнга хьажа а яхара. Нисъелла яра ккуьнан эмгар хир ю бохург. Амма цуьнга цабезам, гамо ца кхоллаелира Хьулиматан даг чохь. Ша шен кхаа йоIаца йитичхьана, кхин хIумма а ца оьшура цунна.

БатIал вара захалонна резавоцург. Ткъа и резавацар цуьнан коьрта чу диллинарг Бикату яра. Кхечу зудчо винчу шина кIантах хьалхарчуьнан кхо йоI яра, шолгIаниг бер хуьлуш а вацара. ТIеялийначунна хаьара, ког когах а кхетта, шена тIера цIийнда дIамавеллинехь, ша, лулахоша кхеолла баьхьна яй санна, юха цIехьа ерзор юйла. Цундела цуьнгахьа дара эмгаро бинчу кIентийн доьзалшкахь божабер цахилар. ХIара ша яра БатIална кIант ван Iалашо йолуш. Бадах вича и мегаш велахьара-м, кхуо вина дера хир вара иза. Кхечунна тIехь дакъалоцуш майра а вацара-кх. Цхьа лазар текхна ша, цул тIаьхьа бер хир дац аьлла шега, бохуш, цхьацца хIуманаш дуьйцура цо, Бикатус вала а, вола а меттиг ца юьтуш, ша кIуркIамане хьовзийча.

Бикатуна хIумма а ца дуьсура и захало дохор бен. ТIаккха иза цIийнден лергах мехий даха йолаелира. «Хьан гира буьссур болуш ца хилла-кх уьш, баккхий хилча а, зударий а балийна, шайна баха хевшича а. Хьо хьайн долахь долчух ваккха гIерта. Цхьацца зуда ца тоьуш, керлачу нускалшна церган хьекхо буьйлабелла. Ас ца элира ма алалахь, кхана Iуьйранна цара хьо темехан биста кхаччалц дакъаза ца ваккхахь. И меца эскар кхаба-м вуно хьал долуш хила везий. ЦIоз санна тIелетта. Хьо ле ма вайталахь цаьрга. ТIаьхьа байтамал баха ца лаахь. Делан вазлора, вуьтур ву хьо цара хи чохь бIаьргаш биллича санна. Варийлахь, и захало ма дайталахь цуьнга»...

Цкъацкъа шен шолгIа ялийначу зудчух эвлаяъ тарлуш вара БатIал. Къаьсттина иза ле яьлча. Ткъа хIара зурма дийнахь а, буса а екаш яра кхуьнан лерехь. Иза-м ловр дара, важа дацахьара... Шен сил дукха езачу шайкайнах валар - оцо вожавора хIара доза доцчу гIайгIане. Махбар а хьалха санна дIа ца доьдура, тIейогIуш йолу хIума а кIезиг хуьлура. Даркеша-м цу хьокъехь къамел юкъадаьлча, Iоттар ярца олура: «Ва, БатIал, бух боцу чарма дуза ца лойла ца хууш ву хьо?! ЦIера къу ву хала...» Иза Бикатух хьакхалуш дара. Кхунна кхечаьргара а хезнера цо цхьацца хIуманаш гергарнаш болчохь схьайохку бохуш. Шайн юкъаметтиг талхахь а аьлла... Куьйгаш а ластийна дIа ца яха. Амма хIара тIаьхьа ца кхуьура цуьнан бозбунчаллашна.

Дас нахехула воккхах волчу кIантах дIатуьйхира цо шолгIа зуда яло бинчу сацаман хьокъехь шена хетарг. БIаьрган негIар ца тухуш, вукхо дуьхьал аьллера аьлла, кестта схьадеара:

- Соьга ма де бохург сан дас ша ца динехь дара бакъахьа. Ас дIакхоьхьург цо сайна гайттина некъ бу.

И хезча, Iаччохь хьалалелхара БатIал. Стоммачу вортан пхенаш, дусаделла, детталора. Цуьнан кийрахь яьллачу оьргIазлонан цIерга декъа чIийшаш туьйсура Бикатус.

- Схьалаца хьайна! Ас бехирий? Хьо цаларар бен иза хIун ду? Кхин накъостий баций уьш-м. Дена вас йина а, шена там бан воллу-кх. ХIай, хIара вала велла! Нахах эхь а ца хетий. Иза-х кхуьнан йоI а хила мегар долуш ю. ШайтIа! Корта а баьшна, дIахеца езара. Боьрша стаг къевелла хилла кхунна? Ца йогIу хьуна иза дойнарг хотта-м, динарг даа йогIу-кх, гоьл тIе ког а бахкхина...

Цу дийнахь дуьйна ден а, кIентан а юкъаметтиг шелъеллера. Вовшийн тIебоьлхуш а бацара. ХIара бохам юкъа ца иккхинехь, хIинца санна юх-юххехь а хир вацара.

Юрт йоккхуш БатIална чов йинера... уггар тамехь доцчу меттиге. Цундела бертал бен Iуьллийла а дацара. ХIоьан гериг Укис схьаяьккхинера. ХIинца «ахI-ухI» деш Iуьллура совдегар. Цу тIехула тIе, Даркеша йина аьлла цхьа забар а яьккхинера юкъа:

- Юха дар-дацар хилла меттиг хилахь, БатIале корта гIодамийн такхорах боллий ма Iе ала, шен юх а къайлаяккхийта, и йоцуш виса ца лаахь.

«Сан да гIон волчу кашора, дош муьста делахь а, ша олург са лоццуьйтуш олуш-м ву и воккхастаг, - къера хилира Хьайдарбек. Цо и иштта шен дех лаьцна аларна, цуьрг а дегабаам бина а вацара хIара. - Цхьа а дац цуьнан нехан санна, - оьгIазъ-оьхура кIант.- Бегаш буй хIинца кхунна улло а хиъна Iен везар? Узаршка ла а доьгIуш. Кхардам бу-кх, цхьа кхардам...»

ГIуммагI чохь хи а дахьаш тIееара Бикату. МеракIентан юьхьдуьхьал ца хьожуш, элира: «ПаргIат хила...»

Хьайдарбекна бIаьргаян ца езара шен десте. Шекваpa, дений, шений юккъе мотт боьллинарг иза хиларх. Ткъа хууш ма дуй, зударий хьеннан а барт эгIо кадер долуш буйла. Цундела Бикатун багара и дешнаш ма девллинехь, цкъа вон цуьнга дIа а хьаьжна, вистхилар доцуш, дIа а вирзина,

хьун йолчухьа дIаволавелира Хьайдарбек. Цигахьа лаьттара ойла.

Хьуьна чу вуьйлира иза. Гонах къора тийналла яьржинера. Дуьне Iадийча санна дара. Адамашна тIехIоьттинчу баланан дакъа Iаламе а кхаьчча санна хеталора. ГIайгIане вара Хьайдарбек. Йиш йоьхнера. Дуккха а шерашкахь кхуо халла гулдинарг тIепаза дай. ХIинца дерриге а юхадIадоло деза. Цунах хIун хир а хьанна хаьа. Я Iесадевллачу адамашна Дала йина кхиэл ю техьа? Дера Хьажа-Iелас - Дала гечдойла цунна! — баха-м бехира. Ла ца дуьйгIира-кх. Кхин хIумма а ца хилча, сан дас шех летийна къинош-м тоьур дера дара юьртах а Делан неIалт даха. Цамгаро лаьцна, меттахь йоьжна Iуьллуш йолу кхуьнан нана ша йолччохь а йитина, шен са дадийна кI елхьараваьлла веана... ГIарбашах а, ненах а лаьцна хууш хIумма а дац. Уьш хIаллакь-хиллачух тера ду. Вуьшта, хIара бала хьоьгучул, елла дIаяьлча гIоле-м дара цунна...

Дагахь а доцуш, ойланашка ваьлла вогIуш волу Хьайдарбек хьуьна юккъе воьллера. Леккхачу пепнийн луьстачу баххьаша лаьтта ца кхочуьйтура маьлхан зIаьнарш. Гобаьккхина IиндагIаш дийшинера. Цхьана юкъана сецца лаьттира иза. Ша кхидIа хIун дан деза ца хаьара. Тайп-тайпана ойланаш вовшех ийна, чучча яхана, юьхь а, чаккхе а йоцчу чалхе йирзинера. Эццахь, хьун Iадош, маьхьарий девлира...

Баттара шаьлта а яьккхина, цу агIор дIахьаьдира Хьайдарбек. Юьхь тIе детталора генаш, когашна кIелахь латта ца хаалора. Мохо вадийча санна, и дерриге а тергал ца деш, дIахьаьдда воьдура иза.

Кестта кхуьнан бIаьргашна дуьхьал хIоьттира иштта ирча сурт: масех зудий, йоIIий шайн карара тускаршший, ларчанашший охьа а кхийссина, маьI-маьIIе дIасаедда йоьдура. Царех цхьаъ яра-кх, йоха а йоьхна, ша хIун дан деза ца хууш, куьйгаш ирх а тесна, кIелйисна лаьтташ. ТIехьарчу когашна тIе а хIоьттина, буьрса Iеха а Iоьхуш, цунна гергакхаьчна йогIура нана йоккха ча.

БIаьрг ма-кхийттинехь евзира цунна Кхокха. ХIара волчухьа йирзина лаьтташ яра иза. Ткъа ча кхунна букъ берзийна яра. Хуьлуш долчух сиха кхийтира Хьайдарбек. Доллучух а ваьллера иза... Бисинарг беккъа хIокху йоIе болу шатайпана безам бара, кхунна хьалха бевзина боцу, бу-бац хиъна боцу. ХIинца хIара цунах а вала мегаш вара. Иист йоцчу оьгIазлонан тулгIе яьржира дерриге а дегIехула. Довха цIий хьаьдира коьрте.

Воьдуш лаьтташехь, Iодара кхоьссина тIулг санна, тIехьахула чанна тIе хьаьдира Хьайдарбек. Макъара кхаччалц чуяхийтира шаьлта. Ча цкъа галъелира, кIегар хиира, стелахаьштиг кхетча санна, яга йолийра ворта. Шена хиллачуьн дуьхье ца кхуьура иза. Мичара вели и мостагI? Муха ваьхьи соьца сан ижу къовса? ХIара-х сан мохк бу!

Хьун екош, Iа-а-а аьлла, шийла мохь белира чан кийрара. Юхахьаьжира. Кхуьнан эххал а хир вацара мостагI... «Вели хьо айхьа дуу дуьне диъна. Iовдал. Хьоьга хIун хIоьттинера сан некъ хадо? Тамашийна ду шу, адамаш... Гуттар а шайн гIуллакх доцчу гIерташ, къар ца луш, шайчунна тIера ца довлуш... Схьавола хьайн Iожаллин мара».

Стаг шен марахьарчийра чано. Къевлира. Амма меженаша ла ца дугIура цуьнга. Цхьа йовха, ира хIума дагах чекхйолуш санна хийтира цунна. Са малделира. Амма мостагI дIа ца хоьцура. ХIаваъ ца тоьура. Са дукъделлера.

Вовшашна чучча дахханчохь охьадуьйжира ший а: кийрара дахаран Iаь яйна ча а, лазийна кхетамчуьра ваьлла Хьайдарбек а. Юьхьанца дуьйна и луьра дов геннара гуш хилла болу зударий, улло тIебахка ца хIуьттуш, тийжа а тийжаш, гонаш туьйсуш бара хIинца. Царел доьналла долуш хиллера Кхокха. ТIе а еана, шена орцах ваьлларг ченан карара ваккха гIертара иза. Амма вукхо гуро санна лаьцнера стаг. Ехха тийсаелира Кхокха. ГIуллакх ца хуьлура. ТIаккха дуьххьара елхаийзо елира - гIора цатоарна, ницкъ цакхачарна, де цахиларна. ТIаьххьара а метта-баьхкира кхиболу зударий а. Цхьаьний, хала а, атта а ченан карара ваькккхира цара Хьайдарбек. БIаьргаш схьабиллича, Кхоккхин йилхина юьхь гира цунна...

Гиххошна юкъахь сиха даьржира хьуьнхахь хилларг. Каркара а оьцуш дуьйцура иза. Цхьана юкъана дицделира шайн кхелхина бахкар а, юрт йохор а, хилла баларш а. Иштта ю-кх адамийн амал: керла тIедеанчо бухарниг дIатотту, и мел деза хиларх. Цхьана хIуманна тIехь еха ца лаьтта ойла. И иштта дацахьара, хедар дара адамийн хIу. Дахарехь тIе мел Iитталучеран йийсарехь стаг вуьсуш хилча, шена ваха а, кхечарна хIокху дуьнен чу неI елла а хан тоьур яцара.

Цу дийнахь цхьана Хьулиматна хиира-кх хIинца дуьйна дIа Хьайдарбек шена велла вуйла. Иза кхочур ву ша Iожаллин багара яьккхинчунна. Иштта хьоьхура даго. Ткъа и санна долчу хIуманашна тIехь зударийн дог гIалатдаьлла меттигаш кIезиг а ю.

Бен бохийна экха санна, хьийзара ЦIагари, валавола меттиг боцуш, са ца туьйш. Бекхамах догура кийрара дог. Хьажа-Iела, Олхазар... Церан чIир эца а кхиале, паччахьан салташа йохийна дI аьккхи хIара вина юрт. ХIинца хууш а дац дех хилларг. Нана тиларчу яхана. Хьалха хиллачунна кхитIе а ЦIагарина къахьдели хIара дуьне. Кагбелла букъ лачкъалур бу гIовтал кIел, амма доьхна дог... Цунах ведда мича гIур ву? Лалур ду да валар а, нана ялар а. ХIун дан деза дахаре йолу марзо елча? Кхин хIокху доккхачу дуьненахь хьо вокххавевеш хIума ца дисча?,. Стенан дуьхьа вехар ву? Оцу къаьхьачу ойланаша стигла а, латта а гатдинера ЦIагарина. ЦI еххьана и дерриге а дIа а теттина, мархашна юккъехула схьахьаьжна сирла малх санна, еккъа цхьа ойла йижира даг чу: бекхам... бекхам... бекхам!..

Даркешах дагавелира. Иза дуьхьал вацара. Цунна хаьара къоначаьргахь долу хьал. Кхеххкачу яй тI ера негIар дIа ца даькккхича, иза тIехбогIу. Кхеххкачу оьгIазлонна иштта негIар ду мостагIчух дог Iабор.

...Де суьйренга лестинера салтий гIопа бирзича. Арахь тов льттара. Иовхоной, бехачу некъой г Iелбинчу салтийн могIа бахбеллера. Покровскийн башха сагатдеш гIуллакх а дацара и (хилларг хиллачул тIаьхьа, мила ваьхьар вара кхарна дуьхьал вала?).

Амма кхечу ойланехь бара гиххой. Бохамах а бевлла, кхерам боцчу кхаьчча, доьханаш даста сих ца белира уьш. Хьалха ваьлла ЦIагари а волуш, бекхам бан гIевттира.

Гиххойн тоба кIело йина Iаш яра мостагIашна. Царна хаьара уьш хIокху новкъа бухабоьрзур буйла . Цундела шайн аьтто бер болу меттиг а хаьржинера. Некъа тIехIуьттуш луьста коьллаш яра ккузахь. Хьун а яцара гена. Сихха тIелатар а дина, вуьйриг вен а вийна, духадовларан Iалашо лаьцнера гиххоша. Вуьшта мостагIащца ларалур бацара. Уьш дукха бара.

Салтийн цхьа тоба мелла а тIаьхьайиснера кхечарах. Дукъарц санна лекха волу цхьа хьаьрса салти вара шен накъосташна забаре хIумнаш дуьйцуш. Юкъкара «гIогI» олий, белар, экккхара царна юкъахь. ХIуманнах а шек боцуш, паргIат богIура уьш.

Коьллашна юххе хIорш нис ма-беллинехь, цIеххьана тIелетира ламанхой. Хуьлуш долчух салтий кхиале, масех стаг вуьйжира царех.

Каде хьийзара лекха дегI долу хьаьрса салти. Цхьа а чов янза вара иза хIинца а. Амма къарлур волуш кхунна тIелеташ верг а вацара. Стелахаьштиг санна, бIаьргийн нур дIаоьцуш, лепара цуьнан буйнахь шаьлта. Делахь а, хIоразза салти кIелхьараволура цуьнан рогIерчу тохарх. Къона вара ламанхо. Цунах сиха кхийтира дикка дардацарш лайна волу салти. Цхьана агIор и ккуьнгахьа дара: тIеман зеделларг кIезиг ду мостагIчун. Вукку агIор, кхунна дуьхьал а ду: къоначуьнгахь ницкъ алсам хуьлу, атта гIел а ца ло.

ТIаьххьара а ламанхочун шаьлта Iалашоне кхечира. Карара топ дIа а хецна, шина а куьйга чож а лаьцна, гора вахара салти... Цхьа мостагI вожа а вина, накъосташна гIоьнна веара хаза юьхьсибат долу ламанхо. Дера летара иза. Лаамза цуьнан тидам бира ЦIагарис. «Ванах, суна ма ца вевза иза, ван мукъана а мила ву хIара?» - ойла хьаьвзира коьртё.

Цхьаъ кхечунна тIаьхьа ийгира салтий. Ламанхойх цхьанна-шинна чевнаш бен ца йинера. Уьш а кхераме а яцара. Коьртаниг -бекхам бар. И кхара бинера. Къахетар доцуш, дохкобовлар доцуш. ЦI ийна дуьхьал цIий оьцуш. Шаьш санна долу адамаш дахарх дохуш, церан наной белхош, зударийн, берийн къа хьарчош. Масех де хьалха цара ма-дарра. Иштта ду тIеман бакъдерг. Цуьнан Iалашо — Iожалла, цунна тIевуьгу некъ — къизалла.

Ламанхой хьуьна чу буьйлира. БIаьрган эшарехь къона ламанхо лехира ЦIагарис. Йистехьо ваьлла, кхарна тIаьхьа а соьцуш, вогIура иза, цхьана хIуманах къехкахь а, я кхаьрца гIиллакх лецахь а . Цуьнан горга хаза юьхь цIен бос летта йогура. «Дера, суна иза цхьанхьа ган-м гина», - дагадаийта гIертара ЦIагари. Амма гIуллакх хуьлуш дацара...

Гуьйренан йочанаш юьйлаялале аьлла, керлачу меттехь юрт йиллира гиххоша. ЦIе хьалхалерраниг тиллира. Нийса-м цунах кIотар аьлча хир дара. Охьэнца санна, даккхий, шера урамаш, учеш йолу цIенош ккузахь хуьлийла дацара. Цхьа куп дIанисъян а ца тоьура шера меттиг. Цундела юьртахойн цIенош шунаша тIехь дIасаккхийсина дара. Делахь а, оцу аьттонаш бацарийн кIезиг гIайгIа йора гиххоша. МостагI тIеккочийла ца хилчахьана, ккидерг могуьйтучу тIе бевллера уьш. Луьстачу хьаннаший, кIоргачу Iаннаший цхьана юкъана маьрша баха таро хуьлуьйтура нехан. И мел дахлур ду цхьанна а ца хаьара. Амма массарна а шера хиъинера маьршачу дахаран мах.

Зайнап атта юьйлира керлачу лаппагIанех. Хьалха хIорш Iийна хIусамаш а яцара кхин кхарел башха тоьлашха. Баркалла юьртахошна, гIоьнна бахкарна! Уьш ца хиллехьара, гIуллакх тишо хир дара. Бакъду, къонах а хилла дIахIоьттина Элберд. Дечунна тIехь мало йийр йолуш а вац. Каде хьаьвзаш ву. ХIинца-м хIун хала дара, иштта накъост уллохь а волуш?

Етт оьзна а яьлла, Зайнап чу яха тохаелла йоллуш дара кетIа Хьулимат еъча. Цо арабаьккхинчу некъах ккуьуш йоцу хIусамнана юьхьанца йоьхна йисира: дов дахьаш еана хьуна иза! Хьуьнхахь Хьайдарбека Кхокка лечуьра хьалхаяьккхичхьана дуьйна, юьртахула хабарш даьржира: хIинца церан захало хилла даьлла, мискачу Хьулиматан бIаьрг белхо бохку, йоза хилла иштта...

- Суьйре дика йойла хьан, Зайнап!

- Диканца ехийла...

- Могуш деца шу?

- Могуш ду тхо-м. Шуьгахь хIун хьал ду?

- Тхо а ду дика дIа Iаш.

- Ма латта кетIахь, схьанехьа яла.

- Чу еана а Іийр яц со. Цхьа гІуллакх дара...

- Дийцал ахь, со ладугІуш ю.

- Со хьан йоI дІайига еана...

Оцу дешнаша гуттар галъяьккхира Зайнап. И доцург хІуъу а хаза кийча яра иза.

- Муха... дІайига? — лохха хаьттира цо.

- Иштта, - шек а йоцуш жоп делира Хьулимата. - Наха муха дуьгу нускал...

- Ватта дела, суна гина хІума дац-кх хІара...

- Хьо йохий а ма хьовза, йоьIан нана, - юьхь тIера цхьа а хьаса меттах ца болуш, шен къамел д Іадора Хьулимата. - Вон захало дац хьуна тІедеанарг. Дала яздинчух вала йиш яц цхьаьннан а. Эмгар йина лело ца йоллу, сайн йоI санна лело юьгуш ю...

Хьайдарбек дечиге ваханчуьра цІа ванза вара. Бода къовлабалаза бара иза цІа кхаьчча. УьйтІара пеш а латийна, каде хьийзаш яра Хьулимат. РагІу кІелахь кхозуш тилийна уьстагI а бара. Цуьнан ах чарх яцара. ЦІера тІехь кхехкачу яй чуьра гІуьттучу Іаьнаро а, къоначу уьстагІан жижиган хьожано а цхьа а шеко ца юьтуш бохура: кху керта цхьа хазахетар деана.

- Ма латтал уьйтІа юккъе а хІоттий, - цкъа а ца хиллачу кепара хецца майрачуьнга йистхилира Хьулимат. - Хьешана а хІун моьттур ду, диг а карахь вогІавелла льтташ хьо гича?!

«Хьашада воьссина хир ву хІусаме», - кхетийра цо ша дІавоьдуш цІен тІехь хилла боцу хийцамаш. ГІуммагІа а йохьуш, кхуьнга куьйгаш дилийта тІееара йоккхах йолу йоI. Иза сингаттаме яра.

- Мила ву веанарг? - куьйгаш хи кІел лецира Хьайдарбека.

ЙоI дуьхьал йист ца хилира.

- Хьоьга ца хоьтту ас?

- Хьуна хІун бен ду иза милла а велахь а, хьаша хилчхьана, -йоІана хьалхара жоп делира Хьулимата.

И къамел ца тайра Хьайдарбекна. Амма эвхьазвала ца лиира. Хьешана хІун моьттур дара? Цундела хала са туьйхира цо.

Ахьаран галнаш яй чуьра схьа а яьхна, текха ехкира хІусамнанас. Жижиг схьадоккхуш йоллура юккъера йоI. Кхача сиха сов цІа чу баьхьира.

Куьйгаш дилина велира Хьайдарбек. Резавоцуш, чуьра араяьллачу хІусамнанна тІевогІавелира.

- Шуна мел оьшург чохь долуш ду хьуна, - сихха йист а хилла, Хьайдарбек дуьхьал хІума ала кхиале, тІаьхьа хІиттина зудабераш а долуш, БикатугІар болчухьа дІатилира иза.

Хьайдарбек сов цІа чу велира. ГІийла богучу къуьданан серлонехь са долу хІумма а ца гира цкъа . Юха сонехь льттачу цхьана адаман гІалартах бІаьрг кхийтира. «ШайтІанаша Іехош-м вац техьа со?» - дагатесира цунна. Дела цІе яьккхира... Дуьхьалара йоьIан гІаларт дІадолуш дацара. БІ аьргаш буьйлира чуьрачу боданах. Цунна евзира Кхокха... Дерриге а гІенах долуш санна хийтира. Иштта цхьана юкъана неІсагІехь вогІавелла льттира Хьайдарбек. ГІулч яккха кхоьрура. Шена гуш мел дерг дайна дІадаларх кхоьрура. КІордийна сих а, мерах а чекхъяьллачу хІокку хІусамехь юха а ша цхьаъ висарна кхоьрура.

Цуьнгахьчул а вон хьал дара Кхокхегахь. Цкъацкъа корах ара а иккхина, яддал бІарзлора. Амма когаш, даш доьттича санна, базбелла цІенкъах дІалеттера. Юха елха дог догІура. Зайнапан йоьI ан Кхокхин хІусам хилла дІахІотта езаш яра хІара ков-керт. Хийра ков-керт. ХІунда хилира иза реза хІокку захалонна? Нанна лиъна дела? Хьайдарбека ша Іожаллех яькхкина дела? Я хІора зудабер а, мацца даьлла а, цунах чекхдала дезаш долу дела? Оцу хаттаршна жоп ца карадора пхийттара яьллачу йоІана. Цунна цхьаъ хаьара: и хила дезийла. Амма и муха хуьлу цахааро синтем байинера...

Хьайдарбек тІе веара. ГІодаюккъера схьа а льацна, шена тІе озийра. Марахьарчийра. КхидІа дерг гІенах санна хилира...

Угтар хьалха Хьайдарбек «нахала» ваьккхинарг цуьнан жимах йолу йоI яра. Шаьш БикатугІеран уьйтІа ма-кхеччинехь, дедестечуьнга кхаъ баккха ларийра иза: «Нанас тхан дадина жима нускал ма далийна!» — эккхийтира цо дозалла дарца.

- Дакъаза ма яла хьо делаI, - йиш юьйхира Бикатун, - и хІун ду ахь дуьйцург?!

Йоккхах йолу йоI, тІехьа а йирзина, елха хІоьттира. Цу шинне а тІечевхира нана: «Сацийтал!»

...Цу буса дуьххьара ларТIехь наб кхийтира Хьулиматна. Цунах чIогIа цецбевллера йоIарий. Царна хоийла ма дацара, де хьалха, цхьанна а ца гойтуш беша а яхана, бертал а йоьжна, лаьттах мIараш туьйсуш, сахиллалц иза йилхинийла. Цул тIаьхьа яхара иза ЗайнапгIеран керта...

- ХьалагIатта, марда, кIанта жима нускал далийна хьан, -охьаIеттийра Бикатус чоьхьа йоллушехь. - Томана яхьа хIума а кечъе, тIебахийта баккхий нах вовшах а тоха. ТIекIел ваьлла Iачохь дац хьуна гIуллакх.

- ХIун ю цо юьйцург, - резавацаре вистхилира БатIал. -Тиларчу-м ца яхана хьо?

- Тиларчу ца яханехь-м хьоьга йогIур а ярий? - декхарий-Лйхь ца йисира Бикату.

- Хьан дена хила неIалт, - чуьравелира хIетахь чов хилчахъана дуьйна меттахь висина волу совдегар.

Ма хила, цкъа хьалха хьайчунна а ца хуьлуш-м. Схьаэцна, зудчунна тоха хIума лехира БатIала. Певлангахь лт.ттачу Iасана тIехь сецира бIаьрг. И схьа а эцна, Бикатуна ластийра. Важа дIа а иккхина, Iаса неIарх кхийтира.

- Иммансиз, ас бийр бу хьан болх, дуй хьуна! Цкъа со меттара гIаттийта ахь, - кхерамаш туьйсура БатIала.

- Соьца санна, хьо кхечаьрца а велхьара майра, - дуьхьал тийсалора шен лааме яьлла хIусамнана.

- Хьо хIун ала гIерта, ва жоьжахатан бIогIам?

- Боьрша хилахь, ала гIерта-кх, цкъа мукъаца а! - цIогIа детта елира Бикату. - Довхачу дийнахь Iам чохь гомаш санна, хьо кху чохь Iуьллушехь, нах шайн гIуллакх деш бохку. Ялочо ялош а, юьтучо юьтуш а. Хьо вац-кх цхьана а декъехь.

- Дала сайна тоьхна лазар ца лайча волий со? - бехказвала гIоьртира хIара. - Цхьанна а ца хаьа шена тIе хIун догIур ду.

- Хьоьга-м хьайн кIант а ца сацавели!

- ХIун дина цо, хьо дакъаза маяларг?

- Керла нускал далийна.

- Делахь, цо хьан букъ бойна хьуна.

- Дала седа дуьхьал войла хьо а, иза а!

- Ас кху чохь сардамаш ма деха ца аьлла хьоьга?

- Хьох сардам бахна-м дукха хан яра...

- Хьо ас ялийчхьана дуьйна...

- Къанделла кож!

- ДIасацае хьайн бага, ешапах схьадаьлла боьха ешап! Иштта девнаш хIокху тIаьхьарчу хенахь кест-кеста дуьйлура

церан. Бикату тIеттIа карзахъюьйлура. БатIале цкъа-шозза хьажа веанчу Укис хIара астагI вуьсур ву аьллера. «И дара хьуна кхунна тIеоьшург, - ойла йора зудчо. - Кхидерг шадерг шеца долуш ву, «линтI-тIох» бохуш, астагI лилхичхьана... Чов а ур-аттала нахана ечу ян мегаш ца хилла-кх кхунна. Везан дела, ма доккха хIума ду хIара дан! И шен тIотI а текхош, нах сох бело воллу-кх хьуна хIара хIинца. Елла яла со делаI, елла дIа а ца ели...»

- И хьайн «гIов-гIов» а ца деш, ларТIахь йистхир йолуш ян а юй хьо? - аз хийцира БатIала. - Кхета а веш, алахь айхьа олург.

- Хьан кIанта ги кхин цхьа мохь а боьлли хьуна, - те ца туьгура важа. - Дехьа чохь дIайижна стен йиъ хIума а ю хьуна. Хьан дохна деборхьама, шолгIачу нускалца уьшалара нал йоккхуш воллуш и а ву...

- Ой-хIай! Боккъалла бохий ахь?! - воьхна хьаьвзира БатIал.

- И боккъалла а дац-кх хьуна, шо далале ЗайнапгIеран зуьда-кIезано вайна херси ца яхь.

- ЗайнапгIеран боху ахь? - цецвелира БатIал. - Иза-х цхьа бератIорза ю...

- Цу тIехь-м да а, кIант а цхьаъ дера вара шуьшиъ, - шениг дита ца йоллура Бикату. - Со а яцара ахь ялош, хьан йоI хила а мегар долуш?.. - Дагахь тIетуьйхира: «Вистина валарг».

- Ваша вала цу къамелан! - цавашаре жоп делира хIусамдас. - Соьга кхачале, кхечунна тойна а хиъна, мустйоллалц Iийна йолу хьо... ВаллахI Iазамора, хьераваьлла а дика ма висина иза...

- Хьераваьллехь а, боьршаллех-м ца ваьллера хьуна иза, -са лоццу Iоттар йира вукхо.

Дов кхин а боккхачу ницкъаца марсаделира. ХIокху тIаьхьарчу хенахь цхьа а де а, буьйса дIа ца долура БатIалгIаьргахь и къапкъарс доцуш. Ший а доьллера цунах.

Хьатуй, Бекмарзий кетIа ваьлла Iаш вара, зудчун-майрачун «тIом» дIаболалуш. Цхьацца долу дешнаш шера схьаккхочура кхеран лере.

- ХIан, дIадоладели хьуна, — элира Бекмарзас, вела а озош. - Бакъдуьненахь хIуъу а хилахь а, хIокху харцдуьненахь-м шена гIазот даьккхина воллуш воллу хьуна БатIал.

- ЦадогIург лелийча, догIучух волу, - кица далийра Хьатус. - Хьашт доцуш нехан бага вахана. Юрт йоккхучу дийнахь цамгаро лаьцна Iуьллу ша хьалха ялийна зуда а, миска гIарбаш а шаьшшиъ йолччохь а йитина, ведда кIелхьара ваьлла бохуш, дуьйцу... Дала а могуьйтур дац иштталиг.

- ХIокху балхо йиш йохийна хьуна сан-м, - къамел кхечунна тIедаьккхира Бекмарзас.

- СинбIаьрзалло, оьгIазлоно тIулган дина адамийн дегнаш, -лазаме дийкира боданехь Хьатун аз.

- Цхьана доьзалехь а карош боцу барт, халкъашна юкъахь муха лохур бу, ва Хьату?

- Адам маьршачу дахарна кхоьллина ду, Бекмарза, - жоп делира Iеламстага. — Вайн дайша эрна ца аьлла: «ТIамо воI ца во, тIамо воI воь».

- Цара вайн юрт хIаллакьяр вайгахьара хIума а даьлла дацара, - аз айдира Бекмарзас. - Вайшинга хаза а дуьйцуш, тешнабехк бин. Кхин со ца теша царах.

- Тешам байна стаг - вайна стаг ву, - лерина, хIора дош нисдеш элира Хьатус. - Диканах дог дилла мегар дац. Цхьа бахьана доцуш хIумма а ца хуьлу дуьненахь. Тахана цуьнан дуьхе ца кхуьура аьлла, кханенна а зайл бетта ца оьшу.

- Якккхийчу тоьпийн маттахь къамеле бевллачаьрца адамийн Мотт бийцалуррий техьа, Хьату?

Мацца севцца а уьш а совцу.

Iожаллин дIовш схьа а Iеттадой.

Даккхий зенаш хилла нахана. Дела орцах волийла вайна. Цо Пуьтур бац шен миска лай гIо доцуш.

Оьрсашца дерг хадо дезаш ду, Хьату.

- Хадо-м хала дацара, хадийнарг юхаметта ца хоттало-кх атта. Цхьана яй чохь кхеккийча а, вовшах ца уьй хьакхин а,

уьстагIан а жижиг.

- Сапарбек оьрси ву, - доккха са а доккхуш, элира Хьатус. -Салти хилла а ву... МостагIчун эскаран салти, - жимма Iийна тIстуьйхира цо. - ХIетте а, тахана вайн цхьаццаболчу нохчех ас дШ а лур вацара. Схьаийна ву, гIиллакх цуьнгара доккхур дац, дехахь - са дIадала а кийча... Иштта дац и?

- Цхьа Сапарбек иштта хиларх, вуьйш ю боьха хьакхарчий.

- Хьуна хIун хаьа?

- Цара вайна тIехь динарг...

- Ахь хIуъу а дийцахь а, Хьату, хIокху хьелашкахь оьрсашца цхьа юкъаметтиг таса езаш хиларх дерг хьахо со хIуттур вац хьуна. Нах дарбелла... Царах кхета а мегар ду. Гиххошна хIинца Даркешший, ЦIагарий санна болу къонахий оьшу. Вайшининн хан тIехтили...

- Я хIинца а тIе ца еана.

- Мухха делахь а, вешаниг юха а даьккхина, массарна а долучунна юкъара хила веза-кх, - дерзийра Бекмарзас.

- Цу тIехь хьо бакъ хила а дера мега, - тIетайра Хьату. -Iай заза ца хоьцу Iожо. Массо а хI уманна шен хан ю.

КIарула Iаьржачу бодашкахь набаро йийсар йина Iуьллура керла йиллина юрт. Аккхаройн лар бен евзина йоцчу хIокху акхачу меттехь адамаш хевшинера даха. Церан дечунна сутарчу куьйгаша, дахаран гIовгIано хийцинера гонахарчу Iаламан юьхьан сибат. Дерриг а къарделлера адамна.

Дерриг а, цхьа борз йоцург. Буьйса ма-юьйллинехь, гу лекхачу а йолий, муцIар хьала а ерзайой, беттан серлонехь угIура иза...

ВорхI кIант ву Даркешан. Аьрзу, Леча. ХьаргIа, Куьйра, Олхазар, Маккхал, Хьоза. Ден дозалла. Цуьнан гIорторааш. ВорхIе а -иепнаш санна, догIмаш долуш, болатах воьттича санна, онда. XI уманах а бIаьргнегIар тухур доцуш. Вухавер воцуш. Iуьргара моьлкъа а боккхур болуш, чIарх-аьллий, шайтIан ненан багара маха а бохьур болуш, майрий. ГIиллакхах вухур воцушший, яхь дI алур йоцушший.

Иштта кхиийна уьш дас. Цо хIинца а олу шен кIенташка: «Хьалха а ма хила, тIаьхьа а ма хила. Шун меттиг юккъехь ю».

Цкъа воккхах волчу Аьрзус, Iа а ца велла, хьаьттира дега: «И юккъера меттиг хIунда хоьржу ахь тхуна, ва дада?»

Даркеш оьгIаз ца вахара оцу хаттарна. Тера дара цо и лардинчух. «Хьалха вийла Iеминарг массо а хIуманна тIехь а хьалхара хила лууш хуьлу, тIехьа сеца Iеминарг массо а хIуманна тIехь а тI аьхьара хила лууш хуьлу. Хьалхавалий, тIаьхьависий стаг гуттар а караво. Муьлххачу а гI уллакхан коьрта йозалла шена тIеоьцуш ерг юкъ ю. И онда елахь, халкъан доь довр дац», - жоп делира Даркеша.

Ден хьехар лардира кIенташа. ЦIагарица паччахьан салташна кIело ян баханчохь а. Коьрталла ца къевсира цхьанцца а. Кхечаьрца цхьанийсса лийтира вежарий ХьаргIий, Олхазаррий, Маккхаллий. Т Iаьхьарчунна пхьаьрсах чов а йинера.

Салтийн тоьпаш а йохьуш, ЦIагарин тоба цIа йирзича, гиххоша доккха са даьккхира... Цхьана Аружин юьхь тIехь ца хаалора я хазахетар а, я халахетар а. Иза йоьллера шен кхузткъе итт шара чохь кIентий кхерамечу новкъа а бохуш, уьш могуш-маьрша бухаберзаре хьежарх. ВорхI кIант вина цо Даркешна. ВорхI кIант — ненан ворхI са. Цхьана деган эшарехь деттало и ворхI са, цхьанна цатам хилча, берриге а кийра Iовжош, хазахетар хилча, кийрахь меттиг ца тоьуш...

Кхо кIант дена дуьхьал хIоьттира. Хьалха вистхилира кхааннах воккхах волу ХьаргIа.

- Дада, тхо духадирзи, зензулам ца хуьлуш.

- Бакъахьа хир ду, - кIентийн бIаьра ца хьожуш, бен доцчуха жоп ло Даркеша. - ПаргIат хила.

Нана йолчу боьлху кIентий.

- Нана, тхо духадирзи, могуш-маьрша долуш.

- Некъан хьовзамах, юьхьIаржонах лардойла шу вайн Дала, -меллаша дека тийналлехь Аружин аз. - ДIадуьло, паргIатдовла.

Воккхах волчу вешина Аьрзуна тIебоьлху вежарий.

- Тхо духадирзи, дагалаьцнарг кхочуш а дина.

- Нахана хьалха корта охьабахийта меттиг-м ца йитин аш вайна? ~ хоьтту Аьрзус.

- Ца йитина, - жоп ло ХьаргIас.

- Дика хир ду, - там хиларца боху воккхах волчу вашас. -Хьовса шайн гIуллакхе...

Цхьана кертахь Iаш ву ворхI ваша, дечиг доккху гуьйриг цхьаъ а йолуш. Ялх зударий балийна ву, ворхIалгIаниг, Хьоза -кIантстаг. Цундела деца-ненаца цхьана тхов кIел Iа иза, вуьйш шайн доьзалшца - уьйтIарчу цIенош чохь. Массеран а бераш ду. Цкъа Хьозас дагардича, берхIитта хилира уьш, царех шийтта – божабер.

КIант, - жимах волчуьнга кхойкху да. - Кхана талла ва-хм дагахь ву со. Кечам белахь...

Мегар ду, дада, - кхин а цхьа хIума ала лууш, амма ца Цуттуш, неIсагIехь соцу Хьоза.

- Хьо хIун ала гIертара? - кIентан дагахь дерг хиъча санна, хоьтту Даркеша.

- Со а ваийтахь хьайца...

- Са даржале когаш тIехь хила веза хьуна вайша...

- Ас сема йо наб...

«Ирс яI хьан, суна-м кхета а ца кхета хьуна и хIокху тIаьхьарчу хенахь. Iуьйккъалц товхи хьалха хоий Iа, тIаккха метта нолу. ДIасакерча, мосуьйттазза хорцу ха, буьйса сахуьлунга лестачу хенахь халла наб озайо. Дера, тускар чу хаочу даьлла моьттуш ма ву со сайн гIуллакхаш а», — самукъане йоцу ойланаш хьийзара коьрте.

Даркеш жим стаг волуш дара и. ХIетахь Нашхахь бехаш бара хIорш. Нашха! Ламанан мехкан деган юкъ... Даркешан бераллин ага. Гобаьккхина лаьттачу ламанан баххьаша мархаш яжочу эвлахь хьалакхиира иза. МостагIчо шен лар еана яц цига. Дерриге а дара дика... Латта кIезиг дацахьара. Куй биллал йолу меттиг а тIулгащца къевсина яккха езаш яра. Даха охьенга довла деза аьлла, хабарш даьржира эвлахь. Дукхах болчара къобалдеш гIуллакх а дара иза. Ткъа кхуьнан да Гелаг дуьхьал вара. "Сан ворхIе а да ваьхна кхузахь, кхузахь Iохку церан даьIахкаш , царна гена а ваьлла, сайн кхин рицкъа леха ца лаьа".

Охье. Ян мукъана а хIун ю иза? Даркешна хезнера цунах лаьцна гинчара дуьйцуш. «ТIулган экъа санна, бIаьрго ма-лоци,у шера аре. Цу тIе яьлла голашка кхаччалц йолу сийна буц. Хиш, лаьмнашкахь санна, аьрха а, дера а дац. Шайн болар лахдой, амал хуьйций, шуьйра даьржа уьш аренца. Аккарой мел дукха ду! Стоьмаш латийна, Iана а дахана лаьтташ долу дитташ! Дпйнахь сарралц некъ бича а ца кхачадо латта... Беркат ду-кх, беркат...

ЛадоьгIучеран бIаьргаш серладовлура, цецбовлий, кортош лестабора. Цхьаберш теша а ца тешара: туьйра дара иза-м, оццул латта мичара хир ду...

Хьалха лахенга охьабаха сацам хилларш нашхой бара. Угтар пуьцкъала а, нахана юкъахь дош лелаш а тайпа дара цераниг. Цунна хир дара кхидолу кегий тайпанаш а царна тIетар. Даркешан нана а яра нашхо. Дех ца вахьахь а, оццу ойланехь хилла волу Даркеш ненахошкахьа узуш вара.

Цхьана дийнахь хIара цIа веача, Гелаг тускар чу а хиъна Iаш карийра. Кхунна хаьара и тускар стенна лелош ду а, цу чу стаг хааран хIун маьIна ду а. Цундела воьхна висира Даркеш, ишттa сурт шен бIаьргашна хьалха хIоьттича.

- ХIун деш лаьтта хьо?! - тIечевхира Гелаг. - Схьаэца тускар.

- Дада, хьо... хьалхе... тохавелла, - толкха а лелхаш, ма-хуьллу гIиллакхе хила гIертара кI ант.

- Мичхьа гина хьуна кIезано къена борз Iамош?! Хьайга бохург де.

КхидIа дуьхьало ян ца ваьхьира Даркеш. Лерина схьа а эцна, тускар ги доьллира.

- Яхийта хIинца хьайн алаша! - дийкира букъа тIехьара. Даркешна базбеллера и мохь. ХIан-хIа, кхунна дегIана ницкъ

ца хуьлура. Лаьхьа санна, дагах хьаьрчинера ойла: «Дех вала воллу-кх со ».

- Дада, вухавахийтахь вайша...

- Соьга хIун дика хьегийта воллура хьо?

- Нахана дерг хир ду-кх вайна а.

- Сов ваьллачу стеган хIусам - кешнаш...

- Хьан боху хьо сов ваьлла?

- Сан даго.

Малхбузехьа дIагIерта кIанттий, дай. Когашна кIелахь - тIулгаш, цхьа гIулч юьстах яьккхича, охьахьаьжча - корта а хьаьвзаш, кIорга Iин. Бухахь гIергIаш, мокхазан бердех кур бетташ, угI ура ламанан хи.

ХIора тайпанан а шен кешнаш дара. Маьлхана дуьхьал а дерзадой, лам огуш адамаша дора уьш я стагна хьалхара Iаламо къахьоьгий, даьхна хуьлура. Вала гергавахнарг я толур воцуш ун кхеттарг тускар чохь вала а вой, могтIара Iачу цхьана цIийнах схьабевллачу нахана улло кI егара охьахаавора. Даркешна тIе дуьххьара хIоьттина иштта гIуллакх.

КIантана хьацар тоьхнера. Хорша еача санна вара иза. Кхуьнгара хьал хиъча санна, букъа тI ехьара схьа вистхилира Гелаг.

- ХIоккхуза сацал!

Даркеша кхочушдира шега аьлларг.

- Схьадерзадел тускар.

ХIинца чубузучу маьлхан зIаьнарш нийсса ден юьхь тIе йийшира.

- Хьайн серлонца хIара дуьне кхолуш волу хIай Дела, - малх болчухьа куьйгаш лецира Гелага. - Тахана тIаьххьара хьосту со хьан эсалчу зIаьнарша. Боданечу дуьненахь ваха дIавоьду со. Вай къастале, хьоьга дош ала лаьа. Баркалла хьуна ахь суна мел диначу диканна. Iуьйранна гI аттавора ахь со. ДIайийначу хIуманна хьайн йовхо луш, хьоькъуьйтура ялта. Сарахь чубузий, садаIийта дезийла хоуьйтура. Дехачу Iаьно чехийначу дегIе бIаьста ницкъ боуьйтура. Ехачу

буьйсанан бода эккхабой, дуьнен чу серло яржайора, - дийначу адаме луьйш санна, декара Гелаган аз.- ХIун деш ларьтта хьо?! - тIечевхира Гелаг. - Схьаэца тускар.

- Дада, хьо... хьалхе... тохавелла, - толкха а лелхаш, ма-хуьллу гIиллакхе хила гIертара кI ант.

- Мичхьа гина хьуна кIезано къена борз Iамош?! Хьайга бохург де.

КхидIа дуьхьало ян ца ваьхьира Даркеш. Лерина схьа а эцна, тускар ги доьллира.

- Яхийта хIинца хьайн алаша! - дийкира букъа тIехьара. Даркешна базбеллера и мохь. ХIан-хIа, кхунна дегIана ницкъ

ца хуьлура. Лаьхьа санна, дагах хьаьрчинера ойла: «Дех вала воллу-кх со ».

- Дада, вухавахийтахь вайша...

- Соьга хIун дика хьегийта воллура хьо?

- Нахана дерг хир ду-кх вайна а.

- Сов ваьллачу стеган хIусам - кешнаш...

- Хьан боху хьо сов ваьлла?

- Сан даго.

Малхбузехьа дIагIерта кIанттий, дай. Когашна кIелахь - тIулгаш, цхьа гIулч юьстах яьккхича, охьахьаьжча - корта а хьаьвзаш, кIорга Iин. Бухахь гIергIаш, моккхазан бердех кур бетташ, угI ура ламанан хи.

ХIора тайпанан а шен кешнаш дара. Маьлхана дуьхьал а дерзадой, лам огуш адамаша дора уьш я стагна хьалхара Iаламо къахьоьгий, даьхна хуьлура. Вала гергавахнарг я толур воцуш ун кхеттарг тускар чохь вала а вой, могтIара Iачу цхьана цIийнах схьабевллачу нахана улло кI егара охьахаавора. Даркешна тIе дуьххьара хIоьттина иштта гIуллакх.

КIантана хьацар тоьхнера. Хорша еача санна вара иза. Кхуьнгара хьал хиъча санна, букъа тI ехьара схьа вистхилира Гелаг.

- ХIоккхуза сацал!

Даркеша кхочушдира шега аьлларг.

- Схьадерзадел тускар.

ХIинца чубузучу маьлхан зIаьнарш нийсса ден юьхь тIе йийшира.

- Хьайн серлонца хIара дуьне кхолуш волу хIай Дела, - малх болчухьа куьйгаш лецира Гелага. - Тахана тIаьххьара хьосту со хьан эсалчу зIаьнарша. Боданечу дуьненахь ваха дIавоьду со. Вай къастале, хьоьга дош ала лаьа. Баркалла хьуна ахь суна мел диначу диканна. Iуьйранна гI аттавора ахь со. ДIайийначу хIуманна хьайн йовхо луш, хьоькъуьйтура ялта. Сарахь чубузий, садаIийта дезийла хоуьйтура. Дехачу Iаьно чехийначу дегIе бIаьста ницкъ боуьйтура. Ехачу буьйсанан бода эккхабой, дуьнен чу серло яржайора, - дийначу адаме луьйш санна, декара Гелаган аз.

- Сан гIуллакх дина бели хьо. Делахь а, цхьа дехар хир ду «сан хьоьга. Ахь и кхочуш а де. Соьца санна дика хилалахь сан тIш.хьенца. Ларбелахь уьш даг тIе бода боссарх. Лелалахь, царна де доьхначохь ницкъ луш, тилабеллачохь некъ гойтуш. Цу тIехь со чекхволу. Нагахь санна сан къамел хьайна дIахезнехь, и пйхьа тIеэцахь, цхьа билгало яхьара ахь..

Йоццачу юкъана мархашна тIехьа дIа а баьлла, къеггина юха схьакхийтира малх. Даркеш цецваьллачохь бага а гIаттийна виКра.

- Баркалла хьуна. ХIинца со сапаргIат ву, - оцу дешнащца бIаьргаш дIахьаббира къеначу Гелагас . ТIаккха набарха волуш санна, кIанте вистхилира:

- Жимма сатоха, ас дукха хьийзор вац хьо.

Шена хьалхара некъ ца гуш воьдура Даркеш. Оцу дийнахь шсм дахарехь дуьххьарий, тIаьххьарий вилхира иза. Дуьрачу бIаьрхиша беснеш Iийжайора, легаш тIехула чета оьхура. Мохь ца хьакха цергашца балда а лаьцна, хьалаоьхура.

Дуьхьал хIоттийначу боккхачу чхарна хьалха сецира Даркеш. Тускар чохь да меттахъхьовш санна хийтира, резавацарна хир дара иза.

Куьйгашца тIулг дIахило гIоьртира. ГIуллакх ца хилира. Тускар гира охьа а ца дуьллуш, белш гI

ортийра тӀулгах. Жимма меттахбелира. ГӀора ма-дду кхин цкъа а дӀатеттира. Стаг чоьхьа валлал херо елира. Даркеша гӀулч яьккхира... БӀаьргашна хьалха Ӏаържа кирхьа санна бода лаьттара. Юха а вирзина, араваддал бӀарзвелира. Да шех воьлуш санна хетаделира. «ХӀун до ахь, нанин ноькка, кхеравели?» Цхьаммо а ца элира и дешнаш. Амма Даркешан лерехь дийкира. ХӀетахь, хӀара жима волуш, Ӏин чохь дехачу алмазах кхеравелла чуведча санна.

ТӀаьххьара а бӀаьргаш буьйлира боданах. Болаза бисинехьара, гӀолехь а долуш-м хиллера. Нисса хӀоккунна тӀе а дирзина Ӏаш ...адамаш дара. Сарахь пхоьхана хевшича санна. Кхунна хезнера маьлхан кешнашкахь адамийн дегӀан чкъор кхелхиначул тӀаьхьа а талха ца телхаш, ша ма-дарра дуьсу, бохуш. Цундела дийначу адамех тера дара декъий.

Юха а тускар чохь да тохалуш санна хийтира. Лаьтта охьабиллира цо мохь. ХӀинца уггар халаниг дара дан дезаш: бухарчарна улло да дӀатарвар.

- Дада, ас муха вуьтур ву хьо кхузахь? Дуьхьал жоп ца хезира.

- Вистхилахь, дада, - дехар дарца дена хьалха гора хӀоьттира Даркеш. Ден бӀаьргаш схьадиллина дара. Амма дахаран Ӏаьцаг ца хаалора царна чохь. Бос байна ангалин туьтеш дагадаьхкира Даркешна ден бӀаьра хьаьжча...

Тховса дага хӀунда деа кхунна и дерриге а? ТӀеккхача йоллу техьа кху лаьтта тӀехь яккха цунна тоьхна хан? Дера, дукха некъаш ма идийна кхуо... Хенахь а дац хӀинца-м. Базбелла шерийн мохь. Цо белш тӀера охьатеӀаво. Нийсархой а дӀабевлла. Цхьа Уки ву-кх кхуьнца кетӀа ваьлла, охьахаа, къамеле вала а. Иза а кхул иттех шо жима ву.

Ӏуьйкъенан нӀаьна кхайккхира. Дог ца догӀуш, хьала а гӀеттина, метта велира Даркеш. Гуттар а санна. Кхана тахана дан цакхиъларг чекхдаккха.

Сергей Петрович Покровскийн гӀуллакхаш тӀеттӀа толуш доьлхура. Иттанаш адамаш дара кхуьнан карахь. Царах хӀораннан а кхоллам хӀоккхо олучу цхьана дашах боьзна а болуш. БӀаьста Петербургехь хилира Сергей Петрович. ТӀеман гӀуллакхна вахана. Цигахь схьаийцира цуьнан сийлахь-воккхаллин цӀарах дина деза совгӀаташ. Цхьаьнаккхийтира стуца Бельскаяца. Хан йиллира. Кхеран ловзар гурахь хир долуш дара.

Хьалха санна, шампанскиций, зударщий, цигонащций долу сакъерарш дӀадахьа аьтто ца хилира. ХӀинца хӀара юьхь тӀера вевзара дуккха а нахана. Кхуьнан цӀе йохура лакххарчу гонашкахь... «Маьрша боцчу нохчашна тӀехь толам баккхархо»,- массанхьа а иштта вовзуьйтура Покровский инарлас Невельскойс. Иза гуттар а кхуьнца хуьлуш вара. Сергей Петровична-м цкъа дагадеара: инарлин Ӏуналла стуйишера схьадолуш ду. Амма шена хӀумма а ца тосаделлачуха, лелара Сергей Петрович.

Сиха чеккхъелира кхунна Петербургехь яккха билгалйина хан. Аьхкенан хьалхарчу деношкахь Кавказе вухавирзира Покровский. Шалха ойланаш хьийзара гӀопан керлачу хьаькаман коьрте.Цхьана агӀор, дерриге а дика нисло кхуьнан дахарехь: дарж, чин, зуда ялор, лакххарчу гонашкахь дӀалоцуш йолу меттиг, бахам... Важа, шолгӀа, агӀо яцахьара. Олуш товш дацахь а, хӀара стечу хӀуманах кхетаза дуккха а хан дӀаяьлла. Ткъа и лан 30 шаре бен ца лестинчу эпсарна цуьрриг а атта дац. ГӀопехь а бан-м бу зударий, куц-кеп долуш а, хӀоккунна тӀетовр болуш а... Делахь а, Покровский шера кхета и санна дерг къайладахьалург цахиларх. ГӀопарчу нахана вовшийн массо а вевза, хаьа, хьан хӀун леладо. Цундела дуьненан цхьайолу марзонаш йита дийзира. Ур-атталла, кхечу эпсарщца кехатех а ца ловзура, цаьрца цхьаьна чагӀар а ца молура Сергей Петровича. Оцу дерригенах а дерг сиха даьржира гӀопахь. Цхьаболчарна иза чӀогӀа товра, вуккхара олура: иштта вехачул, нохчийн шаьлтанах валар гӀоли дара.

Цу дахарх деган кӀоргенехь воккхавеш-м ша Покровский а нпцара. Амма цо ша хаьржинера шен кхоллам. «ХӀумма а дац, -Ша-шен тевора цо, — жимма сатоьхчхьана, вер ву хӀокху баланах». Ткъа къаьсттина сабӀарзделча, маларх кхетара, кхетам чуьра валлалц.

Тховсалера буьйса а яра иштташарех. Сахьийзара. Сагатлора. Юрт йохийначу хьалхарчу деношкахь ког лаьттах ца кхеташ ледара эпсар. ХӀара декъалвора боккхачу толамца. Бакъду, хӀорш гӀопа бухабирзича, 5 салти тӀепаза вайра. Цхьанна а ца хаьара царна хилларг. Цхьаммо олура, нохчийн кӀелонна тӀеӀиттабелла х нр бу, вукхо, бевдда, лаьмнашка хьалабахана... Иштташиг а нислора.

Делахь а, тӀеман хьелашкахь пайда боцу хӀума лара мегар долчу оцу могӀарерчу гӀуллакхо паччахьан эскаран кхиам лагӀ ца бора. И дара коьртаниг.

ТӀаьхь-тӀаьхьа хӀуманна атта оьгӀазвоьдуш а, дечунна резавоцуш а хила волавелира Покровский. Къаьсттина Петербургера схьавеъча. Цигахь дерг кхин дахар дара, шен хазахетарщца, аьттонащца, ловзарщца... Ткъа кхузахь? Кхузахь хӀора дийнахь дахарний, Ӏожаллиний юккъерчу зила тӀехула лела хьо. Пелхьо санна. Жимма а галвалахь — дахаран Ӏодика йийр ю. Дагара дийца стаг вац. Цхьана бесара салтийн духар...

ТӀера хӀуманаш дӀа а ца йохуш, дӀавижира иза. Сиха наб кхийтира. ГӀан гора... ХӀарий, Бельскаях тера йолу цхьа зудий прахь диснера. Иза кхунна хьалхара дӀауьдура. Кара ца йогӀура. Хаза яра и жима зуда. Чекх са а гуш йолу цуьнан кӀайн дари коч ловзайора мохо. ТӀера бӀаьрг ца баккхалора. ХӀинца-м схьалецира ас иза аьлла кхунна ма-хийттинехь, юха а кӀелхьарайолура. ДӀайодура. ХӀара гӀелвеллера, халла садоьӀура. Амма нажа схьалаца болу лаам боккха бара.

Цунах хьарча, цунах марзо эца... Кхунна ницкъ хуьлура.

ЦIеххьана самавелира иза. Ши бIаьрг схьабиллира. Ах схьаеллаеллачу неIарехула хIара волчухьа а йирзина, охьа а таьIна, горгам хьоккуш йоллучу Марусяна тIехь сецира тидам. Лакхара нуьйда ястаеллачу кучан четара схьагора чопа санна кIайн, горга наккош...

Дикка меттаваза волу эпсар, ижун хьожа кхетта экха санна, хьалаикккхира. Иза ша а вацара ша дечух кхуьуш. Коьртехь дохк лаьттара. Чухьаьдда, гора а хIоьттина, горгам хьоккуш йоллу жима зуда, бецан мор санна, кара схьа а эцна, метта дIаехьира Покровскийс.

Дерриге а хилира бIаьргнегIар тухучу юкъана. Бакъду, оцу хIуманех йоьлла йолу Маруся башха цец а ца елира хиллачух. Кхуьнан везар Хьаьрсаниг вийчахьана дуьйна боьршачу стагца гIуллакх деана яцара иза. Ткъа къона дегI хьаьгна дара къонахчун куьйгех. Хьалха а хIуманна пайдехь воцу Марусян къена майра, шен карах стеган валар хилчахьана дуьйна, гуттар доьналлера ваьллера. Цу буса даг тIе боьссина кхерам хIинца а дIабалаза бара.

Куц долуш стаг вара Покровский. Хийла цунах къайлах бIаьрг тухура Марусяс. Амма догдаха а ца хIуттура иштта ша цуьнца цхьаьна меттахь хир ю бохучух. Иза хьал долуш а, элех схьаваьлла а ву. Ткъа хIара? Цунна хьалха хIумма а йоцург. Делахь а, цхьа бахам бара Марусин: хазаллий, жималлий. Цара корта хьовзабо хьеннан а: хьоладен а, къехочун а, къеначун а, къоначун а. Ишттачохь духар мел хаза а, деза а хиларх дIадоккху, тIаккха хьан дегIе хьожжий хадабо мах... Зударийн хьекъалан и къайленаш дика евза Марусяна. Къона елахь а, шортта гина...

Цундела эпсара шех дог ма Iаббийнехь, цунна наб а озаяйтина, хьалагIеттина, бедарш тIеюьйхира Марусяс. Мотт тобира. Чохь мел долу хIума дIанисдира. ТIаккха куьзгана хьалха а хIоьттина, ша меттаялийра. Бакъду, цкъа хьалха дIа а йоьллина, юха, ойла хийцаелла, лакхара нуьйда схьаяькккхира цо. Божарийн оцу меттигца долу «гергарло» хаьара Марусяна.

ХIинца коьртаниг цунна цхьана а кепара шегахьара эвхьазло ца тосаялийтар ду. ХIумма а ца хиллачуха. Царна ца деза и -шен меттиг цахаар. Хьайна динарг доккха совгIат санна тIеэца, кхин баркалла а ца лоьхуш. Иза хьуна хьалха декхарийлахь вац. Хьо ю дIалуш ерг. Важа схьаэцчхьана волу.

Чуьра гIуллакхаш дина яьлча, кхин сеца ца соьцуш, сиха дIаяхара Маруся. Эпсар самаваларе хьоьжуш а ца Iийра. Цунна чIогIа лаа-м лаьара иза хьалагIоттуш ган а, бедар тIеюхуш гIо дан а , цо ша хьостийла а, шаьшшинна юккъехь хиллачун ша цхьаъ бен йоцу теш юйла хаийта а, ша и къайле коша хьуриг хиларх тешо а, кхин а дуккха а... Зударийн дозаллах буьзнера цуьнан кийра. Амма хьекъал туьйлира: со тIе ца гIерташ мел хили, иза суна тIемарзлур ву, кIезиг мел дели, дукха дезар ду, со бен ца хеташ мел хили - цуьнан тидам марсабер бу.

Кхана могуш йоцуш хиллачуха Маруся гIур а яц хIуманаш дIаяха. Цо гуттар галвоккхур ву иза. Ткъа галваьлла стаг шечунна тIеверзо атта хуьлу.

Самаваьлча, шен дегI, пиллаг санна, дайн хийтира Сергей Петровична. КIегар хиира. Чухула дI асахьаьжира. Аддам а дацара. «Ванах, гIенах дара хьовха и? Я вехна а волуш тарделира?» Корта меттабаза бара, амма ойла сема яра. Сеса санна. «ХIаъ, иза самах дара. Айса сайх стенна лечкъош ду? Дерриге а юха дуьхьал хIоьттира: цуьнан жимма кхераделла, алунах догу дакккхий I аьржа бIаьргаш, цхьацуьрриг ирах хьаьвзина мара, шура сннна йолу беснеш, кIеда дегI, мерза узарш... Оцу доллучух а ипла санна, Покровскийс корта ластийра. Амма ойла, къар ца луш, царна тIехь соьцура.

Барамчот йоцуш дахделлера и де. Iуьйранна дуьйна догъэтIа доладелира. Кхунна новкъа яра, мичара евли ца хууш, гучуевлла чуьркаш, тIаккха къеггина схьакхетта малх, чан гIиттош, дспдда лелаш долу бераш, могIарехь лела Iамочу салтийн гIовгIанаш, хин йистерчу хотталахь керчачу хьаккхийн «хур-хур». Цкъа-шозза тIехбовлучу зударех цхьаннах иза таръелира цунна. Дог цхьа аьрха тохаделира. Кхунна хIинццалц девзина доцу эхь хьаьдира коьрте. «Кхахь-кхахь» аьлла цхьанхьа нах бийла-белча, кхунна шех буьйлу моьттура.

«Ас динарг! - ша-шена туьха туьйсура цо. - ХIун ю а ца хуучу цхьана стечу хIуманца. Эхь ду-кх и, эхь... ТIаьхьависинчу муьжгичо санна... И дIахаахь... Шен мотт багахь мукъана а сацабахьара. Ца сацабахь а, цунах мила тешар ву? Я яьхьар а ма яц иза. Цхьа бахьана а хI оттийна, лалла еза. Я... ХIумма а ца хиллачуха ша йолччохь йитича? Тергал а ца еш? «Хьо хьера -м ца яьлла, хьомениг? ГIан гина хир ду хьуна. Хьаханора, яра ас хьо тоьли чохь яхкор! ХIун ду цунна дагадеъанарг? Мотт муха керча иштганиг ала? Кхахьпа!»

Шегахьа дерш тIе мел кхийти, Покровский майравуьйлура. ХIинца кхечу кепара гора цунна гонахара дуьне, тохара санна юьхь ягош бацара малх, чуьркаш а тIепаза яйнера, салтийн могIа а нийса хеталора, ткъа хотталахь йохку хьакхарчий а башха ирча яцара. Оцу шен ойланашна велавелира Сергей Петрович. Хьалха ша верг вара иза!

ШолгIачу дийнахь чохь гIуллакх деш йолу зуда гучу ца елира. Цунах тамаша бира эпсара. Вехха I ийра иза ларъеш. Ца еара. «ХIун хилла Iийна техьа? Лаа юй хьовха? — оцу хеттарша карзахваьккхира.- И муха кхето деза?» — ша-шега хоьттура цо. Жоп ца карадора. ТIаккха даьнщикан коча вахара:

- ХIокху чуьра хIума дIайоккхуш стаг а ма вац! Ас даре хьежош-м ца латтадо? - тIечевхира иза даьнщикна.

- ЧухIоьттина цхьа зуда яра-кх и дан декхарийлахь, - бехказвуьйлура важа.

- Хьуна гой иза кху чохь? - оьгIазъоьхура Покровский.

- Ца го, хьан оьздалла.

- Ца гахь, бага экъана тIе якккий а ца льтташ, хIун хилла хьажа!

- ХIокху сохьта!

Сергей Петрович дехьа чу а ваьлла охьалахвелира. Корта лазабаьллера. Маларо бен дан дарба дацара. Амма и дан аьтто цкъачунна боцуш бара. Де хIинцца бен ца доладеллера дIа. Дан дезаш г Iуллакхаш дуккха а дара. Доцца аьлча, «кеп» ян хан яцара...

Сихвелла, чуикккхира кхуо вахийтинарг.

- Хьан возалла, иза сиркхо кхетта йоьжна Iуьллуш ю, - ша хаза кхаъ бокккхуш санна бохура цо. - Ахь пурба лахь, ас айса дийр ду дерриг а!

КIира делира. Покровскийна дицделлера мел хилларг. Эццахь гучуелира Маруся - хаза-нисъелла, дайчу боларца, екхаелла. Эпсаран кийрахь керлачу ницкъаца самабелира хIинццалц бижна Iиллина синхаам. Амма собаре хила сацам бира.

Чухула гIуллакхаш деш лелаш йолу жима зуда лерина тергалйора Покровскийс. Вукхунна хIумма а тоса ца лора (кхунна моьттура-кх ца тосало, вуккуьнан тидамера-м ца долура хIумма а). Цхьана а тайпана хийцаялар ца хаалора цуьнан леларехь, хьежарехь.

Шеконан дохк хьаьрчира эпсарх. БIаьргнегIар тоьхна а, цIийелла а, йистхилла а цхьана а кепара шайна юккъехь хилларг дага ца доуьйтура цо. Цкъа юьхьанца Покровский вуьйхира: гIалатваьлла техьа со? Амма и хуьлийла дацара. БIаьргаш, месаш, беснешна тIе хIиттина кIаьгнаш хI етахьлерранаш дара. Жимчу зудчо лелочух кхета гIертара иза. ТIаьххьар а маьIна дира: къайле латто хуур долуш а, шен мах бевзаш а ю. Зудчун амалера и агIонаш ца тан йиш яцара цунах шен езар ян лууш волчу боьршачу стагна.

Вовшашка дистхилла дацара Покровский, Марусяй. Къамел цхьамма дIадоло дезара. Амма муха?

- Сан луьлла гирий хьуна? ТIап-аьлла яй-кх иза, - хьалха бага деънарг дIаэлира Покровскийс.

- Ца гира, хьан оьздалла. ХIинцца лохур ю ас, - тохаелира Маруся.

- Цига со хьаьжна хьуна.

- Кхуза?

Маьнги кIел хьаьжира жима зуда.

- Карий!

Луьлла эпсаре дIакховдийра Марусяс.

- Баркалла. Ден совгIат ду хIара. Яйнехь, чIогIа халахетар дара. Со декхарийлахь ву хьуна хьалха, - къамел дахдора Покровскийс.

- И стенна дуьйцу, хьан оьздалла? - дуьххьара Сергей Петровичан бIаьра хьаьжира иза. - Пайда боцу хIума дара ас динарг-м. Хьайн са а ма гатде ахь, и дагалоьццуш.

- ХIан-хIа, суна мукха дина а цхьа дика дан лаьа хьуна. Вайшимма хIун дийр дуй? Ахь хьайна луъучу цхьана хIуманна цIе тухур ю. Ас и кхочушдийр ду.

- - Суна бакъахьа ца хета...

- И сецца даьлла.

- Ца хаьа суна...

- Суна хаьа...

Оцу дешнащца стоьла тIе а вахана, цхьа гIутакх схьатеттира Сергей Петровича. Чукхевдира.

- ХIара чIуг...

- Хьан оьздалла, ас муха схьаоьцур ду оццул деза совгIат?

- Со дукха дийца Iемина вац...

Марусяс схьаийцира. ТIома дала хьоза санна детталора кийрара дог. ХIара дашо чIуг закъалт дара... Кхеран хIинца дуьйна дIа хир долчу дашочу денойн закъалт...

...ЦIагари цхьа виснера. Хийлачу гиххойн доьзале вон деара мостагIаша юрт йоккхуш. Керлачу меттехь, баха а ховшале, кешнаш даха дийзира церан. ДIадолла дакъа хиллачарна-м шайга кхаьчнарг тIехбоккха бохам а ца хетара. Кхин а доккха вон деанера гергарнаш тIепаза байначаьрга.

Цхьана гуьйренан дийнахь юьртах чекхделира: БатIалгIеран гIарбаш шеца цомгаш йолу хIусамнана а йолуш, хIорш схьа а лехна, еана схьакхаьчна. Хала дара оцу гIуллакхо совдегарна хазахетар деана ала. Амма уьш дIатаса йиш-х яцарий.

Оцо дегайовхо кхоьллира гергарнаш тIепаза байначаьргахь. Царна юкъахь вара ЦIагари а. Амма денош дIаоьхура кхин гучуволуш стаг а вацара. ТIаккха цо догдиллира.

Нахаца башха цкъа а тIекаре хилла воцу ЦIагари атта вуьйлира цхьааллех. Хьажа-Iелий, Олхазаррий дIаваьллачул тIаьхьа, цо уллора гергарло лелош цхьа а дегI дацара юьртахь.

Шен-шен хенахь ламаз дар, Делан цIе яккхар, салташца хуьлуш долу цхьа а тасадалар дакъа ца лоцуш тIехцадалийтар

- и кхо хIума дара цуьнан дахарехь диснарг.

Цхьа сатийсам а бара ЦIагарин - гIазот. Хьажа-Iелас дукха хаза дуьйцура цунах лаьцна. «Лаьтта тIехь вай хьеший бен дац,

- олура дешначу стага. - Эхарте дирзича, карор ду вешан бакъдолу цIа. Амма милмилла а кхочур вац цига - Суьртан тIай тIехула чекхваьлларг бен. Ткъа иза туьран дитт санна дуткъа ду. Дала шен тобанах верг воккхур ву цу тIехула дехьа.

ХIокху харцдуьненахь ЦIагари воккха а вевеш хIума дацара. Хьажа-Iелас тешийнера иза: «Хьан букъ кагбелла хилар цигахь дIадер ду, малико дай-й тIехула куьг ма хьаьkkхинехь. Ткъа хI уьрлаьIан мехкарша иза сан вуй, сан вуй бохуш, къуьйсур ву...»

Амма и дерриге а хилийтархьама, гIазот хила веза. Керстанийн карах са даьлла. ТIам тIехь. Бусалбан дин лардечу тIам тIехь.

И санна йолу Iожалла лоьху ЦIагарис. Ткъа иза кхунах уьду. Къехка. Кхечеран кетIа хIуьтту. Делахь а, цкъа кхуьнан а бер бу кхаж. Валаран ирсан кхаж. Хала ца хеташ, дохковалар доцуш дуьтур ду цо хIара дуьне. КIордийна дуьне. Тишделла дуьне.

Лаьттах яьккхинчу тоьли чохь Iаш вара ЦIагари. КIел тосуш кхакха бара. ТIетосуш аьттан неI. Юург - сискал. Молург -деккъа хи. Цхьаболчара-м хIара халбата ваьлла олура. Кхин кхача шена беача а, меттан буьхьиг дIа ца тухуш, арара чу волучу дIахIоттабора цо. Шел а де доьхна болчаьрга дIабахьийта.

Цу хьокъехь дуьйцурш Бикатуна а хезнера. Амма ца тешара. Элaдитанаш лорура. Дог лозура, долуш дерг ма-дарра ца хууш. Дуккхазза а тохаеллера иза цига яха. Амма бегIийла бахьана ца карадора. Цкъа цIеххьана дагадеара: сагIа! СагIа эцна гIур ю иза. ПIераскан буьйсанна.

Ша-шена хаа а хууш, тишъелла йогIуш ю Бикату. Денош дIаоьху, хийцалуш хIумма а дац, хIара эшна яхар бен. БатIарш цхьана а хIуманна пайдехь вац. Мах лелочуьра сецчахьана дуьйна цIен тI ера хьал а лахделла догIу. Ах бахам юрт йоккхуш хIаллакьхилла. Хьайдарбек дика ца хьаьвз" инехь, дохнах а довлура. Бежнашший, гомашашший цо кIелхьараехира. Уьш мостагIийн караяханехьара, дала тохар хуьлура.

Теркайистерачу оьрсашца мах лелорах дерг хьехадойла а яц. Юьртахоша озийна вовшахвоккхур вара и дIахезча. Кхечу хIуманна гуьнахь БатIарш а вац. И даветIина еттарг, чов йичхьана-м муххале а. Iаса йоцуш вола а ца ло.

Оцу доллучунна тIе куй тухуш кIанта жима нускал а далий. Цхьа еттий, гомашший томана дIадаха хьуна. ГIу чу кхоьссина тIулг санна.

Иза а ловр дара кхуо, хьала масаттарг, еъна схьа гIарбаш ца кхаьчнехьара, и дакъа ги а доьллина (елла дIа а ца ели иза-м -Дала Iеса ма лорийла!). Кхойкхуш Iаш санна. Кхуьнан докъазаллина хих цIе дер ер яра. Доккха хIума дац и... цхьана а хIуманна тIехь ца болу аьтто. ЧIогIа-м хилла и кхунна боьллина сардам, цкъа а дIатекхна а бер боцуш.

ТIаьххьара мIар тосийла яра доьзалхо. Дависа, поппарх вича иза хуьлуш велахьара. Юх-юха а, хьаьвззий, цунна тIейоьрзура ойла. И ша дагалаьцнарг кхочушхилча, дерриг а нислур долуш санна хетара цунна.

...Халла ЦIагарин юьхьан амат къасталора Бикатуга - оццул Iаьржа яра чохь. ГIийла богучу кI ожаман серлоно кIеззиг гIоле йора. Шена хьалха диллина кхеккийна дакъийна жижиггий, бепиггий

дIатеттира хIусамдас. Къурд бан кхаба бете яьхьнра, амма цу чохь ерг жижиган чорпа юйла ма хиъинехь, иза а Юьстах дIахIоттийра.

- Дала сагIа дойла, баьккхина ког меле лорийла.

- Ахь мотт а ца туьйхи... Сан кхача бац и...

- ХIун юур яра ахь?

- Сискал.

- ЮхайогIуш йохьур ю ас... Хии делара.

- ХIумма а дац. Дерриг а Делан карахь ду.

- Иштта Iийна вер вуй хьо?

- ХIораммо а Дала шена делларг дIакхоьхьу.

- Вайшинна-м къийдина хилла цо и...

- Иблисо лебо хьан мотт. Ларло цуьнан хьехарех, жоьжахатан цIергахь яга ца лаахь.

- Кхузахь хIара бала хьегча, цигахь хIун дика болх хир бу хьуна? - аз айдира Бикатус, ша цунах цец а йолуш.

- ГIазот хир ву, - меллаша жоп делира ЦIагарис. - Стоьмийн дитташа юкъйинчу ялсманехь, тI ехьийзаш хIуьрлаьIан мехкарий а болуш... - оцу ша тIаьххьара аьллачух эхь хетта, кхидIа вист а ца хуьлуш сецира ЦIагари.

- ХIуьрлаьIан мехкарий! - цаяшаре кхоьссира хьешо. - Хьуна хIун хаьа уьш муха хуьлу, ураталла айхьа хIокху латта тIехь йоккхучу хенахь зударийн дерзина дегI а ганза волчу.

- ДIасаца! - мохь туьйхира ЦIагарис. - Кхин йист ма хилалахь.

- Хьайца хьайна луъург дахьара ахь, - саца а ца йоллура важа. - Амма соьга хIун де боху? Хьо вевзичхьана, безаман цIе летта богу сан кийра. Суна хIун бен ду, елча жоьжахатехь ягар а, дийна йолуш, шовкъан куьркахь яттар а?! Цуьнан ойла ян а йиний ахь? Суна яха лаьа, нехан дерг а долуш. Со хIинца а къанъелла яц, яла йижа. Дахарх марзо эцна а ца яьлла. ХIунда хьийзайо ахь со? - тIеттIа чуьраюьйлура Бикату. - ХIун бехк бу сан? Эхь-бехк, дозалла дайина сайн дагахь дерг хаийти... Ахь юхатоьтту. Сан къа мича даха деза? Я нахала яккха, я ей дIаяккха... Кхин хIара лан ницкъ бац сан...

ЦIагарина бIагор хьаьвзира. «Алмаз ду, алмаз ду адаман аматехь. Иблисо со галваккха даийтина ... Я зен даийтина...» Цхьаъ кхечо хуьйцуш, тайп-тайпана ойланаш оьхура коьрте. Дагахь ошшада дийшира цо. Амма зудагIам дуьхьалара дIа ца долура. Хьешо балдаш хьедар бен, цуьнан аз ца хезара хIусамдена хIинца. Лерехь гIовгIа лаьттара. Ша хIун дийр ду ца хууш, холчахIоьттинера. ДегIо ла ца дугIура кхуьнга. Хьекъал ца тоьура.

Бикату ЦIагарина тIехилира. Цхьаъ бохуш, хьесталора иза. БIаьргаш дехаре хьоьжура кхуьнга. Маравоьллира. Куьйгаш бойначу букъ тIехь севцира. Шена кIелара латта дегош санна хийтира. Уггар чIогIа иза кхийринарг хуьлуш лаьттара. Дуьхьало ян ницкъ кхуьнгахь а бацара.

Дахаре болу йист йоцу лааммий, дуьненах догдилларрий вовшашца къийса делира. Шай, цIей улулло нисделира. Муьлха тулур ду царах? ЦIе. ХIунда? ЦIерехь мел буто ша а башо йовхо йолу дела. И цIе йолу дела...

ТIаьххьара кхийсарш еш яра гуьйре. Денош дацделлера. Бода хьалхе булура. ДогIанаш оьхура. Шийла мехаш хьоьккхура. Латта хударх тарделлера. Нехан арабийларш а кIезиг хуьлура.

Хьун чIанаяьллера. Лай тIера мох хьоьккхура. Сирачун хьалагIатта дог ца догIура. Къеначу ножан бух а аьхкина, кхуо шена баьккхинчу бенахь паргIат а, аьхна а дара. Йочанех корта кIелбахьа меттиг хилчахьана, кхин аьттонаш бакъйолчу барзо леха а ца лоьху. Уьш, и аьттонаш, болуш экха дан а дуй техьа хIокху дуьненахь?

Бухарчу дайша резабацарца тIеийцира Сираниг. ХIара кхетара царах: хийра экха цхьанна а дац хьашт. Кхузарнаш шаьш а хала йоххуш ю. Талла меттигаш кIезиг йисина. Цу тIе, схьа а баьхкина, баха нах а хевши. И лулахалла акхаройн сакъерадолуьйтуш дац. Царна хаьа, шина кога тIехь болчарах дала дика доцийла, ша вон дацахь. Тоьур дера ю церан карахь хуьлуш йолу цIетухурш. Мел генара а лоцу хьо. Ткъа церан хьадалчаш-жIаьлеш? Цара а ца юьту паргIат дуьне даа.

Кхин цхьа хIума а дара сагатдеш. Чанна тIехь йисина кIорнеш хила езара. Уьш кегий мел ю, Сирачунна новкъа хуьлийла яцара. Амма иштта дукха дахлур ма дац. Яккхий хилла дIахIиттича, цара шайн мохк къовсур бу. Оцу къовсамехь хIара тоьлур а яц. Цундела чайтаIех яла некъ лаха беза. Бен мичхьа бу а хиъна, яйича хIун дара техьа? ГIора доцуш йоллучуьра... ДегI даккхахь, кхунна бале евр ю-кх уьш.

Оцу ойланаша дIалаьцнера Сирачун корта. Цхьана билггалчу сацамна тIе ца еъча, ара ца йолуш I уьллура иза. ХIаъ, чайта-Iаш яйа еза. Кхин царах йолийла дац. Дисина денош кханенах тешам болуш догIур дара-кх кхунна тIаккха.

Къаьсттина сингаттаме хуьлу гуьйренан еха буьйсанаш. ТIедоьлхуш догIа а долуш. Лай тIера хьоьккхуш мох а болуш. Гонахара Iалам боберах тарлой дIахIутту. Аккарой а шайн-шайн баннаш чу юлу. Сахьаьвзий, садукълой, гу лекхачу а йолий, баттана угIу Сираниг. Кхуьнгарчу хьолана и бехке болуш санна.

УгIарца шегара бала буьйцура барзо. Иштта бу церан мотт: халахетар а, хазахетар а угIарца хоуьйту. Цу кепара дог а Iабадой, мелла а гIоле хуьлу Сирачунна. Сингаттамо буьзна кийра бассало. ШолгIа буьйса тIекхаччалц. ТIаккха дерриге а юха дIадолало. Цундела олу хир ду-кх адамаша: «Берзан буьйсанаш».

Уггар халаниг цхьа йисар хилла. Мацалла, шело, цамгар хIумма а йоцург ю, цуьнца юьстича. Уьш меттахIитталуш хIумцаш ду, цхьана ханна сатоьхчхьана тоьуш. Нислур долуш а ду. Къан а велла, цхьа висар — цунна дац-кх дарба. ТIаьхье а ца хили лартIехь... Кхуьнан сих а, цIийх а схьаевлла кIорнеш... АстагIниг дийна йиснехьара... Дависа цуьнан делаI, хIетахь кхунна хьалха эккказа елара-кх иза. Ялар тоьлашха дера дара иштта дуьне дуучул. Я цхьаьна тIеийци елара I ожалла... КIорнех къахетар-кх. Церан дуьхьа йисира-кх яха.

«КIорнеш... Ванах, хIун дара-а кIорнешца доьзна тахана Сирачунна дагадеанарг? ХIан-хIа, кхуьначаьрца а доцуш... ХIа-а, чайтаIаш ярий уьш-м. Цхьаъ ца дича ца долу. Йижина Iилларх гI уллакх хир дац. Цкъа-делахь, тIедогIуш Iа ду. Ткъа Iаьнна чайтаIаш набарна дIаюьйшур ю. ТI аккха уьш каро вуно чолхе хир ду. Iаьнан масех баттахь-м чайтаIаш яккхий хилла дIахIуьттур еца...»

Сираниг хьалагIеттира. ДегI дегийра. Корта ара а баьккхина, гонах бIаьрг туьйхира. Дуьне мустделлера. Даш санна еза, Iаьржа мархаш диттийн баххьех а тийсалуш, къилбехьа дIашершара. Т IедогIуш дерз дара. Делахь а, юьхьарлаьцна гIуллакх чекх ца даьккхича ца долура.

Сирачунна герггарчу хьесапехь хаьара чен бен мичхьа хир бу. Цо дола деш хиллачу махка тIехь бен хуьлийла дацара иза. Цундела цхьана маьIIера дIайолаелира Сираниг...

Ехха лийлира иза шен хинболу мостагIий лоьхуш. Шеко йолчу массо а Iуьрга а, бIаьрга а хьоьжура. Мосуьйттазза кхечу акхарошна тIе а Iоттаелира. Цхьанхьа-м ижунах кхета аьтто а белира. Тидаме йоцуш, паргIатъяьлла Iерах беза мах теккхира пхьагало. Мацъелла, даръелла лелачу Сирачо кескаш тийсийтира цунах.

Сираниг гIелъеллера. Хьалхалера гIора дацара дегIехь. Мотт а баьккхина, хала са а доьIуш, ах мохк теллинчул тIаьхьа садаIа сецира иза.

Хьалхарчу когашна тIе корта а биллина, ши бIаьрг дIа а хьаббина, набаран тар туьйсуш Iуьллура борз. Йисинарг йоккха меттиг яцара. Бода болале Сираниг кхуьур ю цигашхула чеккхъяла. Цуьнан шеко яц.

ЦIеххьана цхьа гIовгIа кхечира берзан лере. ИрахIиттира лерггаш. ДоьIу са лахдина, ладегIа елира борз. ГIовгIа схьахезаш йолу меттиг гена яцара. Бай-й ког ловзош, тебна, цу агIорхьа дI айолаелира Сираниг. Даго диканиг хьоьхура. Герга мел кхечи, гIовгIа алсамйолура. ХIинца шера къаьстара гуш йоцчу са долчу хIуманийн аьзнаш. Сираниг сиха кхийтира: чайтаIаш.

Иштта хила а хилира. Охьабоьжначу попан орамашна кIел даькккхинчу ор чохь, чучча а оьхуш, самукъадаьлла, вовшашца ловзуш йоххура чайтаIаш. Борз шен Iалашоне кхаьчнера. ХIара атта ларор ю цаьрца. Шайна хуьлуш дерг хIун ду хаале, кхо логан шад лоцуш, садукъдийр ду хIоранан а. Церан кхунна ян дуьхьало а яц. Хуур дара уьш бIаьстенга евллехьара. ТIаккха кхеран дов Сирачунна бале дер дара. Шен хеннахь кхаьчна хIара царна тIе...

БIаьрган хьесапехь ша хьалха са доккхур долу чайтаI къастийра цо. Иза вукхарал дегIана тоьлла а, каде а яра. Хьанна хаьа, цунна дуьхьал тасаяла дагадогIий а. ТIаккха Сирачунна алсамо ницкъ оьшур бу. Вукхаьрца хIара ларийна ялале, мелла а гIеллур ма ю иза. ХIаъ, хьалха цуьнан логан шад лаца беза. Цул тIаьхьа дIогарчун... месалчун. «Месалниг, месалниг...», - стелахаьштиг кхеташ санна, серлаелира коьртехь ойла. «Сан а яра-кх мацах цкъа иштта месала кI орни...» ТIаккха дог Iовжийра: «ХIун дика болх бира цара суна?» Юха а оьгIазло йоьссира, кийра бузуш. «Къахета мегар дац. Тахана ахь къинхетам бинчо, кхана, ша тоьлча, хьуна ницкъ бо . Оьший цул тIаьхьа цунах къинхетам бан?» Амма важа а ма ду: кхуьнан шен бераша хIара цаларарх, чайтаIан хIун бехк бу? Кхолламо ишта а ненан марзонан декъах яьхна уьш. ХIинца хI окхо дахарх а яьхча... Оцу ойлано дог шелдо. Дан дезарг ца хууш, юьсу. Ткъа чайтаIаш-м, шек а йоцуш, ловзуш ю, Iункар-бертал хIуьттуш, дIахерцаш, керчаш. Царна дагахь а дац шаьш Iожаллах къастош ерг лаьттан цхьа юткъа аса бен цахилар.

Борз тIейолало. КIомсарш гучуйоху. Когашна кIелахь якъа-елла чIешалг кагло. Цуьнан тидам хуьлу цхьана чайтаIан. Иза ловзуш йолчуьра юкъах а йолий, занкъ-олий кIегар а хуий, леррина берзан бIаьра хьожу. Вуьш а совцу вон лелачуьра. Кхунна тIейогIало. Месалниг, хьала а эккхий, йодий, барзана тIейогIу. Хьастало. Мотт хьоькку. ДIахьекхало. Вукку шиммо а до изза...

Сираниг юху. Малх кхетча деша ло санна, еший дIайолу цуьнан оьгIазло. Цуьнан метта безаман йовхо яьржа дегIехула. Ойла ястало, екхало. Дагатосу ша кIезий кхиийна хан.

ГIийла лаьттара гуьйренан хьун. Мох дIатийнера. Сарралц мархаша йийсар йина латтийна стигал екхаелира. Къеггина кхетта догура седарчий. Делахь а, са мел долу хIума набарна кечлуш дара. Церан самукъадоккхуш хIума кIезиг хуьлу шеран хIокку хенахь.

Сираниг шен бен чу дIакхача сихъелла йоьдура. Амма кест-кеста сацаза ца йолура: ча-кIорнеш тIаьхьаьюьсура. Уьш тIе а кхуьийтий, юха а дIайолалора борз. Нагнаггахь реза иоцуш юхахьожура: «Делахь, ма партал ю-кх шу ян-м». Цу буса баттана ца уьгIира Сираниг.

Куьг говза долуш ву Сапарбек. Нох и делахь а, ворда и елахь а, цIен тIехь оьшу муьлхха а гI ирс и белахь а - цо санна говза бийр бац. Пхьар-Сапарбек аьлла цIе яхана цуьнан юьртахь. Иза ца вевзаш дегI хир дац — я жима а, я воккха а. Ткъа мел гIиллакх долуш, комаьрша стаг ву ша! Хийла стагана гIуллакх дина цо, йолах доцуш.

Укина уллохь ду Сапарбекан цIенош. Цунна шена лиира иштта хуьлийла. ХIоккхунна чов йина, ког д Iабаккха безачу тIе даьлча, дика хьаьвзинера Уки. Дархочунна кхин ницкъ ца беш, сиха а, говза а ларийра иза оцу гIуллакхца. Цул тIаьхьа, цхьа а хIума ца оьшуьйтуш, лерина Iуналла деш лелийра.

«Хийра нах» муха эр ду айхьа шо гергга цхьаьна хан яьккхинчу адамех? Цаьргара дика бен хьайна гина а ца хилча. Адамаш ду-кх уьш, хьо санна долу, шайн гIайгIанаш а, халонаш а, хазахетарш а долуш. Массанхьа а де эшначун терго еш Iедал ду. МостагIалла дац хьалха доккхург. Кхин ду. Амма атта дац оцу кхечунах кхета, цуьнан дуьхье кхиа. И дархьама, кхунна тIехIоьттинарг тIехI отта деза. Цунах чекхваьлларг бен кхетар вац адамалла массеран а юкъара хьал хиларх. Хьо адам делахь, бен а дац хьо муьлххачу а къомах схьаваьлла хиларх, бусалба я керста хиларх...

Оцу ойланехь тIевеанера Савелий шен дахаран шовзткъе уьтталгIачу бIаьстенна. Цундела вара иза синтеме, цундела хьаж тIе куьг а лаьцна, ца Iебаш хьоьжура иза сирла кхеттачу малхе, цундела гIуьттура цуьнан кийрахь дахаран шовкъ. Массанхьа цхьабосса сийна ю стигал, цхьабосса эсала бу малх!

ЦIен тIехь хIумма а ца дойтура Савелийга. Хала бахкахь а, шайн дагара хоуьйтур долуш бацара х Iусамдай. Шайна хIара новкъа я лело атта цахилар олучу даша тIехь а, дечу гIуллакх тIехь а ца тосадолуьйтура цара. ГIиллакхах ца бухура. Амма цара хIумма а ца баьхча а, дерриг а гуш волчу Савелийна эхь хетара, бехк хетара, дешдуьтуш а доцуш, кхечара хьацарций, цIийций тI едохьуш долчух тешна Iен. Цундела цхьана дийнахь цо Укига элира: «Суна болх беза». ХIусамда цкъа цецвелира, юха, нела а велла, дуьхьал вистхилира: «Болх бан хьо хIинца а товелла ваьлла вац. ТIаьхьа ойла ер вай...»

Ша дечунна пайдехь цахиларо дог таIийнера Савелийн. Лазаро дIахецна, дегIа ван волавелла иза, юха а гIайгIане воьжна, ницкъана а, басна а эшна вогIура. И ца тосалуш ца дисира гонахчарна. Амма цуьнан бахьанах нийса кхеттарг цхьа Уки вара.

Iуьйранна гIеттина, Савелийна тIехIоьттира иза. «Меттахвалал, - элира цо эвхьаза, - хьешара волу хан дIаяьлла тоххарехь. Тиша божал ду ах чу а хаьрцина лаьтташ. И тодан деза». Укис дуьйцучух доллучух а ца кхетара Савелий. Амма цуьнан озо а, латтаро а, боьлучу бIаьргаша а кхетийра дан дагалаьцначух.

Дечиган пхьола дар дукха хенахь дуьйна дезаш вара Савелий. Оцу дийнахь диг каракхаьчча, бакъонца ша шолгIа дуьнен чу ваьлча санна хийтира цунна. Кхо ког болчу гIанта тIехь Iашшехь, каде дора цо ша дийриг. Делкъе хилале тIеш цIандина а, уьш цхьанабарамехь хедийна а велира. Укин тIеккхехьа бен ца дезаш. «Дадала хьан делаI, — бохура Укис. - Ма чан тосуьйтур йолуш а хилла балхе».

Дечух хьаьгнера Савелийн куьйгаш. Ткъе пхеа шерачохь тоьпан мукъ къийлар доцург кхин хIума ца девзинера царна. Амма бечу балха тIехь цул а мехала агIо а яра: сингаттамечу, карзахечу ойланаша дIалаьцна корта, кхуо дечуьнга хьаьжжина, паргIатболура царах, дахаран маьIнах дузура дог.

Сатосуш гIоттура Савелий. Бода къовлабелча, чувоьрзура. Дан гIуллакхаш шортта карадора цIен т Iехь. Цхьаъ дара новкъарло еш дерг: ког цахилар. Цундела гуттар а шеца еха Iаса лелайора Савелийс - тIетовжа. Цхьана дийнахь, юкъах диг а доьллина, Iасанна тIе а тийжаш, хьуьнха вахара иза.

«ХIун бала кхаьчна лела техьа хIара мукъана а?» - дагатесира аттана хьалха йол таса араваьллачу Элбердана. Иза хIокку юьрта веачхьана дуьйна цуьнга цхьа цабезам бара кIентан. Цуьнан кхетамехь, массо а гIазакхий — мостагIий. Царах дика ца долу. Ша хIокку лаьтта тIехь яьккхинчу кIеззигчу хенахь дуккха а лайна цо цаьргахьара халонаш. Нийса ву ЦIагари: Делан а, бусалба нехан а шайца маслаIат хила йиш йоцу мостагIий бу уьш. Вон гаурш.

Бакъду, хIокхо бусалба дин тIеэцна. Ламаз а до боху, марха а кхобу. Хьатус нохчийн цIе а тиллина цунна - Сапарбек. Амма цуьнан дагахь дерг хьанна хаьа. Цкъа цу хьокъехь къамел юкъадаьлча, ЦIагарис элира: «Хьаккхех уьстагI хилла меттиг тосаелла стаг гина вац суна». Иштта хила а мега иза: моттаргIнаш лелайо, де доьхна ша висина дела. Хуур дара кадаьлча...

Йиша маре яхчахьана ненаца цхьа висинера Элберд. ХIуьттаренна санна, кест-кеста лазарша лоций южура Зайнап. Делахь а, даре дан деза, хьалха санна меца дацара ккаьргахь. Бетташ шайн етт а, цунна тIаьхьа ккуьуш эса а дара. Дохнакертахь гомаш а лаьттара яхкка йоллуш. Кхоккхех даьлла беркат дара и... Амма цу хьокъехь дерг хьахош а товш вац Элберд. Цуьнан яхь ю шен нийсархощца. Нана IадIийнехьара, и захало хуьВуьйтур долуш а вацара. Мила ккуьур ву зударийн хьекъална тIаьхьа?!

...Цу сарахь пхоьхана ваьлла лаьттара Элберд. Вовшашца Цхьацца бегаш беш бара кегий нах. Массеран а тидам цхьана ОТагна тIебаханера — Бекмарзин кIантана Джамболатна. Куро ОЙла йолуш а, накъосташна юкъахь къаста лууш а жим стаг вара иза. ХIара волчухьа схьа а вирзина, вела а озош, цо элира: " ХIетал-метал хаалда шуна, цхьана шинарх етт, гомашший муха хуьлу?" Цкъа юьхьанца оцу хаттарх ца кхийтира Элберд. Амма пхоьхана гулбелларш вовшашка а хьуьйсуш, схьаолуш хIума дацахь а, кIелдIахула ша волчухьа бIаьргаш кхерсто буьйлабелча, дуьхе кхиира: иза кхунна бина тIехтохам бара. ХIун дийр дара хIокхо? Чучча даьхна, хьулдина аьллачу Джамболатан дешнийн ираллa кхунна тIеерзийна яра. Цуьнан шеко яцара. Амма девне вала и кIезиг дара. Дийцаре даьккхича, шен дешнаш кхечу агIор тидча а волура важа. Ткъа хIара, цкъа-делахь, нахала нолу, шолгIа делахь, наха бехк а кхунна буьлур бу. IаддаIер гIолехь ду... БегIийла меттиг яллалц. ТIаккха дог а Iабор ду. Сатоха деза... Гена ца доккхуш. Маттаца динарг маттаца а доьккхуш.

- И ма дийца хьайна, Джамболат, - дуьхьал кхоссар йира Элберда, - селхана зуьдо динчу кIезанах тахана ча а, борз а хуьлуш меттигаш а хаьа вайна-м...

Массо а кхийтира жоьпах. Амма цхьамма а мукIарло ца дора. Иштта ду дешан къовсаман Iедал. Цул тIехваьлларг ламанхоша сонта лору. Джамболатан юьхь ккуьйлира. Куьг шашаха шаьлтана тIе кхевдира. Амма собар тоьира. Кху шинна хьовха, ладугIуш мел болчарна а шера хаьара ккузахь хилларг хиндолчу девнан юьхь бен йоцийла. Цуьнан йист йоккхур ю герзо. Мацца яьккхина а, амма йоккхур ю. ТIехтохам томмагI ду. Иза дIадоккху цIийца...

Цхьаъ кхечул къаьхьа ойланаш коьрте а хьийзаш, некъ ца къестош, вогIура Элберд. Мел хиллачунна бехке Кхокха хетара цунна. Кхуьнан хIун гIуллакх дара зудчунна тIеяха? Иштта до маре? ХIан-хIа, эрна олуш дац: «Зулам жIаьлеххий, зудареххий долу».

ЦIагарин тоьли хьалха сецира Элберд. Меттавеара. Чуьра мох дIабахана лоппаг санна, бассабеллачу кийрано хьалабузар лоьхура. Ур-атталла дешан накъост а вацара кхуьнан дагара дийца... Шозза-ккузза хилла Элберд ЦIагари волчохь. Тамашийна стаг ву иза. Кхечарах тера вац. Хала ду цо дуьйцучух кхета. Амма ойла йойтуш дешнаш дуьйлу цуьнан багара.

Бер долуш дуьйна вевза Элбердана ЦIагари. Цуьнан тIахъ-аьлла хиларх, ирачу маттах хьоьгура. Ловзаршкахь иза жухарг хуьлучу хенахь цунна тIаьхьара дIа а ца волура. Цунах тера хила лаьара.

Гиначара бахарехь, жа юккъе иккхина борз санна лиэтара иза паччахьан салтех. Хийла мостагI чунна шен Iожалла карийна кху лаьтта тIехь цуьнан карах. Цуьнгара майраллий, доьналлий доккхур дацара цхьана а кIанта. ЦIагарига нисвала сатуьйсура Элберда.

Ткъа хIинца цо лелочух ккуьуш вац хIара. Дерриг а дитина, халбата воьлла. И хьанна оьшу? Цунах хила хIун пайда бу? Цхьа-болчара-м иза телхина бохуш чIагIдо, вуккхара - жинаша эгIийна... Элбердана хаьа и бакъ доцийла. Цхьа къайле йоцуш дац. Дац те. И къайле Элбердана йовза а евза.

ЦIагари юкъ йихкина Iаш карийра Элбердана. Тоьлин бодашкахь кIегий санна догура цуьнан бIаьргаш. Чувеънарг тергал а ца вора цо.

- Хьо хIун дагахь ву, ЦIагари?

- Соьга дIакхойкху...

- Хьан?

- Хастам хиларо.

- Му-ха... дIакхойкху?

- Ша волчу.

ЦIагарин аз лаьтта бухара санна декара. Тера дара цо дахаран тоххарехь Iодика йинчух. Элберд ша хIун ала деза ца хууш висира.

- ГIазот хуьлу некъ хьийхи суна... Кхин бакъо яц сан хIара латта хьеша. Бакъдуьнене дIакхалха воллу...

Оцу дешнащца иза хьалагIеттира.

- Хьайн Iалашо йийцахь, - холчахIоьттира Элберд.

- Керстанийн карах велларг гІазот хир ву.

- Герз а ма дац хьоьгахь...

- Делан мостагІашка болу цабезам - и ду сан уггар луьра герз.

- Цара вуьйр ма ву хьо. Керстанийн карах валар ирс ду стагана.

Элберд кхийтира ЦІагари ша юьхьарлаьцначух вухавериг ца-хиларх. Сецорах гІуллакх хир дацара. Цуьнан дешнаша хІара ша а галваьккхинера:

- Ас къа латийна сайх, - бохура цу юкъана ЦІагарис. -Гечдойла яц... Сецна даьлла - со лийр ву церан карах. ГІазот хилла... Делан дуьхьа... Сайн дуьхьа... ТІаьхьара зама ю, тІаьхьара зама ... Бехделла... Тишделла... Эхьима дайна... Со дІавоьду.

Тиларчу ваханчу стеган санна дара ЦІагарин къамел. Дешхуьлучу хенахь цунна тІаьхьара дІа а ца волура. Цунах тера хила лаьара.

ЦІагари юкъ йихкина Іаш карийра Элбердана. Тоьлин бодашкахь кІегий санна догура цуьнан бІ аьргаш. Чувеънарг тергал а ца вора цо.

И шиъ аравелира. МаьркІажан хан яра. Элбердан йиш йоьхнера. Цу хьолехь ЦІагари ша дІ авохуьйтийла а дацара, меттавало ницкъ а ца кхочура. Цундела цунна тІаьхьа а хІоьттина, хІ инций-хІинций цхьаъ хир-кх кхунах бохуш, дІаоьхура Элберд.

Эвлах велира. Охьанехьа йорт ийцира. ХІара шиъ кандоххала ваьлча, цІа вогІуш волу Сапарбек тІ еІоттавелира. Иза... шина кога тІехь вара. Доза доцуш цецвелира Элберд: «ОстопираллахІ, остопираллахІ..»

- Ахь хІун до, кІант? - вуха а ца хьожуш, хаттар дира ЦІагарис.

- Ма доккха хІума ду хІара, дан, - жоп делира Элберда, юьртахьа болар сихдина воьдучунна тІ аьхьа а хьожуш. - Іуьйранна цхьана кога тІехь хилла Сапарбек, суьйранна шина кога тІехь ву-кх ...

- Сапарбек вац иза, - тешам боллуш дІахьедира ЦІагарис. -Мулкалмот ду, Дала сан са эца даийтина...

Ша гІенах волуш санна хийтира Элбердана. Пхьоьханахь шена бина тІехтохам а, гІазот а, шина кога тІера Сапарбек а, мулкалмот а - и дерриге а вовшах ийнера, чучча дахнера, хьаьрчинера, коьрта чу ца тарлора.

...Ирзехь четарш а тоьхна, набарна дІатийнера дийнахь сарралц Іаморшкахь хилла салтийн тоба. Гонаха хІоттийна гІарол а дара. БІаьрса ирдина хьуьйсура ха деш берш арахьара тІедогІучуьнга. Цхьанхьа геннахь чІоб декара. Кхин хезаш гІовгІа яцара.

Буьйса юкъал тІехъяьллачу хенахь хехь лаьттачу шина салтичунна когийн тата хезира. Лерина ладуьйгІира. Тидаме хилла, боданан бІаьра хьаьжира. Ши гІаларт дара хІорш болчухьа схьадогІуш . Цхьана салтичо жІар йира куьйган эшарехь. ГІаларташ дІа ца девлира. ТІаккха тоьпаш юьйлира:

- Саца! Мила ву вогІург? Дуьхьал жоп ца хеза.

Буьйсанан тийналла йохош, топ йолу. Цхьа гІаларт дужу.

ШолгІа а йолу топ. ХІинца гуш хІумма а дац. Ха дечунна тІебогІу кхиболу салтий. Хьалхаваьлла Покровский ву. Цо хьотту:

- ХІун ду кхузахь хилларг?

- Хьан оьздалла, — толкха а лелхаш, жоп ло гІаролехь лаьттачех цхьамма: - Ас саца а элира, мила ву а хьаьттира... Цхьа а дуьхьал вист ца хилира, тІаккха ас... а, хІокхо а... ДІогахь... -татанаш хезначу куьг хьажадо цо.

Карахь латийна цІерш а йолуш цига дІабуьйлало. Оьшуш меттиг хилахь, юкъадаккхха герз а ду кийча латтош. Цкъа цхьана докъана тІе нисло. Иза бертал Іуьллуш ду. Аркъал доккху. Вела оззийначохь лацаделла балдаш, шуьйра схьадиллина бІаьргаш стигала дерзийна ду.

- Кхин цхьаъ а хила веза, - кхоччуш меттавогІу гІарол. Масех гІулч дІанехьа Іуьллучу шолгІачу докъана тІекхочу.

- ХІара-м цхьа бер ду, хьан сийлахь-воккхалла, - салтичун аз къахетарца дека.

Покровскийна цхьа а ца хеза. Цуьнан ойла йийсаре йина хаттаро:

«ХIун оьшуш хилла хIокху тIуьскашна кхузахь?..»

* * *

Оцу хаамо карзахъяьkkхира юрт. ЦIагарий, Элберддий салташа веро туьха тесира хIинца а ерзаза йолчу гиххойн чевнна тIе. ЦIийна дуьхьал цIий — кхин некъ ца гора цхьанна а.

Юьртахой бекхам бан кечлуш бара. Доза доцуш вон доьссинера цаьрга. Къаьсттина Зайнапе. ЦIагарий-м шича-маьхчалахь бен стаг висна а вацара. Ша мича эккхар ю ца хууш, холчохь яра Зайнап. Худаелла, гIелъелла дIаяьллера иза хIокху тIаьхьарчу шина-кхаа дийнахь. Бохам хилла а ца Iара цунна тIебеънарг. Ша шена тоьхна, яла гIерташ йолу иза хала сецайора Кхоккхас.

МостагIийн къизалло инзарбаьхнера ламанхой: цара декъий схьа ца деллера. Цул доккха далатохар хуьлийла а дацара. Гиххоша каркара а оьцуш дуьйцура, декъий схьадеха ваханчу Хьатуний, Бекмарзиний салташна тIехь куьйгалла дан хIоттийначу воккхачу эпсара динчу «хьошаллах» лаьцна.

Покровский цхьа а шеко йолуш вацара, ши ламанхо вер хила доьгIначу девнан юьхь бен цахиларх. Иза ца кхеташ дерг дара: хIун Iалашо йолуш араваьлла хилла и шиъ. ХIорш болу меттиг талла? Я тилавелла тIеIоттавелла? Мухха делахь а, цIий Iаьннера.

- Хьан сийлахь-воккхалла, хIокхарна хIун дан деза хIинца? -декъашна тIе гайтира цхьана салтичо.

- ТIе латта таса... - бен цахетарца жоп делира Покровскийс. Амма цуьнан озехь хеттарг иштта делахь а, дагахь хилларг кхин дара. Ша Нохчийчохь яьkkхинчу еххачу хенахь цунна дика девзинера ламанхойн гIиллакхаш, амалш. Хаьара, мел мехала лоруш ду велла я вийна стаг дIаверзор. ХIетте а, Сергей Петровича омра дира: «ТIе латта таса...» ТIетоха дог хилира: «Хьожа ца яийта». Амма хозуьйтуш ала ца хIоьттира ша-шех.

Ламанхошца тасадалар лоьхура цо. Иза кхеттера машарца гIуллакх доьрзург цахиларх. ТIамо бен йист йоккхур яц хIокху бахбеллачу къовсаман. Гиххойн хIу довш лаьттара. Цундела хила доьгIнарг шеггара сихдора Покровскийс. Хьалха санна ламанхойн шаьлтанех а, даьндаргех а ца кхоьрура иза хIинца. Воьллера. Цунна цкъа а ца моьттинера и вулур волуш хIума ду. ТIехIоьттинарг ловр долуш хиллера адам.

Ши Iалашо ю Сергей Петровична хьалха лаьтташ. Герггарниг - дийна а висна, чагIарх кхеттачул тIаьхьа, назбар санна кIедачу Марусян некха тIе корта а биллина дIавижар, кхин цхьана а хIуманан ойла а ца еш. Генарниг — дийна а висна, Петербурге а кхаьчна, сту Бельская ялор а, цул хьалха мел хилларг гIан лерина, диц а дина, керла дахар дIадолор а. И ший а Iалашо кхочушхилархьама оьшург - дийна висар. Ткъа тIамехь дагахь доццург хуьлу. Лаьхьа санна, шийла ойла хьаьрчира эпсаран дагахь. ХIара Кавказехь гIуллакх дан дIаволалуш, дуьххьара Iожаллин бIаьра хьажча, мел лайнарг карладелира цхьана йоццачу юкъана. Амма иза кхачаме хилира синтем байа, дог таIо.

ОьгIазло гIеттира кийрахь. Дерригенна а тIехь бекхе хIара акха мохк, акха адамаш хетара цунна. Цхьа а маьIна доцу дуьхьало стенна еш ю? ХIунда ца кхета керчаш йогIу историн чIург шайга сацалург цахиларх? Цо шена кIел хьаьшна дIабохур бу уьш. Хьалха хиллачу шен ойланашна велавелира иза. ХIетахь кхунна моьттура нохчашца юкъара мотт карор бу. Царна юкъахь серло яржийчхьана, цивилизованни дуьненах схьауьйр ду ламанхойн тайпанаш а, туkхамаш а. ХIан-хIа, прогрессан стом царна латийна бац.

Оцу ойланийн йийсарехь веара Покровский ша хьаьттина баьхкинчу Хьатуний, Бекмарзиний дуьхьал. БIаьрг ма-кхийттинехь, ший а вевзира цунна. Амма, тIекаре ца волуш, цаьрца мостагIашца санна дийцарш дан сацийнера цо. Цундела ламанхой маршалла хоттуш, гIиллакхе бевлча, вист а ца хуьлуш, халла корта а теIош, цхьа ког хьалха а тесна, курра лаьттара Покровский.

- Оха дагна чIогIа вас хиларца тIеоьцу вайн юкъаметтигаш тIеттIа телхина йоьлхуш хилар, — дIадолийра Хьатус. - Дела ву тхан ойла гуш...

- Шун Дела, шу санна, ямарт ву, - цергашна юkkъехула кхоьссира Покровскийс.

- ОьгIазлоно лебо хьан мотт, - корта ластийра Хьатус.

- Вовшех кхета хьовса дезара вай, - къамелана юкъавеара хIинццалц вист ца хуьлуш лаьттина Бекмарза. - Тоьур дара шина а агIорчара Iенийна цIий.

- Аш тешнабехкаца бохабо муьлхха а барт, - дIахьедира эпсара.

- Иштта дуй техьа иза? - халахетарца дуьхьал вистхилира Хьату. - Цхьадерш шун бехкенна а хуьлу...

- И ала даьккина шу? - аз айдира Покровскийс. Цунна кIордийнера хIара къамел.

- Тхо аш байинчу тхайн нехан декъий схьадеха даьkкина, -шога жоп делира Бекмарзас.

- Оха кхайкхина баьхкина бацара уьш, - шек дIа а ца волуш, бохура эпсара. - ТIеман хенан I едалехь тIеэца а дийзира...

- Массо а халкъийн Iедалехь ду велла стаг лаьттах дIавуллуш, - реза ца хилира Хьату. - Декъий схьалахьара аш. Гергарчийн ойла е...

- Ас юха а боху, - кIоршаме элира Покровскийс, - мостагIийн декъех жоп далар вукху агIонна тI ехь дац цхьана а мехкан эскарехь.

- Мичхьа ду мукъана а дийца тхуна уьш, - йиш йохарца, дехар дира Бекмарзас.

- Шу шайга дIабохучух кхеташ дац, - къамел чеккдаьллийла хоуьйтуш, дIаваха тохавелира эпсар.
- Хьем ца беш, лагерна уллора дIадовла. Ас жоп лур дац шун дахарх...

Хьалха шен гергарло хиллачу нохчашца дина къамел карладаькккхича, цуьрриг а дохковалар ца хааделира цунна. Мелхо а, хIора дош нийса а, шен меттехь а аьлла карийра. Кхечу кепара хуьлийла а дацара.

Даго хьоьхура: декъий схьа ца деллачул тIаьхьа нохчий, шеко йоццуш, лагерна тIелетар бу. И хьесапе а оьцуш, тIелатар духа-тоха кечам бан беза...

Паччахьан векалшца йолу юкъаметтиг даима а ларъеш схьавеана Бекмарза хийцавала волавелира. Покровскийца декъий схьадаларан хьокъехь къамел хиллачул тIаьхьа иза кхийтира, шен цаьрца долу гергарло нийсонан буха тIехь лаьтташ цахиларх. Церан карахь ницкъ а, Iедал а дара. ХI оккхуьнан — я хьалхарниг а, я шолгIаниг а дацара. Царах дIатарвала лаар доцург. Юьхьанца хIара тIекIавира. ТIаккха дIатеттира. «Барзо шел гIийланиг накъост ца хоржу», - кица дагадеара Бекмарзина. Шеггара шордира цуьнан маьIна: «Цо иза охьатаIаво».

Цундела салташна бекхам бан йоьдучу тобанна юкъахь вара Бекмарзин кIант Джамболат. Кхул хьалха дас и могуьйтур дацара. Шен ма-хуьллу цаьрца хуьлуш долчу девнех ларвеш схьавалавора цо иза тахханалц. КIант резавацара оцу гIуллакхна. Амма ден даша тIера вала ца хIуттура. ХI инца Бекмарзас ша тIе а кхайкхина кIанте элира:

- Цхьа Дела воцург массо а вала везаш ву. Гуттар кхечеран кхаж болуш а хир дац. Наха дийриг дан соьгара пурба ду хьуна...

Джамболат кхийтира оцу дешнех.

Даркешан ворхIе а кIант вара гиххойн тобанна юкъахь. Иштточу дийнахь юкъ яьстина Iойла дацара кийрахь дог долчу цхьана а къонахчун. Паччахьан эпсара декъий схьа ца даларо йист йоцу цабезам, гамо гIаттийнера юьртахошлахь. Цкъа а хезна хIума дацара иза. Мел буьрсачу мостагIчо декъий дIадахьа новкъарло еш Iедал дацара. ХIинца и киртиг а тIехIоьтти гиххошна. ХIун дер т Iаккха, царна шурий, кхарна цIий хуьлуш-х доьрзур даций нийсонан доцу хIара дов.

Майраллина цIеяххана болу кIентий кIезиг бацара гиххойн тобанехь. Царах вацахь а, муьлххачу а тасадаларехь накъостийн бIаьрг бузош летара и жимха. Цхьанна а ца хаара, иза мичара, мила ву . Тамашийна нислора цуьнца дерг гиххой девнна гIовттуш, мичара вели ца хууш, вогIий, схьакхочура иза, гIуллакх чекх ма деллинехь, иштта мича ваха ца хууш, тIепаза воврa. Ур-атталла цхьа а хаттар дан а ца кхуьуьйтуш. ТIевеанчу стаге хьо хьенан, мила ву а, хIунда веана а хоьттуш Iедал дац ламанхойн, цо ша иза схьааллалц, хIара санна йолчу меттигашкахь-м муххале а.

Тахана а шен горгачу юьхь тIера бIаьргаш хьала ца бохуьйтуш, ойланашка ваьлла вогIура иза.

МостагIчо четарш тоьхна меттиг мичхьа ю хаьара гиххошна. Бекмарзас дийцинера. Дагалаьцнарг иштта дара: садовш, салтапша герга а кхаьчна, хIун-мила ду а теллина, буьйсанна дIатуьйр бу, цул тIаьхьа, хан Iуьйренга а лестина, бода айбала болабелча, гIовгIа ца еш, тебна улло а хилла, тIелетар бу.

Цкъачунна дерриг а дIадоьдура кхара ма-леррара. Мартанах а бевлла, аьтту берда йистехула Соьлжа долчухьа дIагIертара тоба. Суьйре а юьйлира. Кху кепара кхидIа дахар кхераме ду аьлла хетачу меттиге ма кхеччи, севцира уьш. Дой тIера биссира. Кхо стаг - Хьозий, Маккхаллий, Джамболаттий - дIакъаьстира, хьалхахьа а гIоьртина, цигахь муха-хIун ду хьажа. Вуьйш цаьрга хьуьйсуш, кхузахь совцур бу.

Беттаса кхетта, сирла еанера буьйса. Амма хьуьн чохь бодане дара. Луьстачу генаша, лекхачу диттийн баххьаша лаьтта ца кхочуьйтура серло. Цундела бодашкахь хIара кхоъ атта гойла дацара. Делахь а, тата ца далийта гIерташ, бай-й ког ловзош, дитташна а, коьллашна а тIехьа лечкъаш, боьлхура гиххой. ЦIеххьана ша лаьттачохь дIатийра Маккхал. Лерина ладуьйгIира. Куьйга эшарехь ши накъост а сацийра. Хьалха адамаш дара. Геннара хезара церан къора аьзнаш...

ГIаролана тIеIиттабаларх ларлуш, текхаш, аьзнаш хезачухьа дIагIертара ламанхой. ХIинца четарш къасталора церан бIаьргашна. МаьI-маьIнехь йогуш цIерш яра. Кхин гергабаха ца хIиттира. ХI оккхуза кхаччалц маьрша тIевоьдийла хилча тоьур дара. КхидIа йолу аса бIаьргнегIар тухучу юкъана эшалур йолуш яра. Маккхал бухахь а витина, Хьозий, Джамболаттий накъосташна некъ гайта вухавирзира.

Маккхал тӀехьа лечкъина поп шина стаге а халла бен юкъалацалур боцуш, шуьйра бара. Цул совнаха, пурх доьжна Ӏуьллучу диттан гӀодо тешам боллуш мостагӀех хьулвала таро хуьлуьйтура цуьнан. Дика дӀа а нисвелла, улло герз а диллина, сема ладоьгӀуш Ӏуьллура иза. МостагӀий болчохь хийцалуш хӀумма а дацара. Шеквала бахьана цахиларо а, тӀегӀертачу набаро а шайниг дира...

Цхьана агӀор кӀорга Ӏин, вукху агӀор лекха берд болуш меттиг яра Покровскийс лагерь хӀотто къастийнарг. Ӏинах а яьлла, тӀейогӀу мостагӀчун тоба лагерна тӀеккхачале шерачу ара нислора. Ткъа ша лагерь айаеллачу басе тӀехь льаттара. Хин йистехула вогӀург хьалавала аьтто боцчу лекхачу берда тӀе Ӏотталора. И ший а агӀо чӀагӀйинера салташа.

Ламанхоша тӀелата хаьржинарг хин тогӀи яра. Берд лекха белахь а, бахтарш а, машшаш а туьйсуш, цигахула хьалаволийла дара. Салтий тешна хир бу оцу меттехьара шайна кхерам цахиларх. Ткъа иза кхарна оьшург ду.

Садаьржиний, даржазий долуш, меллаша хи чу а биссина, вовшашна гӀо а деш, бердах хьала тийсабала буьйлабелира ламанхой. Атта гӀуллакх дацара иза, амма кхин некъ бацара. Хьалакхаьчна воьдуш волу Хьоза, гал а ваьлла, чушершира, шеца Джамболат охьа а хьош. Цхьана Маккхалан аьтто белира: халла, бухара жимахволчу вашас хьала а тоьттуш, бердах хьалавелира. Цуьнан гӀоьнца хьалхий-тӀаьхьий хьалабевлира бухабиснарш а. Гуттар къесташ хуьлуш волу цхьа жимха воцург. И шайна юкъахь ца-хиларан тидам а ца бира кхара.

ГӀаролна ца тосабелира хӀорш. ХӀинца коьртаниг дара, цӀеххьана тӀе а летта, хьалха тӀенисвелвелларг вен а вийна, иштта цӀеххьана кӀелхьаравалар. Салтий дукха бу. Гиххой мел каде хьаьвзича а, ларор бац цаьрца. Дагахь доцуш тохар а дина, духадовлар - и ду уггаре хьекъалениг.

Йистехьо льаттачу четарна тӀеккхечира хӀорш. ДӀайовш йолчу цӀарна хьалха хиъна Ӏаш вара корта охьа а бахийтина, схьахетарехь, наб кхетта салти. Теккхаш, иза волчухьа гӀоьртира ХьаргӀа. Герга кхаьчча, кхоссавелла, тӀеккхийтира, гӀора ма-дду ластийна, коьртах шаьлта а тухуш. «Пикъ » ца олуш, ша Ӏаччохь дӀакерчира салти.

Четар чу лилхира. Чохь аддам а дацара. Боьхна бисира ламанхой. Амма ойланашка бевлла, хуьлучун дуьхе кхиа гӀерташ, хан йойийла дацара. ДӀа тӀехьаьлхира кхечу четаршна. Эццахь кхарна ца моьттинарг а хилира. Нийсса тӀеерзийна, сахуьлу тийналла оьккхуьйтуш, тоьпаш туьйхира салташа. Кхо ваша - Аьрзуй, ХьаргӀий, Маккхаллий цхьаьний вуьйжира. Тоьпийн цхьамзанаш хьалха а дерзийна, чухьаьвдира салтий.

ТӀеман ирс салташкахьа дара. Дерриге а иштта хир дуйла хууш санна, кечам бинера Покровскийс. Бердайист лар ца еш йитар а цунна дара. Ламанхой Ӏехабалийта. ХьаргӀас шаьлта тоьхна мостагӀ а мунда бен яцара, салтичун духар тӀе а дуьйхина, леррина цига охьахайина йолу.

Гиххой бухабуьйлура. Салтий, пен санна, тӀегӀертара. Чевнаш йинаршший, декъий дацахьара ламанхошна мелла а атта хир дара. ХӀинца цара сецабора. Амма дуьне доьхча а, уьш дӀатосийла дацара.

ХӀорш уггар кӀелбисинчу хенахь мостагӀийн могӀарш дуьйхира. Шийла маьхьарш девлира царна юкъахь. Шайна хуьлуш дерг хӀун ду ца хууш, оьгура уьш. Царна тӀехьашха тохар динера. Оцо галбаьхна салтий вовшашна тоьпаш етта буьйлабелира. ХӀумма а ца къасталора. Иштта хьал кхоллалора жа юккъе борз иккхича.

Оцу чалхалахь Покровский а вуьйхира. Садаьржинера. Делахь а, цӀеххьана хӀоьттинчу дохко новкъарло йора гонах хуьлушдерг шера ган. ХӀетте а, мостагӀчух бӀаьрг кхийтира цуьнан. Ӏаьржа духар дуьйхина къона ламанхо, стелахаьштиг санна, кхерстара салташна юкъахь.

Салтий сецо, меттабало гӀоьртира эпсар. Амма гӀуллакх ца хилира. Кхерабелла уьш. Шайна ламанхойн коьртачу ницкъаша тӀехьашхула тохар дина моьттина. Оцо малбинера бухубов-лучарна тӀехь болу тидам. Гиххоша цунах пайда а ийцира. Декъий а, чевнаш йинарш а эцна, бердах чу а биссина, хил дехьа а бевлла, хьуьн чу буьйлира уьш.

Покровскийна хан сецча санна хийтира. Юьйлу тоьпаш а, маьхьарий а ца хезара цунна. Цо Ӏаьржа духар дуьйхина ламанхо лоьхура бӀаьргашца. Мосуьйттаза ган а гира. Амма хӀокхо тапча тоха куьг хьалаайдечу юкъана, гӀаларт санна, дахкарлахь къайлаволура иза. ТӀаьххьара кхуьнан бӀаьрг кхийтира цунах, цӀергахь йогуш йолу дечиг, ка тоьхна схьа а эцна, цхьа четар долчухьа дӀахьаьдда воьдуш. Кхийтира: цо юьхьарлаьцна Ӏалашо хӀоъмолха Ӏалашдеш долу четар дара. Гуш льатташехь тӀебогӀучу кхерамна лацаделла куьг меттах а ца даккхаделира.

Лам эккхаш санна, тата делира. Цецбевлла гиххой, совца а севцца, лерина ладоьгӀуш льаттара. Сийна цӀе-кӀур гӀеттира мостагӀаша четарш тоьхначу басехь.

* * *

Къеггина кхетта богучу малхана дуьхьал а вирзина, жӀай гӀанта тӀе а хиъна, Ӏара да. Юьрта чу булу некъ бара тахана цуьнан бӀаьргаша ларбийриг. Буьйса юкъал тӀехъяьлча а наб ца кхийтира цунна сийсара. Даго дика ца хьоьхура. Синтем байнера.

ВорхI кIант вара Даркешан. ВорхI гIортор. ВорхI дегайовхо. Аьрзу, ХьаргIа, Маккхал, Леча, Куьйра, Хьоза, Олхазар. Ден дахаран тIемаш.

Юрта чу юьйлира тоба. Барамашна тIехь дахьаш декъий а дара. Гел хьовзош, Iаьвдича санна, лазар иккхира ден даге.

Хьалхара барма лаьцна богIурш ДаркешагIеран кертаца нисбелира.

Деган кIоргенехь дас дийхира:

- Ницкъкхочург, хьо милла а велахь а, тIехбовлийталахь уьш...

Ца бевлира тIех. Чубирзира. УьйтIа баьхкира. Ялх кIант виси Даркешан. Цхьа гIортор кагъели. Цхьа дегайовхо дIаели. Аьрзу. Ден дахаран цхьа тIам бойн.

- Иштта хилла-кх хьан кхиэл, ницкъкхочург...

ШолгIа барма а беа Даркешан уьйтIа. Охьадилли хьалхар-чунна юххе.

Пхи кIант виси Даркешан. Ши гIортор кагъели. Ши дегайовхо дIаели. Аьрзу, ХьаргIа. Ден дахаран ши тIам бойн.

ХIун дер тIаккха, иштта яздина хилла-кх ницкъкхочучо, ша вуйла хаийта.

КхоалгIа барма а баьккхи Даркешан уьйтIа. Вукху шинна улло охьахIоттий.

Виъ кIант виси Даркешан. Кхо гIортор кагъели. ДIаели кхо дегайовхо. Аьрзу, ХьаргIа, Маккхал. Кхо тIам бойн ден.

- Собар лолахь суна, ницкъкхочург.

БоьалгIа барма а беа Даркешан уьйтIа. Лерина вукху кхаанна улло охьахIоттий.

Кхо кIант виси Даркешан. Йиъ гIортор кагъели. ДIаели йиъ дегайовхо. Аьрзу, ХьаргIа, Маккхал, Леча. Биъ тIам бой ден.

- Цхьа доккха гIуда хьаьрчина хир ду-кх хьан сох, ницкъкхочург...

ПхоьалгIа барма а ца баьккхи Даркешан кертана тIех. МогIа бахбеш, дIахIоттий, кхечарна улло.

Ши кIант виси Даркешан. Пхи гIортор кагъели. Пхи дегайовхо дIаели. Аьрзу, ХьаргIа, Маккхал, Леча, Куьйра. Ден дахаран пхи тIам бойн.

- ХIинца-м тоьар а ма дара, ницкъкхочург. - ЙолхалгIа барма билли Даркешан уьйтIа. Тай тоьхча санна, цхьаъ кхечуьнца нисбеш.

Цхьа кIант виси Даркешан. Ялх гIортор кагъели. ДIаели ялх дегайовхо. Аьрзу, ХьаргIа, Маккхал. Леча, Куьйра, Хьоза. Ден ялх тIам бойн.

ТIаьххьара ворхIалгIа барма бохьуш богIурш севци керта юххехь.

- Цхьаъ мукъана а дийна витахьа, ницкъкхочург!.. Чубирзи уьш а. ВорхI барма лаьтта ул-уллохь.

Цхьа а кIант ца виси Даркешан. ВорхI гIортор кагъели. ДIаели ворхI дегайовхо. Аьрзу, ХьаргIа, Маккхал, Леча, Куьйра, Хьоза, Олхазар. Ден ворхI тIам бойн.

- Кхин суна дан хIумма а дуй хьан, ницкъкхочург?! ШагатIулг санна, вист ца хуьлуш лаьтта вийначу ворхI кIентан да. Цунна тIехIоьттинчу бохамо Iадийна, йиш йохийна, дIатийна гиххой а. Хийла вон гина царна, хало Iаьвшина, амма хIара санна дерг хIинццалц цхьана а дена тIедеана дац.

Къеггина схьакхеттачу маьлхан зIаьнарш хьоьжу Даркешан бIаьра. Амма цунна ца хаало уьш. Цара ца хьоьсту иза. Баша ца бо кийра бижна ша. Там ца бо лацаделлачу дегIана. Шена хьалха хIумма а ца го Даркешана. Цунна хьалха бода лаьтта - Iаьржа, къора, шийла...

Бекмарзас лийринарг ца хили. ХIан-хIа, ша гIалатваьлла леларна байттамал бахар дац и. Цо дерриге а дира паччахьан салташца маслаIат хилийтархьама, Iедалан векалшца гергарло тасархьама. Амма цунах гIуллакх ца хили. Ойла керча Бекмарзин. Юьртахошна хиллачу бохамаша дог чIагIдин цуьнан, кхетам серлабаьккхи. Хьан цIен тIе веана хьаша шен гIиллакхаш тIедаха гI ерта ца оьшу хийрачу хIусамехь. Герзаца-м муххале а. Бакъдерг дийцича, юьхьанца иштта бацара паччахьан хьаькамаш. Бистхиларна тIехь а, леларна тIехь а. Хеталора, цара а машар лоьху. Делахь а, шо-шаре даларца уьш хийцабала буьйлабелира.

- Хьату, вайна моьттинарг аьттехьа а ца хиллера, - ша Iаччохь Iасан буьхьиг лаьттах а Iуттуш,

халахетарца боху Бекмарзас,

- Ца хиллера, - тIетов ТIаккха, дагахь а доцуш, хотту:

- ДIогара кхор гой хьуна, Бекмарза?

- Го, - ца кхеташ жоп ло вукхо.

- Цу тIера стом кхалла гIуртур вара вайша, амма аьрга хиларна, багара охьатосур бара. Иштта стом бу вайна юкъара машар а. Цуьнан хан тIе ца кхаьчначух тера ду. Вайша сихвелла хиллера.

- Хьо хIинца а теша и хила тарлуш хиларх?

- Теша.

- Со-м ца теша.

- Сихалла дика яц. Диканах дог ма дилла...

- Сайн мел долчух ваькккхи со цара. ЦIийнах, хьолах, маьршачу дахарх!

- Деле собар деха.

- ХIан-хIа, Хьату, - сацам боллуш эли Бекмарзас. - Дукха диттинчу туйнаша юьхь яшайо. Тоьур ду. Дика дийцарх гIуллакх ца хили. Летта валар гIолехь хета суна, мостагIчунна кIелвисна вехачул.

- Адам бIарзделла, - цхьана шечух кIорггера ойла а еш, дуьхьал вистхилира Хьату. - ТIулгал а чIагIделла церан дегнаш. Кхетамал хьалхаяьлла оьгIазло. Диканца доьрзийла-кх хIара.

- Кхана юьртахой гуллур бу кхузахь, - хаам бира Бекмарзас. - КхидIа дан дезарг къасто. Хьайниг дийца ма волалолахь цигахь. И цхьанна а ца оьшу. Хьалхе хаа ду хьуна: нехан юкъара лаам - цIийна дуьхьал цIий...

Кхеташоне баьхкина гиххойн божарий цхьацанхьа дIанислуш бохкура. Кхура кIел хиъна Iара Даркеш, цунна дехьий, сехьий дIатарбеллера Бекмарза, Уки. Кегий нах ирахьлаьттара.

Даркеша аьтту куьг айдира, гIовгIанаш сацор доьхуш. КIентий байинчул тIаьхьа тахана дуьххьара нахана юккъе ваьллера иза. Цунна тIедогIаделла дара массеран а бIаьргаш.

- ЛадогIал, нах! - дийкира цуьнан гIоргIа аз. - Вай гулделла юьртан кхеташоне. Тахана кхузахь тIеоьцур болчу сацамах доьзна хир ду кханалера де. ТIеман алу кхерста вайн махкахь. Цхьа а цIа хир дац Iожалло шен шийла камIараш хьакхаза. Паччахьан эскар чIогIа низам долуш а, уггар дикачу герзаца доьттина а ду. Ткъа вайна юкъахь цхьабарт бац... Схьатоьхча, дIатоххал бен хьекъал а ца кхочу. Уьш дуккха а бу, нохчийн хIу довш лаьтта.

Цхьа а дош тIех ца туьлуьйтуш, цуьнга лерина ладоьгIура гиххоша. Бакъдерг дара иза, хIораммо а шен дагахь лелориг, амма кхечарна а хозуьйтуш, схьааларан кхаж Даркешан баьллера.

- ХIун дича бакъахьа хета шуна вай? Иштта дIа Iийна девр дуй? - хоьттура цо нахе.

Цхьана юкъана тийналла хIоьттира гонах. ХIора а кхетара хьалха хIоттийнарг чолхе хаттар хиларх.

- Девр дац, - хьалхара дош ийцира Бекмарзас. - Цу хьокъехь цхьанна а шалха ойла хуьлийла а дац. Амма билггала хIун дича хIун хир ду ала хала ду...

- И атта делахьара, вай юьртан кхеташоне доккхур а дацара, - кхидIа а къамел дора Даркеша. - Ойла е, гиххой.

- ТIетоьхначу зайло бен дIа ца боккху бухара зайл, - кица далийра Укис. - МостагIий дукха бара аьлла, IадIойла дац. Цхьа некль лаха беза-кх.

БIо вовшахтоьхча хIун дара техьа? - къамелана юкъавеара Бекмарза.

- Шуна хIун хета? - юьртахошкахьа вирзира Даркеш.

- Аш диннарг мегаш ду тхуна, - кхечарна хьалхара жоп делира Хьайдарбека.

- Делахь-хIета, суна а нийса хета бIо вовшахтохар, уггар майра, каде кегий нах юкъа а бохуьйтуш. Церан коьрта декхар - юьртана ха дар, эшначохь мостагIчунна тIелатар, шайн могIарш стамдар, - дан дезарш дагардора Даркеша. - Цкъа шаьлта а ластий-Iш, юха туьша воларх тIом бар ца хуьлу. Гой шуна паччахьан эскар: бийшар а, гIовттар а тIемалойн санна ду церан. Коьртехь лаIтташ хьаькам а ву. Цо бохург, Дала аьлча санна, салташа кхочуш а до.

- Нийса боху!

- Бакъахьа хир ду!

Тхо реза ду-кх цунна, - маьхьарий девлира юьртахошна кжъахь.

- Делахь, мила хоржу вай баьчча? - хаттар дира Даркеша. Бекмарзин кIант Джамболат! — ша льаттачуьра мохь туьйхира Хьайдарбека.

- Кхин цIе юй цхьанна а якка лууш? - лерина юьртахойн бIаьра хьаьжира Даркеш.

Шина стеган - ден Бекмарзин а, кIентан Джамболатан а -дегнаш цхьана эшшарехь тохадалийтира оцу хаттаро. ХIораммо а синтем барца, лерина ладоьгIура наха олучуьнга. Амма цхьа а нистхуьлуш вацара. Иза кхаьргахьа дара.

- Яц, - хадийра Даркеша. - Ткъа хьенан хIун ду Джамболатах льацна ала?

- Майра кIант ву, - кхоьссира цхьамма нахана юкъара.

- ТIахъаьлла, - тIетуьйхира вукхо.

- Вухавер воцуш, - хастийра кхоалгIачо.

- Кхин?

- Тоьур дац, ва Даркеш, цхьана стагна оццул дерг?

- Тоьур ду ден цIе ца йожо а, мехкаршна хьалха дозалла дан а, нийсархошка ларийта а, - жоп делира Даркеша. - Амма юьртан, адамийн синтем ларбан и кIезиг ду.

- ХIун оьшу ткъа цул сов?

- Цкъа-делахь, собар...

- ШолгIа?

- Хьекъал. И ши хIума ца хьахий аш цхьамма а, — аз лахдира Даркеша.

ЧIогIа новкъадаьккира и дешнаш Бекмарзина. Цунна лиъныера шен кIантах баьчча хуьлийла. Амма къера хила веза: бакълоь къена Даркеш. Цо ма-баххара дан а ду иза.

Джамболатан кийрахь цIе кхерстира. Курачу дагна хала дара и лан. ЦIий коьрте хьаьдира. Амма са ца тоьхча ца долура.

- Схьа тIе воьл хьо! - йистехьо льаттачу жимхе кхайккхира Даркеш (цунна хезнера иза хестош ден къамелаш).

Шена тIе тидам бахийтарна цецваьлла, воьхна хьаьвзина, ул-лохь льаттачара хьалха теттича, жимма меттавеана, меллаша гона юккъе велира важа.

- Маса тасадаларехь хилла хьо? - хьаьттира цуьнга Даркеша.

- Кхаа, - лохха жоп делира жимхас.

- Хьан хьесапехь, кIезиг ду и я дукха?

- Дукха, - дара жоп.

- ХIунда?

- Кхаанхьа а динарг цхьана дика кечам бинчу тасадаларехь далур долччул бен дацарна.

ХIинца кхийтира гиххой жимхас «дукха» аьлла делла жоп шех тоам бина я дозалла деш хиларна доцуш, хьекъалца догIуш хиларх. И тайра Даркешна а.

- ХIун ду тIамехь майраллел оьшург?

- Собар.

- Ца тулу волу дов?..

- Дитар бен дарба дац.

- Хьо хьакъ ву баьчча хила!

- Баркалла, амма и деза дарж тIеоьцийла дац сан, - йиш хаьллачу озаца элира жимхас.

Оцу жоьпо цецваьkkхира массо а. ХIуманах тамаша беш воцу Даркеш а тIехь.

- Бахьана дуьцур дарий ахь?

- Ца дийцича мегар дацара техьа?..

- ХIан-хIа, нахана хаа деза.

- Делахь, хIара ду-кх и бахьана! - оцу дешнащца жимхас коьртара куй бaькkхира. Белшашна тI ехула охьашершира еха Iаьржа кIажарш.

Инзарбевлла гиххой тап-аьлла дIатийна лаьттара. Шайн бIаьргашна гучух ца тешара уьш.

Дуккха а хIума гина ву Даркеш. Амма ишттаниг дуьххьара хуьлуш ду цуьнан дахарехь а.

- Хьайн цIе йийцал тхуна.

- Таймасха, - жоп ло уллохь лаьттачо.

Iуьйре дIаикkхина хан яра иза нах болчу кхаьчча. Генара хьаьжча, уьш билггала муьлш бу цахаарна, тебаш, ларлуш тIеяхара царна Таймасха. Кхечарна йистехьо, хIара йолчу агIорхьа бпккъаш а дерзийна, Iара царах шиъ. Вуьйш цхьа оьрнаш оххуш боххура.

Къамел дечу шиннан аьзнашка ладуьйгIира Таймасхас.

Цхьамма бохура:

Веллачух хьоьгучу тIе даьлча, дIадолу хIара.

Важа реза ца хилира цуьнца:

- Делан карахь ду шадерриг. Цо динарг цхьа а вон дац. Дахар луш верг а, дIаоьцуш верг а иза ву. Цунна цхьанна хаьа нийса рагI хIотто. Цхьа Дела воцург массо а ву вала везаш. Ткъа дахаран мах, лаьтта тIехь цхьа стаг мукъана а мел ву, бан йиш йолуш бац. Хастам хиларо деза кхоьллина хIара дуьне.

Озах Хьату вевзира Таймасхина. Важа, схьахетарехь, Бекмарза вара.

- Юрт йиллале кешнаш даха дийзи вайн.

- ХIун дийр ду тIаккха, иштта яздина хилла-кх...

- Дешначу наха дуьйцург бакъ делахь, керстанийн карах беллачу хIокхарех хIора а гIазот хир ву -кх.

- Дала терго ца еш вуьтур вац шен умматах схьаваьлларг цхьа а.

- ГIазотах дерг ма ца эли ахь, Хьату.

- Сайна хуург бен ала бакъо яц сан, Бекмарза.

- Ванах, ва Хьату, аш массара а доьшург цхьа КъурIан бен хила а ца хилча, хIоранна а шен-шениг хIунда карадо шуна цу тIехь?

- И доьшуш, хьан хуьлуш йолу ойланаш - и ду кхузахь, коьртаниг, Бекмарза.

- Со ца кхеташ хIумнаш ду уьш. Хьажа-Iелас гIазот бехира, керстанашна неIалт кхайкхийра, ткъа ахь хIора Iедал а Делера ду боху, дуьнен тIера массо а адамаш цо кхоьллина хилар а чIагIдо ... Шимма а и КъурIана тIера схьа а эцна...

- Наха шайна товш дерг къастаде-кх.

- Дера, Хьату, хIокху хьелашкахь уьш хьуна тIаьхьа хIиттахь тамаша ма бу. Ца го хьуна цу йовссарша динарг...

- Делан собар доккха ду.

- Неханиг кхачийна. Хьажал хьайна, - кешнаш дохуш боккучаьргахьа куьг тесира цо, - хIара аре яькkхина хIаллакьхиллачаьрга. Ткъа тIепаза байнарш мел бу?! Дийнна доьзалш дIабевли... Аьстамарниг санна...

Бекмарзас аьллачу оцу дешнаша сийна цIе тесира Таймасхин кийра. Уьш хазале жимма хьалха ша дI алечкъина йоллучу меттигера гучу а яьлла, юьртахошна тIеяха дагахь хиллера иза. Амма цхьана х Iумано сецайора. Ткъа хIинца когашкара са малделла, ша лаьттачохь охьаяхара. Иза кхийтира доллучух а. Кхуьнан дахаран тIаьхьхьарлера марзо, дегайовхо - да-наний кхин дацара. ХIара ша цхьаъ йиси хIинца хIокху доккхачу дуьнен тIехь... Мел лайнарг, гинарг шал-шийла бонг хилла

легашка хIоьттира. Елха дог догIура. Амма бIаьргех тIадам ца болура. ЭгIийча санна лаьттара иза. Гонах ккин цхьа а хIума ца хаалуш, цхьаьнцца бала а боцуш.

Когаша шаьш дIаюьгура Таймасха. Коьртара ойланаш яьржина, тхьусийоьлла, цкъа ира мехий санна, бIаьштигех Iитталуш, юха даш санна язлой, бIаьрг-негIаршна тIе юьйшура. Теза къурдаш а деш, шена хьалха дерг ца гуш, дIаоьхура йоI.

Хьалха бода хIоьттира. Сецира. Лазадовлуьйтуш чIогIа дIахьаббира бIаьргаш. КIоргачу, Iаьржачу Iин чу южуш санна сурт хIоьттира. ДегIан йозаллица чухецаелла йоьдура иза. Тасаяла меттиг йоцуш, саца ца луш. «Сан са хир ду иза, дегIах а даьлла, стигал хьаладоьдуш», - дагатесира Таймасхина. Далла бу хастам, кхин хIара бала хьега-х безар баций! Ас хIун дора хIокху лаьтта тIехь йисина... Олхазар цигахь ву. Да... Нана...»

Бода айбала болабелира. Iин чу южуш санна хилла ойла дIаелира. Когашна кIелахь ондда бух хаалора. БIаьрг-негIарш ша-шах хьалааййделира. ДIасахьаьжира. ХIинццалц къора лаьттина дуьне денделира. ЙоьIан лере кхечира олхазарийн эшарш, диттийн гIаша деш долу шабар-шибарш; эсалчу механ хIуо детталора беснеш тIе.

Чохь мел долу хIума гам хьаьккхина дIадаьккхича санна, еса хеталора коьртан туьта. Кийра бара -кх, даш доьттича санна, базбелла. Дерриге а дегIах, ойланех хьаьрчина, садукъдина дIа ца болуш сингаттам лаьттара йоIехь. Елха озийра. Жимма паргIато яьлча санна хийтира. ТIаккха цI еххьана бIаьрхиш хьаьвдира беснешна тIехула. Шад хIоьттинчу легашкара мохь белира - юьхьанца гIийла, цул тIаьхьа чIагIлуш дIадахара аз.

Мохь бетташ йоьлхура иза. Олхазарша совцийра шайн эшарш. Хьун а тийна лаьттара. Дерриг дуьне йоьIан къина доьжна дисча санна хеталора.

И белхар Сирачун лере а кхечира. Лергаш ирдина, лерина ладуьйгIира цо. Адам дара доьлхург. Амма цуьнан делхаро Iовжийра кхуьнан дог а - баланаш лайна а, цатемаш хилла а долу дог.

ХIокху доккхачу дуьненахь яха меттиг йоцуш, деган накъост воцуш йисира Таймасха. Дахаран чам дIабаьллера. «Еллехьара сайн ирс дара» - ойла йора цо. Кхин лаам бацара. Адамаш дехачу меттигна гонах хьийзара иза, амма тIе ца йоьдура.

КхоалгIачу дийнахь мацалла хааелира Таймасхина. ХIинццалц тхьусбоьлла лаьттинчу кийрано кхача боьхура. ДегIера гIора дIадаьллера. БIагор хьийзара. Шовдан тIе кхечира иза. Гора а хI оьттина, хи тIе кхевдира. ЦIаро ягийча санна, юхаиккхира. Шовданан куьзгана чуьра кхуьнан бI аьра хьаьжира адам ду ала адам а доцуш, экха ду ала экха а доцуш йолу цхьа инзаре садолу хI ума. ТIаккха Таймасха кхийтира иза кхуьнан шен юьхьсибат хиларх.

Канашца схьа а ийдеш, ца Iебаш, шовданан хи муьйлура йоIа. 11,хьана юкъана кийра токх хилира. Амма кестта керлачу ницкъаца ша юйла хаийта йолаелира мацалла. Акхачу кхура тIе мисъелира. Стоьмаш хIинца а аьрга бара. Делахь а, цуьнга хьоьжучохь яцара Таймасха. Цхьамма уьш шегара д Iабахарна кхоьруш санна, сихъелла кхорех церггаш туьйсура цо. Схьадолуш дерг кIезиг хIума дара . ХIетте а, тIуьхкаш а тIехь юура йоIа.

Де суьйренга лестича, юха а адамийн гIовгIанаш хезачу тIе яхара иза. Гучу ца йолуш, тебна I ийра. Шина дагахь яра иза: тIеяхча хIун дара техьа я ца яхча хIун дара техьа, бохуш. Цхьана шера гуш боцчу кхерамо сецайора йоI. Мел тамашийна хеташ делахь а, цунна атта дара ша цхьаъ йолуш. Цхьамма а хеттарш ца дора, ккуьнгахь дерг хаа ца гIертара, ойланаш ян новкъарло ца йора. Гергарчаьрца, бовза-безачаьрца хилла зIе хаьддера. Уьш массо а дIабахнера. ХIара цхьаъ буха а йитина. Керла гергарлонаш, марзонаш... Уьш кхунна ца оьшура. Даго тIе ца оьцура. Цундела цхьалха хилар гIолехь а долуш дара.

Шайн гIуллакх деш бохкучу юьртахошна ца тосаделира, коьллашна тIехьара тебаш тIе а еъна, кхача юккъехь болу ларча таккхийна къайлаяьлла Сираниг дIаяхар. Кхано хIорш бевлча, уггар чIог Iа Хьайдарбекана новкъадеънарг мижаргашший, кIалддий юкъахь хилла ларча яр дацара. Цуьнца цхьаьна дIадехьна доьхкий, шаьлтий дара. Мила хир ву и динарг? Къу хуьлийла а дац, ша юучун чам кхетта тIедеана экха ца хиллехь... Тасадел-лачохь дIатаккхийна хир ду доьхкий, шаьлтий... Иштта сацийра Хьайдарбека а, цуьнан накъосташа а. Юрт йоккхуш йинчу чевнах кхалхар хиллачу Укин пхийттара валаза волчу кIантана каш даккха баьхкинера уьш. Барми тIе диллина дакъа а долуш, схьабогIучу божарийн могIа чубузучу маьлхан зIаьнарщца кхечира кешнашка...

Таймасхина ша лечкъина йоллучуьра гуш вара «къу». Иза ша а яра оцу ларче сатесна. Амма тIеяха ца хIуттура. ХIара ийзаелларг барзо дира. ОьгIазло хьаьдира коьрте. Шен багара цо и яьккхича санна. Муха, хIун до а ца хууш, берзан лорах йоьдура йоI. Вукхо болар сихдича, сихлуш, иза сецча, соцуш, дIайолаелча, тIаьхьайолалуш.

Сирачунна тосаделира шен лорах догIу адам. ХIун оьшу цунна? Ларча дIаяккха гIерта? Амма цуьнан ма яц иза. Кхин башха оьшуш-м кхо а ца лачкъийна и. ДуьххьалдIа адамашна хIуьттаренна. ХIуъу дина а, царна цатоврг дархьама. Ткъа юург кхуьнга ишта а яккхало. Къена елахь а. Церггаш артъеллехь а. Хьалхалера ницкъ дегIехь бацахь а.

Гено-о яьлла, и ларча охьатосур йолуш хиллера Сираниг. Амма адам тIаьхьадаларо хийцира и ойла . Цунна иза хьийзо лаьара. Бехха некъ байта. ГIелдалийта. Къахьегийта. Цхьа эчиг тIехь кхозуш долу бахтар дацахьара... Ларчах а тасаделла, лаьттахула теккхара иза, кхуьнан когех а хьерчаш

. Амма цунах паргІатйолийла дацара. Адам дара тІаьхьа гІерташ.

Хьуьна юккъехьа дІаоьхура Сираниг. Адам тиладалийтархьама. Нах бехачу меттигна гена даккхархьама. Цхьа а тІе ца кхачийта. Хьуьнан да хІара ю. Кхузахь цуьнан дош лела. ТІаьххьара а кхо АстагІчун чІир оьцур ю. ТІаккха елча а, бен ца хета.

Муха бийр бу беккам? Хьун луьста йолчу ма-еллинехь, ларча охьатосур ю. Ша юьстах яьр. Ца гурриг. Адам тІедогІур ду и схьаэца. Цунна хаза а хетийтина, гучуер ю Сираниг. КхидІа...

Барзана тІаьхьа ихна, Таймасха хІоьттинера. Халла гІулчаш йохуш, бертал етталуш, хьалагІ уьттуш, когаш тийсалуш, гораоьхуш, лорах йоьдура иза. Экха хІоккхуьнан дог этІош санна, соьцуш, юхахьоьжуш, шайна юккъера йохалла ларъеш, дІаоьхура.

Борз сецира. Багара ларча дІахийцира. Таймасхас доккха са даьккхира. БІаьргаш хьаббира. Цо уьш юха схьабиллича, борз гуш яцара. Ца тешаш, дІасахьаьжира иза. Са долу хІумма а ца хааделира. Ларчана тІетеккхира. Ехха яьллира шад ца басталуш. Куьйгийн пІелгашкара гІора дІ адаьллера. Дечиган долуш санна дара уьш. Амма мацалло хІуъу а дойту стаге.

Іовшшал йолу хан дукха хеташ, мижарг дІаккхаьллира цо. Легашка хІоьттира. Якъаеллачу къамкъаргана хала дара и тІехтилийта. Садукъделира. Эццахь йовхарш ца хьаьддехь, гІуллакх генадала мегара. Жимма паргІато елира. ТІеда кІолда мижарг гІолехь хила тарлора. Цунах тасаелира. Ахьаран мижаргана тІе кІолда мижарг а кхоллуш, пхьор дан юьйлира.

Меллаша тІехьахула тІееара Сираниг. Адамна ца хааелира иза. Логах ка тоха сацийнера барзо. ТІ аьхьарчу когашна тІе а язъелла, тІеккета кечъелира. КІомсарш гучуехира. Цунна ца лаьара адамна хуьлуш дерг хІун ду а ца хууш хуьлийла. Кхерамна юьхьдуьхьал хьажийта, шена хуьлучух кхетийта. ТІаккха хала хир ду цунна са дІадала. ОьгІазе «гІар-рр-ра» дира барзо. Амма важа схьа а ца хьаьжира. Юха а ша юйла хаийтира. Адам шек а дацара. Букъа тІехьара схьа а яьлла, нийсса бІаьрга тІе бІаьрг а боьгІна, дІахІоьттира. ХІинца адаман а тидам хилира цуьнан. Вовшийн бІаьра а дирзина лаьттара адаммий, борззий.

Ма инзаре хІума ду хІара. Сирачунна адаман бІаьргашкахь ца тосабелира я кхерам а, я йиш йоьхна хьовзар а. Бен цахетар дара царна чохь. ХІара ян а йоцуш санна. Ур-атталла бага хьеечуьра а ца сецира.

Сираниг цец ца елира. Сираниг кхераелира. Кхераелира оцу бен цахетарх, йоьхна цахьовзарх. Шен дахар цхьана а меха ца дуьллура адамо. И санна долчунна хІинца шозлагІа тІеІоттаели хІара. Хьалха изза сурт хІоттийра адамо. ХІетахь цунах а ца кхийтира экха. Ца кхета хІинца кхунах а. Я пхьорана юкъах ца дала ду техьа цуьнан и? Кхача коьрта хеташ. Делахь-хІета, декъа яха гІ орта еза со. Адамо дуьхьало йийр ю. Шегарниг дІахеца луур дац. Со оьгІазгІур ю...

Таймасхин буйнахь болчу ахьаран мижаргана тІеккхевдира борз. Кхо куьг дІа ца даьккхира. Мелхо а, дІакховдийра. Борз юьйхира. Цхьана куьйга кхача барзе а кхийдош, вукху куьйга шен бете кхоьхьура.

ХІетахь дуьххьара адамах къахийтира Сирачунна. Дуьххьара безам бахара цуьнга.

Борз дІаяханчул тІаьхьа дикка хан яьллера Таймасха пхьор дечуьра сецча. Мацалло корта дІ алаьцна хилла йолу хІара хІинцца бен буьззинчу барамехь кхета а ца кхийтира шена тІехІоьттина хиллачу киртигах. Ткъа кхетча - йилхира.

ЦІеххьана кхерам боьссира цуьнан даг чу. «ХІун хаьа и экха духадогІийла. ТІаккха дІадаьлла... Сиха дІаяха еза кхузара. Адамаш долчу. Цигахь ю сан меттиг».

Когаш тІе хьалагІеттира иза. Циггахь бен тидам ца хилира лаьттахь Іуьллучу шаьлтанан. Охьа а кхевдина, схьаийцира. Герзаца мелла а синтеме ду.

И буьйса а хьуьнхахь яьккхира Таймасхас. Бакъду, дагахь чІагІо-м йинера, сатоссушехь юьртахошна тІеяха. Дийнаверг дІа ца лелча ца волу. ХІуъу а тІехІоьттинехь а. Иштта схьадогІуш ду дуьне кхоьлличхьана дуьйна: велларг дІаволу, виснарг - лела.

Адамийн гІовгІано самаяьккхира иза. Сихха хьала а иккхина, цу агІорхьа дІахьаьдира. Уггар хьалха цунна гинарг ЦІагари вара. Олхазаран доттагІ. И мосазза гин, дагна везнарг карлаволура йоІана. Ткъа хІнца и ойла яцара ЦІагари гича кхуьнан хилларг. Кхунна дуьххьалдІа хазахийтира адам гина. Ша санна долу адам.

Кхин йист ца хуьлуш, царна тІаьхьа хІоьттина йоьдура божарийн духар дуьйхина йолу Таймасха. Цунна ца хаьара шаьш мича доьлху. Коьртаниг и дацара. Коьртаниг дара хІара юха а адамашца хилар. Шен юьртахошца.

Юьхьарлаьцначу некъан Іалашонах йоІ кхийтира салтех бІаьрг кхетча. Уьш масех стаг вара. Цхьана а хІуманах шек боцуш, забарш еш, буьйлуш дІаоьхура мостагІий. Кхеран юрт йохийна мостагІий.

ОьгІазлонан, цабезаман тулгІе хьаьдира коьрте. Кхечу гиххошца цхьаьна, баттара яьккхина шаьлта а йолуш, царна чухьаьдира Таймасха. Леташ болчарах дІаийра. Девнехь дуьххьара

каралаьцнера цо герз. Ца хаьара и муха тоха деза. Амма йист йоцуш кийрахь кхеххкачу оьгIазлоно ша леладора шаьлта карахь йолу куьг. Цунна дуьхьал хIуьттура салтийн карах эгна деган везар Олхазар... Да. Нана. Юьртахой...

Цу дийнахь дуьйна дIадоладелира Таймасхин керла дахар. Боьрша стаг санна тIеийцира хIара наха. Ииштта яха сацам бира цо ша а. Кхин дахар цунна доьгIна дацара. Кхечу дахарх цо догдиллинера. Цунна и ца оьшура. Ткъа хIинца шега кхаьчначу декъехь вукхузхьа дайна маьIна карийра цунна: мостагIчух, хьуо оцу вукху дахарх яьккхинчух дог Iабор...

Ерриге а юьртана бохам хиллачул тIаьхьа, керлачу меттехь баха хевшинчу нехан башха бала а ца кхечира хIара хьенан-мила ву хаа. Цхьана гиххошка кхаьчна ца Iара и къаьхьа де. Паччахьан салтийн къизалло бохийна, кхечу ярташкара нах а тIеоьхура кхарна. Массо а хIума чуччадахна, кегаделла дIадоьдура.

ХIетте а, наггахь бен нахана юккъе ца йолура Таймасха. Дукхах йолу хан хьаннашца, лаьмнашца кхерсташ йоккхура. Цунна марзъеллера цхьалла, йоьллера цунах. Амма ламанхойн салташца долу цхьа а тасадалар тIех ца туьлуьйтура ша дакъа ца лоцуш. Иштта хилира Даркешан ворхI кIант вуьйчу дийнахь а.

Юьхьанца дуьйна Таймасхин даго къобалдеш дацара берд болчу агIорхьахула салташна тIелатар. Делахь а, юкъара сацам хилла баьллера. Ишта а нахах къехкаш йолу кхунна бакъахьа а ца хийтира цаьрца къовсаме ялар. Бакъду, шеконо дIа-м ца хоьцура хIара. Цундела кхечарел мелла тIаьхьа а йисна, га тосуш, вукху агIорхьа дIаяхара Таймасха.

ХIара кхийринарг хила а хилира. Шаьш хьалабевлча мостагIашна тоса цабаларо дог-ойла гIаттийна болу гиххой, ларбалар доцуш, четаршна тIе хьаьвдира. И дара салташа лийринарг. КIелонна тIеI иттабелира уьш. Дуьйлучу герзаша гIаттийначу гIовгIанехь, кIуьралахь Таймасхин гучуялар цхьаьннан а тидам боцуш дисира. Оцо кхуьнан аьтто а баьккхира. Стелахаьштиг санна хьийзара йо I. Салтий хуьлуш долчун дуьхе кхиале иза ша дийриг дан кхиира. Эццахь хIара тIе ца кхаьчнехьара, ламанхойн гIуллакхаш гуттар тиша хир дара. Цхьабакъду, царна хаа-м ца хаьара шайна и орцах ваьлларг мила ву.

ХIинццалц шен нуьрца Покровский хьаьстина болу тIеман ирсан седа чукерчира. Отрядах дийна хI орш цхьа кIеззиг бен ца биснера. Цунах хила тарлуш дерг дика кхетадора Сергей Петровича. ХI ара ловчул, ша оцу тIамехь вийна хуьлуьйтур вара цо. Невельской - и цхьаъ ву кхуьнгахьа гIо даккха ницкъ кхочур болуш. Амма иза инарла ву, тIеман стаг. Хилларг ма-дарра шена дIахааахь, цо пIелг пIелгах тухур бац Покровский кIелхьара ваккхархьама. ЦIена эхь ду хIара. Уггар луьра таIзар дан а догIуш. ХIунда левелира Сергей Петрович? Иза-х зеделларг долу эпсар ву. Дуккха а тасадаларшкахь а хилла, ламанхойн хIилланаш а девзаш. Муха Iехавойтур ву ша иштта!

...Оцу дийнахь Маруся коча хьаьрчинчуьра дIа а ца йолура. Кхана ма валахьа новкъа бохуш, дехарш дора цо. — «Вон гIан гина суна».- «ХIун дара и?» — хаьттира оцу хабарех ца вешачу эпсара. - «Iаьржа цициг» — жоп делира езаро. Сергей Петрович велавелира.

- «Iаьржа цициг, Iаьржа цициг...»,- хьийзара коьртехь. ХIун зIе ю хиллачунна а, цунна а юкъахь? Стенна дагадеа суна иза? Мел лехарх жоп ца карадора оцу хеттаршна. Амма Покровскийна цхьана синхаамо хьоьхура и зIе хилар...

Шена моьттинчунна тIехь Сергей Петрович гал ца велира. Ламанхоша отряд йохор сиха даьржира эскарехь. Петербургера хилларг къасто йогIуш эпсарийн тоба ю аьлла, хабар даьржира гIопахь. И хаам Марусяс беара кхунна. Коьртехь инарла а волуш, тIетуьйхира цо. Амма цуьнан фамили ца хаьара. Шена хатта эхь хетара, даго ца вуьтура. Хирг дIахир ду, сацийра цо. Амма къайлах сатуьйсура: Дела, Невельской хилийталахь иза!

Хьогах волу стаг тIаьххьара а шовдана тIе нисвелча хуьлу ойла хилира Покровскийн, тIеман комиссин коьртехь лаьтташ верг инарла Невельской вуйла хиъча. Схьакхаьчначу саррахьехь адъютант а вахийтина, къайлах шена тIе вийхира цо Сергей Петрович. КIоршаме дара инарлин вистхилар. Юьхьанца хийра стаг санна вара иза кхуьнца. ТIаьхь-тIаьхьа ваставала волавелира. Инарлас лерина ладуьйгIира Сергей Петровича дуьйцучуьнга. Важа ваьлча, хаа лиира:

- Кхин хIумма а дуй хьан тIетоха?

- Дац, - меллаша жоп делира Покровскийс.

- Делахь-хIета, хьайн дийцарера совнаха дерш дIадаха... -шен бажа хила гIертачуьнга леррина хьаьжира иза.

- Со кхета...

- Цу агIорхьара тIелеттарш ах эзар гергга стаг вара. Шайгахь дикка герзаш а долуш. И дуьххьалдIа тIелатар хилла ца Iа... И... и ламанхойн гIаттам бу. Хьалххе кеч а бина, дуккха а наха дакъа а лоцуш болу. Кхетадой ахь?

- Кхетадо.

- Цу тIехь латта.

- Кхечара кхин алахь?..

- Шаьш шайн мостагIий-м бац уьш! - аьтту бIаьрган цIоц-къам хьалаайдира инарлас. - Вуьшта, шайн боьхна а болуш хIуъу а дийца тарло цара. Цундела вай иштта дийр ду. Ас массаьрга а цхьаьна чу кхойккхуьйтур ду шуьга. Хьалха хьоьга хеттарш дан волалур ву. Цу кеппара, ахь дьакккхинчу хорша чухула дIагIур ду къамел...

- Леш а дицдийр дац ас, хьан сийлахь-воккхалла, ахь дина верасалла!

- Хьуна хаьа-кх и соьгара цхьаьнгара доцийла...

- Хаьа. Цо диначун мах хадо а хьожур ву со...

- Цхьа хIума ду... Командующи чIогIа оьгIазвахана ву. И кIайдарг дIаяkkхархьама, ламанхошна т Iехь бIаьрла толам баккха беза. ТIаьхьа а ца тоьттуш.

- Кхочушдийр ду, хьан сийлахь-воккхалла!

- Деккъа герз хилла ца Iа толаме вуьгург... Царна шайна юкъахь вайца барт хуьлийла лууш берг лаха беза.

- Цара тешнабехк бо, - юкъаиккхира Сергей Петрович.

- Хьо ца кхийти со ала гIертачух. Ас буьйцурш... вайга хаам бийр берш бу.

- Муха?.. - вуьйхира Сергей Петрович.

- Иштта, сан хьомениг. ДIахаалахь: массо а заманийн тIеман хьаькамаша пайдаоьцуш хилла царех. Римски имперера дуьйна.

- Ас ладугIур ду хьан хьехаме.

- ДогIахь, юьхьIаьржа хир вац.

ГIуллакх къастор хIокку шимма барт бина ма-хиллара чекхделира. Комиссин декъашхой атта тI етайра ннарлина хетачунна. Церан сацам Покровский бехказа воккхуш бара.

Инарлас бина хьехам дагара ца болура Сергей Петровична. Амма и кхочуш муха бийр бу ца хаьара. Кестта кхолламо ша аьтто бьакккхира.

Салташа йийсаре валийна Хьайдарбек йиттина, гIиба ваьkkхинера. Багара цергаш а йохуш. Цо ма-хуьллу дуьхьало йира. Дош ца хилира. Салтий дукха бара. Цу тIе, гIуллакх гIопан пенашна хьалхха а нисделлера. Дерриге а чекхдаьлла аьлла кхунна хеттачу муьрехь. ДаветIана еттаро гI овгIа ца яьkkхинехьара. Хьайдарбекна хIун хаьара, шен дахарехь цкъа-шозза бен гина а йоцчу гI аз олучу зIакардохно иштта гIовгIа йоккхийла. Iуьйранна дуьйна гIезаш лар а йина, уьш гIопана жимма гена ма евллинехь, тIеккетта, царах цхьаъ схьа а лаьцна, дIаиkkхинера хIара. Вукхо шен маьхьарца орца ца дьакккхинехьара...

Нахана дIахезча а эхь ма ду хIара-м, ойла йора йийсар винчу Хьайдарбека. Ткъа хIоранга а и гI аз шена стенна оьшура баьхна а вер вуй. Я ма-дарра дIахиъча а, кхетар буй цунах. ЦIен ло дагI аьхьара уьш кхетале. ГIуллакх хилла делара. Муха Ю техьа иза хIинца? ГIоле ца хилла техьа? Цуьнан дуьхьа кхо дийр а доцуш хIума ма дац.

Кхокха цомгуш хиллера. Меттахь йиснера. Цунах чIогIа цатам хилла, ша мича вер ву ца хууш, хьийзара цIийнда. Эмгара Хьулимата хIума хууш йолу зуда ялийра лазаро лаьцначунна тIе.

Хьулиматан гIоьнца Кхокха кIегара хааяйтира дарба лело оанчо. ТIаккха лерина цуьнан бIаьргаш чу хьаьжира. Сих ца луш, элира:

- Хьам баьkkхина. КесталгIа гергарчарех цхьа а кхелхиний кхуьнан?

Эмгаро, цецъяьлла, жоп делира:

- Ваша дIаваьлла, шу марша...

- Цунна тIера сагIийна хIума яла еза.

- Лур ю-кх, хIара тоелчхьана.

- Цхьа-ши де даьлча юха сох схьаккхета, - иза а аьлла, дIаяха тохаелира хIума хууш йолу зуда.
- Нагахь санна цунах гIоле ца хилахь, кхин дарба хьоьхур ду. Цхьана хIуманах шек ю со...

СовгIат а эцна, дIаяхара «хIума хууш» йолу зуда. Амма Кхоккхина гIоле ца хилира цунах. Важа юха а тIеялийра.

- Дол дилла деза, — сацийра цо хIинца. - Суна цIеран кIегий а оьшур ду, кхуьнан кучах даьхна цуьргаш а, коьртара мас а... КIур тоха беза кхунна. Кораш, неIарш дIакъовла. КIегара хааел хI ара...

Аьшкалца кхера схьаийцира кIегий, царна тIе тесира тишачу кучан цуьргаш а, мас а. Корта къайлабоккхуш, чертах бун йира Кхоккхина тIехула. ХIаваъ тIедогIийла йоцуш. КIуьро а, хьожано а садукъдинера ишта а лазаро гIелйинчу цуьнан. Меттахъяла дегIехь ницкъ а бацара. «ХIинца соьгахь долу хьал хуьлу хир ду-кх леш воллучу стагехь, - ойла йора цо. - Атта долуш-м ца хилла и са...» Циггахь кхетамчуьра елира иза.

Денош дIаоьхура, хийцалуш хIумма а дацара. Кест-кеста йоIе хьажа йогIура Зайнап. Цуьнан гI евлинге а хоий, ехха йоьлхунI Iара. ХIара цхьа доьзалхо бен кхин хIума ца диснера Зайнапан хI окху доккхачу дуьнен тIехь, йоккхае, Iехаяла. Цунах а яла мегаш яра. Элберд вийча ненан мерцина кийра хIинца а Iаь гIуьттуш бара. Ткъа Кхоккхина а цхьаъ хилахь, яла йожа бен ца деза кхуьнан.

Хьайдарбек а вацара сакъералуш. Жима нускал цомгуш хилчхьана дуьйна лаьттан бIаьра хьаьжжинчохь виснера иза. Цхьа-болчара-м тIехьашхула олуш а хезара: стогаллах ваьлла. Кхунна шена а хаьара и къонахчуьнгахь товш доцийла. Делахь а, син гаттаман гуро чIогIа лаьцнера Хьайдарбек. Хьалха кхунна цкъа а евзина йоцу марзо еанера Кхоккхас шеца хIара вехачу хIусаме. Хьулиматца хIоккхо йоккхучу хенахь иштттаниг аьттехьа а ца хиллера. ХIора тIейогIу буьйса ларйора цо. Хьогалло бIаьрзвинарг шовдана тIе кхача санна, сихлора изза марахьарчо...

ХIинца и дIадели. ГIелъелла, ешна дIайолуш лаьтта Кхокха. Тохарлераниг юй техьа хIара аьлла хеталуш. Цунна уллора дIайолуш а яц Хьулимат. Лерина хьожу эмгаре, аьхна куьг туху.

Суьйренан бода баьржина цомгашниг чохь Iуьллучохь. Яй наб озийна цунна. Чухьаьжи цIийнда. Хьулимата куьг ластий: дIавала.

- Хезий хьуна, схьайоьл...

- ХIун до ахь сох?

- Схьаеачхьана хуур ду хьуна.

- ДIаваьл, - дека бодашкахь Хьулиматан аз.

- Собар дехьа.

- Собар муха до? Узарш ден ца хеза хьуна? Шуна, божаршна, дотIана хилчхьана, кхин хIумма а ма ца оьший.

Эмгар йолчу чу йоьду Хьулимат. Хьаж тIе куьг дуьллу.

- ЦIе санна, йогуш ю. Миска, ма бала хьоьгу-кх ахь. Кхин дуьненахь а дарба ца хили. Цкъа дагар догIу, тIаккха - хорша. Хьан дестечо цхьа молха дийцинера суна...

- ХIун молха ду и?

- ГIезан даьтта а тухуш, кечдан деза бахара-кх цо и. Мичара дер ду-м хаац суна.

- ГIазакхаша лелайо-кх уьш...

Иштта юкъаделира и къамел. ХIетахь дуьйна ойла юх-юха цунна тIейоьрзура. ГIезан даьтта ма-хиллинехь, Кхоккхина гIоле хир йолуш санна хетара. Цхьана дийнахь Хьайдарбека сац^м бира гIопа ваха.

- ...Хьо муьлхачу юьртара ву хоьтту эпсара, - шерачу нохчийн маттахь вистхилира кхуьнга талмаж.

- Гихтара.

Талмажа гочдира. Вукхо, резахилла, корта таIийра.

- Кхуза хIунда веанера?

Оцу хаттарна ша хIун жоп лур ду ца хууш, холчахIоьттира Хьайдарбек. Ма-дарра дIаолийла а дацара. МостагIашка беламе ваккхийта ца лаьара.

- Хьо вист хIунда ца хуьлу? ГIеза' жижиган чам баккха воьллера? - цавашарца велаозийра талмаж .

- Хьан дена хуьлда неIалт!

Талмажан бос баьхьира. Шаьлтанах ка туьйхира цо. Амма эпсара куьйган эшарехь сацийра.

- Эпсарна хаа лаьа, хьо къу ву я тIеман къайле талла ваийтина мостагI ву, - цабезам хьул ца беш, бохура талмажа. - Къу велахь, хьо набахти чу вуллур ву...

- И хIун ю?

- ТIулгах доьттина цIа. НеIаре догIа а тухуш, вада ца вадийта.

- ТIеман къайле талла веанехь?

- ТIаккха тоьпаш тухур ю.

- Цунна веанехьара, гIезана тIе кхевдар варий со? Къола дан веанера...

- Эпсар ца теша. Цо и хьан хIилла хила а тарло боху. Шеца хуьлуш дерг ирча гIан хетара Хьайдарбекана. Цхьана

дуьнен тIера кхечу дуьнен тIе ваьлча санна. Кхузахь мел дерг дерриге а хийра дара цунна. Ша муха-хIун ала деза ца хаьара. Борз тосаелча цхьана кIаже дулу жа санна, ойланаш цхьана хаттарна гонах хьийзара: кIелхьара муха валалур вара техьа? ТIамехь, девнехь шадерг кхеташ ду : хьуна дуьхьал мостагI ву, я цо хьо, я ахь иза... Майраллой, ка даларой, герзой йист йоккху шун къовсаман. Ткъа кхузахь... Дерриге а керла, хийра... Нохчийн мотт бийца цхьа стаг валар - деккъа и цхьа хIума ду-кх хIоккхуьнан хьалхалерачу дахарца юткъа зIе латториг. Цунах тасавала веза. И хадахь - дIадаьлла...

- Чуьраниг ю чIогIа цомгуш хилла. - Хьайдарбекан аз дегадора. - Цунна дарбанна гIезан даьтта хьехнера хIума хуучу зудчо...

- ХIун хилла цунна? - хоьтту эпсара.

- Дагар ду... Хорша кхетта...

- Зуда чIогIа езаш хила-м деза, - боху эпсара,- иза бахьана долуш, иштта кхераме некъ юьхьарлаца.

- Валаволлучу стеган хьеннан а ду къа, - хьовзийна жоп делира йийсарвинчо.

- Яларх иза кIелхьарайоккхийла лаьий хьуна? - хоьтту эпсара.

- Лаьа.

- Кхара молха лур ду хьуна. Иза мелча, хьан хIусамнана туо а лур ю. ХIорш къинхетаме нах бу. Доглозуш. Хьуна гIо дан воллу эпсар. Варийлахь, хама белахь хьайна дечу диканан...

Буйна лаьцна тIоьрмиг а болуш, тIеман духарца волу цхьа стаг веара чу. Цунний, эпсарний юкъахь къамел хилира. Цул тIаьхьа шегара тIоьрмиг схьа а баьстина, деасонара кехат схьаийцира цо. Талмаже дIакховдийра.

- ХIокху юккъера молха, тIе хи а молуш, дийнахь кхузза дIамалийта цомгашчуьнга. КIира далале цунна гIоле хила йолалур ю. ТIаккха юха схьаккхета. Кхин молха лур ду хьуна. И дIамелча, хьан зуда цкъа а цомгуш ца хилча санна, тоелла дIахIуттур ю.

Хьайдарбекан бIаьргаш чохь цаккхетар, цатешар дийшира Покровскийс. Амма кхо дагалаьцначух хI инца вухаволийла дац. ГIалатваларна кхерам белахь а, цкъа дIа ца долийча ца долу... Замано гойтур Невельской бакъ хилла я ца хилла. Дагадар - ах гIуллакх бен дац. Важа ах - и кхочушдар . Невельской шениг дина ваьлла, рагI - кхуьнгахь ю...

- Хьо паргIат ву. ДIагIо. Вуьшта, цхьабакъду, юьртахошна ма хаийта хьайца Iоттаделларг. Уьш нийса кхетар бац хьох. Шеко кхоллалур ю. И хьехар эпсара до хьуна. Дан хьайна луъург де...

Кхокха де дийне толуш схьайогIура. Ша кIегар а хаалора, кхачанах а кхетара. КIира чекхдолуш меттара а гIеттира. ЦIийндас доккха са даьккхира... Цу тIе, кхин цхьа «хазахетар» а хилира Хьайдарбекана: Бикатус цунна ваша вира.

Цхьана меттехь са ца тоьра Таймасхин. Иза уьдура хьалхалерачу дахарх, йоьллачух, тийначух. Наггахь и дIадахнарг тIаьхьа а кхуьура цунна. Ойланех, когех хьаьрчий, синтем дIаоьцура, ша хилар дагадоуьйтура, балане йожайора. Ишттачохь ша йиса гIуртура. Шегахь дерг нахана ца гайта . Доьналла дацар лачкъо. Кхарда кийча верг ца кхардийта, халахетар долчунна хир болу цатам сов ца баккха.

БIаьнна тIехь баьччa хIоттийчхьана дуьйна, кхин а готтачу гура чу лаца бийзира лаамаш, хьаштдезарш, марзделларш. ХIоккхуьнан хIора дош бIеннийн лере дIаккхочура, йоккхуш йолу хIора г Iулч бIеннийн бIаьргашна хьалхахула яккха езаш хуьлура. Къонахчунна а атта дац и деза дукъ дI аккхехьа. Ткъа хIара йоI ю. ХIинцца ткъа шарера яьлла. Делахь а, оцу ткъа шера чохь кхунна гинарг а, кхуо лайнарг а деххачу дахарна тоьур дара. И бу йоьIан бахам. Нах хьоьгур боцуш бахам, амма мукха белахь а, кхуьнан бахам. Кхин бан а боцуш, хир а боцуш.

Дин Таймасхас санна чехка хоххур бац, тапча Таймасхас санна нийса тухур яц, тур Таймасхин карахь стелахаьштигах тарло, борз саннна майра, ча санна дера то Таймасха мостагIашца. Даркешан дешнаш ду уьш. Ткъа йоIана шена-м хаьий и бакъ делахь а, дацахь а.

- Воккхастаг, ахь дийцинчух ах а соьца дан ма дац.

- Нах тийши ас аьллачух. И ду коьртаниг. Ткъа хьан юха-йолийла дац.

- ХIун де ас?

- Ишттa хила гIорта.

- Ницкъ ца кхачахь?

- Кхачийта беза. Хьо адам ду. Дуьненан эла. ЛадогIа, ас цхьа шира хабар дуьйцур ду хьуна. Дукха хьалха хилла и. Вайн лаьмнаш стигла хIоттийна лами санна хиллачу хенахь. Вайн хьаннаш юккъе кхоьссина тIулг а карор боцуш луьста хиллачу хенахь. Адамашна хьагIгамо йовзале. Беро дена, нанна дуьхьал

дош далоле.

Аьчка пхьола а деш, лам тIехь вехаш хилла цхьа стаг. Нах лахенца баха охьабахча а, шен шира кхерч дIа ца тосуш, циггахь висна иза. Цул а лакххахь кхин цхьа стаг реза ца хилла охьаваха. Ц Iу хилла иза. ЦIецIа а, кхерчара алу а Iалашъян бухависна и цIу. ЧIогIа дехарш дина цо адамашка, дIа ма гIахьара шу бохуш. Шайн Дела дIа ма тасахьара, бохуш. Амма вукхара ла ца доьгIна. Аренца дахар атта ду, луьста хьаннаш ю, цигахь мерза стоьмаш кхуьу, акхаройн тобанаш ягарйина а вер вац олий, шайниг тIедоккхуш хилла цара.

Шо гергга хан яьлла. Адамаша вицвина шайн хьалха хилла Дела. Iесабевлла. ТIаккха ша вуйла хаийта сацам бина Дала. Шийла мох-дарц тIехецна, кхерчашкара цIе дIаяйина цо. Йовхо йоцуш дисна адам. ХолчахIиттина уьш, бIарзбелла хьаьвзина. Доллучунна тIе а, марханийн кирхьа тI етесна, малх къайлабаькккхина Дала. Адамаш дала дийшина. Диканах догдиллина.

- Ас бехирий шуьга?! - ши куьг ирх а дахийтина, охьанехьа мохь тухуш хилла ЦIус. - Делан кхиэл ю шуна хилларг!

Матлам тIера пхьар (цундела наха Пхьармат аьлла цIе тиллина хилла цунна) нахах доглозуш, церан вонан дакъа кхаьчна, гIайгIане воьжна. «ХIун гIо дийр дара техьа царна?»

ЦIеран кIегий ЦIецIа чохь бен дисна ца хилла. Уьш лахьара ахь, адамашна дIадала, аьлла, дехар дина Пхьармата ЦIуга. Амма вукхо аьттехьа а ца дитна. ТIаккха буьйсанна, ЦIу дIа а вижийтина , къайлах ЦIецIин кхерчара кIегий схьа а эцна, даьхьна, адамашна дIаделла Пхьармата.

Iуьйранна хьалагIеттича, лахенца бехачу нехан кхерчашкахь цIе тосаелла ЦIуна. Схьахезаш хилла берийн деларш, мехкарийн эшарш. Талла баха кечлуш божарий а хилла. Дерригенах а кхетта ЦIу.

- Доккха къа латий ахь хьайх, Пхьармат! Дала гечдийр дац

хьуна ахь диначунна.

- Ас адамашна цIе елла. Цо уьш Iожаллах бехи. Дика дар къа латор делахь, ас къобал ца во и иштта лоруш волу Дела.

- Кхера, дуьненан лай! Дала лазарш, вонаш тIехоьцур ду хьуна!

- Цхьаннан вон ган атта ду, массеран а вон гучул.

Шераш дIаихна. Лахъелла хьаннашкара акхарой. Стоьмаш а хьалха санна латош ца хилла.

ЦIуна тIебахана нах. Хьаттина цуьнга бахьана.

- Делан къа летта шух!

- Стенна тIехь бехке ду тхо цунна хьалха?

- ЦIе лачкъийна Пхьармат ву бехке. Малх-Дела нахаца дика хир вац, цунна таIзар даллалц.

- Муха?

- Йоьзан зIенащца дIа а вехкий, малхе дIаэцийта цуьнан бIаьргийн нур.

ГIайгIане эгна нах. И хиъна Пхьармат ша тIевеъна царна.

- Де шайга бохург!

- Хаац... Ахь дика ма динера тхуна. Вуьшта, Делан лаам кхочуш ца бича...

- Со кийча ву.

Малхбалехьа верзийна, йоьзан зIенаш тоьхна, боккхачу чхарах дIавиккина наха Пхьармат. ХIора I уьйранна, малх схьакхетале, ЦIецIа чуьра ара а волий, ЦIус олу:

- Къера вуй хьо, Пхьармат, хьуо Малх-Делан лай хиларна?!

- Вац, ЦIу! Дуьненан эла адам ду!

Къеггина кхеттачу малхо ца Iебаш цIубдо цуьнан бIаьргаш. ТIейогIий, белш тIе хуу Iаьржа хьарг Iа. Ира зIок тухий, накха батIабо. Пхьор дан йолало.

- Къера вуй хьо, Пхьармат, хьуо Малх-Делан лай хиларна?!

- Вац, ЦIу! Дуьненан эла адам ду!

Буьйсанан тийналла йохош дека Даркешан аз. Хетало, ЦIуна жоп луш верг иза ша ву.

СадеIар лахдина, ладоьгIуш Iа Таймасха. ХIора дош дагах кхетий, коьртехьа долу. Ойла чIагIйо. Тешам ло.

- Сайн дегара хезна суна и дийцар, - аз лахдо Даркеша. ТIаккха, жимма Iай, шегара тIетуху: « Дуьненан эла адам ду. Цуьнга дан а лур доцуш хIума дац».

Хезначо ойла дIаехьна Таймасха арайолу. Буьйсанан аьхналло хьоьсту беснеш, бIаьргаш. «Ва, Веза Дела, ма хаза ду-кх хьо дуьне! Цкъа охьадилла дезар ду-кх хьо... Ма дош дацара и. ХIунда ? ХIунда? »

- Таймасха, хьо хьаьнга луьйш ю? - хеза бодашкахь Джамболатан аз.

- Суо сайга.

- Хан яьлла вайна... Кхана Iуьйранна гIовтта а деза.

- ДIайижа йоьду со.

- Таймасха...

- ХIун бохура ахь?

- Хала дац хьуна? Со ца кхета...

- Хала ду суна, Джамболат.

- Юхаяла хьайн дашах.

- Адам дуьненан эла ву, Джамболат. Иза къарван хIума дац. Зударийн гIуллакх дуй техьа ахьа юьхьарлаьцнарг?

- Я зударийн а, я божарийн а гIуллакх дуй хьовха, Джамболат, дов дар, вовшийн дайар.

Вай лоьхуш тIедеана дац-кх и.

- Хьаъа а лехахь а...

- Цхьа дехар дара сан хьоьга... Дукха хьалха ма лелхахьара КЬО тIамехь. Божаршна бегIийла ца хета... Хьуо кхоаяхьара ахь...

- Баьчча товш вац тIаьхьа соьцуш...

- Ас-м хьуна цхьаъ хилахь а аьлла, бохура.

Суна тIехйийлина а ер яц Iожалла. Буьйса декъала йойла!

ДаркешагIеран рагIу кIеларчу цIа чохь Iаш ю Таймасха. Иштта сацийра воккхачу стага. ХIара тIе а тайра.

ГIан гора Таймасхина. Шерачу арахь лаьттара хIара. Гонах, бамба санна, кIайн ло Iуьллура. ЦI еххьана дуьне кхоьлира. БIаьргаш хьала хьажийча, Iаьржа лайн чимаш гира цунна...

Билгалйинчу метте сихвелла воьдура Хьайдарбек. Эпсара дел-яачу молханах гIоле хиллера Кхокхина. Амма кхоччуш лазаро дIе ца хецнера иза. ШолгIа мала дезачу молханах дерг дагадеара тIаккха Хьайдарбекна. Ца лаьара цига ваха. Делахь а, дIадолийнарг чекх ца даьккхича ца долура . Цу тIе, цара ккуьнга бохург кхин хIума а дац. Накъосталла дар бен.

Цхьаьнакхетаран меттиг гІопана гена доццуш къастийнера. Хан - шолгІа боргІалаш кхайкхича. Цундела, Іарж ма елликехь, цІерачаьрга ша мича воьду ца олуш, юьртах велира нза. І Іскъ дика бевзара. Билгалйина меттиг а хаьара - Маьлхан ирзе. Цигахь кхуьнга хьоьжуш хир ву эпсаррий, талмажжий.

Йиллинчу хенал жимма хьалха дІакхечира Хьайдарбек. Кестта гІап йолчу агІорхьара гучувелира ши стаг. Беттаса кхетта яра буьйса. Герга ма-кхеччинехь, вовшийн бевзира царна. Салам-маршалла хьаттира.

- Воле хилирий хьан хІусамнанна, хоьтту эпсара, - лохха дийкира талмажан аз.

- Хилира те, — жоп делира Хьайдарбека,- Дала хан яхйойла шун!

- ХІинца ахь цуьнга малийта деза молха хІара ду хьуна, -хІайкалал долу доьазза тІекІел диллина кехат дІакховдийра талмажа гиххочуьнга.

- Цхьанна а тоса-м ца делира хьан кхуза вар?

- - ХІан-хІа.

- И дика ду. Нохчашна тоьллера паччахьан Іедалан векалшна муьтІахь хиллехьара. Цуьнан меттана , уьш девне бевлла. Хьан юьртахой а тІехь...

- Тхо хьалха гІазакххашца мах лелийна ду... Сан да шуна вевзаш хила а мега.

- ЦІе хІун ю цуьнан?

- БатІал. Совдегар БатІал.

- Эпсара дукха дика вевзара шена боху. Муха Іаш ву хІара хІинца?

~ Могуш-маьрша ву иза-м, - ма-дарра дийца ца хІоьттира Хьайдарбек. Аш, юрт йоккхуш, ха а дойна, охьахаийна олийла-х дацарий.

- Шун юьртахой массо а бу тхуна резабоцуш?

- Резаберш а, боцурш а нисло.

- ТІелетарш дийраш муьлш бу?

- Даркешший, Таймасхий ІаддаІахьара... Вуьйш-м маьрша нах бара...

- Ишттта дош лелаш къонахий бу уьш?

- Цхьаъ воккха стаг ву. Важа... йоІ.

- Муха, йоІ?

Покровскийга цецвалар ца лачкъаделира. Талмаж-м цул а цецваьллера.

- Ой, шайн Жанна д'Арк а йолуш бу нохчий? — эккхийтира эпсара.

Талмажна ца хаьара Жанна д'Арк мила ю. Цундела шатайпана дара цуьнан гочдар.

- Зуда йоцург, хьалхаваккха кхин къонах виса а ца висна гиххойн?

- Даркеш ву-кх и тхан коча хаийнарг.

- Ламанхой буьззина къонахий лоруш вара ша боху эпсара хІинццалц. Амма хьоьгара хезначо цу хьокъехь шеко кхоьлли.

- Шуна ца евза иза, - китарло лоьхура Хьайдарбека. - Ша и цициг санна каде а, тІах-аьлла а ю. БІаьрганегІар тухур доцуш.

- Эпсарна хаа лаьа цо хІун духар леладо?

- Божарийн духар дера леладо.

- Мича басахь?

- Іаьржа дуьйхинчуьра йолуш яц.

Гиххочун и дешнаш гочдешехь, Сергей Петровичан кийрахь цхьа вон дог тохаделира. «Іаьржа цициг... Іаьржа цициг, -хьаьдира юха а коьрте.- Лаа дац иза. Цхьа йоккха къайле ю кхузахь...»

Вист ца хуьлуш вахвеллачу эпсаран бага а хьаьжна лаьттара талмаж. Цунна хаа йиш яцара

вукхуьнгара хьал. ТӀаьххьар а кисана куьг дахийтира Покровскийс.

- Эпсарна чӀогӀа тайна хьан къамел. Цо ши деши ло хьуна. ХӀ.айдарбекна ца хаьара нийса муха хир ду. Схьаэцца даго ца нуьтура (хӀара сагӀа доьхург-х ваций), ца эцча, вукхунна новкъадарна кхоьрура (ша цаларар ду моттахь). И шалхе хааелира талмажна.

- ДӀаэца, - элира цо. - Эпсарна халахетийта мегар дац. Цунна хьоьца гергарло деза. Ламанхойн Ӏедалехь дац цу тӀехь дуьхьало яр.

Хьайдарбекана хаа-м хаьара и шена томана бохуш дуйла. Делахь а, шегахьа дерг дӀатеттар башха хьекъале а дац-кх.

- Вайна юкъара барт эгӀийна леларш зуламе нах бу. Уьш дШбаха беза боху эпсара. Нийса а лоь. Цунах дерг хьайн юьртахошка а къададе. Паччахьан эскар эшо ницкъ бац. Дела цхьаъ-халар санна, бакъ ду иза. Нагахь санна гиххойх цхьаберш зуламна гӀовтта кечлахь, ахь тхоьга схьахаийта деза. Диканна арабевлла бац уьш. Тхоьга схьа тоха бегӀийла долуш цхьа хӀума далахь, хӀора кӀ иранан шолгӀачу дийнахь хӀоккхуза схьаккхета. Хан - хӀарра. Барт хилин вайн?

- Хьожур ву со, - шина даггахь жоп делира Хьайдарбека.

- Марша гӀойла!

- Маршалла хуьлда шуна а!

Гиххо лаьмнаш долчухьа вирзира. Сахилале цӀа кхача деара цуьнан. Ткъа некъ беха бара. Буйнахь молха а къуьйлуш, дӀанехьо диттан генах тесна латтош йолу говр схьа а яьстина, Ӏоьрта чабол ийцира Хьайдарбека. Кхандоххал ваьлча, дагадеара цунна шена делла ши деши. Чета а кхевдина, схьаийцира. Шен дахарехь шолгӀа я кхоалгӀа гуш яра кхунна нахарташ. «Доккха хӀума ду-кх и, - ойла йора Хьайдарбека, - дас бохург бакъ делахь, хӀокху шина дешех базарахь етт а, говр а эцалур цар-кх...»

Сахилале дӀакхечира гиххо. Говр паргӀат а яьккхина, гӀовгӀа ца ян гӀерташ, Хьулимат йолчу чу вахара...

- Хьо лаа вуй, стаг?

- ХӀара йолчуьра вогӀура со-м.

- ДӀавижа веъна хир ву хьо суна?

- Хьайдарбек-м хьаха ву шина зудчуьнца хьовха, шийттанца а ларор волуш. Хьо хӀун ала гӀерта?

- Дала бакъ де и...

- Дукха шар ма лол.

- Мотт ца хуу хьайба санна лелча, сайна хилла баркалла а гуш ю со.

- Ӏуьйранна хӀара молха дӀамалийталахь цуьнга.

- Айхьа дала ца мегара?

- Ца мега...

- Ва, стаг, уьшалара нал йоккхуш санна, и узарш ма дехьа сан лерехь...

Арахь сай, бодий дара къуьйсуш. Хьалхарниг шен марара дӀа ца хеца гӀертара дуьне, шолгӀаниг - цуьнгара и даккха.

...Таймасха набарх яьлча, малх дикка хьалабаьллера. ДегӀ доьхнера. Дог а таьӀна дара. ГӀенах хиллачу ницкъо хьаьшнера ойла. ХӀетахь, юрт йоккхуш, лаамаза тӀедуьйхичхьана дуьйна, кхин дӀа ца доккхуш, божарийн духар леладора йоӀа. Иза а тӀехь йижар, гӀаттар а хуьлура.

КетӀахь цхьа гӀовгГанаш евлира. Луьйш адамаш дара. Сихха чуьра араелира Таймасха.

Урам дӀалаьцна лаьттара кхунна бевзаш боцу нах. Даркеш вара цаьрга ладоьгӀуш.

- Тхоьца МартантӀера а, ГӀойтӀара а нах бу, - бохура лохочу дегӀахь волчу ламанхочо. - Ший а юрт ягийна дӀаяьккхина салташа. Оха дуьхьало йира. Амма дукха хиларна, уьш туьйлира. Охьенца даха меттиг яц тхуна. Аш тӀеэцахь, кхузахь совца дагахь ду...

- Цхьа нохчий дац вай?! - кийрара схьа мохь белира воккхачу стеган. - Оьцур ду, дера-кх, оха-м шу тӀе. Тхан ницкъ кхочу гӀо а ма дийр ду.

- Дала сий дойла шун, гиххой! - элира оццу лохачу стага. -Оха дицдийр дац де доьхначу дийнахь аш тхуна дина вошалла.

Кхелхина баьхкинарш доьзалшций, гергарчаьрций цхьаьна гиххойн хIусмашкахула дIасабийкъира. Къамел дина лохочу дегIехь верг шен доьзалца ДаркешагIаьргахь висира.

- Хьан цIе хIун ю? - хаьттира цуьнга хIусамдас шаьшшиъ рагIу кIел ваьлла, охьахиъча.

- Доьрчий деш волу Дунда олу-кх сох наха, - жоп делира вукхо.

- Сан цIе Даркеш ю.

- Хезна суна наха вуьйцуш.

- Дуьне гатделла адамашна, Дунда. Вовшийн багара яьккхинарг бен сискал мерза ца хета.

- Оцу дешначу наха юьйцу тIаьхьара зама ю моьттуш ву-кх со хIара, Даркеш.

Воккхастаг гIийла велаозийра.

- Со хаъал хилчахьана дуьйна хезаш ду суна и дешнаш.

- Керста Дажал ваьлла боху, Даркеш. Цкъа бага гIаттийча, юрт йиллал адамаш дIа а кхоллуш. Салтий цуьнан бIо бу.

Даркеша, резавоцуш, корта ластийра.

- Хабарш дара уьш-м, Дунда. Iаьржа бIо хилар - иза-м ду бакъ. Амма вайн а санна, ши ког а, ши куьг а ду церан. Тоьхча, даза а бо. Са лоцце кхетча, лан а ле. ТIамо бен ца туху тIом Оуха.

- Бехк ма биллалахь суна, Даркеш, цхьа тамашийна хIума Квзнера тхуна. Хьоьга цунах дерг хоттур ду бохуш, хиллера 80...

Бехке дац, хатта ахь.

- БIона хьалхаяьллла лелаш зуда ю ма боху шун.

- ДIогара жимха гой хьуна? - Таймасха йолчухьа куьг хьажшчра воккхачу стага.

- Герзаца муха ву хьо?

- Шаьлтан тIехь сол тоьлла стаг-м вац хIинццалц.

- Хьуна хезий тхан къамел? - Таймасха йолчухьа воьрзу Даркеш.

- Хеза, воккха дада.

- Тасалой хьо кхуьнца?

- Тасало, хьуна лаахь-м...

Шиммо а шаьлтанаш йоху. Вовшашна тIедолало. Зуьйш, Юаьлта ластайо Дундас. Жимхас бIаьргнегIар а ца туху. ХIинца тоха дагахь айайо Дундас шаьлта. ХIаваэхь суйнаш довлу. Кхин цкъа а... Кхин цкъа а... Болато духатуху болат.

ГIелвалар хаало Дундина. Пхьарс а шашах охьаоьху. КIадвелла. Делахь а, къурд олийла дац.

Алу йогу жимхин бIаьргаш чохь. Хьацар тоьхна юьхь тIе. Лмма куьйго чIогIа къуьйлу хIинца а шаьлтанан мукъ.

Жимха тIетеIа. Дунда вухаволу. Леккха аййой, кхуьнан коьрта тIе охьайоуьйту жимхас шаьлта. Шегарниг дуьхьал лаца кхуьу х Iара. Тохар духатуху. Амма шаьлта юккъехула кагло. Ткъа ша Дунда, вухаволуш, ког а тасалой, аркъал вужу.

- ДIабаккхал хьайн коьртара куй.

Жимхас кхочушдо шега аьлларг. Белш тIехула месаш яьржа.

- И жоп ду-кх сан хьуна дала, Дунда... - велакъежа Даркеш.

Сарахь кхура кIел кхеташоне гулбеллера гиххой. Цига кхайкхина яра Таймасха а. ТIебаьхкинчарах - цхьа Дунда. Хьалхара дош ийцира Даркеша.

- Паччахьан эскаран Iалашо цхьа юрт я ши юрт йохийна Iер дац. Дийнна вайн мохк караберзор - и ду цара дагалаьцпарг. Цхьана куьйган пIелгаш ду вай. Царах цхьаъ ца хилча, мел гIертарх, буй балур бац. Вайн даьржина хилар мостагIчуьнгахьа ду. Цхьаьна хила деза. Шу реза делахь, кхечу ярташка геланчаш бохуьйтур бу. Кхузахь хилла къамел царах дIатоха. Шуна муха хета?

- Ас къобалдеш гІуллакх ду-кх и, - доцца хадийра Бекмарзас.

- - Ишта-м ма дара иза, - ойлане хилира Хьату. - Вуьшта, кхин агІо а ю-кх цуьнан...

- Алал хьайна хетарг, - пурба делира Даркеша.

- Нахана вуно даккхий зенаш хилла, - меллаша дІадолийра цо. - ТІеман кІегашна тІе хІуп баьхча , цІе марсаялар бен хІума хир дац. Барт лаха безара. Со дика кхета, Даркеш, хьоьгахь долчу хьолах. Цхьана дийнахь ворхІ кІант коша виллина дай кІезиг бу дуьнен тІехь. Велла дІаваллалц йоьрзур йоцуш чов йина хьуна... Делахь а, сиха ма хила, собаре хила...

Хьатус и къамел деш, юьхь тІера цхьа хьаса меттах ца белира Даркешан. Лерина цуьнан тидам беш Іара Таймасха.

- Хьо велин, Хьату?

- Вели, Даркеш.

- Вай сан кІентийн чІир лаха ца гулделла кхуза. Халкъан юкъара гІуллакх дийцаре дан даьхкина. Къамел цу хоршехь дІа а дахийта...

- Нийса боху, - къамелна юкъавеара Уки. - Массо а нохчех хьакхалуш ду вай дийцаре даьккхинарг .

- Со реза ву аш бохучуьнца, - вистхилира хІинццалц ладоьгІуш Іийна Дунда. - Уьш дІабаха а, я вайца бертахь баха а баьхкина бац кхуза. Кху мехкан дай хила баьхкина. Цара ДІалуьйцу уггар тоьллашха долу латтанаш. Шайна юкъахь доькъу уьш. МаьІ-маьІнехь гІаьпнаш хІиттайо. Теркал дехьа ярташ ехкина. Хьалха вайца машарехь баьхначу гІалгІазкхашна юкъахь эладитанаш даржадо. Питанаш туьйсу. Вадарх кІелхьара ца волу тІамах.

- Сапарбек, хьуна лаьий вистхила?

- Вистхир ву со, Даркеш, - йовхарш а тухуш, къамеле велира важа. - Шуна хууш ду сох дерг... Еххачу хенахь шуна юкъахь Іаш, дукха ойланаш йина ас, дукхачу хІуманех кхетта. Оьрсий а тайп-тайпана бу, гиххой. Мисканаш - миска, хьалдерш - хьалдолуш. Нохчашца мохк къуьйсурш мисканаш бац. Белахь а, гІожаца эскаре лаьхкинарш бу. Со санна. Ма мотталаш уьш шайн лаамехь я даладелла лелаш бу. Ца бевлла лела. Муьжгийн цхьа а гамо яц ламанхошца. Хьоладай бу шайн хьал дебо арабевлларш. Уьш а, вуьйш а аш къастабойла луур дара суна... Кхин цхьа хІума а ду. Парг Іато мерза стом бу шуна. И шайгара ма яккхийталаш. Цуьнан мах лолла кІел ваьллинчунна бен хуур дац.

- Хьекъале дешнаш ду, хьекъале, - тІетайра Даркеш. -Миска нах массанхьа а бу цхьабосса. Церан вовшашца къийса хІума а дац. ХІара хьан ю, хІара сан ю аьллачу шина вешина юкъара а дІайолу марзо. Цхьаъ вукхул тоьлашха хила гІертаро вовшахдаьккхина адам... Таймасха, хьан дуй ала хІума?

- Гиначара бахарехь, тІеттІа керла салтий бу гІопа схьакхуьйлуш. И лаа дац. ХІинццалц вай, дукха хьолахь, мостагІ тІе-датталц а Іай, тІаккха беккамна гІовттура. Соьга хаьттича, тахана кхечу кепара дІабахьа беза къийсам. Кегийчу тобанашка декъа а делла, аьтто баьл-баьллачохь салташна тохарш деш...

- Дера, вайн дайша аьлла-м ду: хьалха дІатоьхнарг тоьлла, - ажъаиккхира Дунда.

- Вижар-гІаттар цхьанхьа долуш хила беза вайн бІо, - кхи-дІа а шена хетарг бохура Таймасхас. - Хьашт ма-хиллине, кийчча хила. ХІора кетІа хІуьттуш а ца лелаш. БІаьхой кхечу гІуллакххех мукъабаха а беза. Ерриг а хан, ницкъаш тІеман гІуллакхна цаьрга дІабалийта. Царна говраш, кхача латтор юьртана тІе а дуьллуш. Иштттий бен вайга хьокъала йоллу дуьхьало ялур яц мостагІ чунна.

- БІона юкъа боьлхуш берш уггар каде, майра къонахий х илча, уьш кхаба а, царна оьшург латто а ницкъ кхочурий техьа баккхийчу нехан а, зударийн, берийн а? - шекьхиларца хаьттира Укис.

- Дийнахь а, буса а юкъ ца йостуш верг иттех стаг бен хир вац, - кхетийра Даркеша. - Уьш юьртана ха деш а, мостагІчо дийриг шайн тергамехь латтош а берш хир бу. Вуьйш цхьана билгалонца, орца ма-деллинехь, хьалхе къастийначу меттиге дІагулбала беза.

- И ша гІуллакх ду, - синтеме хилира Уки.

- ХІора кІуьра тІера цхьацца тІемало къасторна барт хуьлий вайн? - хаттар дира Даркеша.

Хуьлу, - элира Бекмарзас массарна а хьалхара.

- Оьшучу бараме хьаьжжина, хийца а болуьйтуш, тІекхойккхур бу вай уьш. Низам лардар массарна а тІе а дуьллуш...

Талла ваханчуьра цІа вогІуш волчу Хьайдарбекан бІаьрг кхийтира кхеташоне хевшина Іачу нахах.

«ХIун дуьйцуш бу техьа хIорш бан?» — ойла йира цо. «Жана хьалхаяьлла къена бож санна, Даркеш ву-кх гиххошна тIехь олалла деш. Таймасхех баьчча йинарг а иза ма ву. Вайн Делора, хIетахь. оцу талмажа вийса-м ма бохура: «Къонахий дIабевлла гиххойн?» ЙоьIан гIуллакх ду, шаьлта хьалха а тесна, божаршна юккъехь дар-дацарш мел даьллачу лела? ЮьхьIаьржо ю-кх, цIена юьхьI аьржо. ХIинца а цхьана хIуманна беттало хир бу... Ваша вала кху белхан, Таймисха ю кхеташоне кхайккхина! Дуьйцу а цахезнарг...»

Кхокха дуьхьал еара кхунна. И шолгIа молха мелчахьана дуьйна, вуккхара ма-бохху, «хах-х» аьлла тоелла, когашна тIе хIоьттира Хьайдарбекан жима нускал. Мецачо ючуьнга тосу са санна, цуьнца цхьаьна метта дIавижарх сатесна вара цIийнда. Цундела кIелдIахула Кхоккин неккхех бI аьрг беттара цо. Куьйгех хи кхорзучу юкъана уьйтIахь хийра нах хилар тосаделира Хьайдарбекна. Ца кхеташ, хIусамнене хьаьжира.

- Юрт йохийна, вайна тIебаьхкина бу уьш, - элира Кхоккас. - ХIусамашкахула дIасабекъна.

Оццу хенахь тIехьахула тIе веана цхьаъ вистхилира: «Воха ма вохалахь, хIусамда, хьуна дукха новкъарло ца ян хьовсур ду хьуна тхо». И аз шена цхьанхьа хезча санна хийтира Хьайдарбекана. Вухавирзича, шена хьалха лаьтташ талмаж гира. Доза доцуш дара хIусамден цецвалар. Цхьана юкъана вист ца хилалуш, мотт сецча санна, лаьттира, тIаккха халла хазийра: «Воха хIума дац кхузахь-м. Хьаша Делера ву». ДIабохург и делахь а, эзар ойла хьаьдира коьрте. ТIаьххьара хIорш гичхьана дуьйна кхо-диъ кIира а даьллера. Шен гIуллакх дуьззина кхочушхилла волу Хьайдарбек башха саготта а вацара и гергарло кхидIа дахдан. Цхьана дегIана юьртахь и тосалахь, хIара хIаллакьхилла ваьллера. Цундела Маьлхан ирзе кхача сиха вацара хIара. Хилларг дицдала гергадахнера. Мичара волу а ца хууш, талмаж гучу ца ваьллехьара...

Бодашкахь шиннан аьзнаш хеза:

- Хьо тIап-аьлла ва ма вайна?..

- ХIинций-хIинций бохуш... Цхьаъ ца нислуш, кхин галдолуш...

- Эпсар вара хьо ган лууш.

- Могуш-маьрша веца хIара?

- Дика ву иза-м. Юьртахь хIун ду? Лелалой, дахкалой шу?

- ДIадохку, гIийла тхайн дуьне дууш.

- Тахана баккхий нах кхеташоне гулбеллера ма боху.

- Боху те.

- ХIун къастош бара хIорш хьовха?

- Хьанна хаьа и... Со цигахь вацара.

- Хьо санна волчуьнга ца кхойкху ишттачу.

- ХIан? Хьан хIун дара суна ала?

- И ас кхечухьа эр ду.

- Хьуо сахуьланга валахь.

- Дала цадинарг хIумма а хир дац. Хьоьгара-м муххале а.

- Дела а ву хьан, копар-керста?!

- Со бусалба ву. АллахI цхьаъ а, Мохьаммад цуьнан пайхамар а лоруш.

- Керстанашна доьшанах хIунда воцу хьо тIаккха?

- Цара вина сох стаг.

- Стаг вешшехь хуьлуш ву стаг, ша велахь, цхьаммо а веш вац.

- Деза ма дийца, кетаран меза... Хьайдарбека шаьлтанах ка туху.кхорзучу юкъана уьйтIахь хийра нах хилар тосаделира Хьайдарбекна. Ца кхеташ, хIусамнене хьаьжира.

- Юрт йохийна, вайна тIебаьхкина бу уьш, - элира Кхоккас. - ХIусамашкахула дIасабекъна.

Оццу хенахь тIехьахула тIе веана цхьаъ вистхилира: «Воха ма вохалахь, хIусамда, хьуна дукха новкъарло ца ян хьовсур ду хьуна тхо». И аз шена цхьанхьа хезча санна хийтира Хьайдарбекана. Вухавирзича, шена хьалха лаьтташ талмаж гира. Доза доцуш дара хIусамден цецвалар. Цхьана юкъана вист ца хилалуш, мотт сецча санна, лаьттира, тIаккха халла хазийра: «Воха хIума дац

ккузахь-м. Хьаша Делера ву». ДІабохург и делахь а, эзар ойла хьаьдира коьрте. ТІаьххьара хІорш гичхьана дуьйна кхо-диъ кІира а даьллера. Шен гІуллакх дуьззина кхочушхилла волу Хьайдарбек башха саготта а вацара и гергарло кхидІа дахдан. Цхьана дегІана юьртахь и тосалахь, хІара хІаллакьхилла ваьллера. Цундела Маьлхан ирзе кхача сиха вацара хІара. Хилларг дицдала гергадахнера. Мичара волу а ца хууш, талмаж гучу ца ваьллехьара...

Бодашкахь шиннан аьзнаш хеза:

- Хьо тІап-аьлла ва ма вайна?..

- ХІинций-хІинций бохуш... Цхьаъ ца нислуш, кхин галдолуш...

- Эпсар вара хьо ган лууш.

- Могуш-маьрша веца хІара?

- Дика ву иза-м. Юьртахь хІун ду? Лелалой, дахкалой шу?

- ДІадохку, гІийла тхайн дуьне дууш.

- Тахана баккхий нах кхеташоне гулбеллера ма боху.

- Боху те.

- ХІун къастош бара хІорш хьовха?

- Хьанна хаьа и... Со цигахь вацара.

- Хьо санна волчуьнга ца кхойкху ишттачу.

- ХІан? Хьан хІун дара суна ала?

- И ас кхечухьа эр ду.

- Хьуо сахуьланга валахь.

- Дала цадинарг хІумма а хир дац. Хьоьгара-м муххале а.

- Дела а ву хьан, копар-керста?!

- Со бусалба ву. АллахІ цхьаъ а, Мохьаммад цуьнан пайхамар а лоруш.

- Керстанашна доьшанах хІунда воцу хьо тІаккха?

- Цара вина сох стаг.

- Стаг вешшехь хуьлуш ву стаг, ша велахь, цхьаммо а веш вац.

- Деза ма дийца, кетаран меза... Хьайдарбека шаьлтанах ка туху.

- Дера дара ас хьан парт-аьлла са доккхур!

- Со хьаша ву хьан цІен тІехь. Цул сов, соьгахь герз а дац.

- Хьашт доцург ма дийца тІаккха.

- Хьо санна, ламанхо ву со а. Амална сиха а, дашна ира а волуш.

- ХІун оьшу хьуна соьгара?

- Вайн гергарло цахадор.

- Ас мотт беттар бац. И беттачарах ваша а ца веша.

- Шена саерриг до стага. Хьуна тхох дикий бен ца даьлла...

- Бехк ма билла, совнах дерг далийтинехь.

- И ду-кх къамел...

Хьешо кхо де даьккхира юьртахь. ТІаккха кхечу ярташкахь шен гергарнаш лаха воллу аьлла бахьана а хІоттийна, дІавахара. Билгалйинера Хьайдарбек Маьлхан ирзе вогІу волу хан а. Цунна тІедиллинера гиххойн къаноша кхеташонехь сацам бинарг хІун ду хаар а, дан дагалаьцнарг, цуьнан мехала хиларе хьаьжжина, сиха гІопахь болчаьрга дІатохар а. Ша хІусамдеца къаьсташ, кхо деши дІакховдийра цуьнга Бешар-талмажа.

БатIалан цIен тIера бIо вахар Хьайдарбекана тIехь дисира. Важа ваша чолакх вара. Бикатус винарг некхах а ваккхаза вара. Ха чуьра дьакккхина БатIал Iасана тIе тийжаш, дуьххьара воккхах волу кIант вехачу керта веара. УьйтIа воллушехь, хьалха Кхоккина гира иза. Марда несе мотт бастийтина а вацара. Цундела Кхокха йоьхна хьаьвзира, ша хIун дийр ду ца хууш. БатIал а кхийтира шегара даьллачу гIалатах.

- Аракхайкхал хьайн майрачуьнга, - элира цо, кхин дан хIума а ца хилла. Нус неIарна тIехьа къайлаелира.

«Яц сан нус ирча а йолуш-м, - дагадеара мардена. - Хьажахь, ян а еаний кхуьнга! Сан дикачу десара, тхан хIух схьа мел бевлла божарий зударшна баъал дуккхабезаш ма бу, дуй хьуна».

Хьайдарбек уча велира.

- Хьо чу хIунда ца вогIу?

- Арахь мох кхеташ Iар гIоле хеташ ма сецира со-м. ХIоккхуза IиндагIе охьахайтал вайшиъ.

- Чу веанехь, бакъахьа ма хетара суна-м.

- Охьахаал суна юххе. Иштта. Ванах, ва кIант, вай вовшаш-м кур а бетташ лелла девр дуй техь, хIан?

- Нахана хьалха а хаза-м дац...

- Дац, сан дикачу десара, данне а-м. Хилларг хилла даьлла. И диц а дина, вовшашна тIе а доьлхуш, бертахь, мерза даха деза.

- Сох а, сан аьллар долчарах а гIоьртина хIума дуьсур дац.

- Хьоьга бIо кхайккхина ца боху?

- Кхайккхина.

- ХIун дер тIаккха, къонахийн гIуллакх ду иза. Хьуна махаъара, сой, юккъернагтий воцчу новкъа ву, жимах йолу мераIуьрг ненан юх а лаьцна леллал бен вац. Хьуна хьайнна диси-кх вайн цI ийнах бIо гIуллакх дIаккхехьар. Цкъачунна.

ХIинц-хIинцца кхетта БатIал воккха хилча стеган дог кIадло бохучух. Дера, тохарлернаш дIа ма девлла. Кхин юха а догIур доцуш. Цхьа мур хиллера и. Карахь болуш хама бан ца хууш, карара баьлча, доллучух а волуш. Цхьа де барзехь а ца лаьттина. Ма хетта ца хилча, ма торру. ХIокху тIаьххьарчу шераша къанви БатIал. Бала бу кхуьнан кийрахь, нахе бийца йиш а йоцуш. Дала кхиэл яро синметта туьйхи... КIант бохург-м, дера, доккха хIума ма дара... и хьан махьарлах вина велахьара. Кхунна-х хьаьий иза шех ца ваьллийла. Гуттар хIара вохийнарг Бикатус бIаьрга тIе бI аьрг а хIоттийна, хьан цIийхсих схьаваьлла ма ву хIара, бохуш, къарвар дара. «Сох муха волу иза, хIокху тIаьххьарчу хенахь хьуна улло веъна а ца хилча? » - чуьравуьйлура хIара. «Хьо ниха мелла, вехна вара цу буса, айхьа хIун леладо а ца хууш», - кийтарло йира вукхо. «И а хуур доцуш, вехна-м хилла хир вац хьуна со!» - тен ца туьгура БатIал. «Хьо хьайх вага Iемина ву, цундела цкъа и хьайгара даларх а ца теша!» -дIовш схьадеттара эхь-бехк дайначу зудчо. ХI ара кхийтира цуьнца къийсаваларх ша тулург цахиларх. Къаьхьа къурд бина, дIатийра. Де-дийне даларца шалхаелира кхуьнан ойла а. «Боккъал а, цо ма-бохура, хила а мегара иза. Мелластаг - велла стаг ма ву. Вуьшта, цхьана а хIуманах хьожа йогIур йолуш-м яц хIара, дала дIаэцарг. Делахь а, сайгахьа дерг къобалдан деза...»

БатIална шен важа доьзал а дагабеара тIаккха. Ур-атталла, цамгаро лаьцна Iуьллучунна тIехI итта а волавелира. ХIинца Хьайдарбек волчу а веа. Къинош лето хан дIаели. Миэл хин берг дан деза.

- Варийлахь, сан кIант, наха вон цIе яккхарх ларлолахь! -БатIал дIаваха хьалагIеттира.

- Цхьана пхьор дер вай. ХIе, хезий хьуна, текх хIоттадел...

- ДIагIур ву со, - тIе ца тайра да. - ГIоза юийла. Шун нана йолчу хIотта дезаш а ву...

Хьайдарбекана хазахийтира шайн и къамел хилла. Хуьлучу бохамаший, цатемаший веддина, хьаьшна цуьнан дахар серла-долуш лаьттара. Халачу цамгарх хьалхаяьллера Кхокха. Ши кIорни а еш, хьалхий, тIаьхьий ехкира гомашаш. Хьалха ялийначу зудчуьнца йолу юкъаметтиг а шелонан хьу дI аяьлла, ясталуш йогIура. Деца а тай. Делахь а, деган кIоргенехь шера къаьсташ а боцуш, цхьа сингаттам бу дай-й ов детташ. Лаамаза некха тIе куьг хьо цо. ТIийриг а тесна, коча оьллина бохча хаало пIелгашна. Пхи деши ду цу чохь дIалачкъийна. Царах вала а ца лаьа, хIоразза уьш дага ма даьхккинехь, бохчано накха багош санна а хетало. И цхьаъ доцург кхин кхуьнан синтем бойуш хIума дац. Хьалха и иштта кхераме а ца хетара цунна. Амма Бешартал-мажца къамел хилчахьана кхийтира: бегаш бац. МостагIащца зIе тесна кхо. Ца тесна ша лоьхуш-м, иштта нисделла-кх. ХIетахь уьш ца хиллехьара, Кхокха хIинца могуш-маьрша кхунна хьалхахула а хьийзар яцара.

Шен са дадийна лела массо а. Кхечарна цара хIуъу динехь а, Хьайдарбекана дас-вашас ца дендолу дика дина-кх оцу гIопарчу керстанаша. Ламазна корта бетташ суна-м ца гина Даркеш. Я цхьанна а ца гина. Къайлах нал дIа а етташ Iа-кх. Со суо вац масех шо хьалха хьуьна юккъехь иза нал тилош воллуш тIекхаьчнарг? Хьажа-Iела вара-кх чIогIа суьпаваьлларг... Иза а нах юха ца богI учу дIаваха. Хьам баккха пурба ма лойла цунна! Ткъа Хьатус-м церан Дела а, бусалба Дела а цхьаъ ву боху. Дера, и бакъ хила мегаш а ма ду. Вовшийн тIассаш йиъна девр дуй?

Цу кепара еш йолу ойланаш сов мел йийли, ша дийриг вон хIума цахиларх тешара иза. Яа дог хилча, чено шен кIорни ченала хьаккхийна боху.

Инарла Севцов коьртехь волу экспедиционни корпус цIарций, туьрций чеккхъяла езаш яра Нохчийчухула. Билгалдина дара новкъадовларан де а, сахьт а. Кхана и хуьлу аьлча, тахана Севцовн а, Покровскийн а къамел хилира.

- Оцу акхачу нохчаша юха а корта хьалаайбина, - бохура инарлас, букъа тIехьа куьйгаш а дехкина, чухула дIаса а хьийзаш.- Вайн сиха цахиларо а, цхьана хIумане ладоьгIуш Iеро а майрабаьхна уьш. Паччахьан цIа реза дац кхолладеллачу хьолана. Цо билггала долу гIуллакхаш дар лоьху.

- Ламанхоща дерг туьйранерчу дуккха а кортош долчу саьрмакца тIом бар санна ду, - меллаша вистхилира Покровский. - Ахь дIабаькккхинчу метта кхин корта хьалаболу.

И дустар инарлина даррехь ца тайра. Юьхь кхуьйлира цуьнан. Сергей Петрович кхийтира ша совнах дерг далийтина хиларх. Цундела и дIадерзо гIоьртира: «Цаьрца атта хир дац бохург ду и сан, хьан сийлахь-воккхалла. Кхузара хьелаш тидаме а оьцуш, тIеман тактика мелла а хийца езарий техьа?..»

- Гой хьуна, сан къона доттагI, (хIума-м дац ас иштта хьох аьлча?) хьан ойла яр гIопахь хан яккхаро билггалчу хорша дерзийна, - хьехар дарца элира инарлас. - ТIелатар духатохаран тактика олу цунах. Хьуна Iамийна ма-хиллара, - кIеда вела-озийра Севцов. - Петербургехь хьох лаьцна дуккха а диканиг ца хезнехьара, ас нийса ца кхето а мегара хьан дешнаш...

Инарла луьйчуьра сецира. Покровский хIинца дохковаьллера цуьнца и къамел долийна. Ша дечунна тIехь цхьана а тайпана шеко хуьлучарах тера вац иза. Шен тIеман хьекъалх тешна а, салтех бIо булуш а ву. Цу тIера инарла ваккха гIертар -Iовдалалла.

- Дала аьтто бойла-кх шун, хьан сийлахь-воккхалла!

- Амин! — куьйга эшарехь жIара ира динах тешар чIогIа долчу инарлас. ТIаккха тIетуьйхира: — Паччахьан а, Даймехкан а дуьхьа!

Сахуьлу седарчий довш, йоьзан зурманаш лекхна, могIа нисбеш, салтий дIа а хIиттийна, гIопара яьлла, лаьмнашкахьа йирзира мостагIийн гIера. Сирачу динахь дошлошна хьалхаваьлла инарла Севцов вара. Иза цуьрриг а шек вацара ша Петербурге толамца вухавоьрзург хиларх. Цуьнан хьесапехь, сила долчу эскарна дуьхьало ялур яц оцу тIуьсканашка.

Цкъачунна сагатдар доцуш схьайогIуш йолу гIера, ГIойхи йисте кхаьчча, садаIа сецира. Амма инарлин дин нуьйра кIелара паргIатбаккха кхуьнан гIоьнчий кхиале, дехьарчу маьIIехь герзаш а, царна тIаьххье салтийн маьхьарш а девлира. Го бина эпсарш а, салтий а болуш цига дIахьаьдира инарла. ТIекхаьчча, масех дакъа карийра лаьттахь Iуьллуш. Царна тIе а хIиттина лаьттара хиллачух цакхетаррий, кхерабаларрий цхьаьна ийна болу салтий.

- ХIун ду хилларг? - буьрса хаьттира инарлас.

- ХIара болх би-кх цара... - халла делира цхьана прапорщикера.

- Хьан «цара»? - чукхохкавелира Севцов.

- Оцу нохчаша, - воьхна, куьйгаш дIасадахийтира прапорщика.

- Муха? - чуьравуьйлура инарла. - ГIаролна тоса ца луш, гIартата доцуш...

- Хаац, хьан сийлахь-воккхалла, - чIениг егайора къамел дечун. - Ша уьш жинашца тайна бацахь ...

- Хабарш! КIиллош! — мохь хьоьккхура инарлас. — Кхера-делла, чохь са дац шуна. БIарлагIаш хI уьтту хьалха. Дицделла, шаьш мичхьа ду?! БIаьрг ира а, лерг сема а хила деза кхузахь!

- Кхочушдийр ду, хьан сийлахь-воккхалла! - бехкалвахна эккхийтира салтичо.

Хьалха хилла синпаргIато дIаелира инарлин. Дагахь а доцуш хиллачу некъахьовзамо ойла хьаьшнера. Цунна дагатесира Покровскийн дешнаш... Цо кхин тIе а карзахваьккхира. «Лаамаза тIе Iиттабелла хир бу нохчий, — ша-шен теван гIертара иза. - Кхийсарш ян бен кхин доьналла долуш бац. Шаьш динарг доккха хIума а хеташ, цIехьа йоьгIна боьлхуш хир ду, даздина дийца...»

Малх гIушлакхе баьллера. Хьун нилха йолчохь бен стигла а ца гора салташна. Дуьххьара кхуза

нисбеллачарна Іаламат инзаре дара гонах бІаьрго схьа мел лоцург. Луьста хьаннаш, кІорга І аннаш, ламанан сиха хиш, акха хазалла, адаман ког ловзаза меттигаш - и дерриге а ойла дІ алоцуш дара.

Хьуьнан тийналла ятІош, бертахь тоьпаш евлира. Салтийн узарш а, маьхьарий а цхьаьна ийра. Кхераелла говраш, тІаьхьарчу когашна тІе а хІуьттуш, терсара, цхьана меттехь латта ца туьгура . Диттийн гаьннашна юккъехула лаьхьарчий санна хьийзаш, чІуг етташ, стигла хьалаоьху тоьпан молханан кІур боцург кхин гуш хІумма а дацара. Цхьана юкъана эгІийча санна лаьттина гІера меттаеара. ДІасабаьржира. Шеко йолуш, хетхеттачу тоьпаш йиттира.. Амма са долу хІума ца хааделира.

«Вухавирзича хІун дара техьа? - ойла хьаьдира инарлин коьрте.- Юьхьанца дуьйна ца тайна баьлла некъ... - Юха а тІеман тактиках долу Покровскийн дешнаш дагадаьххира. - ХІан-хІа, - элира цо ша-шега. - Ас и дича, сох кхаьрдар бу. Нохчийчун шаьлтанах валар гІоле ю, и дечул».

ХІора дитта тІехьа нохчичун сурт хІуьттура эпсаршна а, салташна а. Тоьпан лога тІе биллинчуьра дІа ца боккхура пІелг. Тарраш а баттара даьхна дара. Боьра кхаьчча, хьалха богІ учу салташна хьаьмцийн коьллашна тІехьа татанаш деш хезира. Омра даре ца хьоьжуш, тоьпаш туьйхира. Цхьа экха дІаиккхира цигара. Цул тІаьхьа, ишта а дог даьтІа болчу сатийн ойла кхоьлина, кхераман гуро Іаьвдина дІаяьккхинера.

Ха чІагІдина, герз кийчча латтош, сема ладоьгІуш, гиххойн хьун чу юьйлира гІера. ТІемаш тухуш , цхьа доккха олхазар гІеттира бохь бойначу попа тІера. Цхьана салтичун корта лаамаза цигахьа дІабирзира. Хьала а хьажийна, топ кхоьссира.

Юха а тийналла хІоьттира. Буьрса, синбІаьрзе, карзахе тийналла. И тийналла яра лан уггар халаниг. Цо стогаллах, хьайн ницкъах тешна хиларх воккхура. Синтем дІаоьцура. Кхераман ша буьллура хьан кийра. Іожаллин Іа еттара юьхь тІе...

Цхьа къона салти хьалха вуьйхира собарх. Ца хьажош, коьллашна юккъе кхин цкъа а топ туьйхира цо. Мохь бетта волавелира:

- Схьагучудовла, делан неІалт хиларш! Мичхьа ду шу?! КІиллой! ДІа хІунда лечкъа шу?! Юьхь-дуьхьал къовсур вай... ХІа-а, ца даьхьа! Кхоьру? Шун болх-м оха бийр бу шуна... Собарде аш...

Бист ца хуьлуш, шайн накъосте а хьуьйсуш, цуьнгахь долчу хьолах кхеташ, дан хІума а доцуш, лаьттара салтий. ТІаьххьар а мохь беттачуьра сецира иза. Цхьаннах а ца лечкъош, велха волавелира.

ТІевеанчу инарлас шеца волчу эпсаре омра дира: «Герз схьаэца цуьнгара. Юхxе ши-кхо накъост хІ оттаве. ХІуъу а дича, эхь дац цунна...»

Делкъал тІаьхьа садаІа севцира салтий. Гонах шалха ха хІоттийра. Эпсарш а бара, тобанаш йина Іачу салташна рогІ-роггІана тІе а оьхуш, уьш иркара хІиттош. Жим-жимма дІаболуш лаьттара кхерам а. Лайнарг мел ирча хиллехь а, карахь долчуьнца веха стаг. Цу тІе, халкъалахь олуш а ма ду: юьхь вон хилча, чаккхе дика хуьлу.

МостагІийн гІера шайн тергамера дІа ца йолуьйтуш, йистехьо бевлла, тебаш, гучубовлархь ларлуш, схьаоьхура гиххой. Уьш дІабуьйлабелча - дІабуьйлалуш, уьш севцча - совцуш.

- Церан цІоганах тийсаделла лелла девр дуй вай? - резавоцуш кхоьссира Джамболата. - ТІелата дезара. Уьш кхин генара дуьхьало ца ечу тІе бевлла.

- Сихлур дац вай, - лохха жоп делира Таймасхас.

- Хьаьнга хьоьжуш Іа?

- Ха а чІагІдина, сема Іаш бу уьш.

- ТІаьхьа богІурш ас сайна тІе лоцу хьуна.

- Сатоха деза. Цхьа хІума лоьруш ю со...

Йоьзан зурма лекхира. ГІера меттах хьайра. Салтий могІаре хІитта буьйлабелира. Инарлина дин т Іебалийра.

Даьндаргийн шийла цІогІа дийкира хІаваэхь. КІур бешна дІабалале, хІора дитт тІехьара бохург санна, схьалилхира ламанхой. Даьхна тарраш а, шаьлтанаш а йолуш чухьаьвдда, салташца чучча бахара уьш. Дойш тІе ховша кхиъна эпсарш сихха дохкобевлира и дина: дІасахьовза меттиг яцара, къаьхкинчу говраша ла ца дугІура шайн дайшка, мелхо а, лата новкъарло йора.. Дошлоша шайн салташна зенаш дора: говрийн бергашна кІелахь оьгура уьш, гаттоне хьовзийна.

Таймасхина духарх вевзира инарла. Цунна стаг тІе ца кхачийта гІертара эпсарш а, салтий а. Амма го гатлуш, нилхлуш лаьттара. Цигахьа берзийра Таймасхас шен дин. Кхуьнан тидам хилла, схьа чу хьаьдира цхьа къона эпсар. Тарраш тІехь лата доладелира. Гиххойн баьчча сиха ларийра цуьнца. Хьаьжа юккъе тур кхетта, нуьйрахь Іаччохь охьашершира эпсар. Юьхь цІеша юьзнера.

Инарлина тосавелира ша волчухьа схьагІерташ волу бере. КІеззиг меттиг бен ца йиснера кхарна юкъахь. Шегарчу тапчанах догйовха вара инарла Севцов. Цунах пайдаэца беза хан тІекхечира. Кхин хьем бойла дацара. Схьа а яьккхина, нийсса тІехьажийна, тапча ялийтира. Цхьана юкъана кІ уьралахь дайра тІелетачун юьхьсибат. «Далла бу хастам», - элира цо шен дагахь.

Таймасхин лерга уллохула шакарца тІехтилира даьндарг. ХІинца кхуьнан рагІ яра. Нохчийн тапча елира. ЦІеххьана баьллачу мохо вожийча санна, динахь Іашшехь аркъалвуьйжира инарла Севцов. И гина масех салтий а, эпсар а гІо дан тІехьаьдира цунна. Ткъа бере, хаьхкина ма воьддура, летачарна юккъе вахара.

ТІелеташ санна, сиха бухабевлира ламанхой. Цхьа а лар ца юьтуш. Кескаш тисийтинчу корпусах йисинарш ца лерича...

ШолгІачу дийнахь дикка нилхъелла гІера, инарлин дакъа а дахьаш, гІопан пенашна хьалха кхечира . Бист ца хуьлура тІебаьхкинарш. Кхоьлина яра церан яххьаш. ХІумма а ца хоьттура бухарчара. Дерриге а вуккхеран яххьашна тІехь яздина дара.

ГІийла богучу стогаран можа серло оьгура кехат тІе. ГІезан пелаг а карахь, стоьла хьалха Іара Покровский. Бамба санна кІайчу кехат тІе дуьйшура могІанаш:

«Лоруш волу Петр Карлович! Халахетарца хаам бо ас хьоьга. Нохчашца хиллачу тасадаларехь йинчу чевнех кхелхина инарла Севцов. Цо куьйгалла деш хилла йолу корпус йохийна дІаяьккхина ала мегар долуш ю. Дийна бисначара тоьшалла дарехь, ламанхой баккхийчу ницкъашца тІелетта царна. Меттигерчу хьелех говза пайда а оьцуш. Цуьнца доьзна Ахь сайна дина хьехарш дагаоьху суна. Эзарзза бакъ ву Хьо, сан комаьрша верас. Нохчаша хийцина тохарш даран тактика. Хьалхачул хІ уманах кхуьуш а, низам долуш а, цхьана хьекъалечу куьйго тІехьажош а бу уьш. Оцу дерригенна а тІехь хаалуш ю тІеман вовшахтохаралла. Инарле цу хьокъехь дерг къадо гІоьртира со. Амма цо и шийла тІеийцира...

Дехар ду Хьоьга, Петр Карлович, кхузахь Севцовн корпусца хилларг паччахьан лере дІатохар.

КІорггера Хьо лоруш волу Покровский».

ТІаьххьара тІадам а хІоттийна, гІентан букъах дІатаьІира иза. Цунна хаьара, ша доцца яздинчу кехатан могІанашна юккъехь алаза диснарг дерриге а деша Невельскойн хьекъал тоьур дуйла. Шеквацара, шаьшшиннан са ер йолчу кепара цо дІатоха деззачух иза дІатухург хиларх а.

- Хьан оьздалла, ас мотт биллина хьуна, - дехьачуьра схьа дийкира Марусян кІеда аз. Шаьшшинна юккъе деанчуьнга хьаьжна ца Іаш, эвхьазлонах ларлора жима зуда. Шен меттиг хаьара. Покровскийна чІогІа товш дерг дара и.

- ДІавогІу со.

- Іодика йойла.

- Хьо дІайоьду?

- Хьан сийлаллина кхин ца эшахь...

- Жимма хьеелла гІур ю хьо.

- Дика ду, хьан сийлалла.

- ХІуп олий, стогар дІабойу. Цхьана юкъана чохь хІумма а ца гуш вуьсу иза. ТІаккха бІаьргаш боданах булу. ТІера бедар дІа а йоккхий, метта волу. Кхин йистхилар доцуш, меллаша, йогІий, улло охьаюьжу Маруся. Мерза йовхо яьржа дерриге а дегІехула. ХІокхо къийлинчу лаамийн урх хецало...

- Хьо йист а ма ца хуьлу. Соьга дийца хІумма а дац хьан?

- Ас хІун дуьйцур ду хьоьга, хьан сийлалла.

- Хаац суна-м. Масане хуьлу... Зударийн къайле, дехар, -мекара цхьогал хилла, езар къамеле яккха гІерта Сергей Петрович. Важа къовла мел ели, хІара марсавуьйлу.

- Со миска зуда ю, хьан сийлалла, - шечунна тІера ца йолу Маруся, - ахь ечу тергонах тоам а хуьлуш.

- Кхин хІумма а ца оьшу хьуна? - дегабаам бина кеп хІиттайо эпсара. - Ахча, масала?

- Зудчунна коьртаниг ирс ду, хьан сийлалла.

- Хьо ирс долуш ю?

- Ю. Хьуна кІорддоллалц.

- Суна кIордаяхь? - дуьхе кхиа гIерта везар.

- Суна хаьа и де цкъа тIедогТур дуйла.

- ТIаккха кхин пайда хIунда ца лоху ахь хьайна гIуллакх цу тIе далале?..

- Долчух тоам бо ас, хьан сийлалла.

- ХIан-хIа, билггала хьан амал тIеттIа тайна йогIу суна, -качло эпсар. - Цунна тIехьа лаьтташ зударийн хIилла дацахь. Даре дел, - забаре аз айдо цо, - дуй цу тIехьа лаьтташ зударийн хI илла?

- Муха мегар ду, хьан сийлалла?..

- Хьо суна ирсана я бохамна кхоьллина ю, - мохь туху Сергей Петровича.

- Ас кехаташна тIехь пал тасий хьуна? - дагахь а доцуш хотту Марусяс.

- Хаьий хьуна? - шекволу эпсар.

- ХIинцца гур ду хьуна, хьан сийлалла, - оцу дешнащца каде меттара гIотту жима зуда. Цхьана чухула юхучу кучаца ю иза. ТIейоьдий, чIурам латабо. Сергей Петрович а тохало хьалагIатта. Амма Марусяс сацаво.

- Ца оьшу, хьан сийлалла. Ас хьо меттахь Iуьллучохь тосур бу пал. Кехаташ мичхьа ду ахь дийцичхьана.

- Стоьлан гIутакх чохь. Карийн хьуна?

- Карий.

ЙогIий, маьнги йисте хуу Маруся. Кехаташ иэдо. ТIаккха тIехула агIора дохуш, туьпа юккъера цхьацца схьаоьцуш, могIа бой охьадохку. Лерина цаьрга хьожу. Покровскийна сихха хаа лаьа...

- Беха а, чулацаме а дахаран некъ Iуьллу хьуна хьалхха. -ойлане хилла дIайолало жима зуда. - Кестта боккха бахам богIур бу хьан кара. КIайн месаш йолчу зудчуьнгара дика дер ду хьуна. Шуьшиннан кхолламан сизаш цхьаьна а кхета... - аз дегийра палтосучун.

Юьхьанца езаро лелочух ца вешаш хилла волу эпсар, тIаьхь-тIаьхьа Марусян дешнаша йийсаре валийра. Лерина ладоьгIура цо. И дерриге а бакъ долчух тера дара. КIайн месаш йолу зуда-сту Бельская. Бахам... Цхьаьнакхеташ долу кхолламан сизаш... Захало...

Палтосург луьйчуьра сецира. Сингаттаман IиндагI дижира цуьнан юьхь тIе. Покровский шегахьа кхийтира цунах.

- Цхьа дуьхьало хIутту шуьшинна юккъе, - элира Марусяс гIайгIане.

Иза а шатайпана тидира эпсара. Цхьа а пал чекхболий хьовха и зуламе васт юкъа ца долуш?!

Марусяс цу юкъана шениг дуьйцура:

- Iаьржа зуда лаьтта хьан новкъахь. Цо дуккха а цатамаш бохьур бу хьуна. Халонаш Iовшуьйтур ю . Амма тIаьххьара а хIилланца цунна тIехь толам бокххур бу ахь.

Езаро доккха са даькккхира. Кехаташ схьагулдан юьйлира иза. Iаьржачу зудчух дерг хьахаделча, хьаж тIе хьацар тоьхна Сергей Петрович а, пал тосучун тIаьххьара дешнаш хезча, самукъане хилира.

Буьйса юкъал тIехъяьллера. Корехула чу Iенара беттан серло. Маруся дIаяха тохаелира. Амма везарна и шеца юьсийла лиира.

- Мегар дуй техьа, хьан сийлалла? - ийзалуш делира жимачу зудчуьнгара.

- Майрачух кхоьру хьо? - хьалха багадеънарг элира Сергей Петровича.

- Ца кхоьру.

- ТIаккха стенга сихъелла хьо?

- Хьуна кIордийнехь а аьлла...

- КIордийчхьана ас эр ду хьоьга.

- Хьуна луъург дийр ду ас, хьан сийлалла.

- Дитахь и «хьан сийлалла». ЛартIехь йистхилалуш яц?

- Муха мегар ду?..

- Ас пурба ло хьуна.

- Хьожур ю со, хьан сийлалла...

Эпсар гIадвахана воьлу. Марусян йилбазалла доцуш хиларо там бо цунна. Дезарийн беза мохь дI аоьцу белш тIера. Вицвала таро хуьлуьйту. Ишттачу миноташкахь ша ма-варра хуьлу хIара. Багахь цхьаъ, дагахь кхин латто ца дезаш. Ийза ца луш. ХIокхо аьлларг дохо стаг вац. Кхуьнан лаам кхочушхила безаш бу.

ЧIурам дIабойу Марусяс. Корах чу деттало беттаса. Седарчийн жовхIарша кхелина хаза ю тховса стигал. ТIера бIаьрг дIа ца баккхалуш, батте хьоьжуш Iуьллу эпсар. ЦIеххьана тIеяьхкинчу мархаша хьулбо бутт. Бодано дIалоцу дуьне. Бода баьржа хIорш болчохь а.

Покровский схьавоьрзу. Бодашкахь Iаьржачу зудчун дегIан сибат хIутту цуьнан бIаьргашна хьалха. Кхералой, дуьхьал куьйгаш тосу цо. Кийрара гIийла мохь болу. ТIера коч дIайоккхуш йоллуш йолу Маруся цецйолий юьсу.

- Хьуна хIун хилла, хьан сийлалла?

- Хьо ю иза?.. - халла шена чуьра доккху Сергей Петровича.

- Делан цIе яккха, хьан сийлалла, Делан цIе...

- Цхьа вита со, дIагIо, - омра дечу озаца боху эпсара. Кхин йист ца хуьлуш, тIе бедар а юхий, неIсагIсхь кхуьнан

Iодика а йой, дIайоьду жима зуда.

Сергей Петрович ша вуьсу. Бес-бесара ойланаш хьийза цуьнан коьрта. Аралелха меттиг лоьхуш санна, хьаьжан маьIигашка гулъелла, ов детта цара. Коьртан туьтана чу ца тарлуш. ПаргIато лоьхуш. Синтем байна.

«Iаьржа духар дуьйхина зуда... Юха а Iаьржа бос. ХIан-хIа, безаман дакъа дац и соьгара даккха гIертарг. Кхин ду, кхин... Амма хIун? Аьтто? Дахар? Толам? Я и шадерг цхьаьний?.. Iаьржа бос — бохаман бос... И кхеташ ду. Амма зудчуьнгахула хIунда? Кхолламо зуда хIунда хаьржина суна вон дан? ХIун зIе ю кхузахь? Сан хьекъал ца кхуьу. Собардел. Iаьржа зуда... Iаьржа цициг... ХIаъ. И дустар цхьаьнадогIуш ду. Зудий, цициггий -хIун башхалла ю царна юкъахь? Ширачу тешарийн маттахь и цхьаъ ду. Шинггера а вон долу. Салташа а ма чIагIдора инарла Севцов вийнарг Iаьржа духар дуьйхина бере хилар. Мич-миччахьа а доцуш, гиххойн хьуьнхахь иза а... Бешар-талмажа бахарехь, церан бIоьнна коьртехь лаьтташ зуда ю... Цхьаъ доцуш дац цхьаъ доцуш дац. ХIинца и дерриге а цхьана могIане нисдича, дуьззина сурт хIутту. Тесначу поло а, хуьлуш долчо а цхьа а шеко ца юьтуш гойту: Делан билгало ю иза. Кхерам муьлхачу агIорхьара хир бу хоуьйтуш. Со кийча хила веза... Ницкъ тоьурий техьа сан?.. Хьера ца вала?.. Тиларчу ца ваха?.. Воха ца воха?..»

Жим-жимма вогIуш, меттавогIу эпсар. Ойланаш хьаьа. Наб кхетийта гIурту. ГIуллакх ца хуьлу. Набаран суй ца беш сахуьлунга волу.

Кошан ши барз лаьтта ул-уллохь. Чуртан меттана — ши тIулг. Кхузахь дIадоьллина Таймасхин дай, наний. Кхунна и хуур а дацара, баккхийчу наха ца дийцинехьара. ХIетахь дуьйна кест-кеста йогIу йоI кешнашка. Дай-й куьг хьокху нана дIайоьллинчу борза тIе. Оцу муьрехь ша цуьнан коьрта тIе куьг хьоьккхуш санна хетало Таймасхина. Суьйранна хIорш чубирзича, ненан чIабанаш схьаюца хуура йоI. Цунна чIогIа хазахетара ненан месаш. Еха, кIеда яра уьш. «ДIаялахь, цкъа а йоккха хир йолуш яц-кх хьо», - Iоттар ярца олура цо. - Бер санна, месашца ловзуш». Ала иштта алахь а, там хуьлура нанна. Кхуьнан даге хьаьжжина кхуьуш яра иза.

БIаьргаш дIахьаббо Таймасхас. И дерриге а догIий дуьхьал хIутту. Сийсара долуш санна.

ЧувогIу да: «Кхин дан хIума доцуш ю шуьшиъ?» «Ас хIун дийр ду кхунна, сан мссаш гича мегаш яц-кх хIара...» — реза-яцаран кеп хIоттайора хIусамнанас. «Цул а бежана хьалха хIума кхосса», - хIоразза а олуш и ду.

«Цхьаъ мукъана а схьаделира шуьшиннах, - сатосу Таймасхас. - Дагара дийца, гIо лаха, ладогIа».

Воккха хилчий бен да, нана оьшуш а ца хиллера. Жималлехь-м жималлах Iехалой дIалелара. ХIара дерриге а дуьне хьайн а хеташ. Схьакхета малх хьайн дуьхьа кхета моьттуш, дIабузу малх хьайн дуьхьа бузу моьттуш. КIеззиг долчух а сакъералуш. Селхане таханенах, тахане кханенах тера йолуш. Даима а иштта лаьттар долуш санна.

Хан дIаяьлча, дуьненан синкъерам а болу дIа. Дахаран дукъ дазло. Цунна кIелахь букар хьаьвза. Хьашташ, дезарш тIеккхета. Эццахь оьшура да, нана. Амма уьш ца хуьлу юххехь. ТIаккха хьаьа

хьуна церан мах.

ДӀаяха хьалагӀотту Таймасха. Шегахьа букъ а берзийна Ӏачу Даркешах бӀаьрг кхета. ГӀ алатйолийла дац. ВорхӀ кошан барз лаьтта цунна хьалха. Меллаша тӀейолало. ТӀекхача жимма меттиг йисча, воккхачу стеган аз хеза.

- Хаьа суна-м, хӀара нийсо йоцийла, - дийначаьрца къамел дсш санна боху цо. - Со вара и хӀ инца шу долчохь хила везаш верг. Вара дера-кх. Делахь а, шун кхаж бели-кх. Бели те. Шуьца хийца-м лур вара шуна со. Ас-м диънера хӀара, даадаллалц. Шу даха-кх дукха хьалхе дӀа. Массо а цхьана дийнахь, гӀаж хьаькккхина. Барт бича санна. Шу дуьнен чу дохуш-м хазанеха санна къахьегнера оцу шун нанас. Дузо, кхио гӀерташ йорт ас а йиттира. МостагӀашна-м хӀумма а ца хийти шу ворхӀе а мерзачу сих ваккхар. Шу цхьаьний дӀахьажийначу сан бехк а бу цу тӀехь. Цхьаъ мукъана а цӀахь витнехьара... Ца хаьар-кх. Ца тардолуьйтура-кх. ДогӀуш дацара-кх. Хьарг Ӏа, хьо дукха тӀех кӀоршаме хуьлу хьуна вежарща. И цхьаццадолу совнах дерш ца дийцича а дац хьуна кӀад а. Варийлаш, ледара ма хилалаш. Со а кестта дӀавогӀур ву. ТӀаккха цхьаьний Ӏийр ду вай. Хьалха санна. Олхазар, хьо вара-кх соьца чӀогӀа талла ваха лууш. Цхьа дика меттиг тосаелла суна... Шортта акхарой а долуш. Хьо-м молла вара, Куьйра. Хьажа-Ӏелига дӀагӀурттуш. Ца дезахь, ца диъчхьана ваьлла-кх хьо нелан жижиг. Вуьшта, и вон а хуьлуш-м ца Ӏа хьуна хьо. Хаттал вежаршка... И ца магийна агӀо нислойла хӀун хаьа. Шун ворхӀе а дайша лийрина хӀумнаш дацара уьш-м. Аьрзу, хьан кӀант когавахана. Селхана гинера суна... Къонах ву-кх хьалаккхуьуш. Цуьрриг ледара а воцуш. Хьайнаш а дика Ӏаш бу, Леча. Сингаттаме хӀумма а дац. Шу цатоар бен. Хьоза, энаша хьийзош хуьлуш вара хьо. ХӀинца муха ву? Газан цӀока дика хуьлу бохура хьуна оцу гӀуллакхна... Ларло-кх. ХӀан, кӀентий, вай хаза Ӏий. Шуьгара хьалде а хии. Сой? Вон вац со-м . Когаша дӀа а лелаво, сайн дегӀана дола а дало. Кхин хӀун оьшу?.. Вуьшта, хьевелла-кх со хӀ окху дуьнен тӀехь. Сан гергара-хенара берш массо а дӀабахна. Къоначу бацалахь къанбелла баӀ санна, висина лаьтта-кх... КӀорда а дина, бакъдерг дийцича. Дахаран мохь беза бу хан дӀ аяьллачунна. Дукха вахвели со... Марша Ӏойла шу. КесталгӀа гур вайна...

ТӀехьа лаьттачу Таймасхин ӀиндагӀ дуьйжи Даркешна хьалха. Вуха ца хьаьжнехь а, иза евзи цунна .

- Таймасха, хьо яц иза?.. Схьанехьа яла. Со кхарна сагатделла чухьаьвзинера. Кхарда ма кхардалахь сох... ТӀехӀоьттича, дазлуш хиллера хӀара... Хьо хьайнаш болчу еана хир яра. Бакъахьа еана... Беллачийн синош хьогий хуьлу боху гергарниг, вевза-везарг тӀеварах. Вайн бакъйолу хӀусам ма ю кхузахь. Ялсманий, жоьжахатий елахь а яцахь а тӀехьокху дерг хӀара латта ду. Стоьмаша ссттийна бошмашший, хӀуьрлаьӀан мехкарий ца хилча а мегар ву-кх со, кху лаьттах дӀавоьлличхьана. ТӀеван кошан барз хилчахьана.

Таймасхас лерина ладугӀура воккхачу стаге. Тамаша бора цуьнан хьекъалх. Мел хьо ца кхеташ, чолхе долу хӀума цӀандой, нисдой, кера юккъе диллича санна, шера схьаохьа хаьара Даркешна. Цундела муьлххачу а гӀуллакх тӀехь воккхачу стагах дагайолура иза.

- Воккха дада, сайн доцу гӀуллакх дуй техьа ас лелориг? -шеконе хаьттира Таймасхас.

- Дера ду ду-кха хьайн доцу гӀуллакх-м ахь лелориг, - цхьа а шалхо йоцу жоп делира Даркеша. Важа цецъелира. И цуьнгара хезар ду аьлла, гӀенах-набархчул башха дагахь дацара бӀобаьччина.

- ХӀокху ворхӀаннин, кхузахь дӀабоьккина бохкуш болчарах дукхах болчийн гӀуллакх ду-кх ахь юьхьаралаьцнарг, - кхи-дӀа а, аз ца хуьйцуш, бохура воккхачу стага. - Церан массеран а, юьртан а, халкъан а гӀуллакх ду-кх, Таймасха, хьан къоначу белшаш тӀе дижийнарг. Цуьрриг атта а доцуш. Даш санна, деза а, даӀ санна, хала а, лога тӀе хӀоттийна шаьлта санна, луьра а долуш. Хьаьнг-хьаьнга дӀа а кхехьалур доцуш. Пондаррий, вотий дара гӀолехь...

- Воккха дада, нигат до-кх ас, хьо теш а волуш, сайгара кхин ледарло ца ялийта, - тешам боллуш элира Таймасхас. - Оцу дашах со йохахь, луьйчуьра а социйла сан мотт!

Даркешна тайра йоьӀан къамел. Цунна хаьара и даггара схьа дуйла. Иза гӀалат ца ваьлла цунна т Ӏехь. Яхь йолуш ю Таймасха. Ойла цӀена лаьтташ. Нехан дуьхьа шен са а дӀалур долуш. Гиххойн цхьаболчу божарех дӀа а лур йоцуш. И дерриге а бакъ ду. Амма иштта бакъ ду важа а: шатайпа нисбелла йоьӀан кхоллам. Цунах а кхета Даркеш. Хала хӀуманаш ду уьш цхьаьна дало. Хьекъалечу дешан гӀо оьшуш...

- ХӀун дийр ду тӀаккха, Таймасха, - йоьӀан дог оьцуш, боху воккхачу стага, — дечунна дуьсу гӀ уллакхаш а. И дан карах ца долучо я ца лууччо бегӀийла бахьанаш лоьху, хабарна тӀехь чекхвала гӀурту. Къонах коьртахь куй лелабарх хуьлуш вац. Къонах нехан гӀуллакхна юкъ йиххина леларг ву. Хир иза боьрша я сте - бен-башха а дац.

Даркеша къамел хададо. Цхьана хӀуманан ойла еш лаьтта.

- Со жима волуш дуьне бохург сан кхетамехь вина юрт яра,— геннара дӀадолийра воккхачу стага. - Хьалакхиъча, луларчу юьрта вахара. Тамашийна хетара цигахь а суо санна долу адамаш карийча. Дуьненан дозанаш мелла а шорделира суна. ТӀаккха воккха хилира. Нашха, ГӀаланчӀож, Шуьйта, ЧӀ инха цӀераш яьхкира сан дахаре. Цул тӀаьхьа Нохчийчоь боху кхетам кхоллабелира. Доккха дуьне хетара суна иза. Амма хан-зама мел ели, керл-керланаш довза доладелира. Ма цецваьккхинера со Теркан гаро: цхьана берда йистера халла бен дехьара берд ца къасталора. Моьттира: хӀара ю-кх хӀара дуьненан йист. Цу тӀехь а гӀалатваьлла хиллера. Дуьне кхин а доккха хилла. Ас стенна

дуьйцу хьоьга цунах лаьцна? Хьо а цхьана ойланна тIеяло дагахь. Дукха хьолахь хьан бIаьргана гуш а, лергана хезаш а доцург а хуьлу хьан дахарца а, хьан гIуллакхашца а, дан билгалдаьхначаьрца а герггара зIе йолуш. Ма мотталахь, Таймасха, хьуо юрт ларйича йолуш ю. Цкъа толам бaькхича, мостагIчун дерг дIадаьлла. Тахана ерриге а юьрто хьан кара схьало шен рицкъа . Хьо йоцург орцахвала стаг ца висна цуьнан. Яхь йолу йоI доккха беркат ду махкана. Цундела хьох догйовха ву со. Нах тIаьхьа хIуьттур бу хьуна. Муьлххачу а кхечунна тIаьхьачул. Къийсаман дозанаш шордан деза. Сийначу цIергахь йогуш ю ерриге а Нана-Нохчийчоь...

Кхул цхьажимма хьалха Таймасхин бассабелла хетта кийра юха а хьалабуьзира воккхачу стагера хезначо. Шеконийн лар а ца йиснера. Цунна шера гора хьалха льтташ йолу Iалашо. Къийсаман амал. Оцу сийлахьчу къийсамехь шена йогIуш йолу меттиг.

Даркешший, Таймасхий кешнашкара цIехьа дирзича, маьркIажан бода Iенира льтта тIе. Ламанхойн гIиллакххехь, воккханиг аьтту агIор а волуш, луьйшолуш схьадогIура и шиъ. Геннахь дуьйна царах бIаьрг кхетта, некъан йисте а ваьлла, къайлах тидам беш сецира Хьайдарбек. Цхьана а кепара кхунна оьшуш хIума дацара цаьрца новкъахь дуьхьал кхетар. ХIокхо тховса арадаькккхинчу гIуллакхе хьажча-м муххале а.

ГIопа ваха араваьллера Хьайдарбек. Цхьаьнакхета диллина шолгIачу кIиранан оршот де дара таханлераниг. Бешар-талмаж шен цIахь хиллачул тIаьхьа Хьайдарбек кхийтира уьш бегашийна лелаш цахиларх. Эрна луш дацара кхунна деши. Я кхин и дIахьажо меттиг йоцуш луш а дацара. Делахь-х Iета, кхуьнгара дIа хила а деза...

Маьлхан ирзе дIакхаьчча, вуьйш бухахь карийра. Бешар-талмажа гоч а деш, салам-маршалла хаьттира.

- Хьайна тIаьхьаваьлла стаг-м ца тосавелира хьуна, хоьтту эпсара.

- Ца тосавелира.

- Ларлуш хила веза, хIуманан сахьт дац.

- Иза-м суна а хьаха хаьа.

- ХIун ду юьртахь керла?

- ХIумма а, дера, дац, хIун хир дара цигахь, - ша хаттарх ца кхетачуха, дерзийна элира мотт бохьуш веанчо.

- Дукха хан йоццуш гиххойн хьуьнхахь салташца хиллачу тасадаларх лаьцна хIун хаьа хьуна?

Ша муха жоп дала деза ца хууш, вуьйхира Хьайдарбек. ХIара а ма вара гиххошца цхьаьна. И хьулдича гIолехь ду я дIааьлча? Лачкъо сацийра цо.

- Даккхий зенаш дина бохуш дуьйцу шина агIонна.

- Гиххошна юкъахь дукха буй байинарш?

- Тоьур долуш, - царна новкъадогIур доцчу кепара ала хиира гиххочунна.

- Ткъа инарла хьан вийна?

- Таймасхас шен куьйга... - жоп делира цо. «Сан сайн бIаьргашна а гуш», - аьлла, тIетоха сакIамделира Хьайдарбекан. Амма ца хIоьттира и дан.

- Оцу ...зудчой?

- ХIаъ.

И хаттар деш дуьйна а шена дуьхьал хеза долчун башха шеко йолуш а вацара Покровский. Даго хьоьхура: Iаьржа зуда. Делахь а, кхоччуш цунах теша а ца туьгура хьекъал. ХIинца мотт бохьуш веанчо тIечIагIди. ЧIогIа лиънера цунна кхин хаза. Ша-шена даре ца деш, сатийсинера цуьнга. Поло бохург бакъ хила мегаш ду...

- Оццул адам мичара даьллера гиххошна?

- Кхечу ярташкара а схьабеттало...

- Мила ву и зуламе гIуллакх дIакхоьхьург?

- Мила хир вара и? Даркеш ву-кх, - и цIе цабезамца яькккхира Хьайдарбека. Шен да БатIал сийсазвеш цо къамелаш дечу хенахь дуьйна а цуьнга безам боцуш вара иза. ХIокхо Кхокха ялийча а аьлла бохура цо-м: «Къеначу боргIалан а, меан а гергарло сарралц бен ца дахло ».

- Эпсара боху, ша иза вуьйриг итт деши дуьллу, - лерина хIара тергал а веш, дIадолийра Бешара-талмажа. - Къонах вер варий и дан?

- Дешех хIун до, цунах схьаэца хIума ца хилча? - шена чIогIа жоп хезийла лууш долу хаттар дира Хьайдарбека хаттарна дуьхьал.

- Нуьйра кIел динний, дато варкъ даьккхина туррий делча? -кхо хоьттучух кхетарца элира Бешара -талмажа.

Хьайдарбекан дог сутара тохаделира кийрахь. Цхьа да ваххал бахам бара и.

- ТIаккха-м и нахе стенна долуьйтуш дара?..

- Шен дош мокхаз санна ду боху-кх эпсара.

- Хьо теш ву-кх вайн бартан...

- Тхо духур дац тхаьш аьллачух.

Иштта сиха цу тIехь шайна и тIетовр ву моьттуш ца хиллера я Покровский а, я Бешар-талмаж а. ХIун до хьажархьама къадийнера. ХIинца иза резахилар шайна гучудаьлча, кхечу кепара и хуьлийла йоцуш санна, тIе а ийцира.

ХIума ала санна атта дац и дан. Шегара и дешнаш довлуш Хьайдарбека кхин генара ойла а ца йинера. Кхетамал хьагIгамо хьалхаиккхина яьллера. Цу тIе, нуьйра кIел дин, тур мух-мухха а хуьлуш дац. Гиххошкарчу хIинцалерачу хьолехь-м муххале а.

Даркеш веран ойла чIагIъелла йогIура. И дIаваьккхича, гIеххьа хIумнаш хийцалур ду юьртахойн дахарехь. Дикачу агIор. Цуьнан ворхI кIант вийнера бохуш, хIорш а салтийн карах бала беза? ХIетахь хьуьнхахь хиллачу тIамехь дийна дика, дера, висира хIара. Таймасхин да, нана а ас ца дийна. Ша лаха-кх церан чIир а. Со а витий. Амма хозуьйтуш дIаалал цаьрга и. Кхайкхийна, юьртахь чекхвоккхур ву, кIилло хилла бохуш. Цхьа некъ бу-кх буьсург: цхьа ког коша а бахна I аш волчу Даркешна сихха цига дIакхача гIо дар. И эрна дойтур а дац гIопарчу эпсара. Цу тIе, цунна-м сан да вевзаш а хилла. Доккха гергарло дара шайна юкъахь бохура. Иза яра-кх зама. Кара хIума а йогIура, шортта даа-духа а дара. ХIара къелла кIордийна суна-м. Ши доьзал кхаба а дац атта. Кхана йоьжча а хIума доцуш лелаш Кхокха а ю. ТIаккха кхин цхьа доьзалхо а тI екхетий хьуна. Дала мукъалахь, кIант хир ву... Кхин хIумма а ца оьшу кхунна.

Амма муха вуьйр ву Даркеш? Дов доккхийла цуьнца яц. Наха бехк буьллур бу. Кхеран пхьо хьаьрчина а иза вац. Даррехь, хIара суна новкъа ву аьлла, воьйла а дац. Дийриг къайлах-къулах дан деза. Цхьана а дегIана тоса ца долуьйтуш. И ду гIолехь дерг. КIело йина. Царна бен а дац ас мухха иза вийча а. Аьтто болуш меттиг лаха еза...

Адаман а, говран а хьожа кхийтира Сирачунна. Набарх яла дог ца догIуш, цкъа халла бIаьргаш схьа а биллина, юха дIакъевлира цо. Хьалхалера гамо яцара цуьнан адамашца. Цул сов, дахарехь керла хьашт а карийнера: го бина, цунна гонах, месала куйнаш санна, Iоххура чайтаIаш. Кхуьнан кIорнеш. Царна кхерам ца хилчахьана. Делахь а, хьожа хIаваэхь ешна дIаяллалц набаран тарца къийса-м къийсира барзо. Шайна тIегIортахь а бохуш.

Хьайдарбекна хаа йиш яцара, ша хIетахь Кхокха кIелхьара йоккхуш йийначу чан кIорнеш бахьана долуш, берзан кIомсарех ша хьалхаваьлла хилар. Ца хиира цунна иштта, ша юьртах чу вулуш, цхьана маьIIаргонехь Таймасхина тIе ца Iотталуш висарх дерг а.

Цу буса наб кхета ца туьгура ойланаша корта дIалаьцначу йоIана. Екха меттахь кирчира иза. Наб ца кхетара. Чохь йовха яра. ХIуо ца тоьура. ДегIах хьацар деттара. УьйтIа елира иза. Тийна дара арахь. Мела мох хьоькхура. Иолаелла-а кертахула Гиха йисте яхара иза. Кхарна тIехьахула охьадоьдуш дара хи.

ХIинца а дийнан йовхо шайх дIаялаза йолчу тIулгашна тIе охьалахъелира Таймасха. Беттаса кхеккара хи чохь. Аьхкенан буьйса аьхна а, сирла а еанера. ОхьаIийдалучу хинан бIаьра а хьоьжуш Iара йоI. Дагаоьхура дIадахнарг. Олхазар, ша цунна хан йиллар... Мерза гIан хеталора и дерриге а. Жимчохь туьйранахь хезча санна.

Дехьарчу бердах хотталуш йолчу хьуьнхара цхьа-ши экха делира гуча. Таймасха тап-аьлла дI атийра. ХIуманнах а шек йоцу акхарой хи тIе схьаяьхкира. Беттан серлонехь Таймасхас къастийра : ши лу дара и шиъ. ТIе а деана, хи мала хIоьттира, сих а ца луш, наггахь шайн хаза кортош хьалаайдой, роггIана дIаса а хьожуш. Хьогалла а яйина, духаделира ший а. Цхьаъ вукхунна мера кIел оьхуш, эсала хьесталуш, мотт хьоькхуш, вовшашца ловзаделира лунаш. Цхьа аьрха дог тохаделира Таймасхин готтачу кийрахь. ЦIеххьана тIе мох хьаькхча овкъарна кIелахь серладовлу кIегий санна, алу хьаьдира дегIе. Дуккха а хенахь кхо шена чохь къийлина, бийна дIабаккха гI иртина синхаам белира сама. Цо садукъдора, ойланаш карзахйохура. ДегIан меженаш ийзайолуьйтура. Мерзачу шовкъан тулгIе хьодуьйтура пхенашна чухула. Лаамаза узарш дуьйлура балдашна юккъехула. БIаьргашна хьалха дохк хIуьттура. Кхетам артбеллера. Шен дегIана а, ойланашна а дола ца далора цуьнга. Урх хецаеллера...

Мичара, хIунда догIу а ца хууш, дагадеара: тховса-х лайтIа-къадар буьйса ю. Цхьа мур а ларбина, ахь дагалаьцнарг кхочушхир долуш. Муха дара иза-а? ХIаъ, хи дукъло, дитташ а, бецаш а юьйшу. Эццахь, хи чу куьг а диллина, ахь дина долу муьлхха а дехар кхочушдийр ду. Набарна

базбеллачу, бистинчу бIаьргашна хьалха, худар санна, дукъло хи, дитташ, бецаш лаьттаца дI анислуш охьаюьйшу. ХIинца куьг хи чу дилла деза... Иштта... «Сан Дела, ялийталахь со сайгарчу хьолах! Кхин цкъа а ма довзийталахь суна иза. ТIулган делахь сан дог!»

БIаьргашна хьалхара дохк деша. Хи чохь Iуьллучу куьйго дерриге а дегIехула мело-о зуз хьодуьйту. Таймасха меттайогIу. Сихха хьалагIотту. Коьртачу ойланийн чалх яьржа. ХIинца юха а тоххарлераниг ю иза.

- Таймасха, хьо ма лела, - цецвалар хаалуш дека бодашкахь Джамболатан аз. ДаркешагIеран керта йистехула вогIуш тосаели цунна хIара.

- Чохь са ца туьйш араяьллера со-м, - кхераялар доцуш жоп ло йоIа. - Хьо ккуза муха нисвелла хан йоцчу хенахь?

- Ха хийцина вогIура со.

- ДIавало, гIелвелла хир ву хьо.

- ГIел ца веллера со-м, вуьшта, цхьа-ши дош дара хьоьга ала...- шина даггахь боху Джамболата.

- ХIун дара иза?

- Хьо иштта лелла ер юй техьа?

- Ца яьллачохь, соцур-кх.

- Со ала гIертарг кхин ду...

- Ца оьшу, Джамболат, - хадам боллуш дека Таймасхин аз. - Сайна Дала деллачунна со реза ю.

- КIезиг дезаш санна ца хета хьуна хьайна хIокху дахарехь? резавацаре хоьтту Джамболата.

- Даймехкан паргIато, маьрша дахар, халкъан сий кIезиг хIума лору ахь, Джамболат? - и дешнаш шаьш схьадовлу йоьIан даг чуьра. Цунна шена а керла ду и дерриге а. Аьлча а, и ойланаш ехара цуьнан хьекъалх, кхетамах дIаийна, хIаваъ, хи, кхача санна, шаьш йоцурш цатарлурш хилла. Цунах лаьцна дийца ца дуьйцу, и лов хIора синпхенаца, дегIан меженаца. Кхуьнан деган мохь бу иза. Лазам. Йоккхаер. Цуьнан дуьхьа муьлхха а хало Iовша мегар ду.

- Хабар дара иза-м, - дегала дуьхьалавистхуьлу Джамболат. — Кхин хьалхавала верас воцуш бисна техьа нохчий? Хьайга ца догIург ца лелийча а дацара кIад а. Тхо тхаьш а ларор дара...

- БIогIуллакх доькъуш кхочуш дац, Джамболат, бала болчо ша-шена тIеоьцуш ду.

- ХIан, хуьлуьйтур вай иштта, - къар ца ло жима стаг. -Алахь соьга, хьуна хьайна хIун ло оцу къийсамо? Оха, божарша-м, тхешан майралла, стогалла гойтура, цIе яккхийта, довзийта... Хьуна стенна оьшу и? ТIехьийзачунна хьалха, евза-езачарна хьалха дозаллиний?

- Массарна а долчух дакъа суна а кхочу-кх, - оьгIаз ца яха гIерташ, хала са детта Таймасхас. — И дика делахь — дика, вон делахь - вон. Нехан юкъарчух къастийна сайн хIума дац сан.

- Ва, Таймасха, зударийн гIуллакх ма дац и, - шениг дуьйцу Джамболата юха а. - Хьо хIинца а къанъелла Iаш а яц, тIаьхьайисна а яц...

- Сан ирсан олхазар гуттаренна а сецна безаман бешахь йиш лоькхучуьра, - цхьана шечун ойла а еш, гIийла дуьхьала йистхуьлу йоI.

- Иза воцург кхин воьгIна а вац? - шен дагахь дерг ма-дарра схьа ца Iеттийча ца Iало Джамболат.

- Дагах ши дакъа ца дало. Ахь цкъа цхьанна дIаделча, юха схьа а ца эцало.

- И наха бохург бакъ хила мегаш ду-кх хьуна.

- ХIун боху цара, Джамболат?

- Хьо жинашца тайна ю...

КхидIа къамел дан ницкъ бац Таймасхехь. ТIаьххьара аьллачо Iоьттина дагах чеккхъяьккхи шаьлта.

Нохчийчохь маьршачу яртех ларалуш яра Саьмбин-Ирзе. Цуьнан бахархоша дуй биънера паччахьан I едална муьтIахь хила а, кхечаьрца берта а бахна, тIом ца бан а. Юьртда хIоттийнера Саьмби, коча олла ехачу йоьзан зIена тIехь кхозуш йолу мидал а луш. Iедалан стеган билгало ю иза, элира талмажа юьртан гуламехь. ХIинца дуьйна дIа паччахьна хьалха шух жоп луш ву хIара. Кхо бохучуьнга ла а догIа, лара а лара, хьашт доцург а ма леладе.

Инарлин Невельскойн дIадолорца, гIопан хьаькама Покровскийс кхочушъечу политикан цхьа дакъа

дара и. Юьхьанца тIеман ницкъехь коьрта гIортор хеташ хилла волу Петр Карлович кхийтира шен гIалатах. ХIорш Кавказехь ламанхошна тIехь толам а бацкхина, бухабаха баьккхина бацара кхуза. ХIокху махкахь биса баьхкина бара. Гуттаренна а. Дийнна халкъаца болу къийсам цхьана герзаца дIабахьарх тоьуш дац. Цхьана куьйгахь герз, вукху куьйгахь сискал хилийта еза. Герз долчу куьйго вожо везарг вожор ву, сискал йолчу куьйго - хьостур. Ламанхойн хIу дайа-м лур дара, амма и дархьама дуккха а ницкъаш, хан оьшу. Ткъа Россин мостагIий кхечухьа а бу. Нохчийчохь маьршаяккхаран политика ю дIакхехьа езарг. Цхьанна а ца лаьа дешначу Европина хьалха чалтач хилла латта. Догдика, къинхетаме халкъан верас - и ду дуккха а гIолехь дерг. Цул совнаха, йозанчаша - цIерачара а, дозанал арахьарчара а - яьккхина гIовгIа тидаме ца оьцийла а дац. « Ламанхой паргIато езаш халкъаш ду, шайн гIиллакхашца, Iедалшца бIешерашкахь даьхна а долуш, церан коча шайн къепаш тийсар нийса дац... Царна юкъахь серло яржо еза... ТIаккха уьш вайн цивилизацех схьакхетар бу...» РадищевгIеран ун даьржина Россехь. Диканна дац и. Амма Европана хетачуьнга ла ца доьгIча ца довлу.

Сьмбин-Ирзе ТIулган гIопана уггар гергахь Iуьллучу яртех яра. Оцо шина а агIонан дика аьтто а боккхура. Муьлххачу а хIуманна тIехь юьртда а, цуьнан бартахой а шен тIома кIел лоцура Покровскийс. Шен-шен хенахь хIума а тосура. Резабоцурш бевлча а, уьш сиха тебора. И гIуллакх аттачу даккхархьама, юьртан къеда а хаьржинера. ПIарIехь а, ширачу Iадатехь а кхиэл яйта. Паччахьан Iедал воних ца хилийта. Дан тхуна луъург де, амма - шайн куьйгашца. Иштта некъ бара лаьцнарг.

Сьмбиирзахошна шайна а ца хаьара, генарчу Петарбухерчу паччахьан цIентIера схьа ерриге а Нохчийчохь шайна лело къастийначу маьIнах а, цуьнан гена йоьлхучу тIаьхьенех а дерг. Цара ларамаза шина декъе бийкъира нохчий: хIорш санна, паччахьан Iедална тIетан ойла йолучаьргий, шайн мехкан дай хиларе кхойккхучаьргий.

«Нохчийчоьнан дегIа тIехь даI ду Сьмбин-Ирзе», - элира цкъа Даркеша. Таймасха а яра оццу ойланехь. Гиххошна юкъахь а хIокху тIаьхьарчу хенахь кест-кеста хаза тарлора цу хьокъехь къамелаш. Дукха хьолахь Хьайдарбек хуьлура дIадолош верг. Шен ненахой бу цигахь бохуш, цига леста а волавелира.

Даркеша сацам бира Сьмбин-Ирзе ваха. Шеца Таймасхий, Дундий а вуьгуш.

Хьалхе гIевттина, новкъа бевлира уьш. Динахь хьалхаваьлла воьдуш воккха стаг вара. Цуьнан еха кIайн маж мох боллушехь яьржара. Цу хенахь ондачу къеначу ножах тарлора иза. Маж - мохо техкочу генех...

Боьлхуш лаьтташехь, юьртан майдана бахара гиххой. Кхарах бIаьрг кхетта юьртахой цхьацца а, тобанашца а кхуза схьатат-табелира. ХIорш муьлш бу а, хIун дохьуш баьхкина а хаа. Ул-лохь лаьттачара салам-маршалла а луш, хьалде хоттушехь, веъна схьакхечира юьртда. Цунна ца тайра тIебаьхкинарш. КIоршаме дийкира цуьнан аз:

- Шу муьлш ду?

- Иштта оьцу саьмбиирзахоша хьеший тIе? - мохь туххуш хаьттира Даркеша. - Я дайн гIиллакхаш диццдина цара?

- Хьеший а тайп-тайпана хуьлу, — хадийра юьртдас.

- Хуьлу хир бу, - тIетайра Даркеш. - ХIусамдай а санна. Амма хьаша миска ма ву, тIевеанарг иза волу дела. Динара восса пурба мукъана а лой аш суна?

Сьмбиирзахоша бIаьргаш охьабахийтира. КIелдIахула шайн юьртдега хьуьйсура уьш. Вукхунна юьхьанца дуьйна хиира и воккха стаг мила ву. Шек вара цо деанчух а. Делахь а, дан хIума дацара. Кхин тIехдаьккхина кхо дийцича, нехан догдадар бен са ер яц. Цундела жимма кIадвелира Сьмби.

- Динара восса а мегар ду, - элира цо. - Шуна ма-хаъара, луьра зама ю хIара. Хьан хIун леладо а ца хууш. Сема ца хилахь, юьхьIаьржа а хIуттур волуш.

- И нийса боху ахь, Сьмби, — дуьрста шел хьалха динара йоьссинчу Таймасхе дIа а луш, вистхилира Даркеш. - Зама ян а ю да хьоьгур воцуш. ТIаккха, саьмбиирзахой, дахалой шу, дахкалой?

- Дала вон ца кхобу, - юьртахошна хьалхара жоп делира Сьмбис. - Шу а деца могуш-маьрша?

- Ирахь ду тхо а, - маслаIате декара воккхачу стеган аз. -ТIехдерг оха леха а ца лоьху, долучун хама а бо. Вуьшта, юкъара цхьа сингаттам бу...

Таймасхас бIаьрг ца боккхура Даркешна тIера. Цуьнан къамелах хьаьгна хуьлуш яра иза даима а. Нахе вистхила хууш ву. Дош карош. ХIинца а, генара долийнехь а, говза шечунна тIеверза некъ карор буйла хаьара цунна.

- Ненан бала цуьнан кIентийн бала бу, - бохура воккхачу стага. - Уьш, нагахь санна яхь а йолуш, доьналла а долуш кIентий белахь. Дуй иза иштта, саьмбиирзахой?

- Дера ду...

- Ца хилча долий и?..

- Ненан юьхь ца ларйинарг кIант вац, - маьхьарий девлира нахана юкъара.

- Бакъ боху, - аз айдира Даркеша. - Вайн массеран а юкъара нана яц хIета Нохчийчоь?

- Ю, вина нана санна, хьоме а, еза а йолуш-м! - дийкира юха а нахана юкъара.

Саьмбин бос баьхьира. ГIуллакх цуьнан карара долуш лаьттара. Иза юха шен караэца некъ а ца гора.

- Алийша соьга тIаккха, саьмбиирзахой, шайн ненан сий хьоьшуш, сийначу цIарца ягош, ницкъ беш , дарбелла хьийзачу мостагIаша доьттинчу доьшанах хIунда леделла шу?! - стигал къекъаш санна, дийкира воккхачу стеган и дешнаш.- Мича яхана шун яхь? Шун дозалла? Хьан дIабехьна шун хье? Эхь дац и! Бехк бац и! Айра дааделла неIар-мача санна, ма дIатеси аш дайн гIиллакхаш. Гай хьалха а даькххина, юьхь яйи! Шу-х цхьана нанойх схьадевлла ду. Бийца дай бу. ХIунда Iехадели ? Цхьа вежарий ма дара вай. Дийца тайпа-тукхам долуш. Оьзда орам болуш. Далла хьалха а, кху лаьтта тIехь нах бисахь, нахана хьалха а юьхьIаьржа лелийла-кх Даймехкан, къоман сий дайинарг , схьаваьлла меттиг йицйинарг, ахчанах вохкавелларг!

Iадийча санна лаьттара саьмбиирзахой. Цхьа а ца хуьлура вист. Тийналла лаьттара майданахь. Хьалха меттавеара юьртда.

- Ла ма догIалаш цо дуьйцучуьнга, — цIогIа хьаьккхира Саьмбис. - Делан неIалт хиларг ву шуна. Иблиса лебеш бу цуьнан багара мотт. Вай дакъаза даха гIерта... Ле ма лолаш. ДIасадоха, нах! - куьг ластийра юьртдас. Амма цхьа а меттах дIа ца велира. Саьмби кхийтира ша бохург хила доллуш цахиларх.

- ЦIий ма дац хьо вийначу стагна тIехь! - шаьлта а яьккхина, воккхачу стагна чухьаьдира собарх воьхна Саьмби. Амма айдинначохь куьг а дуьсуш, бертал вуьйжира. Нийсса даг тIе хьажийна тапча ялийтира Таймасхас. БIаьргнегIар тухучу юкъана хилира и дерриге а.

- Ва, нах, хIара хIун ду дан?.. - мохь белира юьртан къедигара. - Вайн стаг вий-кх цара... Беа а бехк-гуьнахь доцуш. Хазахета санна. ЧIир эца, чIир эца!

Тобана юккъера схьаиккхира Саьмбин ваший, кIанттий. Шингахь а баттара даьхна тарраш дара. Даркешна хьалха хIоьттира Дунда. Таррашна тIехь лата буьйлабелира уьш. Йоккха майда гатъеллера царна. Хьалха вуьйжира Таймасхица леташ хилла волу Саьмбин кIант. Дундина пхьаьрсах чов йинера, амма стогаллах ца волура иза. БугIа санна онда вара юьртден ваша. Ча санна дарвеллера. Делахь а, Iожаллех хьалха ца валавелира. Дундас, кIелара дIа а иккхина, ластийна тоьхначу туьро накха бийкъира вукхуьнан.

Цхьа а стаг юкъа ца гIоьртира царна. Хуьлуш дерг сиха хилира.

- Саьмбиирзахой, шуна тIедеъянарг эхь дац шуна! - элира Даркеша. - Тхо толар а дац шуна и. Зуламечу кхаа стагах цIанъели-кх шун юрт. Цуьнца цхьаьна вайн Нана-Нохчийчоь а. Декъий кешнашкахь дIадохка. Хаац суна, шена уьш хьарам хиллачу лаьтто шен кийра оьцур я цаоьцур. Бакъду, нахалахь вон цIе-м юьту цара. Шайна луъург дан паргIат ду шу...

Хьаккхавелла, нахана юкъара а ваьлла, керташца гIап йолчу агIорхьа дIатилира юьртан къеда. Цхьанна а ца тосавелира иза. Массеран а тидам кхечунна тIехь бара.

- ХIара иштта дуьтур дац паччахьан хьадалчаша, - бохура Даркеша. - Дукха уллохь бу шуна берзан бен. Уьш кхуза схьаккхочур бу. Цундела, шена луург тхоьца дIавола. Iен меттиг а хуьлуьйтур ю, дан долу накъосталла а дийр ду. Ца луург - буха а виса. ТIедожош хIумма а эр дац. Амма цхьа дехар ду: шаьш миччахь а делахь а, хIокху лаьттан дай хилар диц ма де. Гора ма эха цхьанна а хьалха. И динарг оха халкъан мостагI лорур ву. Паччахьан салтийн тоьпийн цхьамзанех валахь а, яхь йолчу нохчийн шаьлтанах вер вац иза. ДIахоийла массарна а!

Саьмбиирзахойх дукхах берш гиххощца дIабаха реза хилира. Буха бисира баккхий нах а, бисна Iаш болу зударий а, бераш а. МостагIаша шайна хIума дийриг цахиларх догдохура цара. Ткъа кхелхина дIабаха де дацара.

Юьртан къеда гIопе дIакхаьчча, Покровский бухахь ца карийра. Хилларг Бешар-талмаже дийцира цо ма-дарра. Хьаькам схьа ца вогIу хан чIогIа яхъеллера шинна а. Амма иза воцуш хIумма а дойла яцара. Кест-кеста, говран бергийн тата ма-хеззинехь, арахьожура и шиъ. Цкъачунна кхара ларвийриг гучуволуш вацара...

ХIокхо боккхачу лаамций, тешамций дIадолийна цхьа а хIума чекх ца долуьйтура гиххоша. Бухахь шена Саьмбин-Ирзен юьртан къеда ма-гиннехь, эпсаран дог вон тохаделира. Хаза кхаъ бахьаш веанчух тера вацара иза.

- ХIун хилла? - хаьттира Покровскийс динара вуссушехь хьеше.

- Къаьхьа де хIоттий тхоьга Даркеший, цуьнца хиллачарий,-къила вахана, арз дан волавелира саьмбиирзахо. - Юьртда вий, цунна орцахбевллачарна а изза дин. Шу сиха дIа ца кхачахь, вай мел хьегна къа эрна довш льаьтта. Юьртахой, багнаш а гIиттийна, цаьрга ладоьггIанчохь бисна...

ЯьIна лазаелира эпсаран. ХIокху тIаьхьарчу хенахь цхьа хIума ма ца тайннехь, я оьгIаз ма вахханехь, лазар эккха ккуьнан цигахь. Узар ца беш, хала сатуьйхира цо.

- Дуьхьало хIунда ца йира аш? - резавацаре тIечевхира Покровский. - Шун багахь мотт бац?! Я ккераделла, са мере ккаьчнера?..

- Ас цхьамма хIун дийр дара? - бехказвуьйлура юьртан къеда. - Шуна хаийта ккуза сихвеллера-кх со. Вай сиха ца хьовзахь тIаьхьа а хир ду.

ТIаьхьа-м иштта а хилира. Хаьккина дIакхаьчча, ах юрт еса карийра. Уггар тоьлла болу къонахий гиххощца дIабахнера. Сергей Петровичан бIаьрга цIий хьаьвзира. Къарш оьккхуьйтуш, цергаш хьаккхийра.

- ХIинца хIун дан деза, хIинца хIун дан деза?.. - йиш йоьхна висира юьртан къеда.

Майданахь ченалла йоьжна Iуьллучу юьртден мидалх бIаьрг кхийтира эпсаран. ТIевахана, схьаийцира иза. Цхьана юкъана вист ца хуьлуш льаьттара. Са кIамделлера хIара юрт а, бахархой а шаьш болччохь а битина, сийна цIе йолийла шух, кхин нах доцчу аьлча санна, дIа а вирзина, дI аваха. Амма цо и дича, ша инарлин Невельскойн хьехарца долийнарг чекх ца даларна даре дар санна хIума хуьлура цунах. Шена догIучу декъана жоьпалла тIеэца реза а вара. Делахь а, вуккунна хетадерг цахааро сецавора.

Вист ца хуьлуш, пIелг ластийна, юьртан къеда шена тIевалийра цо. Кхин хIума ца олуш, мидал цуьнан коча оьллира, ша и дича дерриг а нислуш санна. «ГIуллакх дIа ца додахь, и боккъалла а дIадоьдучуха моттаргIанаш лелае. Хьенан дара и дешнаш?» - дагадайта гIертара Сергей Петрович , амма дош ца хуьлура. Уьш Невельскойн хуьлийла чIогIа лиьнера эпсарна. Делахь а ша-шена хьалха къера хилира: уьш ккуьнан шен коьртехь кхолладеллера.

Говрах лата цаваьхьнарг нуьйрах летта бохучунний дайна, шен оьгIазло ага стаг лоьхура гIопа вирзина вогIучу эпсара. Цу гIуллакхна бегIийла цхьа Хьайдарбек бен ца карийра. ХIинца берриге а цатамаш цуьнан коча бохуьйтийла дара. «Цо ца деллера Даркеш вен дош? Иза вацара кхара шайн лерташ а, бIаьргаш а дина гиххошна юкъахь витинарг? Хаам хIунда ца бина? Со Iовдал хета цунна. Шех теша дела. ХIан-хIа, ямарт нах бу ламанхой. ЦIока юьззина шайца тешнабехк боллуш. Кошо бен нис а бийр боцуш. Цхьанхьа сох вела а воьлуш Iа хир ву. Собарде ахь. Ас уьстагIан ма Iа йийр ю хьох. Соьца чекхдер дац... Я Даркешан корта схьабахьар бу хьуна ахь суна, я хьайниг боцуш вуьсур ву хьуна».

Оцу ойланашца гIопах чу вуьйлира Покровский. ТIаьхьа ца тоьттуш, дагалаьцнарг кхочушдан а волавелира.

... - ХIусамда, хьаша тIеоьций аш? - и аз шен лере ма кхеччинехь, Iаччохь кхоссавелира Хьайдарбек. Сиха дуьхьал вахара цунна.

- Оьцу дера-кх, марша вогIийла, Бешар, - шена чIогIа хазахетта кеп хIоттийра хIусамдас. - ХIоккхуза сов цIа чу вер ву вайша. ХIей, хезий хьуна, сихха юург хилийтал тхуна.

Бешар баьрчче охьахаийра Хьайдарбека. Иза хIун дохьуш веана ца хууш, вуно холчохь а вара. Амма хатта бакъахьа а ца хетара. Цхьадика, хьешо ша дIадолийра:

- ГIуллакх сиха ца хиллехьара, хьо хьевийр вацара оха. Хьал телхина доьдуш ду... Хьоьгара гIо оьшу тхуна. Хьем ца беш, дIаваккха веза иза, — аз лахдира хьешо. - Хьо ккета-кх ас дуьйцучух ?

- Кхета-м ма кхетара со, и муха дийр ду ца хаьа-кх, - дог ца догIуш жоп делира Хьайдарбека.

- ЦIера цхьанхьа а дIасаволуш вац иза?

- Вац, Таймасха шена уллохь а йоцуш-м.

- Ший а...

- Ала атта ду и, - оьгIазвахара хIусамда. - Деккина зуд санна лета Таймасха. Вуккуьнца цхьаьнца ларавахьара.

- Кхо де ду хьуна...

- ХIун кхо де?

- Иза вен.

- Цул а льатта кхоьссина долу туй дакъадалале йолу хан лохьа, - ца вешаш, кхоссар йира

Хьайдарбека.

- Со дIааьлчахьана волу.

Бакъдерг дийцича, эпсара кхуьнга аьлларг кIира дара. Кхо де кхуо шеггара тоьхна хан яра. Важа партал ца хилийта, тIех ладоьгIуш ца Iейта.

Карахь текх а долуш, чуедира Кхокха. Хьеше маршалла а хьаттина, кхача хьалха а хIоттийна, араялале майрачуьнга элира:

- Со оьшуш меттиг хилахь, чу кхойкхур-кх ахь.

- Кхойкхур ю.

ТIаккха хIара чуяро юкъахдьакккхина къамел дIадечуха, хьешехьа вирзира:

- Хьажахь, гергарчарах цхьа а ца карий-кх хьуна...

- Ца карий дера...

Кхоккхина тIехьа неI дIакъовлаелча, хьаша ца Iавелира:

- Хьо сан дуьхьа лелаш вац. Айхьа дийриг, веза а ца веш, де.

- Цкъа ахь дог этIочуьра а вериг хир ву-вх со.

- Хабар дукха а ца дуьйцуш, гIуллакх дичхьана.

- Хьожур ву со, - машаре дийкира хIусамден аз. - ХIан, юучух кхета вайша. Хьо меца а хир ву, гIелвелла а хир ву. Са а доIуьйтуш... Новкъа маца вала дагахь ву?

- Кхана. Iуьйррехь.

Хьешана хьалхара декхар тIера а даьккхина, цуьнан буьйса декъал а йина, уьйтIа волу Хьайдарбек. Кхокха йолчохь богуш къуьда бац. ГIелъелла, дIайижна хир ю. Охьахарцца йоллуш ма ю иза. Хьулиматан корехь гIийла серло еттало. - Мел хан яьлла со цунна улло вахаза? - ойла йо цIийндас. Тховса мукъана иза йолчохь буьйса яккха еза. Пекъар, соьга хьоьжуш Iа хир ю, дIа ца юьжуш. Аьхна тулгIе яьржа кийрахь. Юха, чуьрко ю тоьхча санна, дог къовзадо цхьана ойлано ... Стаг вен атта дац. Даркеш санна волу стаг-м муххале а. Стенна сихбелла хIорш? Иза-м чуьрк яций, куьг тоьхна ен. Дависа, ма леца делар-кх ас и сайна тIе. КIужал йолу тур доцуш а мегар вара, ткъа дин сайниг а тоьур бара. Дукха дезаро долчух а воккху. Вухаваьлча хIун дара хьовха сайн дашах?.. ХIун дийр дара цара суна? Бешар вижна Iуьллучохь вен а вийна, цхьана дена хIун ду ца хоуьйтуш, лаьттах воьллича? Хьанна гина иза со волчу вогIуш? Кхоккхина. Цо со нахала воккхур вац. Сатасале дIавахара аьлчахьана... ТIаьхьавала стаг цуьнан а вац. Ткъа иза набарх валахь? Тапча а ма ю цуьнгахь. Хьанна хаьа, шена наб кхетта а моттийтина, со цо гучувоккхий а. И ца дер аьлла а дац. ХIан, айса дагалаьцнарг кхочушдер ас. Эпсарна ма хаьа иза кхуза веанийла. Цо дуьтур ма дац. ХIан-хIа, кхузахь кхин оьшу... Даркеш вийчхьана, шадерг нисло. Иза цхьалха стаг ву. Къайлах вуьйр ву. Са долчу дегIана хIума а ца тосадолуьйтуш. Цо йист йоккху доллучун а. КхидIа гIопарчаьрца долу доттагIалла дах ца деш, хадор ду: шун дехар ас кхочушдина, кхул тIаьхьа вай девзаш дац шуна! Сайн кIант а кхиош, йисина хан парггIат йоккхур ю. И сецна даьлла...

Байна синтем юхабогIу кхуьнга. Гира беза мохь охьабиллича санна хетало. Маржа-яI, Кхоккхех тасавала йоцу йиш. ХIун дер тIаккха, Хьулиматна югIур-кх вай тховса. КIозйохург санна елахь а , сан десара, церг леташ-м ю. Цу тIе, суна тан гIерташ, цо хьоьгу къа а тоьур ду. ХIан-хIа, ши зуда хилар боккха аьтто бу боьршачу стагна. Бу те.

Жимма хан яьлча, Хьулиматан корера серло йов.

Хьайдарбек самаваьлча, малх гIеххьа лакхабала кхиъннера. Корах арахьаьжча, уьйтIахь гIуллакхаш деш йолчу Хьулиматах бIаьрг кхийтира цуьнан. ДIанехьо гомашан кIорнина шура малош йоллуш Кхокха а яра. Йоккхах йолу йоI хьаьжкIашна асар деш йоллура. Хьаша дагавеара хIусамдена. Ара а ваьлла, Кхоккхига мохь туьйхира;

- Хьаша гIаттаза ву?

- И гIаьттина дукха хан ю, - дуьхьал йистхилира зуда. -ДIаваха а кхиъна цул тIаьхьа.

- Со хIунда ца гIаттийра аш?

- Цо пурба ца делира.

Иза дIавахарх шена вас хилла моттийтахь а, Хьайдарбекна хазахийтира ца догIучу дагца цунна хьошалла лелор чохь дуьсуш хиларна. Цу тIе, цуьнга безам а бацара кхуьнан.

Ларамаза Даркеш вехачу керта бIаьрг туьйхира цо. Дундий, воккха стаггий рагIу кIел къамел деш

Iара. ХIун маша бузуш ву техьа хIара шиъ хIинца? - ойла йора цо. Дунда хьала а гIеттина,
цхьанхьа дIавахара. Таймасха арахь гуш яцара. Даркеш а, чу а вахана, хье ца луш, топ карахь а
 йолуш, юха аравелира. ТIаккха жIайн гIанта тIе дIа а нисвелла, бехчалгаца биргIа цIанъян
волавелира. Хьайдарбекан корта болх беш бара: «Топ цIанъеш ву... Цхьана хIуманна эшна...
Билггала талла ваха воллу хьуна иза... Цу гIуллакхна бен топ воккхачу стага схьа а ца оьцу.
Кхо тергалдина. И ду-кх кхунна оьшшург. Хьуьнхахь дагалаьцнарг кхочушдан башха хала а хир дац
. ГIалатваьлла ма хилахьара хIара. ГIур вац техьа?.. Ларван веза ас и...»

И де чекхделира. Хьайдарбека бIаьрса ирдина шен тидамехь латтадора Даркешан уьйтIахь хуьлуш
мел дерг. Бода къовлабелча бен чу а ца вирзира. Даго хьоьхура: воккха стаг талла ваха
кечвелла. Цундела шена мотт рагIу кIелахь биллийтира Хьайдарбека оцу буса. Сахуьлу хан яра хI
инца ларъян езарг. Наб озийра цунна.

Вон гIан гора Хьайдарбекна. Цхьаъ кхунна тIаьхьа уьдура, хIара хьалхара дIауьдура. Важа тI
екхача гергавоьдура. ХIара, когаш а лацалой, меттах дIа ца валалуш, сецна лаьттара. ДегIера г
Iора дIа а даьлла, охьавуьйжира иза, куьйгашца корта а лоцуш. Цхьанхьара буьрса Даркешан аз
дийкира: «ХьалагIатта». Хьайдарбек самаикккхира. КIегар а хиъна, гонах дIасахьаьжира. ТIаккха
доккха са даькккхира. Закъ-аьлла, зIар доьллуш хезира. Кех а ваьлла, хьун йолчу агIорхьа
волавелла воьдучу Даркешан тидам хилира цуьнан.

Оцу дийнахь ши стаг вара гиххойн хьуьнхахь толлуш. Цхьамма экханан лар толлура, вукхо - ша
санна долчу адамниг.

Сай тосабелира Даркешна. Кест-кеста, бежачуьра саца а соций, корта хьала а айбой, гонаха дI
асахьожура иза. Кхераме хIумма а ца хааделча, юха а охьатаьIара. «Хаза дийнат ду сай,- ойла
йора воккхачу стага. - ДегI оьзда, болар - дай, бIаьргаш - хьекъале. МаIийн кур мел товш бу,
говзачу пхьеро бустам боккхуш бича санна. Дагахь хIума дац мисканна. Хаахьара, ша Iожаллин
зила тIехь лаьттийла». Меллаша, тата ца далийта гIерташ, букъа тIехьа оьллина йолчуьра топ
каралецира Даркеша. Сай Iалашоне лецира. ПIелг лога тIе бижира.

- ХIинцца топ ер ю, - сацийра воккха стаг лерина тергалвеш коьллашна юкъахь дIалечкъина
воллучу Хьайдарбека. Цуьнан ирс довр-м хьаха дацара. Гой хьуна, сайна тIе Iоттавели. Цуьнан
жижигах хайра-м хирий хьовха...

Амма топ ца елира. Лаг ца озаделира Даркеше. Селхана дуьйна цхьа тамашийна хьал ду кхуьнгахь.
Хьалха цкъа а девзина доцу. Стенна деанехь а, дегIах хи кхарзa дагадеара цкъа, юха цIена
бедар юьйхира чухула, когийн-куьйгийн мIараш хедийра. Ткъа садаьржаш ша кешнашна тIехволуш
элира: «IадIе, IадIе, наб уггар чIогIа марзло хан ю хIара. Кестта цхьаьна хир вай, кIентий
...»

Дуьххьара шен дахарехь экханах къахийтира Даркешна... КIорггера ойла йича, кхуьнан хIун бакъо
 яра иза дуьненах баккха? Са деза хир ма ду цунна а. ХIинццалц хIунда ца деана техьа кхунна и
 дага? Тамашийна хIумнаш ду хIорш. Атта тIе а кхуьур воцуш. Ур-атталла, хIара санна бIе
шарахь ваьхча а. Тахана дуьйна дIа нигат до кхуо, кхин цкъа а са долчу хIуманан цIий ца
даккха.

Хьайдарбек ца кхета воккхачу стага лелочух. Сай а дIабахийти, тоьпан хьокха диттах тоьхна,
юккъехула кагбин. И хIун хир дара-а?

Воккха стаг цIехьа воьрзу. Кхин хIокху хьуьнхахь дан хIума дац цуьнан. Сацам бина баьлла. Оцу
 цIеххьана кхунна хьалха схьаделлалучу керлачо ойла серлайоккху, ницкъ боуьйту.

Кхин хьал ду адамна тебачуьнгахь. Иза вуьйхи. Цо дагалаьцнарг кхочушхилаза диса герга ду. ХI
ан-хIа, цунна къа ца хийти ша санна долчу адамах. Цо нигат ца дин са долчу хIуманан цIий ца
даккха. Воккхачу стеган тамашийна леларо галваькккхи иза. Амма цуьнан лар эцна воьдучуьра ца
соцу. «КхидIа Iойла дац. ХIара аьтто болуш меттиг ю... КIорга Iин, бухахула охьадоьду ламанан
 сиха хи. Дерриг а кхуьнгахьа ду. Лаг озийчхьана волу». Хьалха воьдучу Даркешан пханаршна
юккъе топ хьажайо Хьайдарбека. Куьйгаш дегадо цуьнан, Iалашо цхьана меттехь ца сацало. «
Хьанах кхоьру?.. Эхь дац и?!. Шена догIург цо диъна хIокху дуьненахь. Хьайн а, хьайн хинволчу
 кIентан а ойла е... ХIаъ, и ма ву иза ...«Къена боргIаллий, меъий» аьлларг. Цу тIехь гI
алатвели хьо. БоргIал къена хиллехь а, цунах дазделла меъ. Сайх кхардар хIинца доьккхур ду ас.
ДIаэца хьайна!»

Къорра топ йолу. Цуьнан тата йилбазан махьаро дададой, аьрцнашкахула, басешкахула чекхдоккху
...

Эпсара сатийсинера оцу хааме. ТIаьххьар а кхечи и. ГIаттаман ун даржийна волу Даркеш вийна. Х
Iинца хала дац. ХIинца рагI Iаьржачу зудчуьнгахь ю. ХIилланца караяло еза иза.
Хьайдарбекехула. ТIехьаьжча тентаг хетахь а, коьрто болх бо цуьнан-м. СовгIатна биллина
динний, туррий гича, бIаьргаш серлабеевлира гиххочун. Мотт тохаран башхалла хIун ю хьуна аьлча
, и цкъа тоьхнарг шолгIа ца тухуш цаIавалар ю. Къаркъа малар, кехатех ловзар, къола дар санна
, марзлуш хIума ду и стагна. Царах муьлхха а цхьаъ дуьххьара дIадолош, тIаьххьара хир ма ду
хьо олий, доладо. ТIаккха шолгIачунна тIехь доза туху. Цул тIаьхьа кхоалгIачунна тIехь чIагIо
 йо. Цигара дуьйна хьесап дар тосий дуьту. Цунах шера кхеташ волу Сергей Петрович кхин
дуьхьал хIумма а ца олуш сацавелира, Хьайдарбека тIаь-хьенна зайл тухуш гуттаренна а дI
асакъастарх дерг къадийча. Иштта болу сацам шина хIуманна тIехь лаьтташ бу: хьайн гIуллакх

дина а ваьлла, цунах хьайна йогIу ял схьаэцча, паргIатваларний, и цхьанна а гучу ма далахьара -кх бохуш, кхерамо боьгIначу гуро лацарх ларлуш Iерний. Амма денош дIаоьху, хьалхарчо хьо воккхавевеш, бIаьрг хьоьстуш. ШолгIаниг, тIеттIа жимлуш, шен иралла йовш, дIадоьду. Кхераман ойла артло.

Стом хилла баллалц и ца хьебан сацам бира Покровскийс. Невельскойга баккха кхаъ болуш бу. ХI окку деношкахь гIопа схьаккхача везаш а ву иза.

Кхеран цхьаьнаккхетар Сергей Петровична ца моьттинчу кепара нисделира. Карарчу ханна кхузахь кхолладелла хьал ма-дарра инарлина дIадийцира Покровскийс. ТIаккха шена тIаьхьа ца туьттуш дича бакъахьа хетарш дагардан волавелира:

- Гиххой корта боцуш бисна. Цунах пайда а оьцуш, эскар цига хьаладахийта деза. Вай вешан стаг ву царна юкъахь. Оьшуш меттиг хилахь, цуьнга йоьйтур ю бIобаьчча...

- И бохург хIун ду хьан?

- Гиххойн баьчча... зуда ю, хьан сийлахь-воккхалла.

- Муха??? - цецвалар ца лачкъало инарлига.

- Иза бакъ ду, хьан сийлахь-воккхалла, Таймасха.

- ТIаккха, тIаккха...

- Ас ма-аллара, и новкъара дIаяьккхичхьана...

- ХIунда йоккхуш ю иза дIа? - Сергей Петрович юкъахвок-кху Невельскойс.

- Гиххощца долчунна тIехь тIаьххьара тIадам хIотто, хьан сийлахь-воккхалла.

- Оьший хьовха и тIаьххьара тIадам, Сергей Петрович, хIан? -ойланашка волу инарла. - ТIадам - иза дерзоран билгало ю. Дина чекхдаьлла гIуллакх - делла гIуллакх. Хьо оьшу и гIуллакх мел ду. Сихий, аттий динарг тIе а дай оьцу. Сиха диц а до и... Хьо кхетий со ала гIертачух?

Эпсар кхиира цо бохучун дуьхе. Цу хьокъехь кхо хьалха ойла а ца йинера. Инарлин дешнаша жимма хьалаайдира цунна дуьхьал оьллина кирхьа. Дисначух хIара ша кхиа везара. Шен хьекъалца.

- Кхета, хьан сийлахь-воккхалла.

- ХIун дан дагахь ву?

Оцу хаттарна дала дуьззина жоп цкъачунна эпсаран дацара. Цундела ма-дарра цо инарлига дIа а элира.

- Суна хетачуьнга хьуна ладогIа лаахь...

- Баркаллица тIеоьцур ду!

- Ламанхощца долчунна тIехь сихвала ца ошгу, - меллаша дIадолийра цо. - ДIадайта цаьрга шайн талораш... Амма хIора гIулч тергамехь латтае. Дика ду вайн вешан стаг царна юкъахь волуш. Гиххошна тIехь толам баьккхиний, Нохчийчуьра гIаттам хьаьшна дIабаьккхиний бохург бен-бен ду ... Яржийта цIе. Таймасха элирий ахь?.. Серлоно тIеийзайо садолу хIумнаш санна.. цунна гонаха хIуьттур бу вайн мостагIий. Таханлеранаш а, кхана хила тарлуш берш а. Гучубахийта шаьш. Цхьанхьа яьлла цIе яйа атта ду, массийттанхьа яьллачу, мотт а баьккхина, дIасауьдучул. Цхьанхьа яйина валале, цуьнан суйнаш кхечухьа а кхочуш.

Ахбакъдерг бен дацара иза. Важа ах шена дIадиллинера инарлас. Цуьнан мах кхунна цхьанна бен ца хаара. И кхо цхьанцций а доькъур дац. Метта а ваьлла, бIаьргаш дIахьаббира инарлас. Ца хьаббира наб кхетийта дагахь-м. Петербурге ша дIаккхаьчча, паччахьца шен хин долчу къамелан сурт дуьхьал хIоттийра цо. И дан башха хала а дацара, хIунда аьлча, паччахьан амалш а, хьекъал а, марзделларш а дика дэвзаш хиларна.

«Хьан веза-воккхалла, Нохчийчуьра вогIуш даьтташехь, ур-атталла некъан духар а ца хуьйцуш, хьуна тIеккхача сихвеллера со...»

«Духар-м хийцинехь а мегар дара хьуна, инарла, - Iоттар ярца, мара дIа а берзош эр ду паччахьа. Дешнаш кхин хила а мега, амма чулацам...».

«И сан ледарло ю, хьан веза-воккхалла».

«Еккъа и цхьаъ бен хьоьца яцахьара, со ишттa резавоцуш ца хила а тарлора» - тен туьгур вац кхечаьргара бехкаш дахар марзделла волу цуьнан веза-воккхалла. Амма кхунна хаа цуьнца къамел муха дIадахьа деза.

«Гечде суна, ас сайна сиха хеттачу хаамашца синтем бохийнехь...»

«Сиха хаамаш?» - керланиг довзаран сутараллин цIе лета паччахьан бIаьргаш чохь.

«ХIаъ, Нохчийчуьра сиха хаамаш, хьан веза-воккхалла...»

«Ламанхой къарбина вай? И вон кост дац».

«Цу тIе бахка герга бу уьш, хьан веза-воккхалла...»

«И сихдарна тIехь вайна новкъарло еш дерг хIун ду?»

«Вайн цхьаболу инарлаш тIех шайх тешна хилар. Меттигера хьелаш тидаме ца эцар».

«Ас и нисдан вахийтина вацара хьо?!»

«Цигахь дерг телли ас. Кхузза Нохчийчохь хиллачул тIаьхьа...»

«Хийцаделла хIумма а дац!» - мохь тоьхна, юкъахвоккхур ву хIара.

«Эскарна тIехь куьйгалла дар сан карахь дац, хьан веза-воккхалла...»

«Хилча хIун толур дара?!»

«ЛадогIахьара ахь соьга, хьан веза-воккхалла...».

«Шун хабарех вуьзна со! Эхь ду и! Масийтта шарахь оцу аккхарошца ца ларадо Европехь уггар нуьцкъала долу эскар. Со ца теша шух ».

«Хьуна хьалхара вала а кийча ву со, хьан веза-воккхалла. Боцу бехк ма баккхахьара Ахь...»

«Аш массара а олу иштта».

«Ас гIуллакх тIехь гойтур ду сайн хьуна муьтIахь хилар, хьан веза-воккхалла. Логах муш а тесна, ялийна хьуна хьалха хIоттор ю-кх ас и нохчийн Жанна д'Арк».

«Хьо лартIехь вуй, инарла?» - паччахьан бIаьргаш горглур бу. Цо хIара тиларчу вахана лору. Ткъа и Невельскойна оьшшург ду.

«Нохчийн гIаттаман куьйгалхо ас йийсар йийр ю!»

«Паттаман куьйгалхо?..»

«ХIаъ, хьан веза-воккхалла!»

«Зуда... ю иза?..»

«Ю те, хьан веза-воккхалла».

«Хьо гIалат-м ца ваьлла?»

«ХIан-хIа, ца ваьлла, хьан веза-воккхалла!»

«И ду хаза...»

«Башха стаг ю хьуна иза, хьан веза-воккхалла. Цуьнан карах велла инарла Севцов, цо шен куьйга кIел латтайо ерриге а маьрша йоцу Нохчийчоь. Ламанхоша шайн коьрте хIоттор яцара мух-мухха а зуда».

«Делахь-хIета, хьоьга хаьттича, суна халахета деза я хазахета деза? Ахь ма чIогIа хастий иза ?..»

«Майрачу, цIеяхначу мостагIчунна тIехь боккхуш болу толам гIолехь бу, цхьанна а ца вевзачу, гIийлачу мостагIчунна тIехь боккхучул».

«Хьан дешнаш шайца цхьа маьIна долуш ду... Ас ойла йийр ю. Нохчийн Жанна д'Арк тов!..»

Эццахь паччахьа балда доккхур ду. Ша аьллачунна кхин тIехдаьккхина хIума ца алахь а, Невельскойна хаьа и цуьнан коьрта чуьра дIадер доцийла. ХIара волчуьра сихха ара а ваьлла, шен зуда йолчу гIур ву иза. Цецвоккхуш долу керланиг дийца...

Иштта я цунах терра хир ду дерриг а. Цуьнан щеко яц. ШолгIачу дийнахь паччахьа шена тIекхойкхур ву хIара.

«Ойла а йина, сацам тIеэцна ас, - эр ду цо, хIора дош ша-ша доккхуш, кIорггерчу маьIница. - Нохчийн гIаттам цIийлахь хьаша беза. Баьчча йийсар е. Дийна а йолуш Петербурге схьакхачае иза . Сан дайшна гина Разин, Пугачев санна болу зуламхой. Амма царна юкъахь баьчча-зуда ца хилла.

Ламанхойн Жанна д'Арк! И санна дерг бIешарахь цкъа бен ца нисло. Ас массарна а гойтур ду оьрсийн паччахьана зударийн сий дан хааррий, къинхетаме доггий».

И мичара даьлла Невельскойна шера хаьа. Кхо ма-леррара дIадоьду шадерг.

И гIаттам бохор инарлас шена тIеоьцур ду. Покровский юкъа а озош. Толаман доккхах долу дакъа паччахьна герга льаьттачунна кхочу. Цуьнан IиндагI къоначу эпсарна а тоьур ду. Иза кхуьур ву хастаман лакхене кхача. Невельскойна дIахецна хан кIезиг ю. Цундела сихвала веза. И дерриге а дагалаьцнарг хIара цхьаъ ву. Диснарг цхьа кIеззигниг бен дац... И гIаттам вовшахтохар. Ламанхоша шаьш и ца дахь, уьш цу тIетатта. Муха? Цо Сергей Петровичан, сан хьомсарчу бажин Сержан, корта лазийта-кх. И санна дерш цунна керла дац. ТIехьажош хьекъале куьг хилчахьана, важадерг ша дийр долуш ву... Уггар халаниг и Таймасха - цIе а ма ю, схьааьлла валале мотт а кагбийр болуш -дийна а йолуш караялор ду. Елла а йолуш болу цуьнан мах дуккха а лахаболу. Паччахьна акха, дийна тайниг санна оьшу иза. Ша санна болчу Европан кхечу паччахьашна хьалха дозалла дан: «Хьовсал сан караIамийначу акхачу тайпан зудчуьнга. ГIаттаман коьртехь льатташ а хилла. Амма со къинхетаме ву. Ас гечди сайн мостагIчунна. Зуда ма ю иза».

И ойланаш шаьш яхка а тарло паччахьан коьрте. Ткъа ца ягIахь, инарла Невельскойс къамелашкахь , вуккунна хIун ду а ца хоуьйтуш, цу чу йоккхур ю уьш. Тардина олуш, къадош, шечух цуьнаниг дой, дIаухьуш. Дозалла дар дезаш ву паччахь. Ткъа хIо-кхо хIинца цуьнга кхийдориг ша санна дерг кхин хилла доцуш хIума ду. Цунах тасавеллачуьра вер вац иза. Французаша лаа аьлла дац: шерше ля фам (Зуда лаха). Кхунна и карий...

Инарлина мерза наб озайо. Там хилла Iуьллу иза кисин кIедачу меттахь. Таймасха къаьхьачу балано льацна, ден а, ненан а меттана шена хиллачу Даркешан докъан гIевланга хиъна Iаш ю оцу ирчачу буса.

ШолгIачу дийнахь орцахъелира юрт шен къаночунна. Хьаннаш, аьрцнаш, боьранаш, Iаннаш цистира, иза ца карош. КхоалгIачу дийнахь Таймасха Iоттаелира цунна тIе. Тамашийна нисделира и. ХIора кулла кIел хьожуш, шеко йолу меттиг толлуш хIара лелаш, ча-кIорнешна тIе нисъелира. Кхунах къахка ца къаьхкаш, вовшашца ловзуш йоккхура уьш. Ткъа адам шайна тосаделча, дIайовдаран меттана, кхунна тIе а яьхкина, когех хьерча юьйлаелира. ЦIеххьана йистехьо буьрса «гIар-ра» хезира Таймасхина. Сиха цигахьа йирзира. Нийсса бIаьргаш кхунна тIе а доьгIна, борз льаттара. Ша хIун дан деза ца хууш, юьйхира хIара. Ца кхетара ча-кIорнешний, барзаний юккъехь долчух. Вуьшта, царна хIума дайта йоллучух тера-м яцара борз.

Ча-кIорнеш, шек а йоцуш, Iункар-бертал хIуьттуш, кхуьнан когех хьекхалуш, ловзура. ТIаккха борз тосаелча, самукъадаьлла, цунна тIе хьаьвдира. Таймасха, доккха са а даькккхина, вукху агI орхьа дIайолаелира. Жимма гена яьллачул тIаьхьа, юха ца хьажалуш ца Iаелира иза. ТIаьхьа хI оьттина йогIуш тохарлера борз гира. Тапча яра йоIехь. Амма стенна делахь а, цунах пайдаэцар дага ца догIура. Таймасха сецча, соцуш, иза дIайолаелча, тIаьхьа йолалуш, гIеххьа некъ бира кхушиммо. Iина йисте кхаьчча, кхин цкъа а юхахьаьжира Таймасха. Борз гуш яцара. «Со шена кхераме йоцийла а хиъна, тIаьхьара яьлла хир ю» -ойла йира йоIа. Амма эццахь, аьтту агI орхьара ша йолчу а яьлла, лерина шега схьахьоьжучу берзан тидам хилира цуьнан. Кхуьнга тI аьхьа кхойккуш санна, дIайолаелира иза. Делахь а, хIара кхечухьа дIайолаелира. Жимма дIаяхча, юха а барзах бIаьрг кхийтира. ХIинца аьрру агIорхьара кхуьнца нисъелира иза. Лерина схьа а хьаьжна, дIайолаелира. Масех гIулч хина, кхо хIун до хьожуш санна, юхахьаьжира.

Таймасха берзан лорах йоьдура. Цунна шена а ца хаьара ша и хIунда до. Амма берзан хьежарехь цхьа йовхо, тешам хаалора цунна. Маттаца дийца таро йоцург бIаьргашца бохура цо.

Iуьйранна оцу меттехь толлуш яра Сираниг. КIорнеш юзо езара. Уьш кароле дуьненах догдиллина йолу хIара, хIинца дахаран дезарша ядийна лелаш яра. ХIаваэхь адаман хьожа кхийтира барзана. ХIун ду хьажа цигахьа гIоьртира. Кестта гира цунна иза. Адам аркъал а доьжна, меттах ца долуш Iуьллура. ХIилла дуй техьа и аьлла, шекьхилира Сираниг. Цундела тIеяха ца сихлуш, ехха тебна Iийра. Адамца хуьлуш хийцам бацара. ТIаккха, хуьл-хуьлуш, цунна герга хилира Сираниг. СадоьIу ца хаалора. Адам дийна дацара.

Таймасха чайтаIашна уллохь тосаелча, сийна цIе хьаьдира Сирачун кийра. Царна иза вон дан йоьллехьара, барзо ша кхоор яцара. Амма адамо бохам ца бира. ТIаккха дагадеара Сирачунна, адамо адам лоьху хир ду хьуна, аьлла. Кхунна хаьара: цхьа дика гIиллакх ду адамийн — дакъа эрна арахь ца дуьту цара. ГIо ца дойла дацара.

Барзо тIеялийра Таймасха Даркешан дакъана. Экха тIекховдаза карийра цунна иза. Наб кхетча санна, хаза Iуьллура Даркеш. Бос а докъан бацара. ТIе ма кхеччинехь, цуьнга хьаьжча, кхунна-м иштта мотта а моьттинера.

Сиха гучуделира Даркеш топ тоьхна вийна хилар. Амма и хьан дина хир ду хууш стаг вацара юьртахь. Цхьаъ воцург. Цо дуьне доьхча а, цунна даре а дийр дацара-кх.

Кхечарна юкъахь тезета веанера Хьайдарбек а.

- Доккха вон деана вайга, - кадам бора цо Таймасхига. -Мерза а, нахана оьшуш а стаг вара Даркеш. Дала ша вирзина хIусам декъалйойла цуьнан. Виснарг дIа ца лелча ца волу. Собарх ма йохалахь. Бекхам боцуш вуьсур вац и динарг... ГIазакхех ца даьлла беркат ду.

Тезета вогIуш, ша и эр ду аьлла дагахь дацара Хьайдарбекна. И тIаьххьара аьлла дешнаш шаьш даьккира меттан буьххье. Цуьнан хьекъалехь, шеко цигахьа ерзо деккар дара цара. Ткъа ккуьнгара хьал ккунна шена бен ца хаьа.

Даркеш вийначу хьалхарчу буса, наб ца кхеташ, веха кирчира иза меттахь. Хьацар деттара. Хорша еъча санна. Эзар вон ойла хьерчара дагах. «Дийна висна хила мегара иза... ТIевахана хьажа хI унда ца хьаьжира со? Кхеравелира. И дечохь вацара... Боккъалла, иза чов хилла виснехь, ма дала тохар ду хьо. Со гирий техьа цунна? Гойла-м дацара. Ткъа гинехь? Вала ма велла иза... Веллий техьа? Хьажахь, тIевахана хиллехьара, хIинца хIара бала хьогур бацара. ХIан-хIа, топ нийса кхийтира. ЦIетухург... И мича яьхьира ас? Цигах охьаккхоьссина хила там бара...»

Меттара хьалаикккхина, къуьда а латийна, цIетухург лоьхура Хьайдарбека. Цхьанхьа а ца карайора. Схьаэккка доллуш санна детталора дог.

«ДIадели... ДIадели... Гучуваьлла лара. Собар, собар... Цига хIинца а цхьа а кхаьчна хир вац. Со ваха веза... Тховссехь. Хилча хIун ду буьйса?.. И нехан караяхале. Бодашкахь карайой-м ца хаьа. Караяхь, тамаша бу. КIорга Iин дара цигахь. Гоьллец яьлла буц а йолуш, карор яц. Цига ваха мало йина-м Iийр вацара... Делахь а, цхьанна тосалахь? ДIадаьлла тIаккха. Сатоха деза. I уьйранна къаьстар ду. Гуттар ца хуьлчу далахь, талла ваханчохь йоьжнера аьр-кх. Массарна хаьа, со талла лелий. И вен кийтарло яц. Мукха елахь а, цхьа а йоцчул гIолехь-м ю...»

Цхьаццуьрриг сатедира цо. Халла наб озийра. Амма иза озоза велар-кх хIара. ГIенах тохарлерра Даркешан буьрса аз дийкира: «ХьалагIатта!» Хьераваларна гергга вара Хьайдарбек. ХIетахь дуьйна буса дIавижа ца ваьхьа доьалгIа де дара.

ЦIерачаралахь хьалха майрачун хийцавалар Кхоккхина тосаделира.

- Хьуна хIун хилла, ва стаг, хила? - хаьттира цо.

- ХIун хилла суна? ХIумма а ца хилла-кх, - сихха жоп делира вукхо. - ХIунда бохура ахь?

- Набаран суй беш вац, мегарг ючуч а ца кхета...

- Могуш воцуш ву со, - аьшпаш боьттира Хьайдарбека.

- Цхьа дарба лело дезар-кх тIаккха, - бала кхечира хIусамненан.

- Цхьаъ дийр ду ас, - шога кхоьссира майрачо.

Кхоккхас дегабаам бира. Кхуьнца цкъа а кIоршаме хуьлуш воцу хIара тIаьхь-тIаьхьа кхиссарш ян а, тIечеха а волавелла. Шегарчух ишта а йоккхаеш лелаш йоцчу кхунна гуттар деза дара и. Юьхьанца моьттинарг гIан хиллера. Кхо сатийсинарг дацара кхаьчнарг. Буьйсанна эсала хуьлура Хьайдарбек. Дийнахь хIара тергал ца ян гIертара. Иза-м, дера, нахана хьалха хIиттош кеп ма яра. Делахь а, Кхоккхина кхечу кепара гинера-кх маре дар. Вуьшта, вон ву ала, вон а ма вац хьуна кхуьнца иза. Нехан майранашка хьаьжча-м муххале а. И дагадеъча, жимма синтем хуьлура. Лерах мехий дохуш Iаш нана а яра.

- Варийлахь, хьайгара хIума мадалийталахь, - бохура Зайнапа йоIе. - ТIехь цIийнда воцург дахар дац хьуна. Ткъа хIара зама майранаш хоьржу зама а яц. ГIеххьачух тоам а беш, Iан еза...

И гIеххьа дерг долуш дара. Цундела кхечух дог а диллина, ехара Кхокха. Кестта ша нана хилла д IахIотта езаш хиларо мелла а къагадора цуьнан денош. Доьзалхо хилча, шадерг дикачу агIор хийцалур долуш санна, хеталора. Мукха делахь а, оцу ойла цо хьоьстура хIара, сингаттаман я гI айгIанан кара дIа ца лора.

Цхьа хIума дара цатам беш дерг. Ша Iаш йолчу кхуьнан ненан терго яр шена тIеэцнера дечиг ког болчу Сапарбека. Вон стаг вац иза, керстанех схьаваьллехь а. ТIекаре, схьаийна, куьйгана чIог Iа говза, ткъа къинхетаме ма ву моьттахь! Божалан тхов туьллуш а, серийн керт юцуш а, зIар хI оттош а Зайнапана доккха гIо дина цо. Зайнапана хьовха, цхьа а гихьо хир вац цуьнан деган комаьршалла йовзаза. Юьртахоша лара а лору иза. Дозалла а до цунах. Ша Кхокха ма-цецъяьллера цхьана сарахь меран йоIа дийцича: ког дIабаьккхина волу Сапарбек сайн бIаьргашна ги-кх суна шина а кога тIехь дечигера вогIуш. «ДIаяла, ахь хIун дуьйцу?!» - аьттехьа а ца дитира дестечо.

Иза-м хIун дара хьуна, дийнна юрт еанера Хьатус шена ул-лохь дакъа а делла ваха охьахайначу Сапарбекан уьйтIа. Массарна а шайн бIаьргашца ган лаьара и инзаре хIума. Цхьа хан дIаикккхина волу Сапарбек, бер санна, вела а воьлуш, гиххошна хьалхахула волалора. Жимма цхьана когана астагI лелхар бен кхин хIума доцуш, шина а кога тIехь лелара иза.

- Тамаши хума дац, - нохчийн маттана цхьаццуьрриг гал а волуш, олура Сапарбека гулбеллачаьрга. - Дечиг ког дика ду, диг тохах а лаза ца до... Дика ду, нах...

- ХIинца цхьамма-м хабар хецнера йисна Iаш йолу Зайнап йига воллу иза аьлла. Кхоккхина и чIогI а новкъа а деанера. Стенна делахь а, ца лаьар-кх. Цуьнца цхьана ненах кхета а гIертара. Хьалхе тIера цIийнда кхелхина, хIара шиъ кхобуш Iийна, дуьне ца гуш. Бахана хIорш баккхий хилча, Элберд де а гIуллакх доцуш, эрна вай. Кхо шен рицкъа лехи. Нана цхьа йиси. Хала ду

цунна. Тишъелла. Боьрша стаг оьшура цIентIехь. И дагадеача, ойла хийцало Кхоккхин. Наха олу долчух а кхоьру. Делахь а хIун эр дара цара? Я цара и аьлча, тIелата хIун эхь ду? Дера дац-кх . Цул доьхнарш, хьаха, лелийна наха хийла... ТIетан гергга хуьлура Кхокка ишттачу муьрехь.

Сапарбека иза йигначул тIаьхьа дуккха а денош дIаихира йоI нанна тIе ца йоьдуш. ОьгIазло а яцара иза сецориг, даго ца юьтура-кх. ТIаьххьара а нана йолчу яхара Кхокка. Iен а ца елла. Вовшийн гушшехь, хьалхxе барт бича санна, мар-мара а кхетта, йилхира ший а. Цу сарахь дуьйна кхарна юккъера ша бешна дIабелира.

ХIинца цхьа хIума оьшура Кхоккхина - доьзалхо. Къайлах кIант хиларе са а туьйсура. Цунна хаа ма хаьара Хьайдарбека ша ялоран коьрта бахьана хьалха ялийначу Хьулимата кIант цавар дуйла. ХIан-хIа, майрачун шеца йолу юкъаметтиг талхарна ца кхоьрура иза. Да ца гина а, вешин дика довза кхиъна а йоцчу цунна ондда гIортор оьшура дахарехь. И гIортор боьрша стаг ву.

Майрачун сингаттам цуьнца боьзна буй техьа аьлла, шекьелира иза. Бер дан хан гергакхаьчнера. Цуьнца нисделира Хьайдарбекан хийцавалар. Бакъду, хIинца жимма меттавогIуш льаьтта иза. ХIума а юу, буьйсанна наб а кхета. Делахь а, сингаттаман IиндагI кхоччуш дIадала туьгуш-м дац цуьнан юьхь тIера.

Даркеш дIавоьллина дикка хан яьллера, Хьайдарбек Маьлхан ирзе ваха тохавелча. Ма-хуьллу и де тIаьхьатеттинера цо. Кхин Iойла дацара. Динний, туррий шайн бакъволчу дегахь хилча бакъахьа дара.

Эпсаран велавелла хиларх а, талмажан тIекаренах а Хьайдарбек кхийтира уьш шена резахиларх. ТIехь бIаьрг ца соцуш хаза бара дин. Кест-кеста лоцура кхо кIужал йолчу туьран мукъ. Эпсар ца Iийра хIоккхо и хаьн тIе ца тесча. Кхин хIара кхузахь сецош хIума дацара.

- Динний, турpий мичара даьлла аьлла, юьртахоша хьайга хаьттича, хIун жоп лур ду ахь боху эпсара?

- Церан хIун бала бу цуьнца? - курра кхоьссира гиххочо.

- И жоп дац...

- Хьуьнхахь тIе а Iоттавелла, паччахьан эпсар дIакъовкъийра эр ду-кх.

- И ша гIуллакх ду.

Цу тIехь къамел чекхдаьлла а лерина, дIавирзина дIавахча шен и нийса хир ду-дац ца хууш, холчохь вара Хьайдарбек.

- Хан яьлла вайна... - элира цо.

- Хье ца веш, дIавохуьйту оха хьо, - кхетарца дуьхьал вистхилира талмаж. - Эпсарна хаа лаьара гиххошна герз мичара долу.

- Коьртачу декъана, салташца хуьлучу тасадаларшкахь доккху-кх...

- Тоьпаш дукха юй? ХIоъ-молха?..

- ХIора шолгIачуьнгахь-м ю.

- Юьрта чу вуллучохь хIоттийна йоккха топ ю бохург бакъ ДУЙ?

- Вай кхузахь льатташ хилар санна бакъ-м ду.

- Йолуш юй иза?

- Таймасхас Дунда бен цунна улло вохуьйтуш а вац. Цо бахарехь, къаьхьа де дийр долуш-м ю. ЧIогIа лерина а лелайо цара иза. Цхьа хIума йоьхна меттиг ялахь, Сапарбеке кхойкху. Иза-х вай дечигний, аьчганий чу са а кхуллур долуш, - церан шега болу тидам алсам мел бели, цунах цхьа дозалла а деш, къамеле велира айкханча.

- Мичара ваьлла шуна оццул говза пхьар? Мила ву хIара ван? - Хьайдарбек велаозийра.

- Цхьана агIор, сан стунда, вукху агIор, шун къомах стаг а ларалуш ву-кх иза...

- «Шун къомах» бохург хIун ду хьан?

- Иза гIазакхий хилар. Салтех.

- Шу долчу муха кхаьчна?

- Цхьана тIамехь чов йина, йийсар валлийначохь висна-кх.

- ЦIе хIун ю элира ахь цуьнан?

- Тхан Іедалехь-м, Сапарбек ву иза... ГІазакхаша шех Сабел, Сагел, Савел... Ца хаьа суна... Цхьаъ олу-м бохура цо.

Покровский ойланашка велира. Гиххочун оцу хаамо дагале-цамийн уьйриг баста безийтира. Тен юьхьиг караеллера - оьрсийн салти. «Савел... Савел... Велахь а, вацахь а - Савелий! ХІаъ. ХІ етахь тІамехь... Со венза волуш... Иза тІепаза вайра. Дийна а воцуш, беллачарна юкъахь а воцуш. Хьажахь, ма вицвеллера суна иза... Цкъа мукъана а дагавеарий?.. Хила а ца хилча санна. Вуьшта, уьш дагахь латтийна а мила вер ву. Со цхьаъ бен вац. Уьш бІеннаш чекхбуьйлу сан бІ аьргашна хьалхахула. Хьажал хІоранна хьайн ойланашкахь меттиг йита. Цунах гІуллакх хир дац. Амма Савелий... Цуьнца доьзна сан дуккха а дара. Вицван везаш ца хиллера. Иза и велахь...»

Лерина талмаж шега хьежаро ечу ойланех воккху Сергей Петрович.

- Хаттал цуьнга, иза гойла хир дарий тхан.

- Шу тхо долчу дІадагІахь, гур а ву-кх, - Іоттар янза ца Іа-велира Хьайдарбек.

- Хьоьга боккъалла а хоьтту, - басна хийцавелира талмаж.

- Ас боккъалла а жоп а ло-кх: я шу тхо долчу дІа ца даьхкича, я иза шу долчу схьа ца веъча, гойла дуй шун вовшийн?

- Ахь хІуъу а дина а, ккуза вало веза иза... Стунда а хилча... Собардел, хьан стунда муха хуьлу иза?

- Вацара иза стунда-м, - дог ца дарца боху Хьайдарбека. -Соьгахь йолчун ненан мар ву-кх. Шун Іедалехь и муха нисло-м ца хаьа суна.

- Мукха делахь а, тІеваха цхьа некъ бу-кх хьан цунна, -шечунна тІера ца волу талмаж. - Аьр вай, дечиге валавехьа хьайца... Оха аьллачу метте. И дичхьана, хьо вели-кх... Эрна дойур дац ...

- Хьожур ву со, - тІе ца тайча ца волу Хьайдарбек.

- ШолгІачу кІиранан оршотан де... Виц ца велла-кх хьо?

- Ца вицвелла. Цхьалха ккор ккуьучохь.

- Мегар ду.

ЧІогІа лиъчера Хьайдарбекна совгІатна беллачу динна тІе а хиъна, юьртах чу вола. Амма цхьана гуш боцчу ницкъо сацийра. Цуьнан юьхь а лаьцна, шен алашна тІе а хиъна, цІехьа вирзира. Кхуза ван араваьлчхьана дуьйна, бина сацам бара: хІетахь и хиллачу хІотта. ЦІетухург кароза яра хІ инца а. Иза нехан карайохуьтийла дацара. И шена кароре сатуьйсура. Беза мохь дІаболура цуьнан даг тІера тІаккха.

Іинна гергакххаьчна хІара воьдуш, юьхьарлаьцна богІу дин, корта а лестош, карзахе терса болабелира. Цунах ун даьлча санна, синтем байра ккунна кІеларчу алашин а. Бода чІагІбелла хан яра. Кхерам боьссира Хьайдарбекан даг чу. Бодашкахь серло ккеташ санна хийтира цунна. Лерина дІахьаьжира. Къегаш дерш берзан бІаьргаш дара.

Говран чоже когаш а тухуш, оцу меттигна генавала дагахь, ккечу агІорхьа ерзийра Хьайдарбека алаша. ЦІетухург лохучохь дацара гІуллакх.

Болар ккин лах ца дойтуш, чопа йинчу алаша тІехь юьртах чу вуьйлира иза. ШолгІа боргІалш а йийкира.

Юьртахь сиха даьржира: Хьайдарбека хьуьнхахь эпсар а вийна, цуьнан дин а балийна, кхелина тур а деъна. И йоккха къонахалла ю олура цхьаболчу гиххоша, вукхара тІетухура: къонахаллах дерг хаац, боккха аьтто-м бу... Хьулиматна уьш а, вуьйш а бакъ луьйш хетара. Сахуьллушехь и арадаьккхинарг а иза ма яра.

Делкъе хиллера цо говрашна хьалха хІоъ буьллуш воллучу майрачуьнга олуш:

- Хезий хьуна, цхьанхьа дІасавалахь... Кхоккхех шек ю со. Цхьанна гале...

Хьайдарбек, сихха шен гІуллакх дина а ваьлла, кех велира. Билггала ккуза гІур вара-кх аьлла, цІе тоьхна меттиг ца хиларна, хийисте вахара иза. Айма йолчохь доьрчий деш волу Дундий, Сапарбеккий гира цунна. ТІевахара..

- Салам Іаликум!

- Ва Іаликум салом!

- Болх меле хуьлда шун.

- Дела реза хуьлийла хьуна а.

- ХIун дагадеана воллу шуьшиъ?

- ХIокху Сапарбека, лаахь а, ца лаахь а чIерий леца вахийта аьлла, ара ма ваьллера тхойша вала-м, - элира Дундас. - ГIуллакх хилахь тамаша-м бу. Дуоца муха лоьцур ду чIерий?

- Э-э-э, Дунда, собарде, - бохура Сапарбека.- Дика хир ду. Чара лоцур ду. Бой дац. Дуо дика ду.

Хьайдарбек а вацара дуоца чIерий леца гIертарх кхеташ. Делахь а, Сапарбека и бахахь, цхьаъ доцуш дац. Захалш шаьш ларалахь а, чуваьржина вацара хIара цуьнца. ТIехула дерг леладора. Чукаре хила гIерташ къа вуккхо а ца хьоьгура. Цхьанаэш-шарехь юкъаметтигаш яра. Амма гIопарчу эпсара кхунна тIедиллинчу гIуллакхо мелла а и юкъаметтигаш тояр лоьхура. Цундела Дундиний, Сапарбекний гIо деш сецира Хьайдарбек. Цу тIе, цуьнан кхин дан хIума а дацара. Ишта яйина а, хан йойур-кх.

Дуо бина баьлча, шина агIор иза а лаьцна, хи чу велира Дундий, Сапарбеккий. Цу шинга а хьоьжуш, шен дагахь, ма дуо ца бузур-кх ашшимма бохуш, лаьттара Хьайдарбек. Кест-кеста хьалнехьа бIаьрг тухура: цхьа а ца вогIу техьа кхаъ бохьуш?

Дуо айми чухула таккхийра.

- Дика ду, дика ду, - шена хьалха Iемина а, марзделла а нохчийн дешнаш олура Сапарбека.

- Нах белийта воллу-кх хьо вайшиннах,- корта лестабора Дундас.

- Доьлур дац, доьлур дац, - дуьхьал вистхуьлура важа. -йисте вала, йисте... Чара да ма дахийта.

Берда йисте схьатаккхийра дуо. И буьззина аьлла, чIерий дара чохь. Хьайдарбека гIо а деш, уьш схьадаха хIиттира хIорш. Мичара кхечи ца хууш, схьаккхечира берийн сур. Баккхийчарна го а бина , гIо дан буьйлабелира. Цул доккха хазахетар ган а ца гича санна.

ЦIер тIе оьллина яй санна, кхехкара Кавказ. Цкъа цхьанхьа, юха кхечухьа шайн паргIатонехьа а, дозуш цахиларехьа а гIуьттура ламанхой. Паччахьан эскарша къинхетам боцуш хIаллакбора гI евттинарш. Амма паргIатонан чам бевзина халкъаш къардан атта дацара.

Ламанхойн гIаттам хилира Чергазийчохь. Кавказан массо а маьIIе орца эцна бахара геланчаш. Кхечира уьш Гихта а. Юьртан къаноша сацийра: чергазашна орцахдовла деза. И кхочушдан ткъа стаг къастийра, шайн коьртехь Таймасха а йолуш. Кхин сов адамаш дохуьтийла яцара, хIунда аьлча, юрт ларъян езаш хиларна. И гIуллакх Бекмарзина тIедиллира.

Кхеран тоба ГIалгIайчухула дIаяхара. Масех стаг схьаккхийтира цигахь а. Сатоссуш арабевлла хI орш маьркIажан бода къовлалуш дIаккхечира.

Оццу дийнахь Хьайдарбек гIопа мотт эцна а вахара. Беттан шолгIа оршот де а доццушехь. Ижун хьожа кхеттера...

Салтий шина декъе бекъабелира. Цхьаберш Таймасхин лорах бахара, вуьйш юьртана тIелата кечбелира.

Чергазийн гIаттам цIийлахь хьаьшира. Майра летара ламанхой, амма царах хIоранна итт-итт мостагI кхочура. Цул сов, паччахьан салташкара герз дика а, алсам а дара.

Нилхаелира гиххойн тоба а. Таймасха а тIехь дийна висинарг кхойтта стаг вара. Дегнаш доьхна бухабирзира уьш. Ца хаьара цул а ирчаниг хьалха дуйла. Вовшашна юкъахь зIе йолчу паччахьан эскаран дакъошна хала дацара хуьлуш долчух кхиа. Покровскийга хаам кхечира: гиххойн тоба цI ехьа йирзина... Коьртехь Таймасха а йолуш...

Яндаркхина гена доццуш кIело йинера Покровскийн гIерано. ГIартата доцуш, коьллашна юккъе а левчкъина, некъа тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, Iара эпсарш а, салтий а. Хан яхъеллера. ТI аьххьара а гучуелира дошлойн тоба.

Таймасхина гIеххьа тIаьхьабисна богIура важаберш. Сергей Петровична евзира иза: Iаьржа зуда! Ян а яра иза Iаьржачу аматахь. Духар а - Iаьржа. ХIинца кхуьнан карара ер яц иза. Пал тесча аьлла ма-хиллара, дукха дуьхьалонаш, новкъарлонаш йин кхунна Iаьржачу зудчо. Сагатдайти. Тоьур! Кхиберш санна болу мостагIа хилла ца Iа иза... Инарлас луьра омра дина: дийна а йолуш, йийсар е!

Синтеме доцуш деттало эпсаран кийрахь дог. Таймасха гергакхочуш лаьтта. ХIинца кхунна шера къаьста цуьнан юьхьан сибат... БIаьргаш...

Шерачу арахь йина кIело. ХIорш севцца меттиг кол яьлла ю. Царна юккъехула болу некъ. Шина а агIор салтий бу. Тоба тIех а ялийтина, юха ца бовлийта некъ боьхкур бу дIанехьо тебна Iачу

салташа. Цу кеппара аьчкан го къовлало ламанхошна гонаха. Баха а, бовла а меттиг ца юьтуш.

Цкъачунна дерриге а эпсара ма-леррара схьадогIуш ду. Тоба гона юккъе нисъели. ХIара Таймасхех къастош ерг масех гIулч бен яц. Кхин хьем бойла дац. Каде новкъа экkха эпсар. Таймасха тIехь йолу дин, къаьхкий, тIаьхьарчу когашна тIе хIутту. Хьалхxe йинчу билгалонца дийнна пен хуьлий дIахIуьтту салтий. И дерриге а бIаьргнегIар тухучу юкъана хуьлу. Гиххой ур-атталла герз даккха а ца кхуьу. Нийсса тIеерзийна тоьпаш ю царна.

Таймасхин а, эпсаран а бIаьргаш вовшашна тIедогIаделлачохь севцира. ХIинццалц деган кI оргенехь ю-яц ца хууш Iиллина ойла меттахъхьайра Сергей Петровичан: Iаьнан буьйса, ламанхойн юрт, кхуьнан сийнна бина синкъерам, хелхар... ХIаъ, галволийла дац: и бIаьргаш дара уьш... ХI ара хилла-кх и -Iаьржа зуда!

ЦIеххьана цхьанна а дагахь доцург хуьлу. Дин, мох санна, пен бина хьалха льттачу эпсарний, салташний тIехьоду. Аьтту белш ягийча санна хетий, буйнара тапча дIахоьцу Покровскийс. Салтий , шаьш дан дезарг ца хууш, бухий хьаьвза. Iаьржа духар тIехь долчу беречунна топ ма тоха аьлла дина луьра омра ду. Дин ша ма-боггIура гора хевшинчу салташна тIехула а кхоссалой, ченан кIур бен тIаьхьа ца буьтуш, бов. Эпсарна шена йина чов новкъа яц, Таймасха кI елхьараялар санна. Хьанна моьттинера! Невельскойга хIун эр ду хIинца? Цуьнан бIаьргашна хьалха муха хIуттур ву?

Шийтта йийсархо шайца а волуш, гIера гIопа юхайоьрзу. Чов йина волу Покровский дарвелла. ОьгI азе царгащца балда а Iуьйшуш, ойлакашка ваьлла иза. Кхин вокгхавевеш бац юрт йохо баханчаьргара болу хаам а. Гиххоша чIогIа дуьхьало йо. Салташа гуо льацна, амма юьрта чу ца бовлало. Нохчашкахь йоккха топ а, дика герзаш а ду.

Чов йихкина ма-еллинехь, лоьро бохучуьнга ла ца дугIуш, дин тIе хуйй, шеца салтий а оьций, го льацначу Гихта ваха новкъаволу иза. Даго хьоьху: Таймасха цигахь ю. Кхин яха меттиг яц цуьнан. Гиххощца дерг тахана тIаьххьара чекхдаккха деза!

ГIопара гIо кхачаро дегнаш ира-кара хIиттийна салтий керлачу ницкъащца чухахкало юрт яккха. Царна тIехь куьйгалла деш ша Покровский ву. ГIуллакх ца хуьлу. Шу тIехь Iуьллучу юьртана арахьара тIебогIуш цхьа некъ бен бац. Хинан тогIечухула. Цигахь яккхий чIагIонаш йина гиххошя , Гу тIехь льтташ йоккха топ а ю. Цигара охьа, кераюккъехь санна, го мостагIий.

Турмала чухула юрт йолчухьа дIа хьоьжу Сергей Петрович. Шена гуш болчеран яххьаш къасто гI ерта эпсар. Цхьаъ, велахь а, вацахь а, Савелий ву. Цхьана когана астагI а лелха, маж яьлла а ву... Ямартхо! Ткъа хIара? Собар, собар... Таймасха! Дера, изам ю! ХIинцца тIеeа динахь. Лерина хIара волчухьа схьахьоьжу. Вевзин техьа цунна? Цхьаъ бохуш ю. ДIайирзи... Къайлаели.

Де суьйранга лестина. Даккхий зенаш дина салташна. Гиххой къарбала дагахь а бац. Эпсар, ша хI ун дийр ду ца хууш, холчахь ву. Турмала чу вогIавеллачуьра дIаволуш а вац. Iаьржа бере тергалво цо. Ткъа иза цхьана меттехь ца соцу. Стелахаьштиг санна, цхьана маьIIера вукху маьII е вуьйлу, цхьа хьехамаш бо, хIорш болчухьа куьг а хьежош, дан дезарг Iамадо, юьртахой ира-кара хIиттабо.

Бодашкахь суй санна, цхьа ойла кхерста Сергей Петровичан коьртехь. Сиха Бешар-талмаж тIевоьку шена...

- ХIай, гиххой! - мохь туху Бешар-талмажа. - Шуьца къамел ду сан. Топ ма кхоссалаш!

Масех стаг шеца а волуш, цунна дуьхьал йогIу Таймасха.

- Тхо ладугIуш ду-кх хьоьга, - дека Iаьржачу беречун аз.

- Вайн барт хилахь, цхьа хIума хьахо векал вина со лакхарчу эпсара.

- Дийцал айхьа деанарг.

- Эпсар реза ву йийсар вина шун шийтта стаг схьахеца а, юьртана бина го дIабаккха а аш... - чекх ца доккхуш, соцу Бешар-талмаж.

- И дийриг оха хIун дан деза?

- Таймасха тхан кара схьало!

Лерина беречун бIаьра хьоьжу Бешар-талмаж. Цунна шера хаьа ша къамел хьаьнца до. Амма ша и тI аьххьара дешнаш аьлча а, вуккуьнан юьхь тIехь цхьана а тайпана хийцам ца хаало.

Таймасхина аьтту агIор дийнахь Iачу Джамболата туьрах ка туху. Гиххойн баьччас бIаьргащца сацаво иза. ОьгIазе, бос бехьна хьуьйсу талмаже Укий, Бекмарзий. Даркеш дIаваьллачул тIаьхьа юьртан къаночун декхарш шена тIеэцна волу Уки хуьлу хьалха вист:

- И хир доцург ду!

- Ойла е, гиххой...

- Цу тIехь вайн къамел чекхдолу!

- Бехк ма билла суна, Уки, дуьххьара хьайн дош ас дохорна, -лоххачу озехь, юьртан къаночуьнга йоьрзий, олу Таймасхас-Пурба ло суна талмаже сайн жоп дала.

- Таймасха! - мохь болу Джамболатан кийрара.

- Суна хаьа, гиххой, аш и цкъа а дийриг цахилар, - шен къамел дIахьо Таймасхас. - Шух муьлххачо а, эшча, суна хьалхара шен са а дIалур дара. Оцу бакъонах со а ма яккха! Шийтта стеган дахаррий, юьртан маршой беза мах бу, сан цхьаннан кхолламе диллича. Цундела ас сацам бо караяха... И сан сацам бохо ницкъ а бац дуьненахь! Нохчийчоьнан а, цуьнан халкъан а дуьхьа яьхна со. ХIун хир ду яхь йолчу дагна цул сийлахь?! Ткъа церан дуьхьа Iожалла тIеэцар - иза ирс ду... Валаза цхьа а вер вац. ХIинца СЗ.Н IгСХЭуК бели... Суна дуьхьал юьхьIаьржа догIийла шу, мехкан сий дойу делахь, шайн цхьа аьтто лехна, цуьнан партIато юкку елахь, мостагIчун къинхетамах, хазачу хабарех тоам бина, юкъ йосту елахь!

Динан чоже когаш тухий хьалхахьа дIаэккха Iаьржа бере. Гиххой, бист ца хуьлуш, бехха цунна тIаьхьа хьуьйсуш льаттта. Булучу бодашкахь иза къайлаяллалц.

...ШолгIа кIира дара Таймасха Петербурге схьакхачийна. Инарла Невельской паччахьна тIе ца кхачалуш холчахь вара. Амма иза кхетара, кхолладеллачу хьелашкахь монархан шега ладегIа дог догIург цахиларх. Цкъа гIовгIа дIа а тейтина, дерриг а дIадижийтина, тIаккха шечуьнца юкъавер ву хIара. Цкъа-чунна мехала йийсар Петропавловски гIопехь дIатарйийр ю. Къаьсттина кхераме пачхьалкхан мостагIий чубухкучу набахтехь. Цигара ведда вахана стаг вац.

ТIулг буттуш йина набахтин готта чоь кошах тера яра. Гуттар а бода льаттара чохь. Са долу хIума дацара гонах хаалуш. Билггалчу цхьана хенахь, хIора дийнахь кхача бохьуш гIарол вогIура. Вист ца хуьлуш, ша еанарг охьа а хIоттайой, дIавоьдура иза. БIаьргашна гург мокха тIулг бен бацара. Жимачу корехула арахьаьжча, хIумма а ца къасталора. Дуькъа дохк кхозура хIаваэхь. ТIуьна яра чохь.

Кхузахь дерриге а керла дара Таймасхина. Шена цкъа а девзина доцчу дахаран кIуркIаманис чуийзайора хIара.

ЧIогIа цецъяьхккхира хIара некъо... Цуьнан йист ян а яцара. ДIаоьхура денош, буьйсанаш. Гуьйре Iаьнгахьа лестира. Некъ хедаш бацара. Яртех, гIаланех буьйлуш, дIаоьхура хIорш. Хаддаза догI анаш оьхура. Некъ хударбаьллера. Говрашна ницкъ хуьлура. Амма йоццачу ханна садаIа а, говраш хийца а, кхачанах кхета а бен ца совцуш, хьалхахьа дIаоьхура.

Сема ха дара Таймасхина хIоттийна. Шен-шен хенахь хийцалора салтий. Эпсара куьйгалла а деш. ТIе стаг ца воуьйтура. ХIара дIаса ца йолуьйтура. Когех буржалш тоьхнера.

Цкъа цхьана суьйранна, тIедоьлхуш догIа а долуш, арахь вовшашка маьхьарий детташ, къамелаш дора хIара эцна боьлхучара. Цхьа дош кхетийра кхо: Петарбух... Талмажа хIорш новкъа-боввлуш схьааьллера хIара мича юьгуш ю.

«Далла бу хастам, - доккха са даькккхира Таймасхас. - Чкъургийн цIийзаррий, догIанашший, сецаршший-х хир даций. Ма доккха хилла-кх хIара дуьне, хила. Йист ян а юй техьа кхуьнан? Хьаьгна-кх, парггIат дIа а йижна, наб ярх, Iуьйранна хьалагIеттича, стигал гарх, льаттта ког ловзарх... Сел гена хIунда юьгу техьа со кхара? Йийна дIа хIунда ца йэккку, соьга хIара бала а ца хьоьгуьйтуш? ХIун дагахь бу хьовха.? ЮьхьIаьржонах ларъелахь со, веза-воккха дела. Стогаллех маяккхалахь. ТIулгал чIагIделахь сан дог!..»

Ша набахти чу йоьллинчу хьалхатчу буса чIогIа наб кхийтира цунна. Цхьа а гIан ца гуш. Мел ] иллира а ца хаьа иштта. Хенан зIе хаьддера цунна.

Кийра бассабеллера. Цхьана а хIуканан ойла ца ян гIертара иза. Хьекъал ца тоьура шеца хуьлуш долчух кхиа, цуьнан мах хадо. Кхолламан мохо бухдаькккхинераТаймасхин дахаран дитт. Орамаш льатттах схьадаьхна синтар санна, якъаелла, дIайолуш льаттара иза. ГIелделлачу дегIехь халла хаалуш са дара. Цхьа сатийсам а биснера: Iожалла. Ма-хуьлгу сиха. Кхин лаам бацара. Дахарх хьаьддера иза. Iожалла тIе да йогIура. Адамна уггар халаниг ю цу шинна юккъера къора аса. И ях мел ели а IаьIа, алсамболу цуьнгара бала. И бала хьоцура Таймасхас.

ГIенаш ган дуьйладелира. ХIара шен ма-хуьллу наб ца кхетийта гIертара. Ницкъ бацара уьш лан. Самаяьлча, кхин дан вон ца дуьсура. Набарца къуйсура цо. Цхьана юкъана хIара тулура.. амма тIаьххьар а, гIеллой, къийлалой, кхин тоха са а ца хуьлий, ша Iаччохь дIахаьрцара. Синкъераме гIенаш дацара уьш: ког галболий, кIоргачу Iин чу южура... Са доге кхочура оцу муьрехь. Гуттар халаниг дара кхочучу охьакхаьчна цаялар. И хан яхлора, цо ницкъ бора, холчахIоттайора.

Кхетамчуьра йийла йолаелира иза. Кхача бохьуш чувеанарг а дахкарлахь санна гора. Цкъацкъа пенаш дIасадовлуш санна хеталора. Цхьаммо дIаккхойккхура кхуьнга... Хьала а гIоттий, масех гIулч йоккхура. Галйолура. Когаш тIехь саца а ца лой, охьаюжура.

Де, буьйса ца къасталора цуьнга. Ша санна долчу адаме йист-хиларх хьаьгнера. Ша-шега лен елира... Мотт бицбаларна кхоьрура. Балдаша шабарш дора: «Дакъаза ма яла хьо, Таймасха... Ма б

Іаьрза хьаьвзи... Дийна йоллушехь, юьжу мотт кошахь билли хьуна. Ма дика ду соьгахь дерг нанна ца хууш... Дена... Олхазарна... Даркешна... Со дІа хІунда ца йоьху аш? Дукха хан яьлла вай ганза. ХІара ловчул, еллехьара атта дара. МостагІий ма кхаьрда хир бу сох... Кхаьрда... Хьовсал нохчийн бІо-баьччига! ГІелъелла, тишъелла, тиларчу яхагерга ю... Кхин доьналла долуш нах баций и нохчий-м. Къайлах талораш данний, тІаьхьашха тохий бен...»

Церан белар хезаш санна хета Таймасхина. Куьйгашца лергаш дІакъовлу, амма лерера белар дІа ца долу.

«ХІан-хІа, цунах гІуллакх хир дап. Со яха еза! Церан хІуьттаренна. Шайна моьттург бакъ доцийла хаийта. Нохчийн собар, стогалла гайта. Цкъа а лийр йоцуш санна. Халонех бІо ца къажош. Сайх уьш ца боьлуьйтуш, суо царах йоьлуш... Эшнарг воьлху, тоьлларг воьлу. Хийцалур вай! ТІамехь йийсар ца йина аш со. Йохийна, кара ца ялийна. Сайн накъостийн дахар а, юьртан маршо а эцна сайн паргІатонца... Беза мах текхна аш... Вуьшта, со лаца ницкъ ца кхечира...

Кхача бохьуш чувогІу гІарол. ЦІеххьана цуьнан бІаьра а хьожий, тутмакх ела йолало. ГІарола шеха кхетадо иза. Кхералой, сихха араволу.

Паччахьан цІийнахь хІоттош той ду. Мехкан да сакъераделла ву. ТІекхечи Невельскойс лийрина сахьт.

- Хьан веза-воккхалла, нохчийн гІаттам хьаьшна, дІабаьккхина.

- Далла бу хастам! Империн дегІа тІера цхьа даІ дирзина. ХІун хилира цунах?.. Мила яра иза?..

- БІо-баьчча Таймас-ха, хьан веза-воккхалла.

- ХІаъ, мичхьа ю иза?

- Петропавловски гІопехь, хьан веза-воккхалла... - Кхаьрга лерина ладугІуш ю паччахьан зуда. Лере а таьІий, цхьа шабарш до цо майрачуьнга.

- Кхуза схьаккхачае иза, - омра до паччахьа. - Суна ган лаьа иза.

Инарла Невельской кхочушдан дІахьоду. Цхьа а минот йой-ийла дац. Хьалхxе кечвина Покровский, Бешар-талмажжий.

...Чохь мел берш Таймасхига хьаьжжинчохь буьсу. Юккъерачу дегІахь, екъна, Іаьржочу аматехь... БІаьргаш... ЦІе санна догу уьш.

- Паччахьа хоьтту хьоьга, Таймасха: терго муха йо хьан? Ницкъ бой хьуна? - Бешар-талмажан аз дегош ду.

- Терго йо, - лохха жоп ло Таймасхас. Талмажа гочдо.

- Доккхояьллий айхьа лелийначунна?

- Ца яьлла.

Бешар-талмаж, ша и муха гочдийр ду ца хууш, вуху. Массеран а тидам цунна тІехь соцу.

- Дохко ца яьлла... Яьлла... боху...

- Паччахьан къинхетам боккха буйла хаийта цунна, - жоьпах шекваьлла мехкан да, къамелан урх шен карара дІа ца хеца гІерта. - Ас дахар ло цунна совгІатна. Паччахьан зудчун тобанехь гІуллакх дан дІа а оьцу.

Чуьрачарна юкъахь яй-й гІовгІа яьржа. Паччахьан догди-калло йийсар бина уьш. Хастамаш бо цунна.

- Баркалла паччахьна, амма суна дика болх бан шена боккъалла лаахь, ей дІаяккха, я и ца дахь, Нохчийчу дІаяха пурба ло, - Таймасхин аз чІагІло.

- Талмаж цхьана юкъана вуху, тІаккха гочдан волало, дешнийн маьІна паччахьна новкъадогІур доцчу агІор дерзо а гІерташ.

И дацара кхунна хаза лиънарг. Амма ша воьхна гайта йиш яц.

- Юха а герз карахь суна дуьхьала-м ер яц? - велало мехкан да.

- Ер яц. Ас дош ло хьуна... Къамелна юкъайогІу паччахьан зуда.

- Схьа тІе кхайкхал цуьнга...

Таймасха тІейогІу. Шена хьалхара схьа а йоккхий, бриллианташца кхелина дашо кочауллург дІаккховдайо Таймасхига. Вукхо схьаоьцу.

Чуьранаш гуттар гIадбоьлху. Боккъалла а паччахьийн совгIат ду майрачой, зудчой динарг. Милла а цецвоккхур волуш. Кхих цхьанхьа а хезна доцу...

Хьайдарбек ца Iавелира ша Даркеш вийначу меттиге бIаьрг тоха вахаза. Тоххарехь гIодамийн такхорна уллохь карийнера цIетухург, амма цхьана ницкъо цигга тIеийзавора иза. ДIакхачча воллуш, кхиъна йогIучу ча-кIорнина тIеIоттавелира. Нисъелла цIока ер яра цунах... Цу тIе, чан жижиг дарбане лоруш а ма ду. Шина бIаьрга юккъе хьажийна, топ туьйхира цо экханна. Шийла мохь баьлла, ча-кIорни яла юьйжира. Мичара эккха ца хууш, схьаикккхира борз. ЙогIуш лаьтташехь , кхосса-елла, стеган логан шад а лаьцна, иза хьекхо йолаелира Сираниг. ШолгIачу дийнахь орцах ваьллачу Сапарбекна вовшах хьаьрччинчохь са даьлла Iуьллуш карийра Хьайдарбеккий, къена борззий.

Кхокха, кIант карахь а волуш, учахь цIийнда цIа варе хьоьжуш лаьттара...

Дийна делккъехь а чIурам а латабой, паднара кIел хьоьжуш, чуьра хIора са толлуш, мотт-гIайба тIекIелтухуш, вахьийча санна, ша шега шабар-шибарш а деш, чухула хьийза Марусян хIусамда Епифан. Лерина цуьнга ладоьгIича, къаста тарло дешнаш: «Мича дахана и... Кхузахь цхьанхьа дакъа хила деза. Суна дика дага ма догIу...»

Дукха хан ю иза ша цхьаъ висна. Маруса эпсарца дIаяхна бохуш, дуьйцура. Амма хIара ца тешара. Ца тешахь а, бакъ-м дара. Покровскийс шеца Петербурге дIаюьгур ю иза. Юьртарчу цIеношкахь болх байта. Аьхке цигахь йоккху майрачой, зудчой. Цкъа цхьана дийнахь дитта кIел хIоттийначу стоьла хьалха вареница чай молуш Iаш, Бельскаяс шена чIогIа халахетарна кеп а хIоттош, эр ду:

- Хьажахь, ма къахета суна цунах...

- Хьанах? - кхетар вац Покровский.

- Оцу вайн къоначу гIарбашах, - шек а йоцуш, жоп лур ду кхуьнан хIусамнанас. - Мел жима яра иза... Хаза... Хьуна муха хетара, хьомениг?

- Цхьана агIор... Вуьшта, - шен вохар ца гайта гIерта цIийнда. - ХIун хилла цунна хила?

- Хи чу яхна...

Цу тIехь харц лоь иза. Ша барт а бой, хи чу тоттуьйту цо иза кхечу гIарбаше. Цуьнан шен майрачуьнца йолу юкъаметтигах шек а йолий...

Кестта иза йицло Покровскийна. Кхин гIуллакхаш хьалхадовлу. Тифлисе воьдуш, ТIулган гIопахь буьйса яккха соцу хIинц-хIинца инарлин дарже ваьккхина Сергей Петрович. ХIокху меттигашца доьзна дуккха а ду цуьнан дахарехь. Ойланашка ваьлла Iаш волу Сергей Петрович юкъахвоккху чувеанчу адъютанта:

- Хьан сийлахь-воккхалла... - КхидIа ша хIун аьлча бакъахь хир дара цу хууш, вухий, соцу иза.

- Со ладугIуш ву, - резавацар ца лачкъало инарлига.

- Хьан сийлахь-воккхалла, цхьа тамашийна йоккха стаг-нохчи ю-кх цигахь, - халла дешнаш вовшахтуьйсу къоначу эпсара. -Уггар лакхарчуьнца гIуллакх ду шен боху... ЧIогIа мехала гIуллакх, - тIетуху цо бехказволуш санна.

Цхьа хIума меттахъхьов инарлин даг чохь.

- Схьа чу яийта.

БIаьргаш неIсагIина тIебоьгIна бу Покровскийн. Чоьхьа йолу йоккха стаг. Лерина цуьнан бIаьра хьожу корта къежбелла Сергей Петрович.

- Инарла, паччахьан деза совгIат схьадахьаш еана со... «ХIаъ, цхьа а шеко яц... Иза ю... Таймасха!»

- И муха кхето деза? - кхин ша хIун аьлча нийса хир дара ца хууш, хьалха метта боьххье деанарг хотту Покровскийс.

- Сайна тIехь декхар дуьсийла ца лаьа...

- СовгIат декхар ма дац.

- МостагI накъост а вац...

Бриллиантан кочауллург инарлина хьалха охьаюьллу хьешо. Чубузучу маьлхан зIаьнарш ловзу бриллиантан бIаьргаш чохь. Лаамаза оцу хазалле хьажавеллачохь латта вуьсу инарла.

...Берда йистехула хьалайоьдучун букъа тIехьа кхозу маьлхан йоьзан хIоз. Юха ца хьожуш, болар ца лахдеш, хьалаоьху иза. Аренан паргIатоне даьлла Гих, аьрха амал хуьйций, синтеме дIаоьху,

бIешерийн шен некъ беш...